# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

НОЯБРЬ • 2018 • ДЕКАБРЬ

6



6

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2018

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

ноябрь 6 декабрь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2018

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*УсакIуэ Джэдгъэф Борис илъэс 80 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ГъащIитI я уасэ Iэужь ........ 3
**Джэдгъэф Борис.** *Усэхэр* ........ 8

*УсакIуэ АфIэунэ Лиуан къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** СабийгъэгуфIэ ........ 17
**АфIэунэ Лиуан.** *Усэхэр* ........ 23

*Артист, усакIуэ-уэрэдус Иуан Владимир къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу*

**Тембот Санитэ.** Куэдым хуэIэижьт ........ 29
**Иуан Владимир.** *Усэхэр* ........ 34

*ЩIэныгъэлI Къэмбэчокъуэ Iэдэм илъэс 60 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** IуэхуфIкIэ махуэхэр зыгъэнщI ........ 41

**Прозэ**

**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Хьэтхэр. *Тхыдэ роман* ........ 49

**Адыгэ хэхэсхэм я усэхэр**

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Гур мэусэ, псэм зыхещIэ ........ 85

**Публицистикэ**

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Нэхъыбэжым зрапщыт ........ 121
**Блий Залинэ.** Лъэпкъым и махуэшхуэ ........ 129

**IуэрыIуатэ**

ЛIыжьымрэ иныжьхэмрэ. *Шапсыгъ таурыхъ* ........ 140

**ЩIэблэ**

**Тэхъу Юланэ.** *Рассказхэр* ........ 147

**Сабийхэм папщIэ**

**Тау Нинэ.** Зэныбжьэгъухэр. *Таурыхъ* ........ 151

**ГушыIэхэр. Ауанхэр**

**Думэн Мурадин.** Къэбэрдейхэр мэгушыIэ ........ 153

Псалъэзэблэдз ........ 158

*УсакIуэ Джэдгъэф Борис илъэс 80 ирокъу*





# ГЪАЩIИТI Я УАСЭ IЭУЖЬ

ЦIыхум и уасэр къызэралъытэр къигъэщIа илъэс бжыгъэркъым, атIэ IуэхуфIу, Iуэху щхьэпэу илэжьым и куэдагъырщ, къызэринэкI Iэужьырщ. Абы щыгъуэми «зэманыр IуэхукIэ зыгъэнщIыф»* цIыхухэм я зэфIэкIыр лъэныкъуэ куэдкIэ унэтIауэ щыт хабзэщ. Абы и щапхъэщ лъэпкъ литературэм, культурэм, журналистикэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэзыщIа усакIуэ Джэдгъэф Борис и гъащIэр.

* * *

Джэдгъэф Борис Мухьэмэд и къуэр Аруан куейм (иджы Лэскэн) хыхьэ Аргудан къуажэм 1938 гъэм ноябрым и 7-м къыщалъхуащ – усакIуэщ, тхакIуэщ, уэрэдусщ, егъэджакIуэщ, журналистщ, Урысейм и ТхакIуэхэми, и Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. 1961 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэр къиуха нэужь, я къуажэ курыт еджапIэм бзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ, а еджапIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ. Абы иужькIэ лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэ зэблихъуащ: 1991 – 1996 гъэхэм «Маяк» Аруан куей газетым и редактор нэхъыщхьэу, 1997 гъэм къыщыщIэдзауэ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ.

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, Джэдгъэф Борис РСФСР-мрэ (1971 гъэм) КъБАССР-мрэ

*КIуащ БетIал и усэ сатырщ.

(1970, 1975, 1977 гъэхэм) КультурэмкIэ я министерствэхэм я ЩIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр 2010 гъэм къратащ.

* * *

Зи псалъэмрэ зи IуэхущIафэмрэ зэтехуэ, зи зэхэщIыкI-гупсысэр зэтеува, екIуэкI гъащIэми абы къыщыхъу-къыщыщIэхэми зи еплъыкIэ щхьэхуэ хузиIэ усакIуэ, тхакIуэ Джэдгъэф Б. илъэс плIыщIым щIигъуауэ лъэпкъ литературэм щолажьэ. А пIалъэм къриубыдэу усэхэр, рассказхэр, тхыдэм теухуа очеркхэр зэрыт тхылъ гъэщIэгъуэн зыбжанэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдигъэкIащ. Абы и япэ усэхэр «Советская молодежь» газетым къытехуащ, иужькIэ къыкIэлъыкIуа тхыгъэхэр «Ленин гъуэгу» газетымрэ «Iуащхьэмахуэ» журналымрэ щIэх-щIэхыурэ къытрадзащ.

«Аргудан» (урысыбзэкIэ, 1967) фIэщыгъэм щIэту Джэдгъэф Б. япэу къыдигъэкIа тхылъыр езыр щалъхуа къуажэм хуэгъэпса очеркыу зэхэлъщ. Нэхъ иужькIэ дунейм къытехьащ рассказхэр зэрыт «ДыгъафIэ щыгу» (1969), усыгъэхэр щызэхуэхьэса «Псынащхьибл» (1982) тхылъхэр, «Къамболэт» (1986) поэмэр, урысыбзэкIэ усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт «Мой язык – адыгский» (1990) сборникыр. 1998 гъэм «Тхыгъэхэр» фIэщыгъэм щIэту дунейм къытехьащ Джэдгъэфым и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр – усэхэр, поэмэхэр, уэрэдхэр, рассказхэр, бзэм, тхыдэм, хабзэм ятеухуа тхыгъэхэр – щызэхуэхьэса тхылъыр. 2010 гъэм уэрэдхэр зэрыт «Мазэгъуэ жэщ» сборникымрэ «Аргудан. История поселения» тхылъымрэ къыдэкIащ.

Борис и усэхэмрэ поэмэхэмрэ гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхрышар адэжь хэкур, укъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ лъагъуныращ, цIыхугъэмрэ дахагъэмрэ гъэлъэпIэныращ:

*ЕфIакIуэ, гъагъэ, адэжь лъапсэ,*
*Дызэрыгушхуэ, щIыхьыр зей!*
*Уэрщ дыгъэ нуру псэм къыхэпсэр,*
*Хэку-анэ дахэ, ди дуней!*
**(«Къэбэрдей-Балъкъэр»)**

Джэдгъэфым и усыгъэм езыр зыщIапIыкIа адыгэ хабзэм ехьэлIа гупсысэхэр щытепщэщ. УсакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр адыгэ хабзэм пщIэ хуэщIыным, гъэлъэпIэным и закъуэкъым, атIэ ар щIэблэм я деж нэхьэсынырщ, усэбзэ шэрыуэкIэ ябгъэдэлъхьэнырщ. «Бгырыс хабзэ» зыфIища усэм, лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм нэмыщI, адыгэлIым и хьэл-щэныр къызыхэщ образ гъэщIэгъуэн къыщегъэщI, адэжь хэкум и сурэт дахэ псалъэкIэ щещI:

*Я унапIэщ бгъэжьхэм ди къуршыжьхэр,*
*Зыщалъхуа я абгъуэр я жэнэтщ.*
*Мыбы и псы уэрхэр шагъдий хъыжьэщ,*
*И хьэуам хуэдэн дунейм темыт.*
*Бгъэхэм я хэщIапIэр ямыхъуэж,*
*IукIыу щытми, мыбы къолъэтэж.*
**(«Бгырыс хабзэ»)**

Лъэпкъ зэхэщIыкIкIэ, адыгэм и дуней лъагъукIэм къыпкърыкIа гупсысэхэмкIэ псыхьащ «Си адыгэ напэ» фIэщыгъэм щIэт усэри. Тхыдэми къызэрыхэщыжщи, бгырыс лъэпкъхэм сыт щыгъуи къадекIуэкI лъапIэныгъэхэм ящыщщ напэр, щIыхьыр, щхьэхуитыныгъэр, абыхэм нэхъ пщIэ лей хуащIу къекIуэкIащ. Псом хуэмыдэу, напэр адыгэм хуэсакъыпэу ихъумэу щытахэм я нэхъ пажэщ. КIуащ БетIал и зы усэм зэрыщитхащи, «напэр зыхъумэфым уэрэдыр хуаус». Зи гугъу тщIа гупсысэ псори къыщызэщIэкъуащ ищхьэкIэ къэтхьа «Си адыгэ напэ» усэм. Абы и лирикэ лIыхъужьым къызэрилъытэмкIэ, тхыдэ жыжьэм зи къуэпсхэр къыщежьэу сыт хуэдэ зэмани лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэр напэрщ:

*Сэ соупщIыр, сэ соупщI дыгъуасэм.*
*Тхыдэм и дыгъуасэ гум и щIасэм:*
*– Яхъумахэр сыт ди адыгэлIхэм,*
*Я псэ IэфIыр мафIэм щыпэралъхъэм?*
*Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,*
*ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.*
*Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр*
*Си адыгэ, си адыгэ напэр.*

**(«Адыгэ напэ»)**

Усэм узыщрихьэлIэ «щIигъэнэхъапэр – напэр» жыхуиIэ рифмэр лъэныкъуитIкIэ гъэщIэгъуэнщ: япэрауэ, ар къэзыгъэщI псалъэхэр макъ зэпэджэжкIэ зэщIожьыуэ, етIуанэрауэ, мыхьэнэкIи зэпошачэ – напэр сытым нэхъри зэрынэхъапэр мыбдежым художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ.

Джэдгъэф Б. и усэхэм гуапагъэр йобэкI, абы и усыгъэ макъамэм сабиигъуэм и IэфIыгъэри, анэм и гущабагъэри, щIыуэпсым къыпкърыкI хьэлэлыгъэри, гуащIэдэкI къабзэм къыпэкIуэ хьерри, адэжь жьэгум и хуабагъри, нэгъуэщI къэхъугъэ дахэ куэди щызэщIэлъщ. ЖытIахэм я щыхьэтщ усакIуэм и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри – къапщтэмэ, «ЛъапцIэрыщэу сабиигъуэ...», «Гъуэгу гъуэмылэ», «Шэпсы», «Пшынауэ», «Си хьэщIэ», «МыIэрысэ», «ДаIуэт: жыыбгъэщ...» усэхэр, нэгъуэщI куэди. Абы щыгъуэми Джэдгъэфым и усэхэм теплъэгъуэ дахэ гуэрхэр псалъэ дыгъэлкIэ къыщебжэкIауэ аракъым, атIэ а дахагъэр къэгъэщIыным къыдэкIуэу, ар гъащIэм и удынхэм щыхъумэн зэрыхуейри, фIыр щапхъэу зэрыщытыпхъэри усакIуэм гъэщIэгъуэну къеIуатэ. Язынықъуэхэм деж абы и усэхэм къапкърыщ Iущыгъэр гъащIэм зэрыщыпсэупхъэ хабзэ хэха гуэрхэм хуокIуэ. «Пшынауэ» усэм и кIэух едзыгъуэм къызэрыхэщымкIэ, ихъуреягъкIэ дунейм сыт щемыкIуэкIами, усакIуэ нэсым и гуращэ зызымыхъуэжщ фIым, дахагъэм хуэлэжьэныр:

*Уи пщалъэу къащтэ уэ, си гуащIэ,*
*Макъамэ дахэм хузэфIэкIыр.*
*Дуней хуабагъэр зыхэзыщIэм*
*Мывэгум удзыр къыщегъэкIыр.*

**(«Пшынауэ»)**

ИщхьэкIэ щыжытIахэм къикIыркъым Джэдгъэф Б. и усыгъэр гуфIэгъуэ е дахагъэ зэфэзэщу зэхэлъу: ар гъащIэм щыщщ, апхуэдэу щыхъукIи, езы гъащIэми хуэдэу, абы гуфIэгъуи гуауи щызэщIэлъщ, мотив нэщхъейхэри къыщыпкърыщ щыIэщ. Ахэр щхьэусыгъуэ зыбжанэм

ехьэлIащ – псалъэм папщIэ, тхыдэм хэлъа гуауэм («Тенджыз ФIыцIэм и жэуапхэр»), лъагъуныгъэ насыпыншэм («Мэлъэтэж кърур»), дунейм щекIуэкI мыхъумыщIагъэхэм, цIыхухэм я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжхэм («ЩIылъэ дауэ»), нэгъуэщIхэми.

УситIу зэхэт «Тенджыз ФIыцIэм и жэуапхэр» тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ шынагъуэ дыдэу нофи зи Iэужь бзаджэхэр мыгъуща Кавказ зауэмрэ абы кърикIуа ИстамбылакIуэ Iуэхугъуэмрэщ. Тхыгъэм и художественнэ щхьэхуэныгъэ нэхъ пажэхэм ящыщщ ар лирикэ лIыхъужьымрэ тенджыз ФIыцIэмрэ я зэпсэлъэныгъэу зэрыгъэпсар. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхыдэ Iуэхугъуэхэр тхыгъэм и IыхьитIым ящыщу япэ усэм нэхъ IупщIу къыхощ:

*Тенджыз къафэм, къысхуэуджым,*
*Псалъэ хъуэркIэ сэ сопыджыр:*
*– Нэр дэпхъэхми, тенджыз ФIыцIэ,*
*Шы къарапцIэу, емылыдж,*
*ДеIуб мыхъуу, уэ уфIыцIэщ,*
*Ушыгъушыпсу, упсы дыджщ.*

*ЩызэхихкIэ жысIэ къомыр,*
*Ар си лъапэм щогурымыр:*
*– Уи лъэпкъ нэпсу щIигъэкIахэм*
*Сэ си ткIуэпсхэр яшыуащ.*
*Уи лъэпкъ гуауэу игъэвахэм*
*Сэ апхуэдэу сраIащ.*

**(«Тенджыз ФIыцIэм и жэуапхэр»)**



Джэдгъэф Борис лирикэми лиро-эпикэми щолажьэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Къамболэт», «Псынащхьибл» жыхуиIэ поэмэхэр, «ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ» балладэр.

«Къамболэт» поэмэр зыхуэгъэпсар усакIуэр къыщалъхуа Аргудан къуажэм щызэхэта колхозым и Iэтащхьэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэтщ. Тхыгъэм гуащIэдэкIым зи гуи зи пси ета, адэжь щIыналъэр езыгъэфIакIуэ, хэкум хуэпэж адыгэлIым и образ уардэ щызэфIэгъэуващ.

Дызэрыщыгъуазэщи, балладэ жанрыр адыгэ литературэм зыужьыныгъэ ин щызымыгъуэтахэм ящыщщ. Абы и щапхъэ гуэрхэр щыIэми, а жанрыр иджыри къэлъытапхъэщ зэфIэувагъащIэхэм ящыщу. Ар зэфIэувэн Iуэхугъуэм зы щапхъэ гъэщIэгъуэну хэуващ Джэдгъэф Б. «ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ» зыфIища балладэр. Мы тхыгъэр жанрым и мардэхэм тету зэхэлъхьащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, балладэм зэрыщыхабзэу, Джэдгъэфым и «ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ» гуащIэу екIуэкI сюжет икIи кIэух гууз иIэщ. Апхуэдэуи балладэм и зы нэщэнэу мыбы ущрохьэлIэ аллегориер зэбэкI къэIуэтэкIэм.

Тхыгъэм и лъабжьэр щакIуэ Iэзэ гуэр пцIащхъуэ зэрыбыным яхэуэу абыхэм я анэр зэриукIырщ. ПцIащхъуэ анэм и бгъэгур шэ цIывам пэщIигъэувври, и быныр кърите лащ, езыр а шэм ихьащ. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, а укIыгъэр щакIуэми къыщIэкIуакъым:

*... ЩакIуэм, хъуапсэу, ищIа щIэщхъум*
*Зэи гъуэгу захуэ къритакъым.*

*ЯIуэтэж, абы къуэ нэфым*
*И хъэдащхъэр дэкIуэдауэ.*
**(«ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ»)**

АдэкIэ балладэм и сюжетыр гурыIуэгъуейуэ тхакIуэм зэхеухуанэ: *«ПцIащхъуэ анэр маплъэ уафэм, / Уардэу бгыгум щытэджауэ»* щыжиIэкIэ, гурыIуэгъуэкъым фочышэм ихьа пцIащхъуэр бгыгум зэрыщытэджыфынур. Ауэ къыкIэлъыкIуэ едзыгъуэм и деж IупщI мэхъу абы мылIэжыныпсэ къыIузыгъэкIар:

*IэкIуэлъакIуэу мывэупсым*
*Игъэпсащи и сурэтыр,*
*Щыпсэунущ куэдрэ лъапсэм,*
*Мывэ джейхэм ар яIэтыр.*
**(«ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ»)**

Зи сурэтыр мывэ сыну гъэжа анэм и щхьэщыгур къауфэрэзыхьурэ бынхэм уэрэд къраш. Тхыгъэм и кIэухым деж, балладэ жанрым зэрыщыхабзэу, тхьэлъанэм пэгъунэгъу, стиль лъагэм и пщалъэм изагъэу фIэщхъуныгъэ лъэщкIэ псыхьа псалъэхэр къыщыхьащ:

*А уэрэдыр IэщIыб хъункъым,*
*ТетыхункIэ дунейм пцIащхъуэ,*
*Шэ уэрэдым пэлъэщынкъым,*
*ЩыIэхункIэ уафэ къащхъуэ.*
**(«ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ»)**



Джэдгъэф Борис усакIуэ-уэрэдусщ. Абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр лъэпкъ культурэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуащ. Абыхэм я нэхъыбэр щIэблэр адыгэ хабзэм, нэмысым щIэпIыкIыным, анэдэлъхубзэр Iурылъу къэгъэтэджыным, Хэкур фIыуэ лъагъуным хуэунэтIащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Си нанэ», «Си анэбзэ, си адыгэбзэ», «Си бзэ, си псэ – си дуней», «Си адыгэщI» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ куэдыр апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуащ, бэм зэлъащIысащи, ахэр цIыхубэ уэрэду фIэкIа нэхъыбэм ящIэркъым. «Си нанэ» уэрэдыр къэтщтэнщи, ар зымыщIэ адыгэ, ди хэгъэгуми къыщымынэу, хамэ щIыпIэхэми щыгъуэтыгъуейщ:

*Си нанэу си псэм хуэзгъадэу,*
*Дуней насып къызэзыт,*
*Уи гъащIэ гъуэгур уэрэду,*
*Мы щIылъэм сэ щызоIэт.*

*Си нанэу си дыщэ пшэплъ,*
*Дахагъэу щыIэр зыхэлъ,*
*СфIощI анэ псом уралей,*
*Уэрщ зыгъэнэхур дунейр.*
**(«Си нанэ»)**

Джэдгъэфым и мащIэкъым гурыщIэ дахэр зи лъабжьэ, гухэлъ къабзэр щытепщэ уэрэдхэри: «Iэдииху», «Си гум уимыкIыж», «Сызыхуей щауэр», «НитIыр къызэдофэ», «Си гур щIэмыжейр», «ЩыIэщ лъагъу-

ныгъэ», «Сэтэней», «Дахэнагъуэ», «Уи нитIыр гуфIэм», «Мазэгъуэ жэщ», «ФIыуэ слъэгъуам и уэрэд», «Нысашэ», «Дакъикъэ ныкъуэ», «Мэлъэтэж кърухэр», «Зи плъэкIэр гуапэ», «Дыщэ мазэ», «Хэкум папщIэ уэрэд», «Гум и къафэ», нэгъуэщI куэди.

ЦIэрыIуэ дыдэ хъуахэм ящыщщ, цIыхубэми дзапэ уэрэду къахэнащ «Мазэгъуэ жэщыр»:

*Мазэгъуэ жэщым псэхэр зэпещIэ,*
*Дзапэ уэрэдым симыгъэжей,*
*Дунейр щIэращIэщ, бгырыс нысащIэу,*
*Ар зыхэзыщIэм имыIэ жей.*

*Мазэгъуэ жэщыр къызоIущащэ,*
*Унэидзыхьэу, шы жэр уошэс.*
*Уи пыIэ щыгуу мазэ дахащэр,*
*Уи лъагъуныгъэм уэрэд еус.*
*Мазэгъуэ, мазэгъуэ, мазэгъуэ жэщ,*
*Гу ныпщызмыхуэу нэху умыгъэщ!*
**(«Мазэгъуэ жэщ»)**

УсакIуэр композитор цIэрыIуэ куэдым ядэлэжьащ: Тхьэбысым Умар, Къардэн Хьэсэн, Даур Аслъэн, ЖьакIэмыхъу Жансурэт, Бэрэгъун Владимир, Молэ Владимир, Къэбэрдокъуэ Борис, нэгъуэщIхэми. Абыхэм яхэтщ, зы е тIу мыхъуу, уэрэд зыбжанэ зыдитхахэри. Псалъэм папщIэ, АфэщIагъуэ Зое макъамэ щIилъхьащ Борис и усэ куэдым – «Псэм нэхъапэр», «Си гъатхэ», «Гур щымыщIэ лъагъуныгъэ». Апхуэдэуи, Джэдгъэф Борисрэ композитор цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист Къардэн Хьэсэнрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимныр зэдатхащ.



Джэдгъэфым и уэрэдхэр ягъэзэщIащ икIи ягъэзащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм – Адыгейм щыщу Анзэрокъуэ Чеслав, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу Гъуэт Хъусин, Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ пажэхэу Мэремыкъуэ Хъусен, Сокъур Ольгэ, Къул ФатIимэ, Шэрджэс Iэсият, Ташло Алий сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэрыусакIуэ-уэрэдусым къыдэкIуэу, Джэдгъэфыр икIи журналист Iэзэщ. Абы и статьяхэмрэ очеркхэмрэ ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ.

КъызэщIэкъуауэ жыпIэмэ, Джэдгъэф Борис зи уэрэдыр екIуу зыусыжа цIыху гуащIафIэщ. Зы лIы ныбжь къэзыгъэщIа усакIуэм, тхакIуэм, уэрэдусым, егъэджакIуэм, журналистым гъащIитI я уасэ Iэужь зэригъэпэщащ, лъэпкъ литературэми, культурэми, егъэджэныгъэми, журналистикэми хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

## *Усэхэр* ДЖЭДГЪЭФ Борис

### КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР

Ди Къэбэрдей-Балъкъэр хэку лъапIэ,
Щхьэхуит щIыналъэ, зи гъуэгу нэху!

Ди текIуэныгъэм и хэкIыпIэ,
Уи лIыгъэм гъащIэр егъэнэху!

ЕфIакIуэ, гъагъэ, адэжь лъапсэ,
Дызэрыгушхуэ, щIыхьыр зей!
Уэрщ дыгъэ нуру псэм къыхэпсэр,
Хэку-анэ дахэ, ди дуней!

Лъэпкъ зэныбжьэгъухэм я жьэгу махуэ,
Хэку зэгурыIуэ-зэдэIуэж,
Насып дамыгъэщ Iуащхьэмахуэ,
Адэжь уэсятхэр уогъэпэж.

Уэ уегъэлъэщыр мамырыгъэм,
ДоIэт къуэшыгъэр Урысейм.
Къару къытхелъхьэ уи щIыгу дыгъэм,
Къыпоплъэ фIыгъуэр уи пщэдейм!

## СИ АДЫГЭ НАПЭ

Сэ соупщIыр, сэ соупщI дыгъуасэм,
Тхыдэм и дыгъуасэ гум и щIасэм:
– Яхъумахэр сыт ди адыгэлIхэм,
Я псэ IэфIыр мафIэм щыпэралъхьэм?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.



Сэ соупщIыр, сэ соупщI си махуэм,
Си нобэрей махуэ псэм и хъуахуэм:
– Зыхуэлажьэр сыт си гъащIэ мащIэр,
СыщIэпагэ мы си лъэпкъ гумащIэр?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

Сэ соупщIыр, сэ соупщI си гъащIэм,
Си къэкIуэну гъащIэ нуру сфIэщIым:
– Къыхуэзгъанэр сыт си лъахэ дыщэм,
Сыпсэуну сэ сащымыгъупщэу?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

## ГЪУЭГУ ГЪУЭМЫЛЭ

Гъуэмылэншэу бдэркъым гъуэгу сытехьэ,
СомыдаIуэм, уигу имыкIыжын.

Ауэ щыхъукIэ, къащтэ зы кхъуей Iыхьэ,
Къащтэ, тхъуэплъ хъужауэ, зы чыржын.

Сэ сесащ абыхэм сысабийуэ,
Си анэ дыщэу IукIэ сызыпIа.
Анэ псом ущытти уралейуэ,
СэркIэ куэдрэ IэфIу упщэфIащ.

Хьэлу Iыхьэ жыпкIэ есхьэжьамэ,
ЛъэкIт къару мыкIуэщIыр къызитын.
Къуаргъыжь нэщIхэр уаем щигъэщтами,
Хъыдан вакъэу, къэсшэфт пхъэгъэсын.

Укъыспэплъэрт, гукIэ укъысхуэгъыу,
Сыдиями, уи бгъэм сыкъыщывыжт.
Шы ныбэгу нэмысми си инагъыр,
СэркIэ ди жьэгу мафIэр зэщIэнэжт.

ЗэщIэнэжт, жьы къугъыр пэмылъэщу.
Жыгей цIынэу, сэри сыкъэбгъэкIт.
ГъащIэ жыгым, ситхъуу къыпыщэщу,
Си гугъуехьхэр лъабжьэм щыщIэвыкIт.

ЩыщIэвыкIт, уэ дыгъэу укъысхуепсти,
Уи шхыныгъуэр схуэхъути сэ къэуат...
Уэ упщэфIхэм, иджы согупсысри,
Уи быдзышэ IэфIыр щIэгъэжат.

БЗУУБЗЭ

БжьыхьэкIапэм бзухэр, щыгъэу,
НыфIэблауэ мэбзэрабзэ,
Бгъафэ хуабэм сабий дыгъэр
ЩыщIодэIури и анэбзэм.

Бзухэм анэм зыныдащIыр,
Ар псэлъамэ, щагъэтыж.
Зэми абы зыпащIыжри,
Я уэрэдым къыщIадзэж.

Бзухэм, анэм ещхьыркъабзэу,
Щхьэ бзэ дахэ ягъуэта?
БзэмыIу пэтми, гъэфIэгъыбзэу,
Уэрэд дауэ яуса?

Ахэр сщIэркъым, ауэ си псэр
Бзум хуабагъэкIэ ягъэнщI.
Ситу жыпIэм, сэ бзуубзэр,
Ар анэбзэу, мэхъу си фIэщ.

## ПШЫНАУЭ

Сэ сахуэзащ пшынауэ Iэджэм,
Макъамэ куэди зэхэсхащ.
Ауэ лIыжь гуэр ди псыхъуэ ныджэм
Щыслъагъугъауэ сигу къинащ.

И нитIыр нэфми, хуэсакъыпэу,
ЕIусэ фIэщIурэ цIыхугум,
Ар теIэбэхукIэ пшынэ Iэпэм,
Зиужьт, зиIэтт адыгэ джэгум.

ЩIалэ Iэщхьэхухэри джэрэзырт,
Толъкъунхэм къафэу заукIыжт.
ГуфIэгъуэм и гур къегъэтIэпIри,
Егъуэт пшынауэм гукъыдэж.

Зауаем нитIыр Iэпихами,
Ар, гухэу, хъуакъым гъыбзэус.
ЗыгуэркIэ гъащIэр стехьэлъамэ,
Абы и лIыгъэм согупсыс...

Уи пщалъэу къащтэ уэ, си гуащIэ,
Макъамэ дахэм хузэфIэкIыр.
Дуней хуабагъэр зыхэзыщIэм
Мывэгум удзыр къыщегъэкIыр.



## ПЦIАЩХЪУЭМРЭ ЩАКIУЭМРЭ

*Балладэ*

Анэ Iущым ядэщIыгъуу
ПцIащхъуэ быным языр уэгур.
Хуитыныгъэр я дамэгъуу,
Хьэуа бзыгъэм щащIыр джэгур.

ЩакIуэ гуэр къыкъуокI абдежым,
ЩIеч и кIакхъур абы фочым.
ПцIащхъуэ анэр мэгуIэжыр,
Къриш гъыбзэм щIыр къегъачэ.

Бын бзэрабзэм хуогужьейри,
Шэм пэщIедзыр и бгъэгухур.
НыкъуэжыIэу и уэрэдыр,
Ар, лъыр пыжу, бгыгум къохуэр.

ЩакIуэ нэсым зэгуэр пцIащхъуэм
И фочыпэ хуишиякъым.
ЩакIуэм, хъуапсэу, ищIа щIэщхъум
Зэи гъуэгу захуэ къритакъым.

ЯIуэтэж, абы къуэ нэфым
И хьэдащхьэр дэкIуэдауэ.
ПцIащхъуэ анэр маплъэ уафэм,
Уардэу бгыгум щытэджауэ.

IэкIуэлъакIуэу мывэупсым
Игъэпсащи и сурэтыр,
Щыпсэунущ куэдрэ лъапсэм,
Мывэ джейхэм ар яIэтыр.

Тхуэбзэрабзэ хуэдэщ пцIащхъуэр,
ПфIощI псэ Iуту, зиIэтын.
Маджэ бынхэр, зэщIогъуахъуэ,
Хэтщ ар уэгум ирашэн.

ЩахуэмыхъукIэ анэр гъусэ,
И уэрэдыр яIэтыжыр,
ПцIащхъуэ псоми, здэуфэразэу,
Ар здыжаIэ, зэпадзыжыр.

А уэрэдыр IэщIыб хъункъым,
ТетыхункIэ дунейм пцIащхъуэ,
Шэ уэрэдым пэлъэщынкъым,
ЩыIэхункIэ уафэ къащхъуэ.



* * *

– ЛъапцIэрыщэу сабиигъуэ,
ЖыIэт, сыт ухуей?
– Сынэсамэ зэ щIалэгъуэм,
НэгъуэщI сыхуэмейт.

– Дыщэ шууэ ди щIалэгъуэ,
ЖыIэт, сыт ухуей?
– Зэ сихуамэ нэхъыжьыгъуэ,
Арат сызыхуейр.

– Ныбжь и ныбжьу жыгъэ дахэ,
Уэ сыт узыхуейр?
– Къызэфтыж си сабиигъуэр,
Аращ сызыхуейр!

## СИ ХЬЭЩIЭ

Сэ сиIэм уэркIэ сефыгъуэжкъым,
КъызжеIэ уигу ирихь зыгуэр.
Сэ ди лъэпкъ хабзэ себэкъуэнкъым,
ПхуэсщIынущ, хьэщIэ, тыгъэ гуэр.

Уэстынщ, ухуеймэ, щIакIуэ фIыцIэ,
Щыуаем, унэ ар пхуэхъунщ.

Ухуеймэ, сигури уи гум къуэдзэ,
Ар ныбжьэгъу пэжу бдэщIыгъунщ.

Мэ къамэр, дыщэу ар зэщIоблэ,
ПхузощI си цейри саугъэт.
Адыгэр щыткъым былымаблэу,
КъыфIэнэр уи нэм сэ узот.

Ауэ къысхуепсу жэщми дыгъэу
Сэ сиIэщ зы адэ щIэин.
Ар си лъахэжьщи, дунейм фIыгъуэ
Темыт, псэр сIахми, зэрыстын.

## МЫIЭРЫСЭ

Сыту дахэ мыIэрысэр,
Мэхъур уеплъурэ джабэплъ.
Ихьэхуауэ и нэ-и псэр,
Хъыджэбз дахэр абы йоплъ.

Арщ зыгъэкIыр мыIэрысэр,
Хэлъщ къэкIыгъэм и насып.
Тохэ жыгым жэщ уэсэпсыр,
Дыгъэ нурым ещI ар дэп.

Дыгъэ бзийхэм зыкъатIатэ,
И щIыфэплъым тоджэгухь,
ХъыджэбзыIэм и сурэтыр
МыIэрысэм ныхащIыхь.

Хъыджэбзыпсэм и IэфIагъыр
МыIэрысэм псым ирет.
ТхьэIухудым и дахагъэр
Пщэдджыжь пшэплъым къыхуегъуэт.

МыIэрысэр мэжьэражьэр,
Хъыджэбз дахэм ар егъэкI,
ХьэгъуэлIыгъуэу, бжьыхьэ хъыжьэр,
Зэрызехьэурэ йокIуэкI.

МыIэрысэм и нэкIущхьэм
Жьыбгъэ Iэлым зыщегъэпскI.
Уи къэшэгъуэм уэ мы бжьыхьэм,
Ар зыгъэкIыр блумыгъэкI!

* * *

Егъэпсалъэ кIыщыр гъукIэм,
Уадэ хьэлъэр хъуащ тхьэгъуш.
Жырыр хеху, пылъэлъу хъуаскIэр,
Хъыджэбз набдзэу, ар къегъэш.

КъыхещIыкIыр нал сурэтыр,
Къыжьэхихыу мафIэ бзийр.
Iур гъущIащи, Iэгум иту
Псы къащыкъыр къыхуаший.

Къыдэплъеймэ, щытщ и пщащэр,
Къыщхьэщехыр мазэ нур.
Абы гъукIэр йоIущащэ:
«ПщIэрэ хэслъхьэу си къарур

ЩIэсщIыр мыр? Хъум быдэ налыр –
Хъунщ лъэ быдэ си тхъуэжьейр.
Мис итIанэ шыплIэм уилъу
Уесхьэжьэнущ, дахэкIей».

Пщащэм жеIэ: «Ар уигу илъмэ,
Уи жьэгу мафIэр мыблэж сщIынщ.
Зэрыщыту мы псы фалъэр
Абы хэскIэм – пэлъэщынщ».

«Сэ си мафIэр жьэгум дэлъкъым, –
ГъукIэ щIалэм ет жэуап, –
Сэ си мафIэр си гум ильщи,
ПхуэункIыфIынкъым и зы дэп!»



СИ НАНЭ

Си нанэу си псэм хуэзгъадэу,
Дуней насып къызэзыт,
Уи гъащIэ гъуэгур уэрэду,
Мы щIылъэм сэ щызоIэт.

Си нанэу си дыщэ пшэплъ,
Дахагъэу щыIэр зыхэлъ,
СфIощI анэ псом уралей,
Уэрщ зыгъэнэхур дунейр.

МазэщIэ бзыгъэм дыщафэу
Къищу солъагъу уи сурэт!
Нуру уогъаблэ си уафэр,
СщIыгъуу гъуэгуанэм утетщ.

Сыпсэумэ, пэIэщIэу унэм,
Силъ уи лъэпагъым къысфIощI.
Уи жьыгъэ дахэм, си нанэ,
IэплIэ гумащIэу хузощI.

Уэ гуапэу Iэ къыздэплъамэ,
Нэхъ фIыгъуэ сэ сыхуэмей.

Си гъащӀэм и дыщэ дамэ,
Куэдрэ схуэпсэу, си дуней.

## СИ АНЭБЗЭ, СИ АДЫГЭБЗЭ

Пщэдджыжь нэхулъэм
Вагъуэр полъэлъри,
Къуалэбзуубзэр
Мэхъур пшынэбзэ,
Бзум и бзэ дахэр
СфӀощӀ си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

КъэтӀысыт сибгъукӀэ,
Си анэ дыщэ,
Гущэкъу уэрэдкӀэ
КъызэӀущащэ.
Сэ псэуэ сиӀэр
Ар си анэбзэщ,
Ар си анэбзэ,
Си адыгэбзэщ.

Жыгей мэзыжьу
Жьым къигъэушым
Ныдэуэршэру
Псынэр мэушэ,
Псынэ Ӏущащэр
СфӀощӀ си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

Гъатхэ накъыгъэм
ЩӀыр игъэпсалъэу,
Гулъхэр бэвыгъэу
Къызэрылъэлъым,
ЩӀылъэм Ӏурылъыр
СфӀощӀ си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

## МЭЛЪЭТЭЖ КЪРУР

ЩӀыпӀэ хуабэм, щӀыпӀэ жыжьэм
Мэлъэтэж кърур.
ЩоӀур, щоӀур мы си гущӀэм
Сэ я макъ жьгъырур.

Мэлъэтэжыр сэ къысхуэгъыу
Гур щӀэуз кърур.
Здехьыр, здехьыр лъагъуныгъэр,
Си гум и къарур.

Си щIы-анэм и хуабагъэр,
СощIэ, ягу пымыкI.
ЩIакIуэ папщIэ ди пшэ хужьхэр
Гуапэу зрашэкI.

Си уэрэдыр я жэщ Iусу,
Ахэр мэбзэхыж.
Сэ жьы хуарзэм къру нэпсыр
Уэшхыу къысхуехьыж.

ЗэхуэтщIами лъагъуныгъэ,
Ди гъуэгуанэр мыз.
Ди фэеплъу мазэ бзыгъэр
Уэгум щокIэзыз.

## МАЗЭГЪУЭ ЖЭЩ

Мазэгъуэ жэщым псэхэр зэпещIэ,
Дзапэ уэрэдым симыгъэжей,
Дунейр щIэращIэщ, бгырыс нысащIэу,
Ар зыхэзыщIэм имыIэ жей.

Мазэгъуэ жэщыр къызоIущащэ,
Унэидзыхьэу, шы жэр уошэс.
Уи пыIэ щыгуу мазэ дахащэр,
Уи лъагъуныгъэм уэрэд еус.
Мазэгъуэ, мазэгъуэ, мазэгъуэ жэщ,
Гу ныпщызмыхуэу нэху умыгъэщ!

Мазэгъуэ жэщу дыжьын-дыщэпсым
Мы си гурыщIэм зыхегъэпскIыхь.
Ар си Iэпэгъуу, мызэшу си псэм
Уафэ мазэгъуэр уджу къефыхь.

Диувэпащи дэ зы лъэрыгъым,
Дуней дахагъэм дыныдешэх.
Си деж укъеша мазэщIэ бзыгъэм,
МазэщIэ бзыгъэм нуру зепхъэх.

Мазэгъуэ жэщым псэхэр зэпещIэ,
Дзапэ уэрэдым симыгъэжей,
Дунейр щIэращIэщ, бгырыс нысащIэу,
Ар зыхэзыщIэм имыIэ жей.

*УсакIуэ АфIэунэ Лиуан къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*





# САБИЙГЪЭГУФIЭ

УсакIуэу ущытыныр тыншкъым: зи гурыгъухэр зы усэкIэ нэхъ мыхъуми къызыпкърыкIа дэтхэнэ зыми фIы дыдэу къыгурыIуэнущ а «IэнатIэм» и гугъуагъыр. ГъащIэм и зы къэхъугъэ мащIэри усакIуэм и псэ пIащIэм кIуэцIрокI, абы и фIи и Iеи, и хуаби и щIыIи, и гуауи и гуапи Iыхьэлейм икIауэ зыхищIэу. Зи гугъу тщIы «IэнатIэр» куэдкIэ нэхъ гугъужщ, абы пэрыт цIыхур сабий усакIуэмэ. Бещтокъуэ Хьэбас пэжу гу зэрылъитащи, «дэ сабий IуэрыIуатэ къулей диIэщ – уэрэдхэр, усэхэр, таурыхъхэр, къебжэкIхэр, къуажэхьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр. Ауэ ди нобэрей сабий литературэр хуэкъулейуэ жыпIэныр пасэщ, цIыкIунитIэхэмрэ тхылъеджэ цIыкIухэмрэ нэхъ зыхуеину тхылъу дунейм къытехьэм гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIын щIыхуейри икъукIэ гурыIуэгъуэщ».

СабиинэкIэ гъащIэм хэплъэрэ, сабиипсэм ехуэбылIэу, ар дихьэхыу тхэныр къызэхъулIэхэр АфIэунэ Лиуан хуэдэ закъуэтIакъуэххэхэрщ. Аращ сабий усакIуэхэм, тхакIуэхэм я бжыгъэр сыт щыгъуи щIэнэхъ мащIэр.

* * *

АфIэунэ Лиуан Алий и къуэр Бахъсэн куейм хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1938 гъэм июным и 20-м къыщалъхуащ. 1953 гъэм ку-

2 Заказ №473

рыт еджапIэм илъэсиблыр къыщиухащ. 1957 – 1960 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1960 гъэм «Къэббалъкъпромстрой» трестым IэнатIэ щыпэрыуващ, абы щылажьэурэ епщIанэ классри къиухыжащ. Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатым и къудамэу Налшык щыIэм 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ щылэжьащ.

Зэрынэрылъагъуэщи, АфIэунэ Лиуан и лэжьыгъэкIэ литературэми культурэми пэIэщIэу щытащ, ауэ Тхьэр зэчийкIэ къызэретам и фIыщIэкIэ абы хузэфIэкIащ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуищIыну.

АфIэунэм балигъхэмрэ сабийхэмрэ яхуэгъэза усэхэр, апхуэдэуи къуажэхь гъэщIэгъуэнхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ахэр иту тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ. Апхуэдэщ «Къэрабэ» (1976), «Дадэ и сурэт» (1983), «НэщIэпкIэ» (1990), «Псынэ цIыкIу» (1993), «Хэмыхъуэ МыхъуратI» (1996), «Усыгъэхэр» (1998), «ШыщIэ цIыкIу» (2003), «Хъыринэ» (2008) нэгъуэщIхэри.

* * *

АфIэунэ Лиуан нэхъыбэу зыхуэтхар цIыкIухэр арами, усакIуэм и сабиипсэ хьэлэлыр, ар Iыхьэлейм икIауэ зэрыгумащIэр и балигъ тхыгъэхэми къыхощ. «Си унэм» зыфIища усэм ар и унэм, псэ зыIутым хуэдэу, щопсалъэ, фIыщэу зэрилъагъур, гупсэхупIэу зэриIэр хуеIуатэ. УсакIуэр и унэм зэрыхуэгупцIанэр псом хуэмыдэу щIэгъэхуэбжьауэ усэм и иужьрей едзыгъуэхэм къыщыIуэтащ:

*Сабий анэгуу, пхуэсщIу IэплIэ,*
*Уи пащхьэ ситщи, си дуней.*
*Зэгуэр уэ жьыгъэр къыптегуплIэу,*
*Уищэхэжынуи сыхуэмей.*

*Си сабиигъуэм и фэ зэсплъу,*
*Си бын щытэджу щыгъуэлъыж,*
*Уэращ къэнэнур си фэеплъу –*
*Упсэу, си Унэ угъурлыжь!*

**(«Си унэм»)**

АфIэунэм и балигъ усэбзэри сабиибзэм пэгъунэгъущ. «Си бзэм сыхуоусэ» фIэщыгъэм щIэт усэр, сабий уэрэд цIыкIум хуэдэу, ритмикэ шэщIа, макъамэ псынщIэ щIэлъу гъэпсащ, макъ зэщIэжьыуэхэмкIи гъэнщIащ.

*Си бзэр насыпышхуэщ,*
*Ижь-ижьыж бзэщIэжщ.*
*Хэкущ, жьэгу пащхьэщ, хышхуэщ,*
*Хабзэ зэтещIэжщ.*

*Ар си адэ-анэщ,*
*Си къэрэгъул бжыхьщ.*
*Тхыдэщ, гъуэгущ, гъуэгуанэщ,*
*Ар насыпырыхьщ.*

**(«Си бзэм сыхуоусэ»)**

Усэм и кIэух едзыгъуэр гъащIэм телъыджэ щыIэу зи фIэщ хъу сабийм и фIэщхъуныгъэ быдэр щIэлъу, хъуэпсапIэ нэхухэр, псэ къабзэр къыпкърыщу гъэпсащ:

*Си бзэр псэущ, псэунущ,*
*ПлъапIэм Тхъэр итыху!*
*Зы адыги псэкIэ*
*Бауэу щIым тетыху!..*
**(«Си бзэм сыхуоусэ»)**

АфIэунэм и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ гъащIэм и философиер, и хабзэ щхьэмыгъазэхэр зи лъабжьэ усэхэри. «Кхъужьейм и жэуап» усэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр пэщIэдзэ зиIэм кIэухи зэриIэрщ, гъащIэр чэзууэ зэрызэхэлъырщ, сыт хуэдэ къэхъугъэми езым и фIыгъуэ пIалъэ зэриIэжырщ, жьыгъэмрэ ажалымрэ пэлъэщын къару къызэримыгъэщIарщ. ЕдзыгъуитI фIэкIа мыхъу усэ кIэщIым философие гупсысэ куу зыбжанэ щызэхэухуэнащ, абы и купщIэ нэхъыщхьэри зэпсэлъэныгъэ (диалог) гъэпсыкIэ гъэщIэгъуэным тету къэIуэтащ. ИкIи усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр жыгым къыбгъэдэкI псалъэу етIуанэ едзыгъуэм къыщыхьа жэуапыр аращ.

*Зэрыт хадэм щынэщхъейуэ,*
*Кхъужьей жыгыр щытщ.*
*Зыхэт жыгхэм ядэплъейуэ,*
*ЩIэмыгъагъэр сыт?..*

*– Къэхъуа зы гъэ, дэсхыу гъабгъэ,*
*Хьилагъ сыщекIуа?*
*КхъыIэ, уигу къызумыгъабгъэ,*
*Жьыгъэр къыстекIуащ.*
**(«Кхъужьейм и жэуап»)**



Лъэпкъ зэхэщIыкI и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, мы усэм и купщIэр зэ еплъыгъуэкIэ узэригугъэнум нэхърэ куэдкIэ нэхъ куущ. Кхъужьей жыгыр фIым и нэщэнэу ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыдогъуэгурыкIуэ. А нэщэнэм и кIапэлъапэ гуэрхэр IуэрыIуатэми къыхэнащ (псалъэм папщIэ, «Кхъужьей жыгым и тхьэусыхэр»), усакIуэхэми, тхакIуэхэми, жыгым е пхъэм и образыр къагъэщIын е къагъэсэбэпын щыхъукIэ, нэхъыбэу къагъэIэщакIуэр кхъужьей жыгыр аращ. Къапщтэмэ, «Кхъужьей къудамэ» фIэщыгъэм щIэту КIыщокъуэ Алими Уэрэзей Афлики усэхэр ятхащ, апхуэдэ фIэщыгъэ иIэу Уэрэзейм 2004 гъэм усэ тхылъи къыдигъэкIащ. КъищынэмыщIауэ, адыгэ прозэм и жанр цIыкIухэм я зэхэублакIуэ хъуа тхыгъэхэм языхэзщ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Кхъужьей щIагъым» рассказыр. Апхуэдэ щапхъэхэр лъэпкъ литературэм щымащIэкъым, АфIэунэ Лиуан и усыгъэми кхъужьейм и образыр зэкъуэхуауэ, мыхьэнэ пыухыкIарэ нэщэнэ щхьэхуэрэ имыIэу къыхыхьакъым – ар усакIуэм и лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэрылъагэм, и дуней лъагъукIэр лъэпкъ гупсысэкIэкIэ (менталитеткIэ) зэрыпсыхьам и зы щыхьэтщ.

Усэм и поэтикэм щхьэхуэу и гугъу пщIымэ, ар нэщIыса дыдэу пхужыIэнукъым. Абы и щыщIэныгъэхэм ящыщщ зы едзыгъуэм и кIуэцIкIэ узыщрихьэлIэ къытегъэзэжыныгъэхэр. Псалъэм папщIэ,

япэ едзыгъуэм *«щытын»* глаголым, фащэ зэхуэмыдэхэм иту, щэнейрэ къытрегъэзэж *(«зэрыт», «хэтщ», «зыхэт»), «жыг»* щыIэцIэм, падежрэ бжыгъэкIэ зэщхьэщыкIыу, тIэунейрэ къытрегъэзэж *(«жыгыр», «жыгхэм»)*. Апхуэдиз къытегъэзэжыныгъэхэм тхыгъэм и художественнэ лъапIагъэр ягъэлъахъшэ, ауэ етIуанэ едзыгъуэм къыщыхьа рифмэ къулейхэм абы и поэтикэр къызэщIэкъуауэ ирагъэфIакIуэ. Апхуэдэщ *«гъабгъэ – къызумыгъабгъэ»* кIэух рифмэр, къищынэмыщIауи – «гъ» макъым едзыгъуэ псом и кIуэцIкIэ къыщигъэхъу макъ зэщIэжьыуэр – аллитерацэр: ***гъ****э* – ***гъ****аб****гъ****э* – *хьила****гъ*** – *къызумы****гъ****аб****гъ****э* – *жьы****гъ****эр*.

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, АфIэунэ Лиуан и усыгъэр нэхъыбэу зытегъэпсыхьари зыхуэгъэзари цIыкIухэрщ. УсакIуэм и сабиизэ-усэбзэр шэрыуэщ икIи къулейщ: абы и мыхьэнэр инщ икIи цIыкIухэр усэм дихьэхыу абы нэхъ гурыхуэ хуэхъунымкIэ, апхуэдэуи я бзэм, псалъэ къэпсэлъыкIэм зегъэужьынымкIэ къалэн пыухыкIахэр егъэзащIэ. Сабий усэхэм, макъамэ ящIэлъым хуэдэу, я ритмикэр шэщIауэ гъэпсынымкIэ АфIэунэм Iэмэпсымэ нэхъыщхьэу къигъэсэбэпыр макъ зэщIэжьыуэрщ. Абы щыгъуэми а макъ зэщIэжьыуэр усэм и купщIэр пIэщIэзыгъэху псалъэрыджэгу къудейм хуэкIуэркъым. Псалъэм папщIэ, «Щхъырыбей» усэм «щ», «хъ», «хъу», «б» макъхэр гъэщIэгъуэну «щызэдоджэгу», абы и бзэр ягъэшэрыуэм къыщымынэу, и ритмикэри яшэщIу:

*Уе****хъу****эпсэн къудейуэ,*
***Щхъ****ырыб на****щхъу****э къом****б****э*
*Пыт****щ*** *ди* ***щхъ****ыры****б****ейм.*
*Ны****б****экъ цIыкIу*
*ЦIыкIу чейуэ,*
*Тхып****хъ****эщIыпхъэ защIи, –*
*Сыту дахэкIей!*
**(«Щхъырыбей»)**

Апхуэдэ макъ зэщIэжьыуэ куэдым усэр дзапэ уэрэд цIыкIум и IукIэм, и ритмикэ псынщIэм пэгъунэгъу ящI, абыхэм я фIыгъэкIи ар къеджэгъуафIэ икIи гукъинэж мэхъу.

АфIэунэ Лиуан езым и хъэтI къигъэщIыжащ, езым и художественнэ къэIуэтэкIэ телъыджэрэ и усыгъэм нэхъыбэу хуэщ лексикэрэ зэригъэпэщыжащ. ЖытIам и зы щыхьэту къэтхьынщ «КIэпхъ» зыфIища усэр:

*– КIунэ, КIунэ,*
*КIунэ дзасэ,*
*КIэ баринэ,*
*Нэ топ цIыкIу.*
*Лъабэ цIыкIукIэ*
*Гъуэм бгъэкIуасэу,*
*Дэуэ пытыр дейм ууей?*

*– Хьэуэ,*
*Уэри хэлъщ уи Iыхьэ,*
*Къэп цIыкIу къэхьи, Зэчырей.*
*Бжьыхьэ Дадэ мыкIуэж щIыкIэ,*
*Къэжэрыжэ, къыдэкIуей!*
**(«КIэпхъ»)**

Мы усэм, АфIэунэм и адрей тхыгъэ куэдми хуэдэу, художественнэ щхьэхуэныгъэ зыбжанэ хэлъщ, и купщIэми, гъэпсыкIэ-ухуэкIэми, и бзэми ехьэлIауэ, ауэ мыбдежым щхьэхуэу гу зылъытапхъэщ «къэжэрыжэ» псалъэр. Мыбы и лъабжьэр *«жэн»* глаголырщ, *«къэ»*-р лъэныкъуэ, унэтIыныгъэ къэзыгъэлъагъуэ превербщ, а тIур зэщIыгъумэ, *«къажэ»* мыхьэнэ къагъэхъуу аращ. Зэ еплъыгъуэкIэ, *«къэжэрыжэ»*-мрэ *«къажэ»*-мрэ я мыхьэнэр зэтехуэу къыпфIэщIынущ, ауэ япэм и купщIэр куэдкIэ нэхъ куущ. *«Къажэ»*-м къикIыр *«къыщIэпхъуи къакIуэ», «жэрыжэм утету къакIуэ»* жыхуиIэхэращ. *«Къэжэрыжэ»*-м усакIуэм щIилъхьэ мыхьэнэр *«къыщIэпхъуи [а узэрыщIэпхъуам утету, зэпыумыгъэууэ] жэрыжэ къэщI»* жиIэу аращ. ЕтIуанэ лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, «къажэ» псалъэм къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэр (процессыр) нэхъ кIэщIу йокIуэкI – *«псынщIэу къакIуэ е къэс»* жыхуиIэу. *«Къэжэрыжэ»*-м къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэр (процессыр) нэхъ кIыхьу йокIуэкI – *«жэрыжэм утетурэ псынщIэурэ къакIуэ»* мыхьэнэр къикIыу. Ещанэ лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, *«къажэ»*-м псынщIэу зэфIэкIын Iуэхугъуэ, кIэух зиIэ процесс къегъэлъагъуэ – *«къэс»* жыхуиIэу; «къэжэрыжэ»-р нэхъыбэу зытегъэпсыхьар «жэрыжэм тетын» процессырщ, къигъэлъагъуэри аращ.

АфIэунэм и IэдакъэщIэкIхэм нэхъ цIыкIу дыдэхэм яхуэгъэзауэ, *«уа-рэ», «къакъэ», «къомбэ», «нау»* псалъэхэм хуэдэхэмкIэ зэхэлъ сабий лексикэкIэ гъэнщIа усэхэри яхэтщ, зи зэхэщIыкI-гупсысэр зэфIэувэу, дунейм и зэхэлъыкIэр къызыгурыIуэу, абы и хабзэхэр зи акъыл къитIасэу хуежьа ныбжьыщIэхэм яхуэгъэзахэри щымащIэкъым. Япэ гупым щыщ усэ цIыкIухэр сабийм и бзэм зегъэужьыным, дунейр егъэцIыхуным нэхъ тегъэщIамэ, етIуанэ гупым хиубыдэ усэхэм я гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэр инщ, абыхэм сабийм и хьэл-щэныр зэфIэувэнымкIэ, и къэухьым зиубгъун-зиузэщIынымкIэ къалэн пыухыкIахэр ягъэзащIэ. Псалъэм папщIэ, хьэл-щэныр зыубзыху, сабийм и лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэфIэзыгъэувэ, адыгэ хабзэм щIэзыпIыкI тхыгъэщ «Iэбу цIыкIу» усэр:

*НэхъыжьблэкIым, сыкъоувыIэ,*
*ЗэпызупщIыркъым и гъуэгу.*
*Ар блэкIыхукIэ, гъуэгу симыIэ,*
*Хабзэм хъурэ удэджэгу?*
*Дади нани я тIысыпIэ*
*ЖьантIэм сыкIуэу сымытIыс.*
*СимытIысхьэ я гъуэлъыпIэ,*
*ЯхузощIри пщIэ, нэмыс.*
*Лъэпкъым щхъэузыхь сыхухъуи!*
*ЦIыху узыщIыр хабзэращ.*
*СощIэ фIыуэ, жьы сыщыхъуи,*
*Згъуэтыжынур нобэ сщIарщ!*

**(«Iэбу цIыкIу»)**

Лиуан и усэхэм хэлъ ущиер цIыхугъэмрэ гуапагъэмрэ я щапхъэхэмкIэ щIэгъэбыдащ. ЩIыуэпсымрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ я образхэмкIэ усакIуэм аллегорие Iэмалыр къигъэсэбэпкIэрэ, фIым, къабзагъэм, дахагъэм я пщалъэу щIым щызекIуэхэр къегъэлъагъуэ. КъызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, Лиуан и усыгъэр зыхуэунэтIар, абы щIэлъ гупсысэ псори зэзышэлIэжыр зыщ – гъащIэр фIыуэ лъагъунырщ, дунейм и къэхъугъэ псори псэкIэ къэщтэнырщ. Псалъэм папщIэ, усыгъэм и лирикэ лIыхъужь цIыкIум хьэкIэкхъуэкIэхэр хуабжьу фIыуэ елъагъу.

Абы и щыхьэтщ усэхэм я фІэщыгъэ къудейхэри: «Нау цІыкІу», «Джэджьей бын», «ЧыцІ цІыкІуитІ», «Бжьэ», «Шы цІыкІу», «Махъшэ», «Тхьэгъэлэдж», «ТІурэ», «КІыгуугу», «КІэпхъ», нэгъуэщІхэри.

«ТІурэ» усэм хэт хьэ цІыкІумрэ абы и лирикэ лІыхъужьымрэ зэныбжьэгъу пэжхэщ, дэнэкІэ кІуэми, зэкІэрыхухэркъым, уеблэмэ лирикэ лІыхъужь ныбжьыщІэр ТІурэ хуэдэхьэ зэриІэм щыгуфІыкІым къыщымынэу, икІи иропагэ:

*Зым имыІэ уэ пхуэдэхьэ,*
*Уэ пхуэдэхьэ цІыкІу.*
*Уздэсшэнкъэ мэракІуэхьэ,*
*ТхьэкІумабгъуэ цІыкІу.*
**(«ТІурэ»)**

Сабийм и хьэл-щэнымрэ дуней еплъыкІэмрэ зэраубзыхум къыщымынэу, АфІэунэм и усэхэм гъэсэныгъэ къалэнри ягъэзащІэ. «Нау цІыкІу» зыфІища усэм цІыхур сыт щыгъуи и щхьэ кІэлъыплъыжын зэрыхуейр щІагъыбзэ куукІэ икІи сабиибзэ дахэкІэ къыщеІуатэ:

*Уа-рэ, феплъыт,*
*Ди нау цІыкІум.*
*Феплъыт –*
*Сэ зыкъыспещІыж!*
*Сыт ишхами –*
*Шха иужькІэ*
*Іупи напи елъэщІыж!*
*Хьэлэмэткъэ –*
*СогъэщІагъуэ,*
*Ар зэрыгубзыгъэ*
*ЦІыкІу!*
*Напэ фІейуэ,*
*Іупэ фІейуэ*
*Къальагъуну*
*ФІэемыкІущ!*
**(«Нау цІыкІу»)**



Усэр зи акъылрэ къэухьрэ зэфІэувэу хуежьауэ дунейм и къэхъукъащІэхэмрэ къэхъугъэхэмрэ япэу зэзыгъэцІыху, гъащІэм япэ лъэбакъуэхэр хэзычэ нэхъ цІыкІу дыдэхэм зэрахуэгъэзар къигъэнаІуэу, «джэду» е «джэду цІыкІум» и пІэкІэ усакІуэм «нау цІыкІур» къегъэсэбэп. ИкІи а зы псалъэ зэпха къудейм и фІыгъэкІэ усэр гум нэхъ ехуэбылІи мэхъу.

АфІэунэ Лиуан ящыщщ адыгэ сабий литературэм нэхъыбэ дыдэу зезыгъэужьахэм. Езым тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкІахэм нэмыщІ, абы и ІэдакъэщІэкІхэр итщ «Азбукэм», пэщІэдзэ классхэм щадж «Анэдэлъхубзэм», «Адыгэ сабий литературэ», «Вагъуэбж» тхылъхэм, сабий садхэм папщІэ зэхалъхьа программэхэм хагъэхьащ. УсакІуэм и ІэдакъэщІэкІ зыбжанэ ихуащ «Къэбэрдей усэм и антологием».

ГъащІэр сыт хуэдэурэ къемыкІуэкІами, сыт хуэдэ зыужьыныгъэ имыгъуэтами, АфІэунэм и усэхэр зи пІалъэр имыкІыж хъугъуэфІыгъуэу лъэпкъым къыдекІуэкІынущ, сыту жыпІэмэ езы гъащІэр, адыгэ лъэп-

къыр щыIэу абы щIэблэ къыщIэхъуэхукIэ Лиуан и усэхэм цIыкIухэр щIапIыкIынущ, ахэр щэнгъасэ Iэмэпсымэу къагъэсэбэпынущ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр*

## АФIЭУНЭ Лиуан

### МАМЭХЭМ Я МАХУЭ

Нобэ, нобэ
Мамэу щыIэм
IэпIохуэшхуэ
ЯхуэтщIынщ.
Узыншагъэ ин
ЯIэнуи,
Дэ абыхэм
Дехъуэхъунщ!
Ажэгъуэмэр
ЩIым къыхопщыр,
Дыгъэ нурым
Зрагъэу.
Гъатхэ дахи
И нэр къопщIыр,
ЩIэжьей цIыкIухэр
Къызэщоу.
Нобэ, нобэ
Мами Нани
Хъуащ нэхъ дахэ,
Нэхъ дахэж!
СогъэгуфIэ
СаIуплъамэ,
Сагъэгуфэ,
ДогуфIэж!

### ДИ IЭУА

НитIэ, нитIэ,
ЦIыкIунитIэ,
НитIэ, нитIэ,
Ди Iэуа.
Мамэ и псэ,
Папэ и псэ,
Сыт ущIэгъыр?
Хэт къоуа?
Мэж уи бжьэфыр,
Сэ зыцIыкIум,
Ар зыцIыкIум
Езмыта!..
Мамэ, сэри

СыщыцIыкIум
НитIэ хуэдэу
Сыщыта?

## ЛЭУ, ЛЭУ

Дэпым хуэдэу хъущ плъыжьыбзи,
Къуршхэм дыгъэр епкIэжащ.
Ахъшэм вагъуэри цIуубзэу,
Уафэ-лъэуейм елъэжащ.
НэхулъэфI дыдэ укъикI, дыгъэ,
Уэ уешауэ къыщIэкIынщ.
Иджыщ щыхъуар гъуэлъыжыгъуэ,
Уэрэ сэрэ
Лэу, лэу тщIынщ!

## СЫКЪОКIУЭЖ

Анэш нанэ
Сыздишамэ,
Дадэ дыщэ,
Папэ, мамэ,
Ди Мамыжьыр,
Ди къакъийр,
Ди хьэ Мыщэ,
Ди балийр,
Ди бжэIупэр,
Ди дэшхуейр,
Ди мамкъутыр,
Ди кхъужьейр,
Ди адакъэр,
Ди джэджьейр
Сигу къэкIакъэ –
СыщIогъуэж,
Лъейуи унэм
СыкъокIуэж!

## ТХЬЭРЫКЪУЭ

Уэ ди пщIантIэм гъуэрыгъуапщкIуэ
Ущыджэгуу къолъэтыхь.
УмэжалIэм, зумыгъэпщкIуу,
Лъабэ цIыкIукIи къыщожыхь.
СигъэщIынущ нани Iэмэ,
Сэ къабзабзэу зыстхьэщIынщ.
Уэри къакIуэ, къэтIыс Iэнэм,
Дызэгъусэу Iэмэ тщIынщ.

## ПЦIАЩХЪУЭ

ПцIащхъуэм и кIэр дыкъуакъуэщ.
И фэр, щIакIуэу, фIыцIабзэщ,
И бгъэгу цIыкIур хужьыбзэщ.

Уа-рэ, уэ-ри-ра!
Бжэ къеуIуи хэмыту,
Къытхуэгушхуэ зэпыту
КъыщIолъатэ ди унэм.
Уа-рэ, уэ-ри-ра!
Къехьыр ятIэ, хьэуазэ,
Мазэ ныкъуэу блынджабэм
ЩещI псэупIэ-унапIэ.
Уа-рэ, уэ-ри-ра!

## АРГЪУЕЙ

Лъабэ псыгъуэщ,
Ар пэ кIыхьщ.
Жэщ зэрыхъуу
Къелъэтыхь.
КъыстотIысхьэ,
Къызодзакъэ,
Сигъэжейркъым,
Къысщымысхь.
Ауэ, сщIэркъым,
Сэ, итIани,
Ар, итIани
СфIэгуэныхьщ.



## ЖЬЫНДУ

Жьын-жьын-жьын,
Жьын-жьынду,
Пэ сыринэ.
Дамэду,
Нанэ си пIэр ищIыжащ,
Сэ IэпIохуи хуэсщIыжащ.
Хэт узэджэр?
Сыт ухуей?
Уэри унэм
КIуэжи
Жей!

## СИ КIЭБЫШЭ

КIышэ, кIышэ,
Си кIэбышэ,
Си лъэбыцэ-
Быцэ цIыкIу.
УщIэбур сыт
Апхуэдизрэ,
Си нэIуцэ-
Iуцэ цIыкIу?!
Мамыжь «мамэ»
Уигу къэкIамэ,
Хъум пщыхьэщхьэ,
КъэкIуэжынщ.

Куэбжэм нэскӀэ
Дыпегъажьэ,
ПӀапӀу къоми
Къытхуихьынщ!

## САНЭМРЭ ЖЫЗУМЕЙМРЭ

– Санэ, санэ,
ЦӀыкӀунитӀэ.
ӀэмпӀэ, ӀэмпӀэ,
ӀэмпӀэ кӀэщӀ.
Къыздэплъей уэ
ТӀэкӀунитӀи,
Нэхъ иныӀуэу
ЗыкъэшэщӀ.
– Хьэуэ, хьэуэ,
Жызумей,
Сабий цӀыкӀухэр
Зэзгъэхъуапсэу,
Ин сыхъуну сыхуэмей.

## ШОФЕР

«ПӀи-пӀи-пӀипӀ,
ПӀи-пӀи-пӀипӀ»
ТекӀ си гъуэгум,
МутӀалиб.
Уэри, МутӀэ,
Уэри, ПӀутӀэ –
Фымыбэлэрыгъ.
Сэ иджыри
Си машинэ
Рулыр фӀыуэ
СхуэмыӀыгъ.

## ДЖЭРПЭДЖЭЖ

Уемыгуоумэ,
«Ӏым» жимыӀэ,
Зэримыхуэ
И мыӀуэху.
Зыми и цӀэ
КъримыӀуэ,
Езым и цӀи
ФӀэмыӀуэху.
Ауэ уэ,
ЗыбгъэлӀыхъулӀыбжьу,
Уегуоуакъэ –
ЕдэӀуэж:
ЖепӀэ псори
Пхузэпишу,
Нэхъ иныжу
КъыбжеӀэж!

## ЯПЭ УЭС

Япэ уэсым щыгуфIыкIыу,
Къуаргъхэм къалъэтыхь.
Iэжьэ цIыкIухэм, щIэкIуэрыкIыу,
ДэнкIи къыщажыхь.
Си щхьэм щIыIэ хэмыхьэну,
ПыIэр къескъухащ.
Гуэщи уни, зы къэмынэу,
Я щхьэр къетхъухащ.
Ди мамыжьри, жьэгъуэшхэжу,
Мес, гъущапIэм щIэсщ.
Хужь защIыну я гугъэжу,
Къуаргъхэр уэсым хэсщ.

## УЭСКЪЕГЪЭС УЭРЭД

ЩIихурыхукIыу
Къес уэс цIыкIу,
Къеблэгъэжыт,
Си нэху цIыкIу!
Плъагъукъэ,
Уэ сыпщогуфIыкI.
Iэжьэ цIыкIухэр
ЩIэгъэкIурыкI.
Ущабабзэщ,
Укурыхщ.
Укъабзабзэщ,
Угурыхьщ.
ЗэIухащ уи гъуэгури,
Мес,
Нэхъ кууIуэу,
КхъыIэ,
Къес!..



## ГЪЭМАХУЭКУ

ИрищIакъэ хъыринэ Данэ,
Шопэ-шопэ ещI Щэуей!
Джэджьей цIыкIу еулъабзэ нанэ,
Дади гуфIэу щIэсщ дэшхуейм!
ЗекIуагъащIэу сэ ди Жаннэ
КъызошэкIыр, Iэбэр сIыгъщ.
Уарэ, дыгъэр, дарий джанэу,
Уафэ къащхъуэм псыпсу щыгъщ!

## НЭЩIЭПКIЭ

И гъуэ цIыкIуу,
ТIыбжьэм хуэдэм,
Къопщ-
Йопщхьэжыр,
Къопщ-
Йопщхьэж.

Зыкъыпхуигъэфlэнуи хэтщи,
И щхьэ цIыкIур кърегъэж.
Бжьакъуэ фIыцIэ
ЦIыкIуитI тетыр,
ИгъэпIийми,
Мыпыджэф.
Сыт итIанэ
Ар зыхэтыр?..
СощIэ, нэми
ЩIэмыпкIэф.

## АДЫГЭБЗЭ

Си бзэ дахэу
Адыгэбзэ,
Си бзэ дахэу
Уэ си нэху!
Уэращ
Си анэдэлъхубзэр,
СфIэбэмащIэщ
Сыпсэлъэху!
Упсэу, си бзэ,
Хьет жегъэIэ!
«Нур» журналми
Сыкъоджэф!
Си насыпти,
Уэ узиIэщ,
Дади нани
Сопсэлъэф!

## АДЫГЭ ЦЕЙ

КъызэрыпыкIау
Мастэпэм,
Схуидащ нанэ
Цей щIэрыпс.
ЩыстIэгъакъэ –
КъызокIупсыр,
Си Iэпкълъэпкъым
Ар хуэфIыпсщ.
Ар псынщIабзэщ,
Ар гурыхьщ,
Ар адыгэ
Цей бэлыхьщ!
Хэтхэ ящIрэ
Джэгу? –
СыкIуэнт.
Цейм хьэщIапIи
СрикIуэнт.
СылIкъэ? –
Си гур къогуфIыкI.
Щауэ цIыкIуи
СыщIохъукI!

*Артист, усакIуэ-уэрэдус Иуан Владимир къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу*





# КУЭДЫМ ХУЭIЭИЖЬТ

Зэчий зыбгъэдэлъу дунейм къытехьэ цIыхур куэдым хуэIэижьщ, езыр дуней щхьэхуэу мэпсэу, щIылъэр ибгынэн хуей щыхъукIи, IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа дуней псо къызэринэкI хабзэщ. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэхэм ящыщт артист, усакIуэ-уэрэдус икIи уэрэджыIакIуэ Иуан Владимир Шамис и къуэр.

Иуан Владимир Аруан (иджы Лэскэн) районым хыхьэ Аргудан къуажэм 1943 гъэм ноябрым и 22-м къыщалъхуащ. 1961 гъэм курыт еджапIэр къиуха нэужь, дзэм къулыкъу щищIащ. ИужькIэ ар, 1970 гъэм, Щукиным и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт театр училищэм щIэтIысхьащ, егъэджакIуэ цIэрыIуэ, Вахтанговым и цIэкIэ щыIэ театрым и режиссер Калиновский Леонид и нэIэм щIэту еджащ. Актер ныбжьыщIэм зыми емыщхь зэчийрэ Iэзагъэрэ зэрыбгъэдэлъыр еджапIэм щыщIэса лъэхъэнэм наIуэ къэхъуат. А илъэсхэм ар Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэта» (Майданников Кондрат и ролыр игъэзащIэу), Горький Максим и «Мещане» (Бессёменов Василий и ролыр игъэзащIэу), Шекспир Уильям и «ЕпщыкIутIанэ жэщ» (сэр Тоби и ролыр игъэзащIэу) тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэм щыджэгуащ.

Театр училищэр къиухыу 1975 гъэм и хэку къигъэзэжа нэужь, Иуаныр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс 40-м нэблагъэкIэ щылэжьащ икIи а пIалъэм къриубыдэу роль 80-м щIигъу игъэзэщIащ. Ар щыджэгуащ Шортэн Аскэрбий

и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «КъулыкъущIэкъухэр», IутIыж Борис и «Хьэцацэ дахащэ», куржы драматург Отиа Иоселиани и «Хъыджэбзих къыдэнэжахэмрэ зы цIыхухъурэ», Островский Александр и «Хейуэ мысэ хъуахэр» тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэм, нэгъуэщIхэми. Артист гъуэзэджэм сыт хуэдэ жанрри къызэригъэIурыщIэн зэфIэкI бгъэдэлъащ. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэ хъуащ Шиллер Фридрих и «Абрэджхэм» хэт Шпигельберг, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» жыхуиIэм щигъэзэщIа Аслъэныкъуэ, Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэ» пьесэм хэт Бомэт, КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» драмэм хэт пщы Къетыкъуэ, IутIыж Борис и «Тыргъэтауэм» щыщу Шабзэзехьэ, Журт Биберд и «Къуршхэр къыщыушкIэ» пьесэм хэт СулътIанбэч сымэ я ролхэр, нэгъуэщI куэди. Владимир нэхъыбэрэ зыдэлэжьа режиссёрхэм ящыщщ Теувэж СулътIанрэ Ерчэн Леонидрэ.

Иуаныр киноми и зэфIэкI щеплъыжащ, псалъэм папщIэ, режиссёр Хьэжкъасым Хьэсэн триха «Под знаком однорогой коровы», «Всадник с молнией в руке» жыхуиIэ фильмхэм щыджэгуащ.

Артист IэщIагъэм мылъкушхуэ къызэрыпэмыкIуэр хэт и дежкIи щэхукъым. Ауэ а IэнатIэр псэкIэ къыхэзыхыу пэрыува цIыхур мылъкуи щIыхьи лъыхъуэркъым, атIэ ирихьэжа Iуэхум псэемыблэжу пэрытщ, и гуащIэр зыхуигъэпс цIыхубэм я лъагъуныгъэрэ Iэгуауэ гуапэрэ нэхъ хуэмыныкъуэу. Апхуэдэ артист нэсу щытащ Иуан Владимири. Абы и IэдакъэщIэкI «Ей, артист, артист тхьэмыщкIэ...» усэм къыхэщащ актёрым и IэщIагъэм и псэр зэрыхилъхьэр, роль къэскIэ, къиджэгу мыхъуу, къызэрипсэур:

*Сыту мащIэ уэ къыплъысыр...*
*ЗумыщIэжу сценэм уитщ.*
*Уи лIыхъужьыр уэ уопсыхьыр,*
*Иджы уи псэр абы Iутщ.*

*МащIэ дыдэщ узылъыхъуэр –*
*ЦIыхухэм я гум унэсам,*
*Арат уи псэр зыхуэныкъуэр,*
*Къыплъысынур къыплъысат...*

*Ухуэмейт уэ нэгъуэщI плъапIэ,*
*ПщIэи щIыхьи упымылът.*
**(«Ей, артист, артист тхьэмыщкIэ...»)**



Иуаным и Iэзагъэм хуэфэщэн пщIэшхуэ къыхуащIащ. Абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгэ Республикэми щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр.

Лъэпкъ культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэм къыдэкIуэу, Иуан В. искусствэм хуилэжьари мащIэкъым. Абы и адэ-анэм къыхалъхьауэ нэгъуэщI зэчийхэри бгъэдэлъащ (и анэр пшынауэт, и адэр балалайкэ еуэрт). ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ жыхуаIэрати, Владимири балалайкэ еуэу, уэрэд жиIэу, уэрэдым псалъи макъами хуитхыу щытащ. ЦIыхубэм гунэс ящыхъуащ «Къаблэ, къаблэ, уэ си вагъуэ», «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ», «СыIутщ хы Iуфэм» жыхуиIэ уэрэдхэр, апхуэдэуи, бэзэр гъащIэр, фадафэхэр, мылъку угъуеиным дихьэхауэ цIыхугъэри напэри

къизымыдзэжхэр ауан щищI гушыIэ уэрэдхэр, политикэмрэ жылагъуэ зэхэтыкIэ мыхъумыщIэхэмрэ сэтей къыщищIхэр, нэгъуэщIхэри. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ уэрэд пщIы бжыгъэхэр. Иджырей лъэхъэнэми макъамэ щIалъхьауэ лъэпкъ щIалэгъуалэм ягъэзащIэ Иуаным и уэрэд зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Си гугъати укъысхуейуэ...», «ЛIыжь уэрэд», «КъысхуэмыщIэ къытщыщIар», «ГурыщIэ пэжым уримыджэгу», «Вагъуэбэр уэгум щикъухьащи...», «Ар лъагъуныгъэу си гугъакъым...», «Аргуэру къалъхур зы шэрджэс» жыхуиIэхэр.

Владимир и щIалэ БетIал адэм и лъагъуэм ирикIуащ – ар пшынауэ Iэзэщ, уэрэдусщ, уэрэджыIакIуэщ. НобэкIэ адэм и уэрэдхэр «зэрыпсэум», ар цIыхубэм зэраIэщIэмыхум БетIал и фIыгъи, и гуащIи хэлъщ, абы Владимир и уэрэдхэр къигъэщIэрэщIэжурэ, макъамэм хэлэжьыхьыжурэ жеIэ, и усэхэм макъамэ ящIилъхьэурэ дунейм къытрегъэхьэ. Апхуэдэщ «А уи нитIыр», «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ», «Адыгэ хабзэ», «Хы Iуфэ» («СыIутщ хы Iуфэм») жыхуиIэ уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри.

Адыгэ псалъэжьым адэфIым къуэфI хуэмыщу жиIэми, и адэр къызэрыщыгугъам хуэдэ «ЦIыху» къыхэкIащ БетIал. Ар дунейм къытехьэн ипэ къихуэу Владимир мыпхуэдэ усэ сатырхэр итхыгъат:

*ШыщIэ къамылъхум хузэщIалъхьэ уанэу,*
*Сольыхъуэ си къуэм цIэ фIэсщын.*
*Сыхощыпыхьыр къэзмыгъанэу,*
*ЦIыхухэм, сыхуейщи, къахэщын.*
<...>
*Фыкъепль, ныбжьэгъухэ, къытехьащ*
*Дунейм цIыхущIэ, къэунэхуащ.*
*НартылIщ хужраIэ ар псэуху, –*
*ФIызощ а цIыкIум цIэуэ «ЦIыху».*
**(«ШыщIэ къамылъхум хузэщIалъхьэ уанэу...»)**

Иуан Владимир усыгъэ, прозэ, басня жанрхэми щылэжьащ, жыIэгъуэ шэрыуэхэри и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ...» (1992), «ЗэIущIэ гукъинэж» (2010) тхылъхэр дунейм къытехьащ.

Иуаным и усыгъэм и лъабжьэр гухэлъ пэжырщ, псэ хуабагъэрщ, абы нэхъыбэу зыщызыужьар лъагъуныгъэ лирикэрщ, и уэрэдхэм я нэхъыбэми щытепщэр гурыщIэ куухэрщ. Абы и щыхьэтщ гухэлъ къабзэм и гимну илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ ягъэзащIэ «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ» уэрэдыр:

*ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ,*
*Мы дунеишхуэр мыгъэгъэнт,*
*Ар цIыхухэм я гум имылъамэ,*
*Щыху насыпыфIи щымыIэнт.*
**(«ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ...»)**

Иуаным и усыгъэм пейзаж лирикэми зыужьыныгъэ щигъуэтащ. Псом хуэмыдэжу абы и щапхъэ дахэхэр къыхощ щIыуэпсымрэ гухэлъымрэ щызэхьэлIа, художественнэ Iэзагъ хэлъу щызэхэгъэшыпсыхьа усэхэм. Мис, апхуэдэхэм ящыщ зы:

*КъекIэрэхъуэкIыу дуней хьэхур,*
*КъызжаIэ щхъэкIэ – нэгу щIэмыкI.*
*ИкIакъым и пIэ ди мэзышхуэр,*
*Дипс цIыкIури псыхъуэм къыдэмыкI...*

*Щызгъэвыр си гум уэ умыщIэ,*
*ЩызмылъагъужкIэ уи фIэщ хъун.*
*Щытам кIэрахъуэу дунеижьыр,*
*Зэгуэр си дежкIэ укъыихьынт.*
**(«КъекIэрэхъуэкIыу дуней хьэхур...»)**

Иуан В. и усыгъэр лъэпкъ гупсысэкIи псыхьащ, абы психологие куу хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэм и тхыдэ гуузыр. «СыIутщ хы Iуфэм» усэм (езым макъамэ щIилъхьэу уэрэду дунейм къытехьам) хэт лирическэ лIыхъужьым и псэр зыхуз упщIэхэмкIэ Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ я лъэхъэнэм адыгэ куэд зыхэкIуэда хы [тенджыз. – Хь. Л.] ФIыцIэм зыхуегъазэ:

*Ей, хы абрагъуэ, ущымысхъу,*
*Си лъэпкъыр дэнэ зыдэпхъар?*
*Хэкужь и быну си псэм хуэсхьым*
*И лъырщ уэ фIыцIэу уизыIар.*
<...>
*Уэ адыгэлъу зыщIэпфамкIэ*
*Урикъуа щIыкIэу, умамырщ.*
*Ауэ си лъэпкъыр щыбгъэпщкIуамкIэ*
*Сэ сыноупщIыр, уэ – ущымщ.*
**(«СыIутщ хы Iуфэм»)**



Усэхэм пэгъунэгъуу, ауэ я шэрыуагъыр куэдкIэ нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ, ящIэлъ гупсысэр шабзэшэм хуэдэу упэпцIауэ гъэпсащ сатыритIу зэхэлъу Иуаным и Iэдакъэ къыщIэкIа жыIэгъуэхэр. Ахэр кIэщIми, философие гупсысэ Iущхэр икIи куухэр я лъабжьэщ, иджырей зэманым, нобэ дызыхэпсэукI жылагъуэм и зэхэтыкIэм поджэж:

* * *

*Номейщ уи Iуэхур, лIыгъэ убгъэдэльми,*
*ЛIыгъэу къальытэр – сом къыпкIэрылъэлъмэщ.*

* * *

*ЗылъэкI и пащхъэм щоджэрэз бзэрабзэу,*
*Еубзэурэ зыщехъуэ, джэду хабзэу.*

Иуан В. и басняхэми езыр зыхэпсэукIа лъэхъэнэм и Iэужьхэр гъуджэм хуэдэу къатощ, абы къыдэкIуэуи, гъащIэм сыт хуэдэ зэмани къыдекIуэкI мыхъумыщIагъэхэр гушыIэ щабэ хэлъу къыщIегъэщ. Апхуэдэ ухуэкIэ яIэщ, къапщтэмэ, «Мыщэмрэ бажэмрэ», «Щхьэ мыгъуэжь», «ЩIадзащ абыхэм зэрышхын», «Хэхыныгъэ», «ТхьэлъэIу», «Iужажэ», «Зэхьэзэхуэ» жыхуиIэ басняхэм. Ахэр зэрытха жанрым зэрыщыхабзэу, тхакIуэм хьэкIэкхъуэкIэхэм я образ-аллегориехэмкIэ

цIыхухэм я дуней тетыкIэм мыхъумыщIагъэу хилъэгъуахэр сэтей къещI, апхуэдэ щIыкIэкIи и тхыгъэхэм гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэ яхелъхьэ, цIыхугъэм хущIэкъуныр, напэр хъумэныр лъабжьэ яхуещI.

Иуан В. прозэм и жанр цIыкIуми рассказ купщIафIэ зыбжанэкIэ хэуващ. Абыхэм тхакIуэм къыщиIэта Iуэхугъуэхэм фIэщ щIыгъуей яхэткъым, къыщыхъу-къыщыщIэхэр гъащIэм щыщщ, зы цIыхум и щхьэм е зы унагъуэм ехьэлIащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Иуаным и рассказхэм къэрал, жылагъуэ Iуэху щызэфIэхакъым (апхуэдэ къалэн езы жанрми къигъэувыркъым), атIэ я сюжетри купщIэри нэхъыбэу зытегъэпсыхьар цIыхухэм я зэхущытыкIэрщ, я гурыгъу-гурыщIэ зэхуэмыдэхэрщ.

«Хьэшыр цIыкIу» рассказыр кIэщI дыдэми, абы мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхугъуэ къыщыIэтащ. Тхыгъэм и лIыхъужь нэхъыщхьэ Алим, бынми щхьэгъусэми зыри къалъымысу, фэтэрыр езым къыхуэнэу и унагъуэм къызэрыхэкIам, щхьэгъусэм зэрыпыкIам щогуфIыкI, уеблэмэ иропагэ. Апхуэдэ Iуэху зэфIэхыкIэри, езым зэрыжиIэмкIэ, и «ныбжьэгъухэми» къыдаIыгъащ. ЩIалэм лIыгъэ зэрихьауэ, щхьэгъусэм «текIуауэ» къыщохъуж. Ауэ етIуанэ махуэм абы и «гуфIэгъуэ» псори мэбзэхыж: щхьэ закъуэ гъащIэм насып къыхуихьыркъым, абы къыдэкIуэуи, и сабийм и гъы макъыр сыт щыгъуи и тхьэкIумэм къоIуэ... А псор хуэмыхьыж щыхъукIэ и сабийр – Хьэшыр цIыкIу – здэщыIэ сабий садымкIэ еунэтI... Зэрынэрылъагъущи, тхыгъэм гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэ иIэщ. ТхакIуэм и рассказым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхишыр унагъуэр, гуапагъэр, зэгурыIуэныгъэр, лъагъуныгъэр, быным и IэфIыгъэр зэи зи пIалъэ имыкIыж лъапIэныгъэу гъащIэм къызэрыдекIуэкIырщ, ахэр зэрыпхъуэж хъун фIыгъуи къызэримыгъэщIарщ.

Иуан В. и рассказ къэскIэ лъапIэныгъэ гуэр къыхегъэщ, абы и мыхьэнэри IупщIу егъэбелджылы. «Къысхуэгъэгъу» зыфIища рассказым тхакIуэм щызыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэр зэхьэлIар а псалъэм и купщIэ дыдэр, абы хэлъ гуапагъэ-хуабагъэр къэгъэлъэгъуэнырщ, щыуагъэ зыIэщIэщIам «къысхуэгъэгъу» псалъэр игъуэм, хэмыкIэсапэу, жиIэфмэ, абы гъащIэм куэд зэрыщихъуэжыфынурщ.

ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуахэм хуэдэ защIэщ Иуаным и рассказхэри, нэгъуэщI жанрым иту тха дэтхэнэ и IэдакъэщIэкIри – псэуныгъэм кууэ уезыгъэгупсысщ, щыуагъэхэм гу лъозыгъэтэжщ, а псом нэмыщIыжкIи, гуапагъэ къызыпкърыщщ. Ахэр литературэ тхыгъэ нэгъэсам и щапхъэщ, псалъэжьрэ псалъэ шэрыуэкIэ къулейщ, художественнэ Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ гъэнщIа бзэ дахэкIи тхащ.

ИщхьэкIэ наIуэ зэрыщыхъуащи, цIыхубэри зэрыщыгъуазэщи, Иуан Владимир и зэчийр абрагъуэт, аращ абы къуэпсыбэу гъащIэм зыщидзын щыхузэфIэкIари. Ар артист Iэзэу, усакIуэу-уэрэдусу, уэрэджыIакIуэу лъэпкъ тхыдэм къыхэнащ, зи Iэужь дахэхэмкIэ уахътыншэ хъуахэм ящыщщ.

**ТЕМБОТ Санитэ**



3 Заказ №473

*Усэхэр*

## ИУАН Владимир

* * *

Сыкъос псы гъунэм, уэ сыплъыхъуэу,
Си нэгум щIэтыр уи сурэтщ.
ГугъапIэ нэхуу сщохъу мы псыхъуэр,
Псы уэр ежэхым сыбгъэдэтщ.

Сыхоплъэ псыжьым: заублэрэкIыу,
Толъкъун пIейтейхэр зэрохьэх.
КъысфIощI уи макъыр къыхэIукIыу, —
А макъ дахащэм сыдехьэх.

Гур къогуфIыкIыр, бгъэм имыхуэу,
Мо псышхуэр нэкIэ щIызощыкI...
Арыххэу, сфIощIри псым узблихыу,
Укъыхэсхыну соущыкI.

АрщхьэкIэ уехь, сыплъэщIэмыхьэу,
Уи макъри сэ зэхэзмыхыж.
ГугъапIэ нэхуу сфIэщIа псыхъуэр
Псыхъуэ къудейуэ къыщIокIыж...

* * *

Я щхьэр уафэм щIэгъэкъуауэ,
Къуршхэр нартхэу зэбгъэдэтщ,
Нэсрэн ЖьакIэу, жьантIэм кIуауэ,
Iуащхьэмахуэри къахэтщ.

Сэ си лъэпкъым и пкъи, и щхьи
А къурш уардэхэм пэсщIынт.
Мис итIанэ хэт и гущхьи
Си гухэхъуэмкIэ згъэнщIынт.

А къурш щыгухэм телъ уэс къабзэу,
Лъэпкъ нэмысыр згъэбыдэнт,
Ди аузхэм щыбзэрабзэу
Адыгэбзэр щызгъэIунт...

* * *

Ей, артист, артист тхьэмыщкIэ,
ЦIыху псэукIэ лъэпкъ зимыIэ,
ЗэбгъэщIауэ жыпIэм гукIэ
Уэ хыболъхьэ псэуэ уиIэр.

Къоплъыр цIыхухэр, уащыблэкIкIэ,
Уакъыщыхъуу зы бэлыхь,
ЗыхащIэну пIэрэ псэкIэ
Птезыгъэлъыр уэ бэлыхь?

Сыту мащIэ уэ къыплъысыр...
ЗумыщIэжу сценэм уитщ.
Уи лIыхъужьыр уэ уопсыхьыр,
Иджы уи псэр абы Iутщ.

МащIэ дыдэщ узылъыхъуэр —
ЦIыхухэм я гум унэсам,
Арат уи псэр зыхуэныкъуэр,
Къыплъысынур къыплъысат...

Ухуэмейт нэгъуэщI уэ плъапIэ,
ПщIэи щIыхьи упымылът.
Ауэ сыт уэ къыпхужаIэр:
Модэ, феплъыт, мор артистщ!..

* * *

Вагъуэбэр уэгум щикъухьащи,
Нэр темызагъэу хоцIуукI.
Ныжэбэ си гум укъихьащи,
Уи макъыр си псэм къыхоIукI.

Си фIэщ мэхъужри узигъусэу,
СыщIэпIейтеймкIэ сыноупщI.
Къызэпиуду си гупсысэр,
Макъ жыжьэм губгъуэр зэпеупщI.

Си упщIэр къонэ жэуапыншэу,
Вагъуэбэм хэту солъагъуж...

КъыщӀокӀ жэуапри щыӀэу жыжьэ,
Дяку дэлъу уафэр къысщохъуж.

Уэ укъонэж си нэгу ущӀэту,
Къытпэщылъ гъащӀэм согупсыс,
УздэкӀуэм сокӀуэ уи ужь ситу,
Ауэ дытетщ дэ гъуэгу зырыз...

## ФӀЫЛЪАГЪУНЫГЪЭР ЩЫМЫӀАМЭ...

И лъабжьэр щӀылъэм хэмытамэ,
Жыгышхуэр сытым щӀиӀыгъэнт.
Дыгъэшхуэр уэгум имытамэ,
ГуфӀэу ар сытым хуэгъэгъэнт.

*Ежьу:*
ФӀылъагъуныгъэр щымыӀамэ,
Мы дунеишхуэр мыгъэгъэнт,
Ар цӀыхухэм я гум имылъамэ,
ЦӀыху насыпыфӀи щымыӀэнт.

Жьапщэр къыкъуэурэ къыхитхъамэ,
И къуэпсыр щӀылъэм хэкӀуэдэнт.
Е ар губампӀэм зэгуитхъамэ,
И щхьэкӀэр гъатхэм мыгугъэнт.

*Ежьу.*

Уи лъагъуныгъэр мы си гущӀэм
Дыгъэу сыт щыгъуи щхьэщытам,
Къыпэлъэщынтэкъым си гъащӀэм
Борэни жьапщи зэхэтам.

*Ежьу.*

## СЫӀУТЩ ХЫ ӀУФЭМ

Мамырщ дунейр, сыӀутщ хы Ӏуфэм.
И теплъэм си псэр ныдехьэх.
Гурыхь къысщыхъуми хым и плъыфэр,
Сыздеплъым, си щхьэр изохьэх.

*Ежьу:*

Ей, хы абрагъуэ, ущымысхьу,
Си лъэпкъыр дэнэ зыдэпхьар?
Хэкужь и быну си псэм хуэсхьым
И лъырщ уэ фIыщIэу уизыIар.

Сыхэплъэ пэтми, си гур хэщIу,
Сохъу нэхъри, нэхъри сэ нэщхъей.
Сызэплъ хы иныр лъы къысфIэщIу,
Си нэгу къыщIохьэ зэман Iей.

*Ежьу.*

Уэ адыгэлъу зыщIэпфамкIэ
Урикъуа щIыкIэу, умамырщ.
Ауэ си лъэпкъыр щыбгъэпщкIуамкIэ
Сэ сыноупщIыр, уэ — ущымщ.

*Ежьу.*

Ди лъэпкъ и кIуэдыкIам и гъыбзэр
КъысфIощI уи щIагъым къыщIэIукI...
Иджы дыноплъым, удинабдзэу,
Уи Iуфэ дахэм дыщокIукI.

*Ежьу.*

## АРГУЭРУ КЪАЛЪХУР ЗЫ ШЭРДЖЭС

Адыгэ хэкум къуэ къихъуам,
КхъуейплъыжькIэрыщIэм щызэхуос.
Нарт санэр къащтэрэ хъуэхъуам,
ГуфIэгъуэ махуэр дэни нос.

*Ежьу:*

ЩIым лъапэ махуэ тричам,
ГъащIэ алъп жэрым ар мэшэс.
ЛыпIэ иувэу зричам,
Аргуэру къалъхур зы шэрджэс.

Пщащэр данэпсым къыщIэплъам,
Дыгъэщ и нэкIур, уимыплъэф,
И дыщэ пыIэр къыхуахьам,
Адыгэ пшынэр зэролъэлъ.

*Ежьу.*

Дадэр гуфIэжу къытехьам,
Хуейщ къигъэфэни, нанэр деш.
НысащIэр я гум ирихьам,
Щауэм къыхедзэ уэрэд, хеш.

*Ежьу.*

## ЛIЫЖЬ УЭРЭД

Блэлъэта зэманым сыкъигъэшри,
Щай фIыщIэжьу, сыхыфIидзэжащ,
Дзэ зытIущыр мащIэу зэрызгъэшхыу
Сэ куэбжэпэм сыкъыIунэжащ.

Дадэ башыр сэ зыщIэзгъэкъуауэ,
БлэкIа гъащIэр зэIызопщIыкIыж.
ПыIэ къуацэр мащIэу къескъухауэ,
Си пащIэкIэ сыщIогуфIыкIыж.

Си щIалэгъуэр псынщIэ дыдэу блэкIри,
НапIэзыпIэм жыгъэм сипхъуэтащ.
ГъащIэ дахэр щIэхыу сэ исфыкIри,
Iур щыгъущIэ «къумым» сихутащ.

Зэзэмызэ гукъыдэж сэ згъуэтми,
Си ипкI-илъым зыри къимыкIыж.
ЗиIэтыну мы си гущIэр хэтми,
Си лъэр жану сэ схущIэмыкIыж.

* * *

Къигъэшащ лIыжь кхъахэр, пхъэхьу,
ГъащIэм, къигъэшащ,
И плIэм хуэфIу ихь гугъуехьым
Иригъэзэшащ.

Щилъэгъуар абы мы гъащIэм
Тхылъ зыкъом из хъунщ,
ЩIэбджыкIыжмэ — хым и лъащIэр
Плъагъуу къыпщыхъунщ.

Къыщхьэщытхэщ гуапэу быныр, —
Адэм и пщIэр инщ,
НэкIэ къащIэ зыхуеинур,
Лыжьри мыкъиин.

Нихусащ тхьэмадэм гъащIэр,
И кIэм нихусащ,
Зэхуэсащ Iыхьлы гумащIэр,
И ажал къэсащ...

Уи жьы хъугъэм уи пщIэр мащIэм,
Сыт дунейм щыпщIар?
Аращ, маржэ, къызэращIэр
ЦIыхум и уасар.



* * *

Пщэдджыжь пшэплъым уимыгъаплъэу,
Дунейр нэху къекIащ,
Уэсыр лъэгум къыщыпсалъэу,
Сэ сыкъыдэкIащ.

Къурш щхьэ хужьхэм ятепсауэ,
Дыгъэ бзийр мэлыд,
Данэпс псыпсым къыпхыпсауэ,
Пщэдджыжь тхьэIухудщ.

Iей сигу илъкъым, нэжэгужэу
Си лъэбакъуэр соч,
Соплъыр цIыхухэм, сыгуфIэжу,
Си гъуэгу зэпызоч.

Сыту фIыт сэ мы дыгъэпсым
Си гур игъэнщIам,
Си насып сызыщIэхъуэпсым
Нобэ сыIущIам...

* * *

Дыгъэ къухьэр, щхьэукъуауэ,
Къурш дзакIэжьхэм фIэлъщ,
Мазэ ныкъуэр къыкъуэкIауэ
Плъыру вагъуэм хэтщ.

Мес, Шыхулъагъуэр хэплъагъукIыу,
Жэщыр къэхутащ,
Уафэ лъащIэм къицIуукIыу,
Вагъуэр икIутащ.

ЩIылъэм, уафэм худэплъейуэ,
Вагъуэ къыхебжыкI,
Вагъуэ ижмэ, доIэбейри,
Ар къыхепхъуэтыкI...

Соплъэ уафэ зэщIэлыдэм,
Нэр тезгъэкIыу псэм имыдэу.

* * *

ЩIакIуэ фIыцIэу ди мэзыжьыр,
Бгыхэм теубгъуащ,
Лэгъупыкъур пшэ фIыцIэжьым
Лъакъуэубыд хуэхъуащ.

Дэубгъуауэ ауз хуитхэм
ЩIы-арджэныр дэлъщ,
Къызэрохьыр пшэхэр — къуршхэр
ЩIауфэну пылъщ.

Ирехужьэ пшэр, жаншэрхъыу,
НатIэ быдэ жьым.
Щыщщ таурыхъым адкIэ къэхъур,
Слъагъур сIуэтэжынщ.

*ЩIэныгъэлI Къэмбэчокъуэ Iэдэм илъэс 60 ирокъу*





# IУЭХУФIКIЭ МАХУЭХЭР ЗЫГЪЭНЩI

*1958 гъэм ноябрым и 11-м Къэхъун къуажэм къыщалъхуа, абы къыщыхъуа щIалэщ нобэ ди псэлъэгъур. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджа, Ленинград къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къэзыуха Къэмбэчокъуэ Iэдэм 1981–1985 гъэхэм щылэжьащ «Маяк», «Ленин гъуэгу» газетхэм. 1985 гъэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым абы ди университетым щиIыгъщ къулыкъу зэхуэмыдэхэр. 1995 гъэм щыщIэдзауэ КъБКъУ-м и диссертационнэ советым, 1982 гъэ лъандэрэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухъэныгъэм хэтщ. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, етIуанэ IэщIагъэ щрат институтым и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къэмбэчокъуэ Iэдэм иджыблагъэ депсэлъылIащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

**– БзэщIэныгъэлI хъуну, егъэджэныгъэм зи гъащIэ псор тезыухуэну щIалэ цIыкIум и зэфIэкIыр дауэ наIуэ хъуа, Iэдэм? Уи псыпэм и гугъу уэзгъэщIынут.**

– Къуажэ еджапIэм сыщыщIэсым сэ усэ стхырт. Ахэр зыкъом зэрыгъэхъуауэ ди адэм къилъагъури, щылажьэ школым и унафэщI,

адыгэбзэ къудамэр къэзыуха Шыбзыхъуэ Хьэсэн деж ихьауэ щытащ. «Мы щIалэм нэху щыху зыгуэрхэр етх, итхыр зищIысри сщIэркъым», – щыжриIэм, Хьэсэн мурад ищIащ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт и цIыхугъэхэм усэхэр зэрыт тетрадхэр яригъэлъагъуну. Апхуэдэу, ебланэ классым сыщIэсу, си IэдакъэщIэкIхэм щыщ япэу «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щытащ.

Сэ а зэманым усэным апхуэдизкIэ сыдихьэхати, Москва дэт, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературнэ институтым сыщIэтIысхьэнырт си хъуэпсапIэр. ЕпщIанэ классым сынэсауэ письмои стхат институтым. Ауэ Москва къикIыжа тхылъымпIэхэм сахэплъэмэ, фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэхэр къэувырт. Псалъэм и хьэтыркIэ, а институт цIэрыIуэм ущIэтIысхьэн щхьэкIэ епщIанэ классыр къэбухарэ илъэситI мынэхъ мащIэкIи улэжьауэ щытын хуейт. Филологие щIэныгъэ къозыт еджапIэ нэхъыщхьэ ущIэсуи абы зебгъэдзыжыфынутэкъым. Нэхъ гугъужрати, ди анэм си тхьэкIумэм иригъэкIыртэкъым дохутыр, хирург сыхъуну зэрыхуейр. Школыр къыщызух илъэсым абы нэкIуауэ щытащ университетым тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым и декан Медалы Хьэчимрэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI Урыс Хьэталийрэ. Зи лIыкIуэ факультетым щеджэну хуейхэр трагъэгушхуэн мурад яIэу арат абыхэм. Университетым сыщIэтIысхьэным зэрызыхуэзгъэхьэзырын программэ гуэрхэри къызатыну сыкъагъэгугъати, Налшык сыкъакIуэри ахэри къэсщтащ...

ЗэхэгъэкIыгъуафIэтэкъым илъэс пщыкIух фIэкIа мыхъуа ныбжьыщIэм и дежкIэ апхуэдиз Iуэхугъуэ зэхэмыбзыр. Дауэ мыхъуами, медицинэ факультетым зыхуэзгъэхьэзырырт, си гум илъ Литинститутым абы ущIэкIыу укIуэ зэрыхъунур Iуэхум къыхэслъытауэ. Ауэ сызыпэрыувэну дохутыр IэщIагъэр гъунэ ислъа къудейуэ хыфIэздзэжын хуей зэрыхъужынуми гупсэхугъуэ къызитыртэкъым. Сытми, университетым щIэтIысхьэну хуейхэм я тхылъхэр Iызых комиссэр здыщIэс пэшым сыщIыхьауэ соплъэри, стIолитI зэбгъэдэтым щыщу зым адыгэбзэм хуеджэну хуейхэм, адрейм – дохутыр хъунухэм я дэфтэрхэр щыIахырт. Дохутыр хъуну зи гуращэхэр зыбгъэдэт стIолым сыбгъэдыхьэри... секретарым естыну хуэсшия тхылъхэр иужьрей дакъикъэм теслъхьащ къыбгъэдэт стIолым. Апхуэдэу адыгэбзэм сыхуеджэну Къэбэрдей-Балъкъэр университетым тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым сыщIэтIысхьауэ щытащ. Сигъэдохутырыну зи нэ къикI ди анэми (дэнэ щищIэнт абы Iуэхур зытетыр) «си къуэр хирург хъунущ» жиIэу хьэблэ фызым захуигъэщIагъуэу зэман гуэри дэкIыгъащ.

1975 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ къыдигъэкIауэ щытащ къэралым ис лъэпкъ мащIэхэм я ныбжьыщIэхэу тхэным гу хуэзыщIа, зи анэдэлъхубзэми университетхэм щыхуеджэхэм Москва, Ленинград, Свердловск дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм журналистикэмкIэ я факультетхэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэт хъуну. Абы ипкъ иткIэ, 1978 гъэм ди университетым ещанэ курсыр къыщызухауэ, «Ленин гъуэгу» газетми си статья, зарисовкэ, репортаж хуэдэ гуэрхэр къытехуэ хъуауэ, Ленинград дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым сагъэкIуащ. Ди къэралым и союзнэ, автономнэ республикэхэм къикIыу сэ схуэдэу къэкIуа цIыху пщыкIуийр дызэщIакъуэри, цIыхуищэ щеджэ ещанэ курсым дыхагъэтIысхьащ. Къэрал 46-м къикIа студентхэр къыщыдедджащ абы.

ЕджапІэр къэзухщ, къэзгъэзэжри «Маяк» газетым мазэ бжыгъэкІэ фІэкІа сыщымылэжьауэ «Ленин гъуэгум» и редактору а зэманым щыта Мэзыхьэ Борис 1982 гъэм адыгэ газетым сишэжащ.

Газет лэжьыгъэм сыдихьэхыпауэ сыздыпэрытым, махуэ гуэрым Урыс Хьэталий ди лэжьапІэм ныІуохьэ. «Зы лъэІу пхузиІэщи, сыбгъэщІэхъуныр игъуэджэщ», – жиІэу зи цІэрэ зи пщІэкІэ Кавказ псом щацІыху лІы щэджащэм къыщригъажьэм, уигу фІы щыщІэнт? Хьэталий зыцІыху дэтхэнэми ищІэрт ар фІырыфІкІэ зэрымылъэІуэнур. «СхузэфІэкІыххэмэ, пхуэсщІэнмэ», – жысІэри къэзгъэгугъащ.

Ауэ, къызэрыщІэкІамкІэ, тынштэкъым ар къезышэжьа Іуэхур: партым и обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ университетым и ректор Лъостэн Владимир ириджэри унафэ хуищІат республикэм и газетхэм, радиом, телевидением я лэжьыгъэм икІэщІыпІэкІэ зегъэузэщІын папщІэ а хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм хуэІэижьу зэрыпэрытын щІэныгъэ зыбгъэдэлъ журналист адыгэ, балъкъэр щІалэгъуалэм къахэшауэ гъэхьэзырын хуейуэ. Пэжыр жыпІэнумэ, хэхауэ журналист ІэщІагъэм хуеджауэ а зэманым республикэм исыр закъуэтІакъуэ дыдэт. АтІэ мис а унафэм и гъэзэщІэныр къызэригъэпэщыну Хьэталий и пщэ ирилъхьауэ арат Лъостэным.

ФІыуэ слъагъу ІэщІагъэри ІэщІыб схуэщІынутэкъым, мо къэзгъэгугъа хъуа лІыри згъэщІэхъуж хъунутэкъыми, газетым сызэрыщылажьэм хуэдэурэ, сыхьэт бжыгъэу журналистикэм хухэхар езгъэджэну дызэгурыІуащ. Ауэ сытыт зэбгъэджэнур? Журналистикэм ехьэлІауэ зы тхылъымпІэ кІапи университетым щызекІуэртэкъым; едгъэджэнухэр арати, ахэр адыгэ, балъкъэр студентхэм зырызыххэу къахэщыпыкІын хуейт. Къахэтхащ, дауэ мыхъуами, лъэпкъ отделениехэм я ещанэ курсыр къэзыухауэ тхэным нэхъ хуэІэкІуэлъакІуэ студент 13 хуэдиз. Сыщеджауэ щыта Ленинград къэрал университетым сагъакІуэри, абы къисшащ щхьэпэ тхуэхъуну къысщыхъу, студентхэр зэреджэн план, программэ, тхылъ щхьэхуэ хуэдэхэр. Зэтедухуащ, сытми, лэжьыгъэр.

Къэрал комиссэм хэтхэм ягъэщІагъуэу ІэщІагъэлІ лъэрыхь хъуауэ щытащ а япэ гупым хэта студентхэр. Ауэ «ныбгъуэр хьэм хэсми, и гур хум хуэгъэзащ», жыхуаІэр арати, редакцэмкІэ си гур щыІэт. «Журналистикэм хуеджэхэм я Іуэху зэтеуващ, иджы сэри газетым згъэзэжыпэнщ», жысІа щхьэкІэ, дэнэт? «Едгъэжьа Іуэхур гъуэгущхьэ зэхэкІыпІэм къытебнэнуи?», жаІэри сыкъызэтрагъэувыІащ: зы студент гупу едгъэджэн щІэддзам къыкІэлъыкІуэ гъэм етІуанэр къыхэхъуащ, къыкІэлъыкІуэжым ещанэр къыпыувэнут. Белджылы хъуат университетым ІукІ зэрызимыІэжыр. Арати, сигу къыщІитхъми, газетыр ІэщІыб сщІыщ, студентхэр зэрезгъаджэм хуэдэурэ аспирантурэм сыщІэтІысхьэщ, Урыс Хьэталий си унафэщІу кандидат диссертацэр стхыри, 1990 гъэм Тбилиси щыпхызгъэкІыгъащ. Пэжыр жыпІэнумэ, адыгэбзэр жагъуэу зэи слъэгъуакъым, ауэ ар гъащІэ гъусэ зэрысхуэхъуамкІэ фІыщІэр зейр, дауи, Урыс Хьэталийщ.

**– Зи гъащІэр – щапхъэ, зи дуней тетыкІэр, лэжьэкІэр гъуазэ пхуэхъуахэм уатхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.**

– ЦІыхум и дуней тетыкІэмрэ дуней еплъыкІэмрэ зэфІэувэн щыщІидзэр и сабиигъуэрщи, сызэрыцІыкІу дыдэ лъандэрэ зи жыІэрэ зи Іуэхурэ си пщалъэу щытар си адэшхуэрщ, Нащхъуэщ. Зы лъэныкъуэкІэ, егъэлеяуэ лІы ткІийрэ фІэлІыкІ зиІэу, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ, дэхуэхам защІигъакъуэрэ цІыхум ІуэхутхьэбзэфІхэр яхуищІэфу дунейм те-

тащ ар. Илъэси 106-рэ къигъэщӀати, пӀэхэнэу зэрыщыта иужьрей илъэс зытхухыр мыхъумэ, и акъылыр жанрэ и чэнджэщрэ и унафэкӀэ лъэпкъыр зэригъакӀуэу къэгъуэгурыкӀуащ ди адэшхуэр.

СыкъыдэкӀуэтейуэ еджэн, лэжьэн щӀэздза нэужь, гъащӀэм и гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуа, зи чэнджэщхэмрэ зи ӀуэхущӀафэ дахэхэмкӀэ зыкъысщӀэзыгъэкъуа цӀыху щэджащэ куэдым сащрихьэлӀащ гъащӀэ гъуэгум. Псом япэрщи, нобэми ныжэбэми сэ фӀыщӀэ ин хузощӀ Урыс Хьэталий: адыгэбзэм зыгуэр хэсщӀыкӀ хъуауэ щытмэ, ар зи фӀыщӀэу къэслъытэр Хьэталийщ. Алыхьым и нэфӀыр къысщыхуауэ къыщӀэкӀынущ сэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ адыгэ лъэпкъым нэхъ цӀыху щэджащэу хэтхэм ящыщу хэт сригъэджащ, хэт къыздэлэжьащ, хэти ныбжьэгъу пэж схуэхъуащ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщӀэ, лъэпкъым фӀы дыдэу ицӀыху, адыгэ кафедрэм, университетым илъэс куэдкӀэ къыщыздэлэжьахэу Нало Ахьмэдхъан, ХьэкӀуащэ Андрей, КӀуэкӀуэ Жэмалдин, Щэрдан Ӏэбу, университетым и ректору щыта Лъостэн Владимир, журналистхэу, тхакӀуэхэу Мэзыхьэ Борис, ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд, Мыкъуэжь Анатолэ, зи ныбжьэгъугъэм си псэр игъэхуабэу къекӀуэкӀа ӀутӀыж Борис, зи щӀэныгъэкӀэ Хэку псом цӀэрыӀуэ щыхъуа, «адыгэ лъэпкъым и гуащэкӀэ» зэджэу щыта КӀэрашэ Зейнаб, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщӀ, профессор Бэчыжь Лейла, а хэгъэгум и университетым и проректор ПӀаз Сергей, профессор Иуан Зэуал, Адыгей хэкум ис щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэхэу Шыкъ Кушмэзыкъуэ, Гъыщ Нухь, Берсыр Батырбий, Абрэдж Ачырдан, сахуей зэрыхъуу къэзгъуэт си ныбжьэгъу пажэхэу Джыназ Руслан, Хъурей Арсен сымэ. Си гум, си псэм хэухуэна хъуащ абыхэм я гупсысэкӀэм, дуней еплъыкӀэм, я Ӏуэху зехьэкӀэм щыщ налъэ нэрымылъагъуищэхэр. 45

**– Уэ ӀэщӀагъитӀми урилэжьащ, Ӏэдэм: журналистикэмкӀэ къыщӀэбдзэри, бзэ щӀэныгъэм уи гъащӀэр тебухуэжащ. Илъэс 37-рэ хъуауэ лъэпкъым ухуолажьэри, узэплъэкӀыжмэ, уи гъащӀэкӀэ, уи гуащӀэкӀэ, уи ӀэщӀагъэкӀэ узыхущӀегъуэжа къэхъуа?**

– МэскъалкӀи, Залинэ, зыми сыхущӀегъуэжакъым. Сэ сыщеджащ зи тхыдэрэ зи лӀыгъэкӀэ дуней псом къалэу тетым къащхьэщыкӀ Ленинград, илъэс бжыгъэкӀэ зы уэрам садыдэту, зыжькӀэ садэбауэу сахэтащ зауэ лъыкӀлъыпсым зи псэр ипсыхьа, емрэ фӀымрэ, акъыл къудейкӀэ мыхъуу, зи гущӀэ лъапсэкӀэ зэхэзыщӀыкӀ хъуа ленинграддэсхэмрэ абыхэм я тхыдэ гуузым щӀапӀыкӀа щӀалэгъуалэмрэ. Сыдэтащ цӀыху акъылымрэ зэчиймрэ зэрыгъунапкъэншэр фӀэщ пщызыщӀ ухуэныгъэ телъыджэхэм укъыщагъаскӀэ, къэралыгъуэшхуэм и тхыдэр дакъикъэ зырызыххэу щызэфӀэува уэрамхэм, сыӀутащ нэм къищтэ къудейуэ екӀуэсэх Нева и Ӏуфэм, щӀэныгъэ щызгъуэтащ илъэс щищ нэблагъэ ипэкӀэ Урысей къэралыгъуэм япэ дыдэу къыщызэӀуаха, мы ЩӀы хъурейм цӀэрыӀуэ щыхъуа цӀыхушхуэхэу Менделеев Дмитрий, Попов Александр, Столыпин Пётр, Тургенев Иван, Врубель Михаил, Павлов Иван, Рерих Николай, Ландау Лев сымэ щеджа, щылэжьа университетым.

Адэжь хэкум къэзгъэзэжу ди газетхэм сыщылэжьа, бэвыгъэмрэ берычэтымрэ зи ӀэдакъэщӀэкӀ си хэкуэгъухэм я дэтхэнэ махуэ лэжьыгъэми, псэукӀэми щыгъуазэ сыхъуну къыщысхуихуа илъэсхэм псэкӀэ зыхэсщӀэн щыщӀэздзащ а зы гъащӀэ дыдэм и ӀэфӀри и дыджри зэтӀолъхуэныкъуэу къызэрызэдэгъуэгурыкӀуэр, цӀыху насыпым и щыгур и гуащӀэдэкӀ хьэлэлыр зэрыарар, лъэпкъым и лъэрыхьыгъэр и нэ-

хъыжьхэм я Iущагъымрэ и нэхъыщIэхэм я гъэсэныгъэфIымрэ арауэ, и кIуэдыжыгъуэр – ныбжькIэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ зэгурымыIуэныгъэм зэриIэужьынур, цIыхуфэм нэхърэ нэхъ бэшэчрэ цIыхупсэм нэхърэ нэхъ лъапIэрэ зэрыщымыIэр.

«Ленин гъуэгум» сыщыщыIа лъэхъэнэр къэпщтэжмэ, къэгъуэтыгъуейщ «мор лIы ирокъу», е «мыр колхоз пкъоужьщ» хужаIэу Къэбэрдейм иса мэкъумэшыщIэхэм, Iэщыхъуэжьхэм е нэгъуэщI IэнатIэ пэрыт IэщIагъэлIхэм ящыщу фIыуэ зи хъыбар сымыщIа е и щхьэкIэ сцIыхуу щымыта. Редакцэм и мэкъумэш отделым и корреспонденту, нэхъ иужьыIуэкIэ – собственнэ корреспонденту сылажьэрти, сызытетхыхьхэм я гупсысэкIэ, дуней тетыкIэ, дуней еплъыкIэ наIуэ къызэрысщIыфым сринасыпыфIэт. Ахэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщихьэм колхоз Iэщыр къуршым щхьэприхуу Сонэм зыгъэIэпхъуэгъа Къумыкъу Бэдэ, зауэ IэнатIэм нэмыцэ танкыу блы щызыкъута, иужькIэ Аргудан гъэш фермэм и унафэщIу щыта Сунш Мэсэдин, нартыхугъэкI цIэрыIуэхэу Iэрэмысэ Ахьмэд, Дадэ ХьэмытIэ, Къатинэхэ Владимиррэ Хьэсэнбийрэ, япэ дыдэу тракторым шэса адыгэ пщащэхэм ящыщ, иужькIэ мединститут къиухыу Хэку зауэшхуэм ипэ махуэм щегъэжьауэ зауэ IэнатIэм пэрыта, къигъэзэжа нэужь щIэупщIэшхуэ иIэу Псыгуэнсу къуажэ амбулаторием илъэсипщI бжыгъэкIэ щылэжьа Дзыгъур Жанзилэт сымэ хуэдэхэрт. ГъащIэ гъуэгуанэ мытыншым и IэфIи и гуащIи зыхэзыщIа лэжьакIуэжьхэм я псалъэм, гупсысэхэм, я зыIыгъыкIэ къудейм куэдым уригъэгупсысырт, Iэджэм гур хуагъэпхъэрырт. Абыхэм я гъащIэмрэ я гуащIэмкIэ укъыдэбжэ хъунут щыпсэу, зыхэт лъэхъэнэм и дэтхэнэ махуэми, зэманым къанэ щымыIэу декIухэрти. АтIэ зэманым декIур лIыфIу жаIакъэ?



Арагъэнщ, дауи, газетыр къэзгъанэу университетым сыщыкIуа зэманыр нэхъ къыщIызэхьэлъэкIар. Газетыр щытрадзэ цехым къыщIихыу зыми хэмыгъуэщэж мэмкIэ си гум зигъэнщIыху сыбэуэн щхьэкIэ типографием сыкIуэу илъэс-илъэситIыр згъэкIуащ, уи фIэщ хъумэ.

А псор журналист IэнатIэм сыщыпэрытар арати, ар блэкIри университет гъащIэм сызыщIишащ. 1992 гъэм университетым и ректор Лъостэн Владимир сриджэри, илъэс ипэкIэ къызэрагъэпэща, ауэ зэкIэ тэмэму яхузэтемыгъэува, адыгэ-балъкъэр филологиемкIэ факультетым и декану сылэжьэну унафэ къысхуищIащ. Сыдэпсэлъейуэ къыпщыхъуну сыхуейкъым, ауэ илъэсрэ ныкъуэрэ щыдэкIам ди факультетым заочнэу щеджэну къекIуалIэ абитуриентхэм я бжыгъэкIэ дэ университет псом япэ увыпIэр, очнэм къекIуалIэхэмкIэ – етIуанэ увыпIэр щытIыгъ хъуат. ИужьреймкIэ дэ къытщхьэщыкIыфыр дохутыр щагъэхьэзыр факультетым и закъуэт. Апхуэдэу декIуэкIащ, адыгэ-балъкъэр, урыс, хамэбзэхэр щадж факультетхэр 1996 гъэм зэхагъэхьэжу, филологиемкIэ институт къызэрагъэпэщыху.

Абы и ужькIэ унафэщIу сыщылэжьэну къысхукъуэкIащ IэщIагъэлIхэмрэ унафэщIхэмрэ я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, етIуанэ IэщIагъэ щрат центрым, гъуазджэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ факультетым, филологиемкIэ институтым, КъБКъУ-м и тхылъ тедзапIэм, IэщIагъэлIхэмрэ унафэщIхэмрэ я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, етIуанэ IэщIагъэ щрат институтым. Сыт хуэдэ IэнатIэ сыпэрымытами, сэ щIэгъэкъуэнышхуэ къысхуэхъуащ, си жыIэ тIу ямыщIу Iуэхур къыздагъэпсынщIащ университетым и лэжьакIуэ телъыджэхэу УнэлIокъуэ Вячеслав, Нэгъуей Ларисэ, Гъубжокъуэ Дианэ, Бозий Наи-

мэ, Шекеровэ Лейлэ, Хьэкъул Лидэ, Сэбан Регинэ, Бапинаевэ Разият сымэ.

Дауэ-тIэ апхуэдизу IуэхукIэ гъэнщIауэ къэбгъэщIа гъащIэм укъыхуеплъэкIыжу губгъэн гуэри зэрыхуэпщIыфынур?

**– КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и Iуэху зыIутым ущыгъуазэщ. Илъэс 20-30 ипэкIэ узэIэбэкIыжмэ, еджакIуэ къыфхуэкIуэу щытахэмрэ иджырей щIэблэмрэ зэбгъэпщэну сыхуейт. Уэри зэрыпщIэщи, ди литературэр зыгъэбейри, литературэмрэ бзэмрэ фIыуэ сабийхэм ялъагъунри, журналистикэм зэфIэкI зиIэ хыхьэнри зэлъытар фи институтым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ щекIуэкI Iуэхухэрщ.**

– ФIыуэ зэрытщIэжщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэхэм къадэкIуэу, ди отделенэр къэзыухахэрт радиом, телевиденэм, газетхэм, тхылъ тедзапIэм, республикэм и IэнатIэ нэхъ пажэхэм щылажьэхэм щыщ Iыхьэфlыр. Ди тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я гугъу сщIыххэркъым. Ауэ зэманым зиублэрэкIащ. Зэманым щIыгъуу цIыху псэукIэми зихъуэжащ. ЛъэхъэнэщIэм къыздихьащ фIы куэди цIыхур зыпэмыплъа, зэмысэхха лъэпощхьэпохэри. НаIуэ тщыхъуащ «демографическэ мащэ» зыфIащауэ къэралым сабийуэ къихъуэм и бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыкIэричам къырикIуэ хъуа Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я гугъу пщIымэ, шэчыншэщ а тIуми нобэ нэхърэ нэхъ пщIэшхуэ яIэу зэгуэр зэрыщытар. Ди дежи къэсащ ар. Хьарзынэу зэтеублауэ цIыхум щIэныгъэ зэрырату щыта щIыкIэр зэщхьэщыкIуэтащ. ЗэкIэлъхьэпыту пIалъэ-пIалъэкIэрэ къащтэ зэреджэн стандартхэм план, программэхэр махуэ къэс хузэхэлъхьэным, «зэхэдгъэувакъэ иджы» жаIэу егъэджакIуэхэр абы къыдэхуэу сабийхэр егъэджэным гупсэхуу щыпэрыувэж дыдэм ирихьэлIэу къыкIэлъыкIуэ «стандартыщIэм» аргуэрыжьу программэ, план щIэрыпсу хуэтхыжыным (абы щыгъуэми ныбжьыщIэхэм яджыну дисциплинэхэм хухэха сыхьэт бжыгъэхэр фIыуэ гъэкIэщIауэ), илъэсипщI бжыгъэ хъуащи, еджакIуэми егъэджакIуэми псэхугъуэ къаритыркъым. Псалъэм папщIэ, сэ илъэс тIощIрэ пщIым щIигъуауэ адыгэбзэм и синтаксисым студентхэр хузогъаджэри, псалъэуха къызэрыкIуэм и синтаксисымкIэ лекцэхэр сыхьэт 54-рэ хъууэ щытамэ, нобэ ар сыхьэт 17-м хуэкIуащ. Псалъэуха зэхэлъым и синтаксисымкIэ лекцэхэми апхуэдиз дыдэщ хухэхар. АтIэ адыгэбзэм ирилажьэ е телажьэ дэтхэнэми сэ сеупщIынут: Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ сэ сыхьэт 17-м къриубыдэу псалъэ зэпхам, псалъэуха къызэрыкIуэ къызэрыгуэкIым, псалъэуха къызэрыкIуэ гъэгугъуам и синтаксисымкIэ студентым хуэфэщэн щIэныгъэ зэрестыфынур? Дауэ апхуэдиз щIэныгъэ фIэкIа зылъымысам егъэджакIуэфI къызэрыхэкIынури? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы и лъэныкъуэкIэ иужьрей илъэс тIощIым щIигъум узыщыгуфIыкIыну къыдэкIуар мащIэ дыдэщ.

Нэхъ мащIэжщ еджапIэ нэхъыщхьэхэм абитуриенту екIуалIэ хъуари. БлэкIа лIэщIыгъуэм и бгъущI гъэхэмрэ мы лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэмрэ дызэрыта щытыкIэ мытыншым хигъащIэхэурэ, «къытщIэхъуэр зыхуей хуэдгъэзэфынукъым, къытхуэIэтынукъым» жаIэу унагъуэщIэхэм бын зэрызрамыгъэгъуэтам и узыр къыдофыкIыж нобэ. Абы щыгъуэ дунейм къытемыхьахэрщ нобэрей ди щIалэгъуалэм яхэмытыр. Аращ ищхьэкIэ зи гугъу сщIа «демографическэ мащэм» и

Iэужь хьэлъэ хъуар. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абитуриентхэр нэхъ мащIэху, зэфIэкIышхуэ зиIэ абыхэм къахэбгъуэтэнри нэхъ гугъужщ.

**– ЩIэблэм адыгэбзэр, лъэпкъ литературэр фIыуэ егъэлъагъуным хуэфэщэн гулъытэ щигъуэту пIэрэ университетым, адыгэ кафедрэм?**

– IуэхугъуитIу зэхэлъщ мы упщIэм и жэуапыр. Япэрауэ, кафедрэр хъарзынэу мэлажьэ: студентхэр адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ хурегъаджэ, республикэм ис цIыху щэджащэхэм, тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм я пшыхьхэр къызэрегъэпэщ. НобэкIэ нэхъ мащIэ хъуами, телевидениемкIэ бзэм теухуа нэтынхэр ирегъэкIуэкI. Кафедрэм щыщ цIыхуищым иужьрей илъэсым кандидат диссертацэхэр пхагъэкIащ. Ди лэжьакIуэхэм щIэныгъэ хъарзынэ ябгъэдэлъщ. Я IэщIагъэм фIы дыдэу хащIыкIыу я лэжьыгъэ IэнатIэм пэрытщ Абазэ Албэч, УнэлIокъуэ Вячеслав, Хьэщхъуэжь Заирэт, ХъутIэжь Заудин, Бозий Наимэ. Мыбзаджэу я къалэнхэр ягъэзащIэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэми.

Ауэ, абы къыдэкIуэу, сигу щIэмызагъэ Iуэхугъуэ зыбжани щыIэщ. Ар, нэхъапэм зэрыщытам хуэмыдэжу, ди лэжьыгъэм и Iэужьхэм дащыгуфIыкIын хуэдэу едгъэджахэм зэфIэкIышхуэ зиIэу къахэкIыр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ зэрыхъурщ. Мы гупсысэм гупсэхугъуэ къыдитыну щытмэ, апхуэдэ Iуэху щытыкIэр ди кафедрэм, университетым е республикэм и закъуэкъым здэщыIэр. Ауэ сыщогугъ нэхъыфIкIэ зихъуэжыну.

Куэдрэ согупсыс: сыт щIыкIэкIэ ди Iуэхур едгъэфIэкIуэжыфыну, сыт къанэрэ иджыри длэжь хъуну? Псоми дощIэ: школ къэухыгъуэм ирихьэлIэу хуэм-хуэмурэ нэхъ мащIэ хъужу щытми, зи щIалэгъуэм усэ тхыным зезымыпщыт щIагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сэ сфIэтэмэмт апхуэдэ сабийхэр еджапIэхэм къыщыхэщыпыкIарэ ядэлэжьэн щIэдзамэ, Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ ахэр Налшык къатшэурэ газетхэмрэ журналхэмрэ, псом япэу – сабий журналым, я редакцэхэм я лэжьыгъэм хэдгъэгъуэзамэ. «ЩIалэгъуалэр университетым къыщIэтIысхьа нэужь дэлэжьэн щIэддзэнщ» жыпIэныр щхьэгъэпцIэжщ. Абы щыгъуэ кIасэ хъунущ: удэлэжьэнт, узыдэлэжьэн бгъуэтыжмэ.

Апхуэдэ дыдэу сфIэтэмэмт республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, нэгъуэщIхэм къаIэт адыгэ Iуэхухэм, псалъэм и хьэтыркIэ, хамэ къэралхэм щикъухьа адыгэхэм ятеухуауэ зэфIах лэжьыгъэхэм кафедрэр нэхъ жыджэру хэтыну.

Ди къуэш республикэхэм яхудиIэ пыщIэныгъэхэм утепсэлъыхьмэ, сыт щIэмыхъунур Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я университетхэм гъэ къэс щекIуэкI щIэныгъэ конференцхэм ди студентхэр хэтмэ, а еджапIэ нэхъыщхьитIым я адыгэ гупхэм хэс студентхэри ди деж къедгъэблагъэмэ? Диалектологие, адыгеибзэ хуэдэхэр ядж ди студентхэм. СызэреплъымкIэ, апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр щхьэпэ хъунт ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ а дисциплинэхэр нэхъыфIу къагъэIурыщIэнымкIэ, адыгейхэмрэ шэрджэсхэмрэ я псэлъэкIэр я тхьэкIумэкIэ зэхахынт, а лъахэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я псэукIэм, зэхэтыкIэм, гупсысэкIэм нэхъ нэIуасэ хуэхъунхэт.

**– Адыгэ литературэм щIалэгъуалэ къыхэмыхьэу тхужыIэнкъым. Ауэ бзэм елэжьыну, абы зи зэфIэкI езыхьэлIэну хуейхэр нэхъ мащIэ, уеблэмэ мащIэ дыдэ мэхъу жыпIэныр егъэлеиныгъэу къыщIэкIынкъым.**

– Пэжщ ар, ди жагъуэ зэрыхъущи. Iэмал имыIэжыххэмэ, литературэм и Iуэхур нэхъыфIщ. Ауэ бзэ щIэныгъэрщ ди Iуэхур щекIакIуэ дыдэр. Адыгэ бзэ щIэныгъэмкIэ ди къуэш республикэхэм ящыщу пашэныгъэр зыIыгъар Адыгейрщ. ИкъукIэ щIэныгъэшхуэ ябгъэдэлъащ филологие щIэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу, нобэ тхэмытыжхэу КIэрашэ Зейнаб, Тхьэркъуахъуэ Инус, Щауэ Аскэр, Мэрэтыкъуэ Къасым, ЗекIуэхъу Увыжыкъуэ сымэ. Адыгэбзэм елэжьу нобэ абы профессорищ къинэжащи, я ныбжьыр илъэс 70–80-м нэсащ.

Псоми тхуэмыдэжу адыгэ бзэ щIэныгъэр егъэлеяуэ щыдэхуэхащ Къэрэшей-Шэрджэсым.

Ди дежкIэ зыкъэбгъэзэжмэ, ди щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нэхъ лъэрызехьэIуэу щыIэр БищIо Борисрэ Дзыгъуэнэ Ритэрэщ. Адрейхэр щIалэхэщ. Тхэтыжкъым адыгэ бзэ щIэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтезыгъэува АбытIэ Мухьэб, Елбэд Хьэсэн, Урыс Хьэталий, Нало Ахьмэдхъан, Багъ Пётр, Шагъыр Iэмин, Къумахуэ Мухьэдин, Джаурджий Хьэтыкъэ сымэ.

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ, псом хуэмыдэу лъэпкъ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ утелэжьэныр хьэлъэ дыдэ къыпщащI зызыхъуэжа зэманым къыдэкIуа Iуэхугъуэ мытыншхэм. ИкъукIэ мащIэщ егъэджакIуэм лъыс гулъытэмрэ къихь улахуэмрэ. ФIэщ щIыгъуейщ, нэгъуэщI лэжьыгъэ гуэри зэдимыхьмэ, абы къилэжьым бынунэ къригъэпсэуфыныр. А псом ищIыIужкIэ, адыгэ, балъкъэр отделенэхэм щIэс студентхэр зэреджэну тхылъхэр, химием, физикэм, математикэм хуеджэхэм ейхэм хуэдэу, Москваи, Сыбырми, Ростови, нэгъуэщIыпIи къэралым къыщыдигъэкIынукъым: ахэр дэ ттхы къудейкIэ зэфIэмыкIыу, пщIэ щIэтту къыдэдгъэкIыжыну къыщытхуихуэ куэдрэ къохъу.

Пэжщ, тыншкъым зэманыр. Ауэ къэхъукъащIэ псоми емылъытауэ, дэтхэнэми тхузэфIэкIыр гугъэзагъэу длэжьмэ, ди Iуэхур ефIэкIуэжынкIэ гугъапIэ сиIэщ.

**– Iэдэм, цIыху къэс хъуэпсапIэ гуэр и гум щегъафIэ, ар сытым ехьэлIауи щрети. Сыт нобэ уэ узыщIэхъуэпсыр?**

– Зыщ си нэ къызыхуикIыр: сыхуейщ мы ди къэралыр зэтеувэжу дэтхэнэ цIыхуми и гуащIэмкIэ и гъащIэр къызэригъэпэщыф хъужыну. Абы къызэщIеубыдэ псори: си щхьи, унагъуи, лэжьыгъи, щIэныгъи. Зэхуэгъэдэныгъэщ сызыхуейр. Апхуэдэ тлъэгъуащи, абы сыхуехъуэпсэкIыжу аращ. Абы щыгъуэ цIыхухэр зэрыпсэуар нэхъыфIами нэхъ Iеями жыIэгъуейщ, абы узэреплъ лъэныкъуэщи. Зыми тезгъэчыныхьыркъым. Ауэ зэхуэгъэдэныгъэ щыIэт. Нобэ зэрыщытым хуэдэу, къэралым цIыхуу исым ябгъэдэлъ мылъкум ебэкIыртэкъым цIыхуипщI къудейм зэрагъэпэща мылъкур. Ауэ, дауэ мыхъуми, шэч къытесхьэркъым гъащIэр зэрефIэкIуэжынум. КъуэкIыпIэмкIэ щыпсэу цIыху Iущхэми зэрыжаIащи, жэщым нэхущыр къыкIэлъокIуэ.

*Епсэльар* **ИСТЭПАН Залинэщ**



*Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ Бахъсэн районым щыщ Дыгулыбгъуей къуажэм 1984 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэныгъэ нэхъыщхъэ щызэригъэгъуэтащ – химие факультетым и экологие къудамэр къиухащ. Магистратурэм зэрыщIэсым хуэдэурэ, «Адыгэ псалъэ» газетым журналист IэщIагъэм зыщыхуригъэсащ. Ар «Псынэ» журналым корреспондент, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ IэнатIэхэм щыпэрытащ, телевиденэм щылэжьащ. Мы зэманым «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэхэм ящыщ зым и редакторщ.*

*Анфисэ и IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. Абы и рассказ зыбжанэ итщ «КъудамэщIэ», «Шыхулъа-гъуэм» и вагъуэхэр» тхылъхэм. 2010 гъэм дунейм къытехьащ Къаныкъуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэр – повестрэ рассказхэмрэ – щызэхуэхьэса «Синэмис» тхылъыр.*



*Анфисэ и зэфIэкI щегъэунэху прозэм и жанр нэхъ ин дыдэми. «Хьэтхэр» зыфIища романым абы къыщегъэлъэгъуэж адыгэ лъэпкъ тхыдэм и зы Iыхьэ хьэлэмэт: псоми зэхахаи хуэдэу, ауэ зыри тэмэму щымыгъуазэу.*

*Адыгэр къызытехъукIыжа, илъэс мини 3,5-кIэ узэIэбэкIыжмэ зи хъэмтетыгъуэу щыта хьэт лъэпкъыжьымрэ Мысыр къэралыгъуэмрэ яку дэлъа зауэ-зэныкъуэкъур Анфисэ игъэнщIащ образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ. Ар топсэлъыхь тхыдэ щIэныгъэм къыхэтэджыкI пщыжьхэм, лIыхъужь хъыжьэхэм, Хьэтей къэралыгъуэ щIэращIэм. «Хьэтхэр» романым ди нэгу къыщIегъэувэж зэман жыжьэм щыпсэуа ди адэжьхэм я дуней телъыджэр...*

*Фи пащхьэ идолъхьэ романым и япэ Iыхьэр.*

ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# ХЬЭТХЭР

*Тхыдэ роман*

## ЯПЭ IЫХЬЭ

### БЖЬЫПЭТЕЩIЭ

### *МывэтIалэ*

Хы Курытымрэ тенджыз ФIыцIэмрэ я зэхуаку дэлъ къэралыгъуэшхуэр хэзыгъэщIэн къару зэи зыми къигъэувыфатэкъым. Арат зауэр зэи щIэмыувыIэр, хьэт щIыналъэм и пащтыхь уардэхэм зэпымычу я хэкур

щIахъумэфыр. ЛъэныкъуиплIымкIи къаухъуреихьами, унэмыплъысу биидзэр бжыгъэншэми, тхьэхэм къахъумэ хуэдэт лъэпкъыжьым и псэр – сыт хуэдэ зауэ хэмытами, текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу, я пщIэм хэхъуарэ я щхьэр Iэтауэ къекIуэлIэжырт. Уеблэмэ зэгуэр я бийуэ щытыгъахэр IупэфIэгъу къащIыжарэ, зэдамэгъу хъуауэ къызэдэгъуэгурыкIуэрт. Мыужьыхыжыххэр мысыр фирхьэунхэрт[1]. Фирхьэуным и тетыгъуэ чэзур къэса нэужь, Хьэт къэралыгъуэм къебгъэрыкIуэныр хабзэ яхуэхъуа хуэдэт.

Дыгъэпс щабэм пэлыд сэреижьхэмрэ къалэ дыхьэпIэхэр яхъумэ хуэдэ, къагъэува мывэ аслъэн абрагъуэхэмрэ апхуэдэ куэд ялъэгъуат. ХьэкIэкхъуэкIэхэм я пащтыхь джэдуушхуэр цIыхум и IэрыщIу фIэщ щIыгъуейт: апхуэдизкIэ лъагэти, уафэ лъащIэм лъэIэсу къыпщыхъурт. НтIэ, зэман жыжьэм псэуа пащтыхь гуэрхэм тхьэхэм тыгъэу къратауэ пIэрэт ахэр?! Зыми ищIэжыркъым мывэ аслъэныжьхэр къалэм и плъыру щагъэувa зэманыр.

Хьэтуссэр – Хьэт къэралыгъуэм и къалащхьэр – апхуэдизкIэ зэщIэузэдат, мывэ блын лъагэкIэ къещIэкIати, уэгум къеплъых бзур мыхъумэ, хуит къащIу дамыгъэхьауэ, зы цIыхум и лъэ зэи нихьэсыфынутэкъым. Пщыкъуэхэмрэ пщыпхъухэмрэ[2] есэжат мыдрейхэм «гъэрыпIэу» къалъытэ къалэм, сыту жыпIэмэ, щхьэхуимытхэмрэ пщылIхэмрэ елъытауэ, пащтыхь унагъуэм щалъхуахэм нэгъуэщIи яцIыхуххэртэкъым. Абыи уесэжу жаIэрт... Есэжати пащтыхьым и щтэращтэхэр![3]

Къалэ кIуэцIыр, тхьэхэм я псэупIэм ещхьу, дахэу, тыншу жаIэрт. Бэзэрхэм шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэблахыу, бдзэжьейр уэру, Iэщыр пшэру, гъавэр бэву, щIакхъуэр мэ гуакIуэу, щэкIхэр щхъуэкIэплъыкIэу, санэплъыр псыежэхыу...

ЗекIуэ къэс Хьэт къэралыгъуэм къpашалIэрт цIыху щхьэхуимыт мин бжыгъэхэр. Ауэ абыхэм лей къатехьэртэкъым, атIэ пащтыхьым и IэмыщIэ илъ щIы пшэр гъунэншэхэм телэжьыхьын къалэныр яхьырт. Улажьэмэ – ушхэнущ. Абы и закъуэкъым, зиусхьэнхэм уахуэпэжмэ, уи къару ущымысхьмэ, умыдыгъуэмэ, лей зумыхьэмэ, зыпIэтынущ, хэт ищIэрэ – зэгуэр щхьэхуит уащIыжынри хэлъщ.

Хамэ щIыпIэ къикIахэм я адэжь щIыналъэр ягу къеуэу зыми зыкърагъащIэртэкъым. Дауи, Хьэтейм щхьэпылъапIи укIыпIи щыIэтэкъым. ТезыркIэ зэфIэкIырт къуаншэм и Iуэхур: къуэдышхуэ[4] ирагъэтырт е лэжьыгъэ хьэлъэ гуэр хуагъэфащэрт. КъищынэмыщIауэ, тхьэунэм[5] уи щхьэ епхьэлIамэ, сыт хуэдэ къуаншагъэ умыщIами, ублэмэ цIыху пIэщIэукIами, лъыщIэжым ущахъумэнут. Арат хабзэр. А хабзэм и телъхьэу, абы и нэIэ тетт пащтыхь ткIий, захуэ икIи акъылыфIэ МывэтIалэ ЕтIуанэм.

А лIы телъыджэм, и адэжь нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм яхуэфэщэн пащтыхьу къыщIэкIауэ, къэралыгъуэр бэIутIэIуншэу зэрихьэрт. ГъащIэм нэгъуэщI лъагапIэхэри къыхуигъэтIыгъуэрт абы, ауэ тхьэхэм хухаша лъагъуэм сыткIэ и нэр нэплъысынт, хэгупсысыхьауэ щхьэгъубжэм дэплъу, жыжьэ гуэрым щыхэт пщышхуэм?!

[1] Фирхьэун – ижь-ижьыжым Египетым (Мысырым) яIа пащтыхьхэм зэреджэу щытар. /Фараон.
[2] Пщыкъуэ, пщыпхъу – мыбдеж: пщым и къуэ, пщым ипхъу.
[3] Щтэращтэ – щIасэ цIыхубз. /Любовница.
[4] Къуэдышхуэ – мыхъумыщIагъэ гуэр зэрищIам щхьэкIэ цIыхум тралъхьэ тезырышхуэ. Мыбдеж: ахъшэшхуэ. /Большой денежный штраф.
[5] Тхьэунэ – тхьэхэм щелъэIу, диным епха хуэIухуэщIэхэр щызэфIагъэкI унэ. /Храм.

ЖаIэрт, МывэтIалэ и щIалэгъуэм абы хуэдэ цIыху дахэ Хьэт къэралыгъуэм имысауэ. Абы шхын хущIэзыхьэным, и пIэр Iузыхыным, шэху уэздыгъэхэр зэзыхъуэкIыным щхьэкIэ зэныкъуэкъурт хьэрэмым[1] щIэс хъыджэбзхэр. Дэтхэнэри хъуапсэрт пщым и къуэм зэ закъуэ хукъуэплъыну, адрей пщащэхэм Iурымэхык Iыу яIуэтэж дахагъэр зрагъэлъагъуну. Язызэзым гу къылъитэрэ жэщгъуэлъу ириджакъэ – абы нэхъыфI тхьэхэм къыхуамыщIауэ къыщыхъурт. Хьэт теплъэ иIэтэкъым МывэтIалэ, абы и нэгур, и Iэпкълъэпкъ зэхэлъыкIэр нэгъуэщIт. Къашкъэ лъэпкъыжьым ящыщт МывэтIалэ и анэри, арагъэнт зэщхь хъужар. ЩIалэр щхьэпэлъагэт, къудант, и набдзэр щхьэцыгъуэ Iув къещэтэхым щыщIиуфэкIэ, ижьымкIэ ирилъэщIэкIыу. Пщыкъуэ пагэм и нэкIу дахэр зэ зылъэгъуа, тенджыз щIэншэм хуэдэ и нэ нащхъуитIым зэ щIэплъа хъыджэбзхэм я гур, уэгум бзууэ илъэтэжыным хуэдэу, бгъэм имызэгъэжу къеуэрт.

*Ди лъэхъэнэм и пэкIэ 1285 гъэ...*

Иджыпстуи МывэтIалэ зэрызихъуэжа щIагъуэ щыIэтэкъым, зэрыцIыху дахэт, зи аслъэныгъуэ лIы ткIийм гъэхэм зэлъа мащIэ къыхуздахьат, жумыIэмэ.

– Си пащтыхьышхуэ! Си дыгъэ нэху! – гупсысэ куум къыхишыжу, Iущащэурэ пщым и щIыбымкIэ зыкъыщришэкIащ, лIым и мэ гуакIуэр зигу къэкIауэ, зи бгъэм щызу хьэуар жьэдэзышэурэ къепэм гуащэм.

IэфIу зыкъезышэкIа гуащэм и Iэм теIэбэри, МывэтIалэ и нэхэр упIэрэпIащ, гупсысэм къыхэкIыжу, нахуапIэм къигъэзэжу.



– Гуащэлей... Си гум укъэкIат, – пыгуфIыкIащ пщыр.

– АтIэ, щхьэ укъызэмыджарэ дыгъуэпшыхь? Сэ сыножьэу сыщысащ.

– Iуэху куэд сиIэт, гуащэ. Сыт къыщыхъур хьэрэмым? – пащтыхьым зыкъигъазэри, гуащэм и нэкIум щабэу едэхэщIащ.

– УщIэгузэвэн щыIэкъым, хъарзынэщ псори. Сыт апхуэдизу узыгъэгуауэщхьэуэр, зиусхьэн? Уэ зыгуэр уигу къоуэ... – пащтыхьым и нэм щтэIэщтаблэу щIоплъэ Гуащэлей.

МывэтIалэ щыму къыхуеплъэкIащ и щхьэгъусэм.

Илъэс плIыщIым и ныбжьыр нэблэгъами, Гуащэлей гуащэу щыIэм зэралейт. ЦIыхубзым и дамэхэм, толъкъун щабэм хуэдэу, тепхъа щхьэц фIыцIэ Iувым едэхэщIащ пащтыхьыр. Бостей гъуатIэм гуащэ къамылыфэр нэхъ гуакIуэж щIэхъукIырт. Лъхугъэм дэмыкIуэда и бгы псыгъуэм ешэкIа бгырыпхым бгъэ лъагэхэр игъэIупщIт. Домбеякъым[2] къыхэщIыкIа пщэрыдзэм[3] гуащэм и пщэ кIыхь дахэр игъэбелджылыыуэ уригъэхъуапсэрт, укъигъэбырсейуэ узыIэпишэрт. Пащтыхьым и пащхьэ къит бзылъхугъэр, япэ дыдэ илъагъум хуэдэу, набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьщ, пыгуфIыкIри, зэщIикъузащ, и IэплIэм иригъэкIуадэу. Зригъэзыхщ, гуащэм и дамэм Iупэр хуихьри:

– Абыхэм уегупсысу, гугъу зумыгъэхь, гуащэ, – жиIащ.

– МывэтIалэ! Уэрэ сэрэ нобэкъым дыщызэрыцIыхур, ди бынхэр балигъ хъужащ, гуфIэгъуи нэщхъеягъуи дизщ... Сэ сощIэ, уэ зыгуэр къыщоныкъуэкъум, гупсысэ дыджхэм уи гур щахузым деж, мис мыпхуэдэу ухоплъэ. Iуэхур хэплъэгъуэмэ, ар псоми къытлъэIэсынущ, – гуащэм и нэгур къызэIуоуэри, щхьэгъусэм жиIэнум поплъэ.

---

[1] Хьэрэм – унэм щыщ Iыхьэу цIыхубзрэ сабийрэ фIэкIа щымыпсэу, унэр зей цIыхухъум къищынэмыщIа.

[2] Домбеякъ – гъуаплъэрэ (медь) дзэхурэ (олово) зэхэгъэпсыхьауэ, металл плъыжьыфэ лъэпкъ.

[3] Пщэрыдзэ – зэрагъэщIэращIэу пщэм иралъхьэ хьэпшып, пщэху. /Медальон, ожерелье.



**Хьэтыпщ МывэтIалэ Къуэдэш зауэм хэту**

МывэтIалэ и щхьэр зэи ирихьэхыртэкъым, и напIи иридзыхыртэкъым. Гуащэм иджы япэ дыдэу илъагъуу арат щхьэгъусэм и щхьэр къыфIэхуауэ. ЦIыхубзым зыхищIэрт шынагъуэ гуэр къызэрыхъуар.

Пащтыхьыр тахътэм[1] щещэтэхати, щымт.

– Тхьэхэр узогъэлъэIу, МывэтIалэ, къэхъуар къызжеIэ! – къогузэвапэ гуащэр.

– Мысыр фирхьэуныр къыдэзэуэну зигъэхьэзыру, зэи цIыхум ямылъэгъуа дзэшхуэ зэхуишэсауэ хъыбар щыIэщ... Аращ дыгъуасэ си тIасхъэщIэххэм къысхуахьар, – хощэтыкI пщыр.

Гуащэр пащтыхьыр зэрыс тахътэм потIысхьэри, щхьэгъусэм и лъакъуэм зрешэкI.

– Зиусхьэн, дэ ди щыпэкъым зауэр, ди япэ итахэри езэуащ Мысырым, ауэ, плъагъуркъэ, дыкъызэтенащ! Дызэрыкъэралыгъуэщ! Илъэс мин хъуауэ гъунэгъуу къыдэкIуэлIэфыркъым, сыт ямыщIэми. ИтIанэ...

– ИтIанэ, зауэм нэхърэ нэхъ Iеижу сызыгъэгузавэ Iуэхугъуэ щыIэщ, гуащэ, – пщым зэпеуд бзылъхугъэм и псалъэр. – УощIэ ар, жызмыIэми...

– СощIэ! – и щхьэр ирихьэхащ Гуащэлей.

– Сэ зауэм зыгуэр къыщысщыщIмэ, хэт си пащтыхьыгъуэр къызыхуэнэнур?! Таж[2] зэрихьэну хуитыныгъэ зыбгъэдэмылъ си къуэшыра, хьэмэрэ пщIэи-щхьэи зимыIэ, си щтэращтэм нэчыхьыншэу къысхуилъхуа си къуэ закъуэра? Фирхьэуныр шынагъуэтэкъым, нэгъуэщIщ си гур зыкъузыр – си лъэужьыр къэралыгъуэм зэрыхуэхъунур, – и щхьэр IитIкIэ фIиубыдыкIри, ину щэтащ пащтыхьыр.

– СщIэркъым... Сыт пщIэн, тхьэхэм къуэ къыдапэсакъым. Хъыджэбзищ къыпхуэслъхуфауэ аращи, хабзэжьым тету, уи малъхъэ нэхъыжьым къыхуэнэн хуейуэ аращ пащтыхьыгъуэр. Ауэ...

– Мис аращ, «ауэ»!.. Аращ псэхупIэ къызэзымытыр. Апхуэдэр къэхъумэ, си къуэ закъуэм зыкъимыIэтыну ущыхьэт? Хьэмэрэ, си къуэшым и щхьэм илъ псор сэ сщIэрэ. Абы игу къэкIынум сыщыгъуазэкъым. Сыхуейкъым си деж зэгурымыIуэ къыщыхъеину, алъандэрэ



[1] Тахътэ – пащтыхь, хъан сыт хуэдэхэм я тепщэныгъэм и дамыгъэу щыт тетIысхьэпIэ гъэщIэрэщIа. /Трон, престол.
[2] Таж – пасэрей зауэлIым и жыр пыIэ. /Шлем (воина).

тхъума ди къэралыгъуэр щэщэжыну, ди хабзэжьхэр къызэпаудыну, – зызэтриIыгъэну хэтми, бампIэм къызэгуиуду псалъэрт пащтыхьыр.

– ЛъэпкъылIхэр зэхуэпшэсынущ-тIэ иджы?! Зыхуэгъэхьэзырын хуейщ, хьэщIэ куэд диIэнущ. Сэ абы иужь сихьэнщ икIэщIыпIэкIэ... Дауэ уеплърэ, зиусхьэн, сыт абыхэм жаIэнур? – гуащэм и набдзэ фIыцIэ къурашэр гузавэу зэхеуфэ.

– Фирхьэуныр къызыкIэлъыкIуэр финикийхэмрэ[1] дэрэ ди зэхуаку дэлъ щIыналъэращ. «Къэдз-нэдз» дыджэгу нэхъей, а щIыпIэр зым иубыдмэ, адрейм къытрихыжу дыкъогъуэгурыкIуэ. Рамзес и адэм и тетыгъуэм къэтхьэхужат Къуэдэшыр, иджы абы къыкIэлъыкIуэну зегъэхьэзыр и къуэм. Ар къехъулIэмэ, гъуэгур зэIухащи, Хьэт къэралыгъуэр иубыдынурэ, тенджыз ФIыцIэм нэс зыщиукъуэдиинущ. Дэр нэмыщI, мыбы щопсэу дэрдэнейхэри, къашкъэхэри, къаркъэмышхэри, амырейхэри[2], нэгъуэщI Iэджи. Дауи, ахэр хуейкъым Рамзес ЕтIуанэм и унафэ щIэувэну... КъищынэмыщIауэ, а бзаджейр къыттекIуауэ, дауэ ди адэжьхэм я пащхьэ дихьэжын?! Илъэс пщыкIубл къудей хъууэ аращ ар, си бын хуэдэщ, – и щхьэ щыдыхьэшхыжу, пыгуфIыкIащ пащтыхьыр.

– АтIэ, къызэрызгурыIуэмкIэ, къыпкъуэувэнущ ди гъунэгъу лъэпкъхэр?! – мэгуфIэ гуащэр.

– НэгъуэщIу дыпэлъэщынукъым, фирхьэуным и дзэр зауэлI мин тIощIым щIегъу.

– Уэ аракъым узыгъэнэщхъейр...

– Псори уощIэ уэ, гуащэ! Абы и закъуэкъым, пэжщ! – пщым и нэр аргуэру хэплъызащ.



## *Хьэтусилэ*

Тетыгъуэр МывэтIалэ къыщылъысам, Хьэтусилэ, пащтыхьым и къуэш нэхъыщIэр, Хьэт къэралыгъуэм ищхъэрэмкIэ, ищхъэрэ къухьэпIэмкIэ щиIэ щIыналъэхэм я унафэщIу игъэуват. Абы быдэу и фIэщ хъурт зэрысымаджэрилэм щхьэкIэ адэм Iумпэм ищIа и къуэш закъуэм зэгуэр лъэпкъылI лъэрызехьэ къыхэкIыу сэбэп къызэрыхуэхъужынур, цIыху пэжу къызэрыхущIэкIыжынур. Пщыжьыр и къуэ нэхъыщIэм апхуэдизкIэ теукIытыхьырти, пэIэщIэ зыхуищIмэ нэхъ къищтэу, Сэмыхь къалэм дэт тхьэунэм вакъуэу[3] яритат. Пщыкъуэм лэжьыгъэм зэпыIуидзыртэкъым, уеблэмэ шыхъуэу щыщытаи къыхуихуат. Хьэтусилэ пщы лъэпкъым зэрыщыщыр щызыхищIар, лъагъуныгъэр, гуапагъэр, дахагъэр, тыншыгъуэр зищIысыр къыщищIар иужькIэщ, и къуэшым щIыналъэ щхьэхуэ кърита нэужьщ.

Хьэтусилэ къыгурыIуэртэкъым и адэм Iумпэм щIищIар, и къуэш нэхъыжьыр дуней фIыгъуэм щыхапIыкIым, езым шывей Iуихыу щIыпIэ жыжьэ щIыщагъэпщылIар. НэгъуэщI зыгуэру япIамэ, и унагъуэм исыжамэ, апхуэдэ къэхъуну къыщIэкIынтэкъым. Ауэ Хьэтусилэ лъэ быдэкIэ зэрыуву, и гущIэм бзаджагъэ къыщыушу, и къуэшым пащтыхьыгъуэр къытрихыфатэмэ, МывэтIалэ нэхърэ нэхъыфIу къэралыр зэрихьэфыну ягъэхъыбарт. Блынхэри мэдаIуэ, мывэхэри мэпсалъэ – пщышхуэм деж нахьэсыжат гущIэгъу зыхуищIа и къуэшым бдзаджагъэу къылъыкъуэкIауэ жыхуаIэр. МывэтIалэ ахэр абыкIэ хуит имыщIами, лъэпкъылIхэм Хьэтусилэ утыку ирашат, и унафэ ящIыну, ауэ лажьэ иIэуи, лей зэрихьауи, зыгуэрхэм ягухьауи къыщIагъэщыфакъым.

[1] Финикийхэр – хы Курытым и Iуфэ Iуса Финикие къэралыгъуэжьым щыпсэуа цIыхухэр.
[2] Дэрдэнейхэр, къашкъэхэр, къаркъэмышхэр, амырейхэр – адыгэхэр къызытехъукIауэ къалъытэ лъэпкъхэщ.
[3] Вакъуэ (быфыкъуэ) – бын ящIа щIалэ. /Приемный сын.

МывэтIалэ зыгъэгузавэри арат: и къуэшыр, пэж дыдэу, къепцIыжарэ къыщIамыгъэщыфамэ, ар цIыху шынагъуэщ, бзаджэщи, ищIэну псор къыпхуэщIэнукъым; е пцIы тралъхьарэ зэкъуэшитIыр зэраушты-жу арамэ, бий дыдэр хэтми къэщIэн хуейщ, щIэщхъу гуэр къэмыхъу щIыкIэ.

Лъыр, благъагъэр япэ изыгъэщ, армырми зи Iуэху зэхэзэрыхьа пащтыхьым зауэ гуэрыр къыхухыхьэжауэ, кIуэцIкIэ къишхыу арат. Абы хуэдэ дыдэу хьэзэрыш къыщыхъурт Хьэтусилэ игуми. Гупсысэ мыфэмыцхэр къыщытещхьэрыуэкIэ, ар щакIуэ кIуэрт, зытригъэуну, и бампIэр игъэтIысыну.

Мис ноби пабжьэм хэсщ Хьэтусилэ, щыхь йощакIуэри. Зигъэхъейр-къым, бауэуи къапщIэркъым, йожьэ щыхьыр езыр-езыру гъунэгъу къы-хуэхъуным. Абы и нэ фIыцIэ пIащэр хьэкIэкхъуэкIэм тедияуэ щысщ, и лъакъуитIыр ундэрэбжьами, пщIэншэ хъунукъыми, зыхуегъэшэч. Пщэдыкъым дэлъ и щхьэц фIыцIэ Iувым нэхъри къигъэпщIэнтIащи, пщIэнтIэпс шыугъэм ес, ауэ поплъэ. Зиудыгъуауэ, зиущэхуауэ. Щыхь-ри хъуакIуэурэ къоблагъэ, щтэIэщтаблэу, зэщIэдэIукIыу, зиплъыхьу. Хьэтусилэ и шабзэр щишэщIым, шы лъэ макъ къэблагъэу и тхьэкIумэм къицырхъащ. Щыхьым псынщIэу и щхьэр къиIэтри, асыхьэту зэ-рызричыным хуэдэу зэщIэувыIыкIащ. Хьэтусилэ и шабзэр иджып-сту имыутIыпщмэ, щыхьыр IэщIэкIынут. Шабзэр мэлъатэри, япэ лъэ Iэтыгъуэм хэту зизыча щыхьым и пщэм тохуэ...

– Зиусхьэн! Зиусхьэн! – къаджэурэ къожэ шууейр. – Зиусхьэн!

Хьэтусилэ пабжьэм къыхокIри, пщIэнтIэпсыр хъыдан щабэкIэ илъэщIурэ абы пожьэ. Шууейми абы гу къылъитауэ, шыр къыжьэде-къуэ, къопсыхри, лъэсу къыхуожэ.

– Зиусхьэн! Къалащхьэм хъыбар къикIащ, – къосри, пщыкъуэм щхьэщэ хуещI.

– Сыт жиIэр си къуэш пащтыхьым? – и лъакъуэ ундэрэбжьахэр ишэщIурэ щIоупщIэ.

– Уреджэ. Пщызэхуэс зэхешэ. «Нэхъ псынщIэIуэу укъызэры-сын», – жи.

Хьэт къэралыгъуэм хиубыдэ щIыналъэхэм япщхэр щызэхашэ ма-хуэм и пэ къихуэу нэсащ Хьэтусилэ. Абы шууей гуп къыпежьэри, пщIэ къыхуащIу, къалащхьэм нашэсащ. Хьэтусилэ и гъусэхэмрэ унагъуэмрэ я пIэ ирагъэзэгъэху, езым и къуэшым деж иунэтIащ, фIэхъус ирихыну.

Хьэтусилэ зрикIуэ пырхъуэхэр хъарпшэрут зэрищIэжыр, мы сэ-рейр абы иужь дыдэу щилъэгъуам илъэситху ирикъуа-иримыкъуами арат. Абы ищIэжыртэкъым анэ хуабагъи, адэ гуапагъи, къыдалъхуа-хэм я теплъи, мы сэреижьым щызэхихаи, езым къыщипсэлъаи. Пэжщ, щIэх-щIэхыурэ и пщIыхьым къыхэхуэрт, нэщIащэ фIыцIэ хъужауэ, и анэ хьэдэ дияр, къыхуэмыгъэушу, зэридзэу зыщхьэщытар. ЕщIэж тажнанэм[1] игу зэгъауэ зэрыгуфIар, и щхьэгъусэ IэфIыр зыIэщIэкIа и адэм гуIэ нэпсу щIигъэкIар. А псори сабийм хузэхуэгъэхъуатэкъым, къэхъуари къыгурыIуэщатэкъым. ИужькIэщ, балигъ хъуа нэужьщ псо-ри къыщыщIыхьэжар. Сабиипсэм дыркъуэ тезыдза нэщIэбжьэр къы-щыхъуа унэм иджы къекIуэлIэжащи, гущIэм щигъэпщкIуну зэлIэлIа дунейкъутэжыр къыфIыдревейри, нэпсыр къыфIытохьэ.

– Зиусхьэным сыхуэзэну сыхуейт, – пащтыхьым и бжэIутхэм деж къыщызэтеувыIащ Хьэтусилэ.

[1] Тажнанэ – зи тетыгъуэ пщым и анэ. /Титул, мать правящего царя.

– ЩIыхьэ, зиусхьэн, пащтыхьыр къожьэ, – щхьэщэ ящIри, благъэкI.

Лъапэм къытеуэ джанэ хужь кIыхьыр бгырыпх бгъуфIэшхуэкIэ пащтыхьым и бгым щызэхуэлъэфэсат. Домбеякъ Iэпщэхъухэмрэ къулейуэ гъэщIэрэщIа пщэрыдзэ Iувымрэ я нэщэнэт абы и пщIэр зэрылъагэм. Адрейхэр хуиттэкъым, пащтыхь унагъуэм щыщми, пщэрыдзэ зралъхьэну. Зэкъуэшхэр иужь дыдэу щызэрылъэгъуам, тIури фIыуэ нэхъ щIалэт, уеблэмэ Хьэтусилэ физкъэмышэт. Иджы тIури адэщ, я къару илъыгъуэщ, Хьэтусилэ и дыгъужьыгъуэщ.

Хьэтусилэ пщышхуэм деж щIохьэри, щхьэщэ ищIурэ:

– Сыту насыпышхуэ, зиусхьэн, уи пащхьэ сыкъихьэныр! – жеIэри, и напIэр едзыхауэ, и IитIыр и ныбэм деж щызэтедзауэ къоув.

– Хьэтусилэ! Си къуэш закъуэ... Еблэгъэж! – пащтыхьыр къыпожьэ лIы зэпIэзэрыт, зауэлI хахуэ теплъэ зиIэ хъуа и къуэшым, гуапэуи IэплIэ къыхуещI.

– Зиусхьэн! – Хьэтусилэ и фIэщ мыхъуж хуэдэ, быдэу IэплIэ хуещI къуэш нэхъыжьым.

– Дауэрэ фыкъэса, гъуэгур къыфтехьэлъакъэ? – етIысэх, жыхуиIэу, щIым щылъ щхьэнтэ щабэшхуэхэмкIэ и Iэр еший пащтыхьым.

– Умыгузавэ, зиусхьэн, гукъеуэншэу дыкъэблэгъащ. Пэжу, си щхьэгъусэр уэндэгъути, мащIэу дигъэгузэващ, – зэрихабзэу, щэхуу, зэпIэзэрыту псалъэрт Хьэтусилэ.

– Сыту хъыбарыфI ар, си къуэш! ЦIыкIу дапщэ фиIэр? – и гум къыбгъэдэкIыу мэгуфIэ пащтыхьыр.

– ПхъуитIрэ зы щIалэрэ диIэщ, зиусхьэн! – погуфIыкI щIалэ къамылыфэ лъагъугъуафIэр.

– Хъарзынэщ! Тхьэхэм фIыуэ укъалъагъури, убыныфIэщ.

– Зиусхьэн... ИпэIуэкIэ къекIуэкIа псалъэмакъхэм теухуауэ... Сэ сынопцIыжауэ, уи щIыбагъым джатэ къихакIэ сыкъыдэуvауэ уи деж къагъэсащи... – зэуэ Iэнкун къэхъуащ Хьэтусилэ.

– Ар блэкIа Iуэхущ. И гугъу думыгъэщI, – трилъэщIэну хэтщ МывэтIалэ.

– Хьэуэ, кхъыIэ, хуит сыкъэщIи, сыгъэпсалъэ, зиусхьэн! А Iуэхур къыщыхъеям сэ уи пащхьэ сыщагъэпсэлъакъым, си гум илъыр сагъэIуэтакъым. Сыхуейт пщIэну – сэ зэи сынопцIыжакъым, апхуэдэ гукъэкIи сиIакъым. Дауэ ар?! Зы адэ-анэ дыкъалъхуащ дэ! Зэкъуэш зэрыукI щыIэкъым ди къэралыгъуэм, ар хабзэм къезэгъыркъым. Сэ псомкIи сыарэзыщ, фIыщIи пхузощI, – Хьэтусилэ и нэ пIащитIыр къиIэтри, пщым къеплъащ.

– Ар жумыIэххэ!

– Зиусхьэн! Сэ уэр папщIэ си щхьэ сыщысхьынукъым. Аращ пщIэну сызыхуейр. Адрей псори зэхэзыгъэзэрыхьахэм я хьэдрыхэ хьэлъэщ.

Хьэтусилэ и гум къызэрипсэлъыкIыр МывэтIалэ и фIэщ ищIыну хуейт, ауэ (зыгуэр здыжаIэм зыгуэр щыщыIэщ) и къуэш щабэрыкIуэм къылъыкъуэкIыну псом щыгъуазэтэкъым: зэдапIатэкъым, къызэдэхъуатэкъым, дахэ-дахэу зэрыцIыхутэкъым ахэр.

– Ар хъунщ. ЖыIэт, Хьэтусилэ, сытхэр щыхъыбар уи щIыналъэм? – псалъэмакъыр нэгъуэщI щIыпIэкIэ ишэмэ фIэфIу, щIоупщIэ пащтыхьыр.

– Зиусхьэн, зэрыпщIэщи, къашкъэхэм яубыдауэ щыта Нарыкъ къалэр хуит къэсщIыжри, уи къэралыгъуэм къыгуэзгъэхьэжащ.

– Къыгуэбгъэхьэжри, нэчыхькIэ бгъэбыдэжащ, – погуфIыкI пащтыхьри, Хьэтусилэ и дамэм и Iэр трелъхьэ, жиIэр зэрыхуигъэдахэм и нэщэнэу.

– Пэжщ, зиусхьэн. Къашкъэ пщыпхъур щхьэгъусэу къэсшащ. Ди анэ тхьэмыщкIэм и лъэпкъэгъущ, – и щхьэр ещIри, и напIэр ирехьэх. – НэгъуэщIу хъунутэкъым, зиусхьэн. ЗэрытщIэщи, мызэ-мытIэу зэгурымыIуэ куэд ди зэхуаку дэлъащ къашкъэхэмрэ хьэтхэмрэ. Ахэр тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iусщ, дэ тенджызым гъуэгу худимыIэмэ, ди ищхъэрэ гъунапкъэхэр гъэбыда хъунукъым.

– Пэжщ, Хьэтусилэ. Мис аращ укъыщIезджари. Сэ сыхуэныкъуэщ уи дзэмрэ уи акъылымрэ, – и нэщхъыр зэхэуащ пащтыхьым.

– ЖыIэ закъуэ, зиусхьэн!

– Пщэдей... Хасэр пщэдей зэхыдошэри, абы псори къыщыпщIэнщ. Иджы кIуэ, зыгъэпсэху, уэ гъуэгуанэшхуэ къызэпыпчащ, – жиIащ МывэтIалэ.

– Зиусхьэн! – щIыбкIэ икIуэтурэ Хьэтусилэ пэшым щIокIыж.

И къуэш нэхъыщIэр илъагъури, МывэтIалэ къыфIыдривеижащ зыщимыгъэгъупщэф сабиигъуэр. Ар быным я нэхъыжьти, псори нэхъ къыгурыIуэрт... ФIыуэ ещIэж я анэ тхьэмыщкIэм кIуэдыжыпIэ хуэхъуауэ щытар.

Мырсилэ ЕтIуанэм – МывэтIалэрэ Хьэтусилэрэ я адэм – и тетыгъуэм къэхъуа Iуэхугъуэщ ар. Мырсилэ и анэ Никалрэ и щхьэгъусэ Сулейрэ, яхуэмыгуэшари ямыщIэу, зэмызэгъ хъуат. Тажнанэр хьэрэмым щриунафэщIкIэ, зэфIэкI щиIэкIэ, и къарур игъэлъэгъуэну фIэфIт, Сулеи, пащтыхьым къуитI къыщыхуилъхуакIэ, и щхьэгъусэм фIыуэ къыщилъагъукIэ, нэчыхь къабзэ щиIэкIэ, жьэи иIэу къыщыхъужырт. ЦIыхубзитIыр апхуэдизкIэ зэпэщIэувати, зыр адрейм Iэзэгъуазэкlэ игъэкIуэдыну яужь ихьат. Пащтыхьыжьым сыт жимыIами, и тажнанэмрэ и щхьэгъусэмрэ дауэ емыпсэлъами, яхэзагъэртэкъым, тезыр ятрилъхьэнуи и гум идэртэкъым – и анэм пщIэшхуэ хуищIырт, и фызыр фIыщэу илъагъурт. Пщэдджыжь гуэрым гуащэм и пэшым къыщIэIукIащ зэпымычыжыххэ сабий гъы макъ. Нэхумыщым къэхъуар къагурымыIуэу зэхуэса кIэзехьэхэмрэ унэIутхэмрэ Хьэтусилэ къагъуэтыжащ, Сулей и хьэдэм гъуэгыу щхьэщысу.

Сабий щтам сыткIэ ищIэнт диижа и анэр къыщIэмыушыр! Мырсилэ занщIэу къыгурыIуат фIыщэу илъагъу и щхьэгъусэ тхьэIухудыр тажнанэм зэрыIэщIэкIуэдар, щхъухь иригъэшхыу зэригъэлIар. И анэми щысхьакъым пащтыхьыр – жэуапым ирашэлIащ, икIи, и къуаншагъэр щимыбзыщIым, тажнанэр хэкум ирашри, тенджыз лъэныкъуэмкIэ яшащ.

Мырсилэ зэи кIэлъыгъуэзакъым и анэм, и хъыбари пэплъакъым, псэуми лIами щIэупщIакъым. Зыми ищIэртэкъым пащтыхьым и гум щыгъур. Дауэрэ мыхъуами, зэрысымаджэрилэм къыхэкIыу, сытым дежи и анэм кIэщIэсу щыта и къуэр, игу темыхуэж хъури, вакъуэу тхьэунэм иритауэ щытащ. Ар къуэ нэхъыщIэт...

ЦIыхур дэнэ щамыпIами – лъыр лъыщ, Хьэтусилэ жыIэдаIуэу, зэпIэзэрыту, гъэсэныгъэ дахэ хэлъу, щэныфIэу, цIыху Iущу къэтэджырт. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ хьэлъэ къалэн къыщамыщIми, езым игу къыдэмыжми, мыарэзыуэ зэи зигъэлъагъуэртэкъым. Абы щхьэкIэ тхьэунэм и

лэжьакIуэхэм фIыуэ къалъагъуу щыпсэуащ. Шыхъуэу къежьа пщыкъуэ ятам апхуэдэ щIыхьрэ пщIэрэ игъуэтыжыну хэт и гугъэнт?! Хэт и гущхьэ къэкIынт сымаджэрилэу щыта сабий къаруушэм апхуэдэ лIы лъэрызехьэ зэгуэр къыхэкIыну?!

ЗэкъуэшитIыр я теплъэкIэ зэщхьтэкъыми, зэблагъэу пхужыIэнутэкъым, я хъыбар умыщIэмэ. И къуэш пащтыхьым нэхърэ мащIэу нэхъ щхьэпэлъагэт Хьэтусилэ, нэхъ Iэчлъэчт. Ар щхьэц фIыцIэт, Iупэ Iувт, къамылыфэт. ЖиIэм нэхърэ и гум илъыр куэдкIэ зэрынэхъыбэм и нэщэнэу, Хьэтусилэ и нэ пIащитIым гукъеуэ щIэзт, нэщхъеирилэт, щымт. МывэтIалэ, къашкъэхэм нэхъ ещхьу, нэхутхьэхут, и нэгури нэхъ щабэу зэхэлът. Абыхэм я гъащIэри, ягу щыщIэри, я щхьэ илъри, гъащIэм яхуигъэтIылъари зэщхьтэкъым, зэхуэдэтэкъым...

Хьэтусилэрэ абы и щхьэгъусэ Дэдейрэ хуагъэхьэзыра лэгъунэр нэхут, хуитт. Къалэм гъащIэр къызэрыщикъуэлъыкIыр къапщIэу, псалъэмакъ инхэр щIыбымкIэ къыщыIурт. КъыздикIа къалэм – Хьэкъмыс – хуэдэтэкъым Хьэтуссэр. Хьэуа дыдэри нэгъуэщIу къыпщыхьурт. Дауи, тенджыз лъэныкъуэмкIэ къикI хьэуа щIыIэтыIэр зыхуэбгъэдэн щыIэтэкъым, ар нэхъ къабзэт, нэхъ псынщIэт. Хьэтуссэм дыгъэм укъыщису, хьэуар уи гум тегъуалъхьэрэ уитхьэлэу апхуэдэт. ЖыпIэнуракъэ, уемысамэ зэгуэудыгъуэт, Хьэкъмыс елъытауэ, къум пэлъытэт мыр.

Япэ дыдэу Хьэтуссэр зылъэгъуа Дэдей, хуабэр и псэм техьэлъэрти, унэIут хъыджэбзхэм жьы щIрагъэхуу щхьэщытт. Къашкъэпщым ипхъу тхьэIухудыр быныфIэу, къилъхухэри сабий узыншэу, дахэу, езыри щуIэгъэфIу къыщIэкIати, Хьэтусилэ игурэ и псэкIэ фIыщэу илъэгъуати фызыр. АпхуэдизкIэ арэзыт ар и щхьэгъусэмкIэ, пщIэ хуищIырти, хьэрэмым щыщу зы щтэращтэ зэи къигъакIуэртэкъым и лэгъунэм... Фыз зыбжанэ иIэну хуитми!



Дэдей цIыхубз дахэт, нащхъуэу, щхьэпэлъагэу, IэпкълъэпкЪ лантIэу, Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэу, лъэпкъышхуэ къызэрыхэкIар и напщIэм телъу, пагафэт. Дуней пщтырым щхьэуназэ ищIам хуэдэу щыст ар игъэщIеикIауэ, кърагъэтIылъэкIа щхьэнтэ щабэхэм хэщтауэ. ЦIыхубз уэндэгъум и натIэм къекIуа пщIэнтIэпсыр хъыдан псыIэкIэ илъэщIу зы хъыджэбзыр бгъэдэсу, адрейм псы къыхуригъахъуэу щIыхьэжащ Хьэтусилэ. УнэIутхэр асыхьэту къыщылъэтри, я щхьэр ехьэхауэ уващ.

– ФыкIуэ! – и щхьэр бжэмкIэ ищIащ Хьэтусилэ.

УнэIутхэр зэрыщIэхыу, зэщхьэгъуситIыр къыщызэхуэнэм, зыкъиIэтыну къару зимыIэ и фызым бгъурытIысхьащ Хьэтусилэ.

– Сыту Iейуэ гугъу уезгъэхьа, си дахэ! Укъесшэжьэн хуеякъым, – хъыдан псыфыр къиштауэ, фызым и натIэр хуелъэщI. – Укъезмышажьэщи, уи зэфIэкIыгъуэр къоблагъэ, зыгуэр къыпщыщIмэ, жысIэурэ, си гур ХьэкъмыскIэ щыIэнут.

– Сэри уи закъуэу укъэзутIыпщыфынутэкъым, Хьэтусилэ. Сыхуейкъым зэи зэпэIэщIэ дыхъуну! – ерагъыу зэпищэурэ, мэIущащэ Дэдей. – Сыт пащтыхьыр зыхуейр? Щхьэ укъриджа?

– Зыри жиIакъым иджыри, сщIэркъым. Пщэдей наIуэ хъунущ псори, дызэхешэ.

– Аргуэру зыгуэрым пцIы къыптрилъхьауэ, зэкъуэшитIыр фызэщигъэIеину арауэ пIэрэ? Япэм хуэдэу... – и щхьэр егъэкIэрахъуэ цIыхубзым.

– Си гугъэкъым, Дэдей. Арами, сэ сыхейщ, уощIэ, – жьыхур къещтэри, щхьэгъусэм жьы щIрегъэху. – Сабийхэр дэнэ щыIэ?

– Абыхэм пэш щхьэхуэ хуащIащ, дэгызэхэр[1] якIэлъоплъ, умыгузавэ. ТIэкIу едзакъэ, Хьэтусилэ. Сэ зэ зезмыгъэщIу хъунукъым, – жеIэ фызым.

– Зыгъэпсэху, си тхьэIухуд, – щхьэгъусэм и Iэгум ба хуещI Хьэтусилэ, пыгуфIыкIыу.

## *ГъэунэхупIэ*

Зэхыхьэм къекIуэлIат Хьэт къэралыгъуэм къызэщIиубыдэ щIыналъэ щхьэхуэхэмрэ хытIыгухэмрэ я унафэщIхэр, дзэпщхэр, чэнджэщакIуэхэр. Пщэдджыжьышхэр щызэфIэкIым ирихьэлIэу гъуор къэджащ, хасэр зэхишэу.

– Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ къыдэныкъуэкъу къэралыгъуэр иджыри зэ къыдэбгъэрыкIуэну тегушхуащ. Аращ фыкъыщIезджар, – псори я пIэ изэгъа нэужь ину жиIащ пащтыхьым.

Зэхаха хъыбарым, щыблэ къыкъуэуам хуэдэу, къигъэуIэбжьауэ, зэIущIэм кърихьэлIахэр зэплъыжащ.

– Ди тIасхъэщIэххэм зэрыжаIэмкIэ, Рамзес ЕтIуанэм зауэлI мин тIощIрэ тхурэ иIэщ, абыхэм ящыщу миниплIым нэсыр хьэкуэстэгу[2] зэщIэузэдащ. Къызэрывгуры Iуэщи, зауэшхуэщ къытпэщылъыр. Фирхьэуныр ныбжьыщIэми, щIалэ гуащIэу къыщIэкIащ, – къекIуэлIахэм яхоплъэ пащтыхьыр.

– Сэ зэрызэхэсхамкIэ, мысыр хьэкуэстэгухэр къару шынагъуэщ, дэри апхуэдиз къэдмыгъэувмэ, ди лъэсыдзэр къыхагъэщIэнущ, – къэпсэлъащ Амырейм япщ Вындэшынэ.

– Уэ уи щIыналъэр Мысырым нэхъ пэгъунэгъущи, Вындэшынэ, нэхъыбэрэ уарихьэлIауэ къыщIэкIынущ абыхэм. Сыт иджыри гу зылъыттэн хуейр, дауэ уеплърэ? – лIы нэкIу къуабэбжьабэм хуоплъэкI пащтыхьыр.

– Зиусхьэн, абыхэм я хьэкуэстэгухэр зы зауэлIым зэригъакIуэу арами, абы шы зегъэкIуэнри, зэуэнри зэдехьыф. Хэт шабзэшэ еутIыпщ, хэти бжыкI[3] папцIэхэр едз. Пэжыр жыпIэмэ, мысырхэр зауэлI лъэщщ, хьилагъэ гуэрхэри яхэлъщ, – и щхьэр егъэкIэрахъуэ Вындэшынэ, сэрамэ, абыхэм запысщIэнутэкъым, жыхуиIэу.

– Абы и закъуэкъым, мысырхэм я шабзэпэхэм щхъухь пылъщ, уIэгъэшхуэ къыуамыдзми, а щхъухьым укъелынукъым, – пэшым и кIэмкIэ къыщыIуащ макъ гъум. Ар Дэрдэней хытIыгум япщ Ахейт.

– Апхуэдэу щыхъукIэ, дэри хьэкуэстэгухэм нэхъ тедгъэщIэн хуейуэ аращ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, делэжьынщ, хьэкуэстэгу дыдэу щымытын хуэдэу, – пагэу и щхьэр Iэтами, и напIэр зэредзыхам хуэдэу къэпсэлъащ Хьэтусилэ.

Хасэм кърихьэлIахэр зэуэ абы хуеплъэкIащ, – мыбыи жьэ иIэу ара, жыхуаIэу, я напщIэхэр хашу.

– Гупсысэ гуэрхэр уиIэу ара? – зыкъытриIэтыкIащ пащтыхьым.

– Зиусхьэн! Хьэкуэстэгур зегъэкIуэнымрэ зэуэнымрэ зэдэпхьыну тыншкъым, абы зэхэзещхъуэн уещI. СызэреплъымкIэ, шыгум цIыхуитIщы исмэ нэхъыфIщ.

[1] Дэгызэ – зыгуэрым и сабий зыпI. /Няня.

[2] Хьэкуэстэгу – зауэ IуэхукIэ къагъэсэбэпу щыта, шэрхъитI зыщIэт шызакъуэгу, шыгухурэ шабзэмрэ бжымрэ хуэIэкIуэлъакIуэ зауэлIрэ фIэкIа имыхуэу. /Боевая колесница.

[3] БжыкI – бжым икI, абы и убыдыпIэ. /Древко копья.

– Хэт илъэгъуа хьэкуэстэгум цIыхуитI ису?! – пщыкъуэр ауан къищIу къыподыхьэшхыкI Вындэшынэ.

Хасэм къекIуэлIахэр зэщIэхъеящ, зэгуэрым Iумпэм ящIа, пцIы зытралъхьэу жэуапми ирашэлIауэ щыта Хьэтусилэ хэт щыдыхьэшхыу, хэти щIэнакIэу.

– Сэ шыхэм куэдрэ сахэтащи, яхузэфIэкIынури ялъэмыкIынури фIыуэ сощIэ! – и макъым зрегъэIэт Хьэтусилэ, зытеукIытыхьын зэрыкъуэмылъыр игъэлъагъуэу.

– Щэхуу! – и Iэр еIэтри, къыхэпIэнкIыкIхэр егъэувыIэ МывэтIалэ. – ЖыIэт, Хьэтусилэ!

– Шыр зезыхуэр псэущхьэм теплъэкъукIмэ, зауэм хэт псэущхьэр гужьеигъуафIэщи, Iуэхур зэIигъэхьэнущ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Шыгур нэхъ ин тщIырэ, цIыху тIурытI е щырыщ идгъэтIысхьэмэ, зым шыр зэригъэкIуэнщ, нэгъуэщI Iуэху имыIэу, мыдрейм щхьэж нэхъ хуэгъэIэрыхуэ Iэщэр IэщIэлъу зэуэнщ, – жеIэ пщыкъуэм.

– ЗауэлIхэр тIурытIу шыгум идгуашэмэ, абы ди дзэр игъэкIэщхъэну къыпщыхъуркъэ, Хьэтусилэ? – къэпсэлъащ Къэркъэмыш щIыналъэм и тепщэр.

– Хьэуэ, ЦIру! Абыи Iэмал иIэщ...

– Шыгу шэрхъхэм я бгъуитIымкIэ джатэ зырыз кIэрытпхэмэ, зэхуэмыкIуэжыну пIэрэт?! – Хьэтусилэ и гум илъыр къыгурыIуэри, къуэш нэхъыщIэм и псалъэм пищащ МывэтIалэ.

– Пэжщ, зиусхьэн! Ардыдэрщ, – и напIэр къиIэтщ, пащтыхьым еплъри, пыгуфIыкIащ Хьэтусилэ, жиIэр къызэрыхуагъэдэхар и гуапэу.

Хасэм къекIуэлIахэр щым хъужащ.

– Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ, ди шыгухэм къагъазэрэ къытхэлъэдэжмэ, зэран къытхуэхъужынукъэ?! – къыгурыIуэркъым Вындэшынэ.

– Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, дзэпэмрэ[1] дзэкIэмрэ[2] нэгъуэщIу зэхэгъэувапхъэщ. Ар дзэпщым унафэ зэрищIщ, – Хьэтусилэ и напIэр щрихьэхым, псори МывэтIалэ хуеплъэкIащ. – Хьэтыдзэм и гъуазэм чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу здищтэнур хэтми жиIатэкъым абы иджыри.

– Къалэм джэгушхуэ къыщызэрагъэпэщащи, дахэплъэнщ, – зиIэтри, щIэкIыпIэмкIэ и Iэр ищIащ пащтыхьым. – Фынеблагъэ.

ГуфIэгъуэрэ санэплъэрэ хуэлIауэ, зиIу игъущIыкIа хьэщIэхэр пэшым хуэмурэ зэрыщIэхащ.

Къалэкум деж къыщызэрагъэпэща утыкушхуэмкIэ яунэтIат псоми. ЦIыкIуи, ини, унафэщIи, унэIути хуитт абы еплъыну, хэтыну. Пщым и щхьэгъусэ нэхъыщхьэ Гуащэлейрэ и адрей фызхэмрэ джэгум щыIэгъэххэт. ЩIалэгъуалэм, уэрэдхэр къэрашу, къафэ зэхаублауэ, къекIуэлIахэм я нэгу зрагъэужьырт. А джэгур гъэунэхупIэт. Куэдрэ къэхъурт пщылIхэми зэфIэкIышхуэ зиIэ гуэрхэр къащыхэкI. Щыхуеим деж пщым и пащхьэ иувэну Iэмал щамыIэкIэ, мыпхуэдэ джэгухэм зыкъыщагъэлъагъуэрт абыхэм. Пщым и хъумакIуэхэми уардэунэм щылажьэхэми яхэтт апхуэдэ щIыкIэкIэ къагъуэта щIалэ лъэрызехьэ куэд. Ноби къэунэхуну пIэрэ зэчиищIэхэр?

МывэтIалэ и къуэшым тэрмэшкIэ иригъэлъэгъуащ гъунэгъу зыкъыхуищIыну. Хьэтусилэ асыхьэту пщым сэмэгурабгъу зыкъыхуищIри, къыбгъурыуващ.

– Зиусхьэн! – щхьэщэ ещI абы.



[1] Дзэпэ (дзакIуэпашэ) – дзэм и пэм ирагъэувэ зауэлI хэплъыхьа гуп. /Авангард.
[2] ДзэкIэ – дзэм и кIэм ит зауэлI гуп. /Арьергард.

– КъызэрызгурыIуамкIэ, уэ иджыри жыпIэн уи куэдщ. ЩIэщыгъуэ гуэрхэр къэбгупсысащ, аракъэ? – дыгъэ нэхум щыхэтым деж пщым и нэ нащхъуитIыр уи гущIэм къиплъэу къыпщыхъурт.

– Пэжщ, зиусхьэн.

– Уэри уунафэщIщ, уощIэ дзыхь зыхуэпщI хъун куэд зэрыщымыIэр, къытхуэгуфIэу мыбдеж къыщызэхуэсахэми къыдэпцIыж яхэтынкIэ зэрыхъунур. Сыхуейкъым абыхэм ди Iэмал псори ящIэну, аращ хасэр къыщIэзгъэувыIар, – уафэгум къиува шэджагъуэ дыгъэ гуащIэм тэмэму игъаплъэртэкъыми, Iэдакъэжьауэ ищIри, и къуэшым хуеплъэкIащ МывэтIалэ.

– ГурыIуэгъуэщ, зиусхьэн, – и щхьэр ещI Хьэтусили.

– АтIэ, дауэ уеплърэ, сыт ди Iэмал иджыри?

– Зи шэрхъыбгъум джатэ епха шыгу куэд дыхуейкъым. Пэж дыдэу, ахэр зыгуэркIэ ягъащтэрэ къагъэзэжмэ, ди дзэращ Iисраф ящIынур. Ауэ абыхэм фирхьэуным и дзапэр фIыуэ ирахынущ. Дишхэм афэ тепхъуэн ятелъмэ, нэхъ хъума хъунущ, нэхъыбэрэ заIыгъыфынущ. КъищынэмыщIауэ, шыгум и джабитIыр нэхъ лъагэу тIэтмэ, абы ис зауэлIхэм дыркъуэ мащIэщ къалъысынур, я Iэпкълъэпкъыр, я лъакъуэхэр хъума хъунущ, – пщым гъунэгъу зыхуищIауэ, щэхуу псалъэрт Хьэтусилэ.

– Апхуэдэдзэ иджыри дунеижьым имылъэгъуауэ къэдгъэувынщ, тхьэхэм къыдапэсмэ! – и щхьэр ищIащ пащтыхьым арэзыуэ. И бгъэм щызу хьэуа жьэдишэри, и щхьэр лъагэу иIэтащ, текIуэныгъэр къыщахьыну махуэр и нэгу къыщIигъэувэу.



Хьэт къэралыгъуэм и зауэлI нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэр я зиусхьэнхэм ящIыгъуу къекIуэлIат джэгум. Дзэпщ лъэрызехьэжьхэм текIуэныгъэу къахьахэр я напщIэм телъу, я гъущI Iэпщэхэм фэм къыхэщIыкIа Iэпщэхъухэр ешэкIарэ, я бгъэ лъагэхэр къыдэщу джанэхэр етIэтэхауэ, зыщытхъужу зэхэтт. Дэтхэнэри щыгугъырт джэгум фIыуэ зыкъыщигъэлъагъуэмэ, тыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр къылъысыну – пащтыхьым и дзэзешэу, и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу Рамзес езэуэну. IэпщэрыбанэкIэ нэхъ лъэщхэм я лъэр яутхыпщIу, зызэрагъэлъэлъу загъэхьэзырырт, шабзауэхэм я шабзэшэхэр зэпаплъыхьырт, мыдрейхэм дыгъэм пэлыд я джатэхэр нэхъри ягъэлыдыну ялъэщIырт. А псоми кIэлъыплъ къалэдэсхэр зэрызехьэрт, пщащэхэм я нэр къицIуукIыу зэхэтт.

ЗэрыжаIэмкIэ, Ахей щIыгъуу къэкIуа зауэлIым къытекIуэн истэкъым Хьэт къэралыгъуэм. ЩIалэщIэ хъыжьэм и лъыр къызэрикъуэлъыкIыр къапщIэрт, зэрыныкъуакъуэмкIэ. МафIэм хэлъэдэным хуепIэщIэкIыу, и Iур джэрт, уигъэшынэу. Куэдым ягъэщIагъуэу, я щхьэр ягъэкIэрахъуэрт, дэрдэней пелуаным хуеплъэкIыурэ, ауэ икIуэтыну зыми и гущхьэ къэкIыххэртэкъым. Апхуэдэу къэрабгъэтэкъым хьэтхэр, мынэхъ ерыщмэ, мынэхъ гуащIэмэ.

– Уэ ухэтынукъэ зэпеуэм, зиусхьэн? – Хьэтусилэ зыкъыхуигъазэу пыдыхьэшхыкIащ Вындэшынэ.

Пщыкъуэм абы зыри пимыдзыжу, пщым хуеплъэкIащ. «КIуэ» жыхуиIэу, пщым и щхьэр мащIэу щигъэхъейм, Хьэтусилэ яхэуващ и хьэрхуэрэгъухэм.

Зэхьэзэхуэм и кIэм щызэхуэзэжащ къекIуэлIахэм я нэхъыбэр зыщIэнэкIа пщыкъуэмрэ дэрдэней пелуанымрэ. А тIум язт хьэтыдзэм и пашэу зи унафэ щIэувэнури, алъандэрэ пыдыхьэшхыкIыу зэхэта бей-

гуэлхэр щым хъужауэ якIэлъыплъырт лIитIым. Зэрешари, зэрыгубжьари къапщIэу, дэрдэнейр бауэбапщэрт. НатIэм къежэх пщIэнтIэпсыр и нэщIащэм илъэдэжурэ, и нэр щIисыкIат. Абы нэхърэ нэхъ Iейуэ емышамэ, зыкIи нэхъ мащIэ илэжьатэкъым Хьэтусилэ, ауэ пщыкъуэ къамылыфэр апхуэдизкIэ зэпIэзэрытт, зытеубыдати, и нэгум уиплъэкIэ, и гум илъыр къыпхуэщIэртэкъым. Дэрдэнейм къыгурыIуэрт пщыкъуэр къызэрытекIуэнур, ар щэху-бзаджэу къызэрыщIэкIыжынур.

Пхъэидзэ ящIри, дэрдэнейр нэщанэм япэу еуэну къикIащ. ЦIэрыIуэ зыщIари арат – абы къытекIуэн шабзауэ щыIэтэкъым. Пелуаныжьым и шабзэмрэ шабзэшэхэмрэ хъуржыным илъу пщылI щIалэ цIыкIум къабгъэдихьащ. Джэгум деж щIалэ цIыкIухэр зауэлIхэм я Iэпыдзлъэпыдзу къагъэувырти, апхуэдэу ягъэгушхуэрт. Дэрдэнейм Iэщэр зэфIидзэри, нэщанэм тригъэпсащ. Игурэ и щхьэрэ зэтелът абы. ИкIи нэщанэм и курыкупсэм шабзэшэр щытехуэм, зыхуэарэзыжу и бгъэгум IэштIымкIэ иуэщ, нэщхъкIэ пщыкъуэм къыхуеплъэкIри, лъэныкъуэ зригъэзыжащ, гъуахъуэу. Къалэдэсхэр зэрыгъэкIийрт, зэрызехьэрт, я гукъыдэжым зыкъиIэтауэ, Iэгу еуэрт.

ЕтIуанэ щIалэ цIыкIур утыкум къилъэдащ, хъуржыныр иIыгъыу. Хьэтусилэ абы щыгуфIыкIри, и щхьэм Iэ дилъащ, зэгуэр сэри мыбы и пIэм ситащ, жыхуиIэу.

– Шабзэр къутащ, – жиIащ щIалэ цIыкIум щэхуу, и щхьэр къимыIэту.

– Сыт жыпIа? – зэщIэдэIукIащ пщыкъуэр.

– Шабзэр къутащ, зиусхьэн, ублэукIынущ!

– Дэнэ щыпщIэр? – къэуIэбжьащ Хьэтусилэ.

– Слъэгъуащ...

Хьэтусилэ къыгурыIуащ зыгуэрым лъакъуэпэщIэдз къызэрыхуищIыр, хигъэнэну, бжьыпэр иримыгъэубыдыну зэран къызэрыхуэхъур.

Дэрдэнейм шабзэшэр иутIыпщу, чэзур Хьэтусилэ къыщылъысым, ар къэпсэлъащ:

– Зэхьэзэхуэр пэжу иухын щхьэкIэ, зы шабзэ ддзымэ нэхъыфIу къысщохъу. АпхуэдэлI цIэрыIуэм уи шабзэр къысхуэбгъэфащэмэ, си гуапэ хъунт!

КъекIуэкIыр къызыгурымыIуэ къалэдэсхэр щым зэрыгъэхъуурэ, зэщIэдэIукIырт.

– Къащтэ, сэбэп къыпхуэхъун уи гугъэмэ, – жиIэу, дыхьэшхри, и шабзэмрэ зы шабзэшэрэ пщыкъуэм хуишиящ.

Хьэтусилэ пыгуфIыкIщ, зыри пимыдзыжу шабзэр зэфIидзэри, нэщанэм тригъэпсащ. Абы ищIэрт насып зэхэкIыпIэм зэрыIутыр, абдеж лIыгъэ къыщимыгъэлъагъуэмэ, къыщIэнакIэ къомым пщIэ-нэмыс зэи къызэрыхуамыщIынур. Пщыкъуэм и нэри, и тхьэкIумэри, и гупсысэри апхуэдизкIэ нэщанэм триухуати, мы дунеижьыр щым хъуауэ къыщыхъурт. Шабзэшэр напIэзыпIэм нэщанэм техуами, ар зэрылъэта зэманым гъадэщIыдэ[1] и кIыхьагъыу къыщыхъуат езым. И гъащIэ псор и нэгу щIэкIыжат апщIондэху.

Дэрдэнейм иутIыпща шабзэшэр нэщанэм къыхэлэлырт. Хьэтусилэ и шабзэшэр абы и гущIыIуж техуэри, удз гъэгъам хуэдэу зыгуипхъат! Джэгуеплъхэр къыщылъэтащ, я зэрыгъэкIий макъым тхьэкIумэIупсыр Iуичу ину Iэгу еуэу:

– Хьэтусилэ! Хьэтусилэ! Хьэтусилэ!

[1] ГъадэщIыдэ – кIэи пэи зимыIэ зэман. /Вечность.

Хьэтусилэ пащтыхьым гупэкIэ зыхуигъазэу щхьэщэ щыхуищIым ирихьэлIэу нэбгъузкIэ гу лъитащ дэрдэней щIалэжьым зыкъричауэ, домбей гъэшхам хуэдэу, гъуахъуэу къызэрыхуэжэм. Пщыкъуэр зы лъэбакъуэкIэ икIуэтщ, гъунэгъу дыдэ къыхуэхъуа щIалэжьым и пщэр Iэ сэмэгукIэ щиубыдыкIри, пелуан хъыжьэр щIыбкIэ техуэу щIым триIулIащ, и лъакъуитIыр дридзеижу. Хьэтусилэ зэрешари, къаруушхуэ зэригъэкIуэдари къапщIэу, и бгъэ лъагэр дэкIуей-ехыжу бауэбапщэрт. ИтIани, и нэщхъыр зэхэуфауэ, ар дэрдэней пелуан IурымэхыкIам щхьэщытт, къызэфIэувэжмэ, игу тригъэзэгъэху иубэрэжьыным пэплъэу.

– Афэрым! Афэрым! – зэрыгъэкIийт джэгуеплъхэр.

УнафэщIхэмрэ зэхьэзэхуэм хэта дзэпщхэмрэ къэуIэбжьауэ зэплъыж мыхъумэ, абы къыфIагъэкIыртэкъым.

Пащтыхьымрэ гуащэмрэ зыкъаIэтщ, зэрыгъэкIийхэр МывэтIалэ тэрмэшкIэ игъэувыIэри, ину жиIащ:

– Зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам папщIэ, си чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр Хьэтусилэу зауэм докIуэ.

– Афэрым! – и щхьэр ищIащ Гуащэлей. – Дэрдэней зауэлIыр хьэрхуэрэгъу лъэщу къызэрыщIэкIам папщIэ, и къарумрэ хахуагъэмрэ хуэфэщэн джатэ хуапсыхьыну унафэ сщIащ. ЕвгъэфIакIуэ, щIалэхэ!

МывэтIалэрэ гуащэмрэ утыкур ябгынащ.

Джэгумрэ къафэмрэ пащэжащ. Аддэ жыжьэу щыт пщылI щIалэ цIыкIум Хьэтусилэ Iэ хуищIащ. Лъакъуэ мастэ, пщэ псыгъуэ хъужауэ къыщIэпхъуэри, пщыкъуэм и пащхьэ къиуващ модрейри.

– Хэт уи цIэр? – еупщIащ абы пщыкъуэр.

– Алэдамэ, зиусхьэн.

– Нобэ щыщIэдзауэ узивакъуэщ! – и щхьэр иIэтри, уафэм дэплъеящ Хьэтусилэ. – Уэ сэ къысхуэпщIар зэи схуэпшыныжынукъым, – жиIащ, пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIыурэ, Iущащэу.

Апхуэдэу Хьэтусилэ пащтыхьым и Iэ ижь хъуащ. Алъандэрэ къыщIэнакIэу щытахэм псалъэ лей къажьэдэкIын шынэрт иджы, зауэлIхэмрэ дзэпщхэмрэ деж пщыкъуэм пщIэшхуэ къыщилэжьат. ЗэрыцIыху Iущым, зэрызэпIэзэрытым, зэрыгъэсам папщIэ фIыуэ къалъагъурт. Езыри а зы хьэлым тетт. Дзэр зэрызэхэтыну щIыкIэм теухуауэ Хьэтусилэ къигупсыса бзаджагъэхэмкIэ зыдэгуашэр пащтыхьырат, мыдрейхэм дзыхь яхуищIыртэкъым. ЗекIуэр къэблэгъа нэужь дзэр зэтриухуэмэ нэхъ къищтэрт, «зыгуэркIэ бзэгузехьэ къахэкIрэ, ди тIасхъапIэхэр мысырхэм яIэрыхьэмэ», жыхуиIэу. Хьэт къэралыгъуэм къаруэ иIэр хуиунэтIащ шыгухэр къызэгъэпэщынымрэ дэщIхэр[1], афэ джанэхэр нэхъ быдэ щIынымрэ. АбыкIэ я кIэн къикIауэ жыпIэ хъунут хьэтхэм – мысырхэр гъущIым ирилэжьэфыртэкъыми, афэ джанэ яхуэщIыртэкъым. Хьэтхэм куэд щIауэ яхъумэрт гъущIым зэрелэжьым и щэхухэр. «Зым хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым», – жаIэ, лъэныкъуитIми я тIасхъапIэ яIэжт, зыр адрейм зэрефIэкIри гъунэжт.

Зэманыр псынщIэу кIуэрт. Гъунапкъэр къызэпиупщIмэ, зы мазэм къриубыдэу Рамзес Къуэдэш къэсынут. Арат ар нэхъри зэщакIуэр – Къуэдэшрэ Амыреймрэ иубыдыну. Фирхьэуным быдэу и фIэщ хъурт мыхьэнэшхуэ зиIэ а къалитIыр къизэумэ, Хьэт къэралыгъуэр и IэмыщIэ къихьэну.

[1] ДэщI – зауэлI фащэ, гъущIым къыхэщIыкIарэ зыщыгъыр къамэ, сэшхуэ сыт хуэдэхэм щихъумэу.

# *Бэджей гын*

Мысырым пщылIу исыр, хъумпIэцIэджым хуэдэу, ежауэ елэжьырт зауэм здрахьэжьэну Iэщэмрэ зэрыкIуэну шыгухэмрэ. Рамзеси египсысат и хьэкуэстэгухэм щIэщыгъуэ гуэр хэлъхьэн зэрыхуеймкIэ. Мысырыдзэм и бжырыбжхэм[1] хуэдэ зыми иIэтэкъым, икIи абы и пэкIэ нэгъуэщI щIыпIи щацIыхуатэкъым. Къищынэмыщlауэ, я бжыкIхэр нэхъ псынщIэт, нэхъ папцIэт, нэхъ кIыхьт, бгъэIэкIуэну нэхъ тыншт. Абыхэм ящIэрт хьэтхэм афэ джанэ зэращыгъынур, афэр пхызыудын Iэщи зэрыхуейр.

Къум щIыналъэр апхуэдизкIэ хуабэти, дыгъэ жьэражьэм хэту, зрамыгъэгъэпсэхуу махуэ псокIэ ягъэлажьэ пщылIхэм я гур зэгуэудурэ е псы щхьэкIэ лIэурэ къызэфIэщатэрт. Фирхьэуным къыфIэIуэхутэкъым а псор, ар ящысхьыртэкъым цIыхухэм. Зыр лIамэ, абы и пIэ ирагъэувэну цIыхуитху къагъуэтырт, щхьэхуимытхэр къащэхурт, къадыгъурт, зэпымычуи Мысырым кърашалIэрт. Абыхэм ящхьэщыт, лэжьыгъэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ цIыхухэм цIыхукIи уеджэну уи жьэм къекIуэртэкъым – хьэкIэкхъуэкIагъэ мыхъумэ, цIыхугъэ яхэлътэкъыми. Чы уфэ-упцIэ[2] кIыхьышхуэхэр шыхьауэ яIэщIэлъу, къикIукI-никIукIыу пщылIхэм ящхьэщыт ахэр. Зыгуэрым нэхъ хуэм зищIакъэ, псалъэу гу лъатакъэ, псы щIэлъэIуакъэ – уфэ-упцIэмкIэ зыкъишэщIынурэ, дыгъэ жьэражьэм илыпщIа щIыфэ пцIанэр къызэприхулэкIынут, лъы пцIар къыдэхуу. Нэхъ ерыщхэр узым я гур зэгуиудыху чымкIэ яукIырт. Рамзес деж къыщежьа хабзэтэкъым ар, абы и дежи щиухыжынутэкъым. ИгъащIэ лъандэрэ Мысырым и щхьэхуимытхэм арат я Iыхьэр – щхьэкъэIэт ямыIэу я гъащIэр ирагъэхьырт. Ар гъащIэт сытми?! Языныкъуэхэм илъэс зытIущ, нэхъ насыпыншэхэм махуэ бжыгъэ яхуэшэчу арат. ЛIэуэ тыншыжар нэхъ насыпыфIэуи къащыхъурт псэууэ къызэтенахэм.



Рамзес и хэщIапIэр чырбыш плъыжькIэ зэтелъхьа унэ абрагъуэт. Мысыр тхьэшхуэхэм я фэеплъ сын домбейхэмкIэ унэ щIыхьэпIэр гъэщIэрэщIат, абыхэм я псэукIар, я лIэкIэ хъуар, зэрыщIалъхьэжар къыщыгъэлъэгъуат щIэгъэкъуэн лъагэу къещIэкIами. Фирхьэуным и уардэунэм нэхъ лъагэ дыдэу щиIэ къатырт пащтыхь пэшыр здэщыIэри, абы укъеплъыхмэ, Мысырыр зэрыщыту Iэгум илъым хуэдэу плъагъурт. Рамзес шордакъым къытехьэрти, еш имыщIэу, махуэ псом кIэлъыплъыфырт пщылIхэр зэрылажьэм. Хьэуэ, игу ящIэгъуу артэкъым, бэлыхьу ятелъым сыт хуиIуэхут абы... И дзэр хьэзыр хъууэ зэрежьэнур къыхуэмыгъэсу арат Рамзес. Илъэс пщыкIубл фIэкIа мыхъуами, ар цIыху Iущт, гущIэгъуншагъэр и гум быдэу итIысхьауэ ист, лъы хуэлIэрт.


**Фирхьэун Рамзес ЕтIуанэр и щIалэгъуэм**

Мысыр фирхьэунхэр я гущIэгъуншагъэмкIэ къащхьэщыкIырт адрей къэралыгъуэхэм я пащтыхьхэм. Абыхэм быдэу я фIэщ хъурт цIыхур залымыгъэрэ IейкIэ фIэкIа къызэрыпхуэмыгъэдэIуэнур, езы фирхьэун лIакъуэхэм нэхъыфIрэ нэхъыщхьэрэ тхьэхэм

[1] Бжырыбж – жыжьэрыуэ шабзэ. /Дальняя стрела.
[2] Уфэ-упцIэ – къамышы пэлъытэу къагъэсэбэп чы лантIэ быдэ. /Хлыст.

къызэрамыгъэщIар. Ахэр къызэралъхурэ арат зыщIапIыкIыр. Фирхьэунхэм бзаджагъэкIэ къатекIуэр зы закъуэт – пащтыхьыгъуэм теувэну хуитыныгъэ зиIэ, фызу къашэж я шыпхъухэмрэ япхъухэмрэт. Арагъэнут ахэр лъы фIей, гущIэгъуншэ щIэхъуахэри, зэблагъэхэр, зэдэлъхузэшыпхъухэр, зэадэзэпхъухэр, зэанэзэкъуэхэр зэрызэрышэжыр. Фирхьэун лIакъуэхэм я лъым зэи лей къыхагъэхьэртэкъым, пащтыхьылъыр «яуцIэпIыртэкъым», щIэблэ «къабзэ» зэрагъэпэщу къащыхъурт. ИкIи абы ирипагэрт.

Вындым хуэдэу фIыцIэ набдзэ псыгъуэ къурашэхэр Iэтарэ, пагафэу кърigъэлIыха и напIэхэм къыщIэплъу, лъагапIэм къытетт Рамзес. ЩIалэ псыгъуэ кIыхьыр нэбдзыфIэт, теплъафIэт, лIыпIэ зэриувам и щыхьэтуи, цIыхухъу ткIийт. Фирхьэун щIалэщIэм и напэр апхуэдизкIэ дахэт, сэкъатыншэти, зэ Iуплъэгъуэкlэ пщащэ тхьэIухуду къыпщыхъунут: и пэ псыгъуэр захуэт, и Iупэ пIащэ плъыжьыр къатхъыхьам хуэдэу къыхэгъэщхьэхукIат, лъэпкъ гъуэзэджэ къызэрыхэкIар къапщIэу, нэпкъ лъагэт, Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэми, лей кIэрымылъми, къаруурфIэт. ЩIалэ къамылыфэ гуакIуэм и дыщэ пыIэ лъагэмрэ и пщэидзэ бгъуэшхуэмрэ дыгъэм пэлыдырт, етIуанэ дыгъэ фIэкIа умыщIэну, уи нэр тепщIыпщIэу. Фирхьэун пыIэ-тажым и натIэм тещIыхьат дыщэм къыхэщIыкIа щэджыблэ[1] шыхьа, и щхьэр Iэтауэ. Рамзес и IэблитIым, блащхъуэ зырызым зрашыхьэкIам хуэдэу, дыщэм къыхэщIыкIа Iэпщэхъухэр ярылът. И лъэгуажьэм теуэу и шхужьым щэкI хужь къешэкIа мыхъумэ, щIалэм нэгъуэщI зыри щыгътэкъыми, Iэпкълъэпкъ къамылыфэ зэщIэкъуам плъэмыкIыу узригъэплъырт.

– Хьэтхэм я афэ джанэм сыт къыхуэвгупсысар? – и макъым зримыгъэIэтыщэу йоупщI Рамзесыр и щIыбагъ къыдэт бейгуэлхэм.

– Джыдэ куэду ягъэхьэзыращ, зиусхьэн, – жэуап къитащ зым.

– Ди тIасхъэщIэхым хъыбар иIэкъэ?

– Ныжэбэ зы къэсыжащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, хьэтхэм гъунэгъу щIыналъэу пщыкIутI къагуэуващ, зауэлI мин бжыгъэхэр къащэхуащ, лъэрызехьэ защIэу.

– МывэтIалэ и дзэр дыдейм нэхърэ минитхукIэ нэхъыбэщ, – къопсалъэ адрейр.

Рамзес абы зыри пимыдзыжу зыкъигъазэщ, Iэнэм теубгъуа былымыфэм бгъэдыхьэри, и бейгуэлхэр тэрмэшкIэ зришэлIащ:

– Мыр Мысырымрэ Хьэт къэралыгъуэмрэ ди зэхуаку дэлъ щIыналъэращ, хытет хъунщIакIуэхэмрэ ди тIасхъэщIэххэмрэ къытхуахьа хъыбархэмкIэ зэхэзгъэува сурэтщ. Ди дзэр уэриплIу[2] згуэшынущ. Ди Тхьэ лъапIэхэм я цIэр фIызощ абыхэм, Амон, Ра, Птахъ, Сет, жиIэу. Финикием щыдухуауэ щыта къалэм дынэсмэ, абдеж зыщыдгуэшынущ, ауэ Сетыр хы Курытым и Iуфэм Iуту ежьэнущ. Уэрэнт псым и ижьырабгъум деж псори дыщызэхуэзэжынущ. Сэ сыхуейщ Сет уэрым ди зауэлI нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэр хэтыну. Ра уэрыр япэ итынущ, сэ срапашэу. Аращ си унафэр. ГурыIуэгъуэкъэ? – и напIэр хишри, и бейгуэлхэм яхэплъащ фирхьэуныр.

[1] Щэджыблэ – хьэвэ щIыкIэу зэтелъхьа пхырхэм кIэщIэс хабзэ блэ. /Кобра.
[2] Уэр – мыбдеж: лIэужьыгъуэ. /Вид войск.

– ГурыIуэгъуэщ, зиусхьэн. Ауэ дзакIуэпашэм уахэмытамэ мынэхъыфIу пIэрэт?! Уэ зыгуэр къыпщыщIмэ, къэралыгъуэр дауэ хъуну! – жиIащ зым.

– Сэ си зауэлIхэм я щIыбагъ сыкъыдэту си бийм илъагъунукъым зэи! – и макъым уафэгъуагъуэу зригъэIэтри, блэ уэным хуэдэу, и нэ фIыцIитIыр къицIуукIащ фирхьэуным. – Си дзэм и гъуазэуи сыкIуэнущи, зауэлIхэм сабгъурытуи сызэуэнущи, мы си бгъэр нэщанэ сщIа пщIондэ, си щIыб илъагъункъым МывэтIалэ! Щхьэж и къалэныр фощIэри, фи Iуэху фыпэрыувэ.

Фирхьэун пхъашэм и унафэм ебакъуэмэ, бэджей[1] Iус зэращIынур ящIэжырти, Рамзес къахуигъэлъэгъуа пIалъэм ирихьэлIэу мысырыдзэр зэщIэузэдауэ къэуващ. Арати, Финикием и сэмэгурабгъур иIыгъыу, ищхъэрэ къуэкIыпIэмкIэ дригъэзеящ Рамзес. ЗэрыжиIауэ, Сет зыфIища дзэ уэрыр кхъухькIэ хы Курытым тету ежьащ, мыдреищыр Мысырымрэ Хьэт къэралыгъуэмрэ я зэпылъыпIэ Джарэ къалэм екIуэлIащ. Абдеж Сетыр, лъэсыдзэр, кхъухьхэм къикIыу, тенджыз Iуфэм Iуту дригъэзеину, Уэрэнт псым и ижьырабгъум деж мыдрейхэм къащыгухьэжыну унафэ ящIри, къэрал гъунапкъэм ебэкъуахэщ.

Къызэрежьэрэ махуэ тIощIрэ бгъурэ щрикъум, Рамзес Къуэдэш нэблэгъат. Мысырыдзэр Уэрэнт псым и Iуфэм Iут ШэбтIун къалэм деж щикIыну траухуат, ауэ абы махуэ накъуэ ихьынут. Рамзес Амоным и гъуазэу япэ ищри, пщэдджыжьым жьыуэ Къуэдэш щIыналъэм ихьащ. Псом хуэмыдэу шыгухэрат Рамзес зыIэжьэр.



– Зиусхьэн, къумалитI[2] къэдубыдащ, Уэрэнтыпсым къикIауэ, – Рамзес и къуитIыр щIыгъуу шхэуэ здэщысым, шэтырым бауэбапщэу зауэлI къыщIэплъащ.

– Къафшэт мыдэ! – жиIащ фирхьэуным арэзыуэ.

Асыхьэту щIалитI чачэу къыщIалъафэри, фирхьэуным и пащхьэ кърадзащ.

– Фыхэт? – яхуемыплъэкIыххэу, зэрышхэм хуэдэурэ щIэупщIащ пащтыхь пагэр.

– Дэ дыхьэткъым, зиусхьэн. Къаркъэмыш лъэпкъым дыщыщ тIури, – шынауэ къыIурыщэщащ зым.

– Сыт мыбдеж щыфщIэр? – лъакъуэкIэ кIуэцIыуащ абы мысыр зауэлIыр.

– Дэ дызауэлIкъым, зэи зауэ дыхэтакъым, залымыгъэ къыдахри, дзэм дыхагъэхьати, дыкъыщIэпхъуэжауэ унэм дыкIуэжу дыгъуэщащ, – и нэпсыр къыщIэжащ дыркъуэ зрадза къумалым. – КхъыIэ, дывутIыпщыж! Дэ зыри тщIакъым.

– МывэтIалэ и дзэр дэнэ къэсами къызжепIэфыну? – къыхуеплъэкIащ абы фирхьэуныр.

– Тхьэхэм я ней къысщыхуэ, сщIэмэ! Сэ зыри сщIэркъым. Зыри сщIэркъым, – зиIуантIэ-зишантIэу жеIэ щIым щылъым.

Рамзес къыщхьэщыт зауэлIым худэплъэйри, и щхьэр хуэму игъэхъеящ. Абы хэту, мысыр щIалэ фIыцIэжьым и джатэ кIэщIыр кърихщ, щIым щылъ къумалыр щхьэцкIэ иубыдщ, къызэфIигъэтIысхьэри,

[1] Бэджей – щхъухь зыIулъ бэдж лIэужьыгъуэ. /Скорпион.
[2] Къумал – епцIыжакIуэ, бийм яхэлъэдэжа. /Перебежчик.

5 Заказ №473

и пщэм дилъэфэхащ... Лъыр къриутхыкIыу лъэныкъуэ ещIа и ныбжьэгъур щилъагъум, мыдрейр къэлъэIуащ:

– Сэ бжесIэнщ, зиусхьэн! Сэ псори бжесIэнщ!

– МывэтIалэ и дзэр дэнэ щыIэ? – хэкъузауэ иджыри зэ щIэупщIащ Рамзес.

– Зиусхьэн, МывэтIалэ жыжьэ щыIэщ иджыри. Махуэ бжыгъэкIэ къэсыну аращ. ИщхъэрэкIэ щыIэщ дзэр. Тхьэхэр узогъэлъэIу, сутIыпщыж, си анэм и закъуэщ, сэр нэмыщI зыри иIэкъым, – къаркъэмышым щтауэ, псыр къыпыжырт.

– КъызжепIэр пцIымэ, уэсщIэнур пщIэрэ? – лы гъэжьар къызэрыпигъэж сэ жаныр къиищтэри, Рамзес зыкъиIэтащ.

– СыткIэ пцIы супсын, зиусхьэн? Сэ зыри сыхуейкъым, си анэ деж секIуэлIэжмэ...

Рамзес щIалэщIэм бгъэдэкIуатэщ, зригъэзыхри и нэм щIэплъащ. Къаркъэмышыр асыхьэту диящ, щэджыблэм игъэундэрэщхъуам хуэдэу. ЕтIуанэ щIалэм лъыуэ щIэтыр къыщIэжарэ лъы пцIам зэрыхэлъми я напIэр дэмыхуадэу, фирхьэуным и щIалэ цIыкIуитIыр а зэрышхэу шхэрт.

– Иджыри зэ сыноупщI – дэнэ щыIэ хьэтыдзэр? – и дзэр зэтекъузарэ и нэгу къамылыфэр нэхъри къызэщIэуфIыцIэу щIэупщIащ фирхьэуныр.

– ИщхъэрэкIэ щыIэщ. МахуитI гъуэгукIэ... Аддэ, жыжьэу, – и нитIыр диярэ мыхъейуэ жиIащ щIалэ ундэрэщхъуам.

Рамзес иIыгъ сэр Iэдакъэм нэс щIалэм и гущхьэм хиIуу, етIысэхыжа нэужь, хьэдитIыр щIалъэфыжащ.

– ТIасхъэщIэх гуп футIыпщ ищхъэрэкIэ, мы хьэ быным жиIар пэжрэ пцIырэ зэхэвгъэкI, – унафэ ищIащ фирхьэуным.

Нэхущым къэсыжа тIасхъэщIэххэм зэрыжаIамкIэ, ахэр Уэрэнт псы Iуфэм Iуту зыкъомрэ жащ, ауэ зы цIыхуи Iэгъуэблагъэм щалъэгъуакъым, жыгыщхьэрысхэми[1] зыми гу лъатакъым.

Къумалхэм жаIам трищIыхьри, дзэр псым къызэпрыкIыху емыжьэу, Рамзес и хъумакIуэхэр щIыгъуу зричащ. Дыгъэр уафэгум къыщиувэм ирихьэлIэу Рамзес нэсащ Къуэдэш быдапIэм.

– Насып зэхэкIыпIэм дыкъэсащ! – игу зэгъауэ пыгуфIыкIащ Рамзес. – Мыбдеж шэтыр щывгъэув, Амоныр къэсын хуейщ дяпэкIэ.

Рамзес япэ дыдэ кърихьэжьауэ арат апхуэдэ зауэшхуэ. ЩIалэщIэм и адэжь гъуэзэджэхэм ягъэхъа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ хуэдэ, ублэмэ нэхъыбэ, игъэлъэгъуэну хуейт езыри. Абы игурэ и щхьэрэ зэтелът икIи быдэу и фIэщ хъурт МывэтIалэ и щхьэр мыгувэу пиупщIу, хьэтхэм я пщэм щхьэхуимыт пщэхъу зэрыридзэнур. Абы къыхуэгъэсыртэкъым зауэ гуащIэр яублэу, мафIэ лыгъейм илыпщIым хуэдэу къызэщIэплъарэ пщIэнтIэпс шыугъэр я щIыфэм ибжьэу, зэрызэхэуэнур. Рамзес щIалэщIэм и гущIэм къыщыхъу дунейкъутэжыр, абы и нитIым къащIих губжьыр толькъун абрагъуэхэм хуэдэт. ЗэпIэзэрыту къыпщыхъуми, укIэлъыплъыжамэ, и кIуэцIыр а къарумрэ губжьымрэ кърaжьыкIыу апхуэдэт ар.

Амоныр къыкIэлъысри, шыхэр щIатIыкIащ, зрагъэгъэпсэхуну. Шэтырхэр ягъэуври, шыгухэр кърагъэувэкIыжащ.

– Зиусхьэн, ди дзэм и ныкъуэр Къуэдэш къоблагъэ, адрейхэм ШэбтIун деж зыщаIэжьэ, – хъыбар къыхуахьащ фирхьэуным.

[1] Жыгыщхьэрыс – зиплъыхьу жыг щхьэкIэм ис цIыху. /Наблюдатель, дозорный.

– Хъарзынэщ,– и щхьэр ищIащ Рамзес, апхуэдиз зэманкIэ дыщежьакIэ, иджыри махуэ ныкъуэ тхуэмышэчыжынуи, жыхуиIэу.

Абы хэту, дунеижьыр дэзджызджу, щIыр дэхъейуэ, шы лъэ макъ жыжьэ къэIуащ...

– Хьэтхэр! Хьэтхэр къыттеуащ, зиусхьэн! Зывгъэхьэзыр! – гъуахъуэу зэрызехьэрт зауэлIхэр.

– ДыкъагъэпцIащ къумалхэм! – и нэр къицIыщхъукIащ Рамзес. – ЦIыкIухэр фхъумэ! Си шыгур! – и хъуэпсапIэр нахуапIэ хъуауэ зи фIэщ мыхъужым хуэдэу, и нэгур къэунэхуауэ, фирхьэуныр шэтырым къыщIэжащ...

## *Хъий икIыгъуэ*[1]

Уэрэнт и сэмэгурабгъум деж хьэтыдзэр къыщытт куэд щIауэ, бийр Къуэдэш къыдыхьэу, зыщIыпIэ деж щетIысэхыным ежьэу. Фирхьэуным и дзэр зэкIэрыхуат, Iыхьэ-Iыхьэу щIыпIэ-щIыпIэкIэ хэпхъати, хьэтхэм я Iуэхур нэхъ тынш хъуауэ къалъытэщ, Уэрэнт къызэпрысыкIри, къатеуауэ арат.

Борэн къыкъуэуам хуэдэу къызэрыхь дзэшыгу зэщIэщIахэр къыщысым, Къуэдэш нэблэгъа Ра гупым къэхъуар къагурыIуакъым. Удын гуащIэу ижьырабгъумкIэ къебгъэрыкIуа хьэтыдзэм мысыр уэрыр тIууэ щызэкIэщIихум, иужь итахэм я псэр ирахьэжьэри щIэпхъуэжащ, нэхъапэ ищахэм къахэна щIагъуэ щымыIэу зэтракъутащ.



– Фирхьэуныр хуиту къэдухъуреихьмэ, зауэр нобэ мыбдеж щиухынкIэ хъунущ, – аддэ жыжьэу щекIуэкI зауэ гуащIэм хэплъэу жиIащ МывэтIалэ.

Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьым и Iэр зэриIэту зрачыну хьэзыру, дзэшыгу зэщIэщIа мин МывэтIалэ и щIыб къыдэтт. Псым мыдрыщIкIэ лъэсыдзэ минипщI къыщытт, Хьэтусилэ я пашэу.

– ДутIыпщa къумалхэм дыкъагъэщIэхъуакъым, зиусхьэн. Сэ сщIэрт абыхэм гу зэракIуэцIылъыр, – жиIащ Къаркъэмыш щIыналъэм и унафэщI ЦIру, игъэкIуа щIалитIыр зэраукIар быдэу ищIэу.

– Дауэ уеплъэрэ, ЦIру, Мысырым и дзэкIэр къэмыс щIыкIэ а бэджейм и щхьэр къысхуахьыну пIэрэ? – тхьэхэр къызэрыхуэфIыр илъагъуми, МывэтIалэ гурыщхъуэ гуэрхэр ищIырт.

– Уи чэнджэщэгъу нэхъыщхьэм зэхуигъэхъуащ псори, зиусхьэн! Шэч къытумыхьэ. Хуабжьу щIалэ Iущу къыщIэкIащ ди пщыкъуэр! – Хьэтусилэ и щIыхьымрэ и пщIэмрэ зэрызиIэтам и щыхьэтт къаркъэмышыжьым и псалъэхэр.

Фирхьэуным и гъусэ гупыр мащIэми, лъэрызехьэу къыщIэкIри, хьэтхэр къагъэуIэбжьыжу къапэщIэуващ. Уэрэнт къызэпрысыкIа зауэлIхэм язынықъуэр Рамзес езэуэху, дзэкIэр езыхужьа гупым зрихьэлIа хъугъуэфIыгъуэр зэхадыгъуэжыху, хы Iуфэм Iуту къежьа Сет уэрыр къэсащ. Абдежым фирхьэуным ебгъэрыкIуа хьэтхэм ящыщу зы цIыху къэмынэу къызэтраукIащ Сетым щыщ зауэлI къыхэщыпыкIахэм.

ДэнэкIэ уи щхьэр умыгъэзами, лъыкъуалэт. УIэгъэ хъуауэ, уз гуащIэм зи гущхьэр ичатхъэ зауэлIхэр къыхэщэIукIырт. Хьэтхэм къагупсыса шыгу зэщIэщIа ажалырыхьхэм мысыр зауэлIхэр тIууэ зэпаупщIауэ, Iэпкъынэ-лъэпкъынэ щхьэхуэхэр ихъуреягъкIэ щылът. Апхуэдэ дыдэу, хьэтхэр зыщыгугъа, зэрыпагэ афэ джанэхэри мысыр

[1] Хъий икIыгъуэ – егъэлеяуэ губжьыныгъэ. /Неистовство.

джыдэ зэщӀэлъыкӀахэм къызэгуапхъат, зауэлӀ хахуэхэм я бгъэгухэм, я щӀыбхэм къызэмылыну фэбжьхэр традзауэ. Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр, выщӀэ губжьам хуэдэу, зауэ губгъуэм щыуфэразэ фирхьэунырат. Къамылыфэу щытауэ умыщӀэжыну, абы и щӀыфэр дыхьэрэну ириӀат хьэт зауэлӀхэм къащӀэжа лъым. И ӀитӀым яӀэщӀэлъ джыдэ зырызым лъыр къыпыткӀуу, езыр бауэбапщэу щытт ар, бийм и лъэныкъуэмкӀэ плъэуэ. Къэгъази икӀуэти ищӀэжыртэкъым. Рамзес быдэу игу ирилъхьат: абы и хьэдэр нобэ е Къуэдэш къыщинэнут, е МывэтӀалэ и къэралыгъуэр иубыдынут.

МывэтӀалэ и Ӏэр иӀэтащ, шыгу зэщӀэуззэда миным гъуэгур хуит яхуищӀу. Хьэтыдзэм щӀыр къриуду зричащ, я пщышхуэр и пашэу. Шыгу зэщӀэуззэдахэм я бгъуитӀым епха джатэ кӀыхьыжьхэр дыгъэм пэлыдырт, ажал фӀыцӀэм и нитӀу къицӀуукӀ хуэдэ. Шабзауэ Ӏэзэхэм мысыр зауэлӀхэр хагъащӀэрт, гъущӀ бжыкӀ папцӀэхэр ягъэӀэкӀуэрт. КъарукӀэ хьэтхэр нэхъ лъэщми, мысырыдзэр Ӏэщэ бзаджэхэмкӀэ зэщӀэуззэдати, зэрытегъакӀуэртэкъым.



**Хьэтхэмрэ Мысыр зауэлӀхэмрэ**

И чэзум къэса Птахъ гупым къыздаша бжырыбжхэр щашэщӀым, хьэтыдзэр нэщанэуапӀэ хъуащ. Птахъым и япэ сатырымрэ ещанэмрэ хьэкуэстэгу защӀэу, етӀуанэр лъэсыдзэ мин бжыгъэ ирикъуу, дзэ гуащӀэт. Жыжьэу къагъэува шабзэ жыжьэрыуэхэр емынэрылъху[1] Ӏэщэу къыщӀэкӀащ – уазэрылъэӀэсын е къызэрыбгъэувыӀэн Ӏэмал щыӀэтэкъым, япежажьэхэри нэмыс щӀыкӀэ къыхагъащӀэрт. Хьэтыдзэм и шыгу зэщӀэуззэдахэр мысыр хьэкуэстэгухэм нэхърэ нэхъ хьэлъэт, минрэ нэхъ лъэщми, цӀыхуитӀ-щы зэрисым къыхэкӀыу зэрызахуэмыгъазэм, зэрыхуэмыхум щхьэкӀэ, бедэхъауэ[2] утыкум иту къыпщыхьурт. Апхуэдэу щыхъум, хьэтхэм я лъэсыдзэр Уэрэнт къызэпрыкӀащ.

[1] Емынэрылъху – емынэ щылъху, бзаджэ, угъурсыз. /Коварный, вредный.
[2] Бедэхъауэ – пщӀэншэу, къимыкӀыауэ. /Попусту.

Пщыхьэщхьэхуегъэзэк1 хъуауэ, хьэтхэм къащыхъуат я насып къихьауэ, текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу. Ауэ, ипэIуэкIэ ирахужьэжа Ра уэрым и зэхуэдитIым къагъэзэжри, хьэт лъэсыдзэм и щIыбагъымкIэ къыщебгъэрыкIуащ.

Хьэтусилэ къыгурыIуащ икIэщIыпIэкIэ икIуэтын зэрыхуейр. Мысырыдзэм къыхэнэжа щIагъуэ щымыIэми, хьэтхэр лъэныкъуищкIэ къаухъуреихьати, шабзэ жыжьэрыуэ защIэкIэ зэтраукIэфынут. КъищынэмыщIауэ, мысыр бжыкI кIыхьхэр Iэщэ гуащIэ-бзаджэу къыщIэкIат. ЦIыху зэхэгъэж имыIэу апхуэдизкIэ зауэ гуащIэти, лъэныкъуитIми япщхэр щыхэтыр ящIэртэкъым.

– Нэвгъазэ! Псым адрыщIкIэ! Нэвгъазэ! – къэIуащ икIэм-икIэжым Хьэтусилэ и макъ.

Хьэтыдзэр Уэрэнтыпс къызэпрыкIыжри, Къуэдэш быдапIэм дэтIысхьэжащ. Мысырыдзэр апхуэдизкIэ зэтракъутати, кIэлъыпхъэрыну тегушхуакъым. Аргуэру зэрытемыгъэкIуауэ жыпIэмэ, ущыуэнутэкъым. Арами, унафэ гуэр щIын, зыгуэрым къытеувыIэн хуейт.

– Шыхэр ешащ, упщIыIужрэ загъэпсэхужа нэужь гъэпскIын хуейщ. ИтIанэ вгъашхэ. Хьэ зэтеуда хэлъу Iус мащIэ ефт, – псынщIэу унафэ ищIри, Хьэтусилэ пащтыхьым деж иунэтIащ.

Абы ищIэрт и къуэш нэхъыжьыр уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуар.

МывэтIалэ лъы куэд фIэкIуэдат, дзажэналъэ зыбжани къутауэ къыщIэкIынут, и щIыфэми уIэгъэшхуэхэр телът.

– ... ДызэрихьэлIат. Рамзес сэрэ... СылъагъэIэсакъым. Зы удын закъуэкIэ зэфIэкIынут зауэр... – зэхэпх къудейуэ Iущащэрт уIэгъэ хъуа пщыр.

– Зиусхьэн! – щхьэщылъэдащ абы Хьэтусилэ, гужьеяуэ.

– Хьэтусилэ! ЗымащIэ тIэкIущ иIэжар, – мэIущащэ зи Iупэр IурыущхъуэнтIыкIа пщышхуэр.

– Iэзэм фыкъеджа? – и нитIыр пащтыхьым къытримыгъэкIыу щIоупщIэ Хьэтусилэ.

– ДеджакIэщ, зиусхьэн. Мисри, къэсащ.

ЛIы пIащэ хэщIыхьа гуэр къыщIолъадэ, и плIэм къэлътмакъ гъуабжэ едзэкIауэ.

– ПсынщIэу! ПсынщIэу! Ди пщыр тIэщIэкIмэ, псэууэ ущIэкIынукъым мы шэтырым, – пежьащ абы пщыкъуэр.

Iэзэм щхьэщэ ищIри, епIэщIэкIыу пщым щхьэщыхьащ. ТэлайкIэ пщым и уIэгъэхэр къызэпиплъыхьу зэхишытIа нэужь, жиIэну зыхуейр зэрыжиIэну щIыкIэр къыхуэмыщIэу, и дамитIыр дэшеяуэ къэуващ лIы быхъур.

– Сыт? – и нэкIум кIэрыжьа лъыр къигъэщIытэу, и натIэм къежэх пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIыу, щIэупщIащ Хьэтусилэ.

– Ди пщым лъышхуэ фIэкIуэдащ, къищынэмыщIауэ, дзажэналъэ зыбжанэ къутащ, къупщхьэр и кIуэцIым хэуэжауи гурыщхъуэ сощI. Нэху къекIыну си фIэщ хъуркъым, – и щхьэр зэрыпаупщIыным хуэхьэзыр хуэдэ, нэщхъейуэ жиIащ лIым.

– Сыт жыпIэр, гъуамэ?! – щIэкIиящ абы Хьэтусилэ.

– Зиусхьэн! – щтэри, икIуэтащ Iэзэр.

– Усыт Iэзэ уэ?! Пщышхуэм уемыIэзэфынумэ, ажалым къыIэщIумыхыфынумэ, сыт щыпщIэр зауэм? – Зэманыр бгъэкIуэд зэ-

рымыхъунур къищIэжри, Хьэтусилэ зызэтриубыдэжащ. – Удз хущхъуэ сыхуейщ. Къэрабэ, санэ фIыцIэ, цумпэ[1]. УиIэ?

– Мис, зиусхьэн, щыIэщ, – зэщIэкIэзызэу щытщ Iэзэр.

– ЩIэкI мыбы! Уи къэлътмакъыр къэгъани, щIэкI зызумыгъэлъагъуу, – и нэм хъуаскIэ къыщIихырт пщыкъуэм.

– Хьэтусилэ... – къыхэщэIукIщ пщыри, IурымэхыкIащ.

– Псы къэкъуалъэрэ кумбыгъэ къабзэрэ къэфхь. Хъыдан къабзэ куэду къэвгъуэт. Шыгъу! Шыгъу куэду къэфхь. ЩIэхыу! – яхэкIияш Хьэтусилэ бауэбапщэу зэхэт зауэлIхэм.

КъызыхэкIа лъэпкъым щыщу дунеягъэкIэ иIэ и къуэш закъуэр зэпитхьэщIыхьри, шыгъупс зэхэщIам хъыдан къабзэр хищIэм, мащIэу икъузыкIыжурэ, пщы мэхам и Iэпкълъэпкъыр зэщIишхащ Хьэтусилэ. Удз хущхъуэри зэхищIащ. Ар шынэрт Рамзес тIасхъэщIэх е лIыукI гуэр къигъакIуэу, хьэтыпщыр иригъэукIынкIи, жэщ-махуэ имыIэу бгъэдэсащ и къуэш нэхъыжьым. Удз хущхъуэхэм иригъафэу, уIэгъэхэр зэрыпха хъыданхэр зэрихъуэкIыу. Пщым зыкъыщищIэж зэзэмызэхэм Хьэтусилэ ар псы куэду иригъафэрт, и ныбэр къигъэпщу, и дзажэналъэ къутахэм зригъэшэщIыжын щхьэкIэ.

Хьэтусилэ щыгъупщатэкъым и къуэшым къыхуищIахэр, пщыкъуэм къилэжь пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ щыханам, зи Iэр къыхуэзышияр и къуэш закъуэр арауэ зэрыщытар. МывэтIалэ хуитащ къыдэмыхъуа и къуэшыр зыщигъэгъупщэну, къылъыса насыпым хэтхъыкIыу и гъащIэр ихьыну, ауэ абы и гум идакъым илъ зыщIэт щIалэщIэм лей къытехьэу, цIыхум яфIэауану, утыку къринэн. Езы Хьэтусилэ МывэтIалэ хуищIэжыфынур аращи – щхьэщысщ.

Махуищ дэкIри, нэху къемыкIыну жыхуаIа хьэтыпщыр къызэфIэтIысхьащ.

Рамзес и Iуэхур зыкIи нэхъыфIтэкъым. Абы и дзэшхуэр, къыхэна щIагъуэ щымыIэу, зэтракъутат. Зэми игъэзэжыну егупсысырт ар, зэми, къыхуэнэжа зауэлIхэмрэ Iэщэмрэ зэригъэпэщыжу, Къуэдэш теуэну трихуэрт. Фирхьэуным фIыуэ къыгурыIуэрт я Iуэху зыIутри, къэралитIыр зэи зэрызэрытемыгъэкIуэнури, япэхэм хуэдэу, пащтыхьитIыр зэхуэзэу зы унафэ гуэр ящIыну зэричэзури. Ауэ щIалэщIэ пагэм и щхьэ трилъхьэртэкъым япэ лъэбакъуэр ичыну, и IитIыр Iэтауэ, и бийм и пащхьэ иувэну.

Фирхьэуныр зытемыгушхуэ Iуэхур кIуэтащ, МывэтIалэ хъыбарегъащIэ къыщигъэкIуам. Хьэтхэм я пщыр Рамзес къыхуэзэну хуейт.

Зэхэуэр зэриухрэ махуибл мэхъу щыжаIэм, Уэрэнт псы Iуфэм къикIри, хьэтыдзэр къэуващ, я пщыр я уэртету[2]. Щыгъыу ягъэжам хуэдэу, пщым и пкъым хуэфI афэ джанэр дыгъэм пэлыдырт, и бгым кIэрыщIа джатэшхуэм хуиту телът и Iэ сэмэгур, Iэ ижьымкIэ гуплIэр иIыгът. ХьэкIэкхъуэкIэу щыIэм я пщу жыхуаIэ аслъэн абрагъуэм и пыпхэр хьэт пщышхуэм и тепхъуэну и плIэм илът, аслъэнышхьэр и пыIэу, и фIалъэ лъакъуитIыр и бгъэгум щызэтедзауэ. ШхуэIур иIыгъыу, абы и сэмэгурабгъумкIэ къыщытт афэ фащэ екIукIэ зэщыхуэпыкIа Хьэтусилэ.

Фирхьэуным и щIыбагъ къыдэтт и дзэм къыхэнэжар. Рамзес хьэкуэстэгу зэщIэузэдакIэ къапежьащ, и бгъуитIымкIи, нэхъ и ужь къинауэ, хьэкуэстэгу зырыз къыщыту.

[1] Цумпэ – губгъуэ мэракIуэ плъыжь. /Земляника.

[2] Уэртет – дзэзешэ. /Полководец.

– Зауэ ахъырзэмант, пэжкъэ?! – тхьэмахуэ ипэ дунейкъутэжыр щекIуэкIа зауэ губгъуэр къиплъыхьри, фирхьэуным зыхуигъэзащ МывэтIалэ.

– Пытщарэт жыпIэмэ, дыхьэзырщ, – къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу и напIэр хишащ джатэдэпщым[1].

Хьэтусилэ дзыхьмыщIу хуеплъэкIащ абы.

– Уэри уощIэ – зауэм пытщэмэ, фIы лъэпкъ кърикIуэнукъым. Сэ сызэрыхуэмейм хуэдэу, уэри ухуейкъым абы, – жиIащ МывэтIалэ.

– Сэ сызыхуейм сыткIэ ущыгъуазэ уэ? – фирхьэун щIалэр къипкIкъилът.

– Мобдеж щытитIми хьэтыр яIэкъэ?! – аддэ жыжьэу къыщыт шыгум иту къаплъэ, илъэсиплI-тху зи ныбжьын щIалэ цIыкIуитIымкIэ и щхьэр ищIащ МывэтIалэ.

Фирхьэуныр зэплъэкIакъым, ауэ хьэтыпщыр зытепсэлъыхьыр фIыуэ къыгурыIуащ.

– Сэ си щхьэр згъэщхъауэ зы цIыхум илъагъунукъым зэи, хьэтыпщ. Зи кIэр зи бэкъум дэзыупщIэжу щIэпхъуэжа дэбыкъум[2] хуэдэуи, си щIыб уэзгъэлъагъунукъым, – хьэтхэр къызэрикIуэтыжар къарихъуэныжу, жиIащ Рамзес.

– Иджыпсту дызытет щIыналъэр зейр сэращ. Ар къэпхьэхуакъым, бдэми умыдэми, бадзэпсэ тIуту къыпщыхъуами. АбыкIэ умыарэзымэ – си Iэр зэ къэсIэтынуращ пIалъэу иIэр, пытщэжынущ. Ауэ, егупсыс, фирхьэун, сыт уэ абы уи фейдэуэ хэлъыр? Уи дзэр мащIэ хъуащ, щIэплъхьэжар нэхъыбэщ, къыпхуэнам нэхъръэ. Уи щхьэр хэплъхьэкIэ сыт къыпхэхъуэнур? Уи къуитIыр, уи бжьыгъуэр пызыщэну узыщыгугъхэр, пщIыгъущ. Хэт Мысырыр къызыхуэнэнур?

Пэжт МывэтIалэ жиIэр...

Рамзес къэбэкъауэм[3] хуэдэу къызэкIуэкIат, ауэ, хьэтыпщым жиIэмкIэ арэзыми, езыр абы егупсысагъэххэми, икIуэтыну хуейтэкъым, ищIэнури ищIэртэкъым.

– Сыт ди хэкIыпIэ-тIэ? – пигъэщхъыу щIэупщIащ фирхьэуныр.

– Сэ схуэдэу уэри упщщ. Сэ сымыдэнур уэ уэзгъэдэну и ужь сихьэнукъым. Дызэбийми, пщым хуэфащэ пщIэ-нэмысым демыбакъуэмэ нэхъыфIу къызолъытэ. Аращи, уи дзэр зэщIыбокъуэри, Мысырым уогъэзэж. ДыфкIэлъыпхъэркъым. Дэри догъэзэж.

– МамырыгъэкIэ дызэбгъэдэкIыжыну ухуейуэ аращ, кIэщIу жыпIэмэ?! – пыгуфIыкIащ Рамзес.

– Аращ, – и щхьэр ищIащ МывэтIалэ.

– Къуэдэшыр къыпхуонэ... – щIэнакIэу.

– Къысхуонэ! Уэ быдапIэр къэпщтакъым, уеблэмэ псым уникIакъым.

Рамзес и гущхьэр губжьым къызэгуиудырт. Абы и щхьэм хуигъэзагъэртэкъым, хьэтыдзэр ирихужьэфами, хьэтхэр текIуауэ къызэрыщIрагъэдзыжыр, ар иригъэнэхыу, Мысырым игъэзэжын хуейуэ къызэрыхуагъэувыр. Фирхьэуныр щIалэми, пщтырми, фIыуэ къыгурыIуэрт МывэтIалэ жиIэм пэж гуэр зэрыхэлъыр, текIуэныгъэр къахьауэ къащыхъужми, зауэм пащэн хуей хъумэ, хьэтхэр зэрытекIуэнур.

– ЗэгъащIэ, МывэтIалэ: уэ утекIуауэ къэплъытэу, уи гур абыкIэ зэгъауэ уекIуэлIэжынуми, сэри згъэзэжынущ, мысырыдзэ мащIэм фы-

[1] Джатэдэпщ – дзэзешэ. /Полководец.

[2] Дэбыкъу – и теплъэкIи, и щытыкIэкIи дыгъужьым ещхь хьэкIэкхъуэкIэ, щIыпIэ хуабэхэм щыпсэууэ, махуэкIэ бгъуэнщIагъхэм зыщигъэпщкIурэ жэщкIэ къежьэрэ и шхын къилъыхъуэу. /Гиена.

[3] Къэбэкъауэ – мафIэу, бахъэу, газ пщтыру, минерал зэмылIэужьыгъуэ зэхэткIухьауэ щIым зэманзэманкIэрэ къыщIидзхэр къызриутIыпщыкI кумбыгъэшхуэ зиIэ бгы. /Вулкан.

зэрырахужьар си нэгум щIэту, абы срипагэу. ИкIи, дзэр къызэрызэзгъэпэщыжу, къэзгъэзэжынущ, Къуэдэш сысей мыхъуауи сыувыIэнукъым! – и нэщхъыр зэхиукIащ Рамзес.

– Сыныппэплъэнщ! – и щхьэр ищIащ хьэтыпщым.

Рамзес уфэ-упцIэмкIэ шыбгым зытришащIэри, шэрхъым сабэмрэ мывэкIэщхъымрэ къыщIэлъэлъу ириIуэнтIэкIыжащ.

Тхыдэм апхуэдэ зэтэкъым, тIэутэкъым къызэрыщыхъуар. МывэтIалэ ипэIуэкIэ тета пщышхуэхэмрэ Рамзес и адэжьхэмрэ апхуэдэ щIыкIэкIэ куэдрэ зэбгъэдэкIыжат. МывэтIалэ цIыху балигът, и акъыл тIысат, Рамзес щIалэгъуэмрэ ерыщагъымрэ къызэгуитхъырт, зыри и тэмакъ щIигъэхуэну хуейтэкъым. Зэман дэкIрэ, Рамзес нэхъ балигъ хъумэ, къыгурыIуэжыну хъунт унафэ пэж зэращIар, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу, Къуэдэш деж дзитIыр щIыщызэбгъэдэкIыжар.

Зауэм кIэух хуэхъуар езы дыдэхэм къагурымыIуэжми, дэтхэнэри зыгуэркIэ хэлъэдауэ, зыгуэркIи текIуауэ жыпIэ хъунут. МывэтIалэ текIуэныгъэшхуэр къихьам хуэдэу лъэпкъым иригъэблэгъэжащ, хьэтыдзэр Рамзес и закъуэ зэтриукIауэ, ауэ мамырыгъэкIэ зэгурыIуауэ ягъэхъыбару, фирхьэуным Мысырым игъэзэжащ. Рамзес быдэу игу ирилъхьат зэ мыхъуми зэ Къуэдэш щхьэкIэ къигъэзэжыну. МывэтIалэ хьэкъыу пхыкIат ари, икIэщIыпIэкIэ дзэщIэ къызэригъэпэщыну мурад ещI.

Хьэтусилэ зауэм щигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ жаIэж пэтми яхуэмыIуатэу, лъэпкъ лIыхъужь хъуауэ, екIуэлIэжащ. Куэдым ягугъатэкъым ар апхуэдизу къуэш гумащIэу къыщIэкIыну. 

Пщым и чэнджэщакIуэ нэхъыщхьэ хъуауэ, пхъу ещанэр къыхуалъхуауэ, екIуэлIэжащ Хьэтусилэ. Сытыт-тIэ нэгъуэщI ар зыхуэныкъуэр: и унагъуэр быдэт, и щIыхьыр лъагэт, и щIыналъэр унафэщI хуэныкъуэти, игурэ и щхьэрэ зэтелъу Хьэкъмыс игъэзэжащ.

## *Хьэдэгъэс Iугъуэ*

Тхыдэм зауэу къыхэнахэмрэ абыхэм къыщахьа текIуэныгъэ гъуэзэджэхэмрэ щытепсэлъыхькIэ, цIыхухэм къыхагъэщыр пащтыхьыщIэхэращ. А Iуэхугъуэхэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуа зауэлIхэм я пщIэр щыхэкIуэдэж, щызыщагъэгъупщэ щыIэщ. Апхуэдэу, зэманым дэкIуэдыжат хьэт-мысыр зауэм къыщыунэхуауэ щыта лIыхъужьыщIэхэри. Къэнэжар МывэтIалэрэ Рамзесрэ я хъыбарт. А тIурат дунеижьыр зейр, удзхэр щIэгъагъэр, жьыр къыщIепщэр, дыгъэр къыщIыкъуэкIыр, гъащIэр зи гъащIэр.

ГъащIэр къэувыIэркъым, укIэлъыпхъуэми – улъэIэсыркъым, укIэлъыжэми – улъэщIыхьэркъым. Мажэ, щIысхь, гущIэгъу жыхуаIэр имыщIэу, пщыи пщылIи зэхэгъэж имыщIу, тхъугъэр тыгъэу иугуэшу.

МывэтIалэ и плIэми къытегъуэлъхьащ гъащIэм и хьэлъэр. Дунеижьыр хуэIыгъыну къэзыгъэгугъэу щыта и плIабгъуэшхуэр хьэлъэ гуэрым иришэх хуэдэщ, жьакIэ иутIыпщами тхъугъэ хидзащ. Зауэм щигъуэтауэ щыта уIэгъэхэм я ягъэкIэ пщышхуэм и узыншагъэр зэрымыщIагъуэжыр псоми ящIэрт. Лъэрытетми, абы и нэгум къиищырт гъащIэ кIыхь зэримыIэр. А Iуэхугъуэм къыкъуэгушхукIырт МывэтIалэ и къуэ закъуэ ТIэшубрэ абы и анэ Шэтэндурэ.

Шэтэнду МывэтӀалэ и щтэращтэу, и щӀасэ фызу арат. Абы къыхэкӀкӀэ, Гуащэлей пщышхуэм къуэ къыхуилъхуфатэмэ, ТӀэшуб зэи къылъысынутэкъым пащтыхьыгъуэр. Ауэ тхьэхэм кърапэсар арати, хьэтыпщыр дунейм ехыжа нэужь, къэралыгъуэр ТӀэшуб къыхуэнэнут. ХабзэжьымкӀэ, Хьэтусилэ хуиттэкъым пащтыхьыгъуэм щӀэбэныну. Сыту жыпӀэмэ, пщым къуэш нэхъыщӀэ иӀэми, тетыгъуэр зылъысыр пщым и къуэрат. Къуэ имыӀэрэ – и малъхъэ нэхъыжьым.

ЩыӀэщ быныр адэм щыхуэфащэ, къэзылъхуам и щхьэр лъагэу щригъэӀэт. Ауэ щыӀэщ бын мыхъумыщӀэм уи щхьэр щыщӀыуигъэхьэ, узэрыщыгугъауэ къызэрыщӀэмыкӀам утеукӀытыхьу зыкъыпхуэмыужьыжу, цӀыхум хуиту уащыӀумыплъэф. Апхуэдэу къыщӀэкӀат Хьэт къэралыгъуэм и пщы уардэм и къуэ закъуэри. АдэфӀ къуэфӀ хуэщкъым, жыхуаӀэрат. МывэтӀалэ къигъэщӀам ириплъэжырти, къыгурыӀуэртэкъым щыкъуэншар, и быным щытеплъэкъукӀар, гъэсэныгъэфӀ хилъхьэну щыхунэмыса лъэхъэнэр. ГъэсакӀуэм, егъэджакӀуэм я нэхъыфӀыр къыхуигъуэтат, шым я нэхъ жэрыр тыгъэ хуищӀат, пщым гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ иригъэкӀуэкӀ цӀыхугъашхэхэм мызэ-мытӀэу здишат. Езы МывэтӀалэ зыщӀапӀыкӀамрэ хьэл-щэн къыхалъхьамрэ и къуэм бгъэдилъхьэжыну хэтт, ауэ зэрыхуей хуэхъуртэкъым.

ТӀэшуб зыри къыфӀэмыӀуэху хуэдэт. Абы фӀэгъэщӀэгъуэнтэкъым джэгухэр, зэпеуэхэр, тхьэлъэӀу дауэдапщэхэр. Акъмыкъщ, хужыпӀэнуи уи жьэ къекӀуэртэкъым. Нэхъыбэу щхьэхынэу арат, ауэ щыкӀагъэнут икӀи. Гуащэлей зэрыжиӀэмкӀэ, и анэм хуэмыгъэсауэ аращ щӀалэр. «Сабийр тхьэвым хуэдэщ, къыхэпщӀыкӀыращ къыхэкӀыр», – жиӀэрейт гуащэм, пщыкъуэр зэрымыхъумыщӀэм щытепсэлъыхькӀэ. Ар Шэтэнду имыдэу къилъырти, гуащэм къыфӀэнэну зищӀырт. Ауэ Гуащэлей и щхьэгъусэм хуэбзэӀэфӀ, хуэщабэ щхьэкӀэ, егъэлеяуэ гуащэ ткӀийти, и тӀуанэр и пӀэ иригъэувэжырт.

МывэтӀалэ куэдрэ егупсысырт и къуэм, абы и щытыкӀэм хигъаплъэрт. Шордакъым иувэрти, щӀэплъыпӀэм и нэр тедияуэ, гупсысэу щыст, уафэ джабэр, мафӀэ къыщӀэнам хуэдэу, дыгъэ къухьэжым къигъэплъу, щӀыху-фӀыцӀафэ къыщӀэлъэдэжу, вагъуэ зэщӀэпщӀыпщӀэхэр кърипхъэху. Жэщым къыкъуэу хьэуа щӀыӀэтыӀэм мащӀэу къиса нэужь, пщыжьым зыкъищӀэжу арат.

ЛӀэныгъэм нэхърэ нэхъ шынагъуэрэ нэхъ хьэлъэрэ щыӀэкъым. ФӀыуэ плъагъу гуэр пӀэщӀэкӀамэ, дунеижьыр къызэхэкъутауэ, ихъуреягъкӀэ цӀыхупсэ щумыгъуэтыжу, уэри зыри къыпхуэмыныкъуэу, хьэдэджадэу укъэнауэ, дыгъэм укъимыгъэхуабэу, уи нэми нэху имылъагъужу къыпщохъу. Абы нэхъ Ӏей сыт щыӀэ?! Ауэ МывэтӀалэ фӀыуэ ищӀэрт лӀэныгъэм нэхърэ нэхъ шынагъуэ зэрыщыӀэр... И адэжьхэм зэгуэр къащта хабзэр зэрихъуэкӀыжыфынутэкъым пщым. Пащтыхьыгъуэр Хьэтусилэ къыхуигъэнэну яужь ихьатэмэ, абы хэку зауэ кърикӀуэнкӀэ хъунут, цӀыхухэм зыкъаӀэтынут, уеблэмэ къилъхуа и быныр джатэ къихакӀэ къыпэщӀэувэжынут. Хэти ирехъу, езы пщыжьырауи къащтэ, зыри хуиттэкъым пщы унагъуэм щыщым и хуитыныгъэр къызэпиудыну. Арауэ къыщӀэкӀынут ТӀэшуби къызыкъуэгушхукӀыр – хабзэр и лъэныкъуэти.

ПцӀыр сыткӀэ щхьэпэ – МывэтӀалэ гурэ псэкӀэ хуэарэзыт и къуэш нэхъыщӀэм, къэралыгъуэр абы и пщэ дилъхьэмэ фӀэфӀт.

МывэтIалэ куэд щIауэ ириджэжыртэкъым Гуащэлеи мыдрей и щтэращтэхэри. Зыри илъагъуну хуейтэкъым. Пщыр зэгупсысыр, зыгъэнэщхъейр, и гум къеуэр къыхуэмыщIэу, гуащэри гугъу ехьырт. СыткIэ ищIэнт абы дунеижьыр зыгъэгыз, къэралыгъуэр илъэс пщыкIущ хъуауэ зезыгъакIуэ пащтыхь уардэр унагъуэ Iуэхум, къуэм и гупсысэм къызэрыхигъащIэр.

– ФыIукIуэтыт псынщIэу! Тхьэхэр си щыхьэткъэ, фи щхьэхэр пызмыгъэлъэтым! – МывэтIалэ гупсысэ мышыухэм къыхашыжу, къэIуащ Гуащэлей и макъыр.

– КъыщIэвгъэхьэ, – джащ пщыр.

– Сыт къэхъуар, МывэтIалэ, щхьэ зыщIэбубыдэжа уи лэгъунэм? Зыри къызгурымыIуэжу сыкъэнащ. Махуэу сыкъокIуэри – сыкъыщIагъэхьэркъым, жэщу сыкъокIуэри – хъуркъым... Сыт уи лажьэр? – и щхьэц фIыцIэ Iувыр ириупщIэкIыу къыщIэлъэдащ гуащэр.

МывэтIалэ абы жэуап иритыну къехьэлъэкI хуэдэ, нэщхъейнэщхъейуэ хуеплъэкIри, щIым щылъ щхьэнтэм зыхигъэщэтащ, шордакъымкIэ и щхьэр гъэзауэ, псэлъэну гукъыдэж зэримыIэр и нэгум кърихыу.

– МывэтIалэ! СынолъэIу... Уи лажьэр къызжеIэ! – и нэпсыр къыщIэуващ, и жьэпкъыпэр пыкIэзызыхьу, пщым и пащхьэ итIысхьащ Гуащэлей. – Сыт иIысми, зыгуэрым уи кIуэцIыр кърсыкI, уигъэбауэркъым, уигъэжейркъым, уигъэпсэуркъым. СыныпкIэлъыплъурэ уезгъэхьыфынукъым а гурыгъузым. СынолъэIу, къызжеIэ...



– ПщIэрэ, гуащэ, сыту хьэлъэ уи гугъэ къэбгъэщIа гъащIэм мыхьэнэ лъэпкъ имыIауэ къызэрыщIэкIыжар къыбгурыIуэну, – хэщэтыкIащ пщы нэщхъейр.

– Сыт зи гугъу пщIыр? – къэуIэбжьащ щхьэгъусэр.

– Сэ сызэрыцIыкIурэ сызыщIапIыкIари сызыхуагъэхьэзырари къэралыгъуэр зэрызесхьэн Iуэхурат. Си адэм дзыхь къысхуищIа къалэныр фIы и фIыжкIэ зэрызгъэзэщIэнум яужь ситащ. Иджы и чэзу къэсащ сэри си къуэм а къалэныр Iэрызгъэхьэжыну. Ауэ быдэу сощIэ ТIэшуб а Iуэхум зэрыпэмылъэщынур, къэралыр зэрыхигъэкIуэдэжынур. Си щхьэм дзыхь зэрыхуэсщIыжым хуэдэу си гур зыхуэгъэтIылъар Хьэтусилэщи, тетыгъуэр абы къыхуэзгъэнэну сыхуиткъым. Уэ езым уощIэ, сыт нэхъри нэхъапэщ къэралыгъуэр, мамырыгъэр. Аращи, сщIэркъым сщIэнур, – къыщитхъащ пщыр.

– МывэтIалэ, тхьэхэм укъытхуахъумэ, куэдрэ утхуигъэпсэу!..

– Къэхъуну псор зыми ищIэркъым, Гуащэлей. Нэху сыкъемыкIмэщэ? Иджыпсту семыгупсысмэ, дапщэщ сыщегупсысынур?

– АтIэ, къащти, хабзэр зэхъуэкIыж! Уэ пхуэдэ пащтыхьщ ари къыхэзылъхьауэ щытар. Хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэплъхьэну ухуимыту щхьэ къэплъытэрэ? Уэращ пщыр, уэращ ди дыгъэр, ди нэхур. КъытхуэпщIыр псоми ди зэхуэдэ унафэщ, зиусхьэн. Къебгъэжьэр – хабзэщ.

– Абыи сегупсысащ. Ауэ ТIэшуб зыкъиIэтмэ-щэ?! Ар нэхъ Iеижщ. Къызыщыгъэхъут зэадэзэкъуэр зэпэщIэувэжауэ дунеижьым щагъэхъыбару, – и щхьэр егъэкIэрахъуэ МывэтIалэ.

– МывэтIалэ, си дуней нэху. Уэрэ сэрэ зы псом дринынкъуэ-нықъуэщ. Уи гукъеуэр си гукъеуэщ, уи гурыфIыгъуэр си гурыфIыгъуэщ. Махуэр жэщщ жыпIэмэ, пэжщ. Сытым дежи жыпIэр бдыжысIэнущ. Ауэ си гум схутегъахуэркъым гукъеуэм узэришхым сеплъу сыщысыну.

Пщызэхуэс зэхэши, унафэ фщIы, хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэ. Си гугъэщ къыбдаIыгъыну. Хьэтусилэ псоми фIыуэ ялъагъу, дзыхь хуащI. ДзэлIхэм ящIэж абы зауэм щигъэхъауэ щыта лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Си щхьэкIэ, сэри Хьэтусилэ си гур нэхъ хуэгъэтIылъащ.

МывэтIалэ абы зыри пимыдзыжу, щхьэгъубжэмкIэ плъэуэ, тэлайкIэ гупсыса нэужь, жиIащ:

– Пэжщ. Хасэр зэхэсшэнщи, унафэ тщIынщ. ТIэшуби щIыналъэ гъунэгъу гуэр хухэхауэ, абы и унафэщIу утIыпщын хуейщ, и ныбжь нэсагъэххэщ. Си лъэр щIиудащ мы Iуэхум, гуащэ. Зэи си гугъэнтэкъым апхуэдэу къаруушэу цIыхум сыкъалъагъуну, гукъеуэ къызжьэдэкIыу зыгуэрым сызэхихыну. ТхьэлъэIур зэфIэкIмэ, зэхэсшэнщ хасэр, – и щхьэр ирехьэкI пщышхуэм.

Гуащэлей абы нэхъри бгъэдэкIуатэри зришэкIащ, зыри жимыIэу... ЦIыхур цIыху хуэныкъуэщ, дэщымыну, дэнэщхъеину, дэщысыну. Апхуэдэ щытыкIэт МывэтIалэ зэрытри, Гуащэлей ар фIыуэ къыгурыIуэрт. Гъэвын, зыщIэгъэкIын хуей Iуэхут апхуэдэр.

Пщым хуэфэщэн къуэ тхьэхэм къраМытами, щхьэгъусэфIкIэ къыхуэупсат. Гу къабзэ-псэ къабзэу къыбгъэдэтт ар. Щхьэж хуэфащэ и щауэгъущ, жаIэ. МывэтIалэ къилэжьырт апхуэдэ пэжыныгъэр.

Шэтэнду и Iуэтэжыгъуэр зэгуэр къызэрысынур фIыуэ ищIэрти, зиущэхуауэ ежьэрт. ЦIыхубз бзаджэм и гум щыщIэ псори фIыуэ къызыгурыIуэ Гуащэлей пэплъэрт щтэращтэм и блафэр щызытридзынум. Гуащэр илъэс куэд щIауэ хьэрэмым и унафэщIт, щыгъуазэт хэт сыт ищIысми, хэт сыт хузэфIэкIынуми. Дауэ имыщIми, Шэтэнду и къуэм тетыгъуэр къызэрыхуизэунур къыгурыIуэрт пщым и щхьэгъусэ нэхъыщхьэм. Гуащэлей фыз псалъэмакъхэмрэ хьэрэмым къыщекIуэкI зэгурымыIуэныгъэхэмрэ пщым деж нигъэсыжыртэкъым, армырми зэгупсысынрэ илэжьынрэ и куэдщ абы, жиIэурэ. КъищынэмыщIауэ, гуащэр хуитт езым и щхьэ, и унафэ теухуауэ къуаншагъэ зыIэщIэкIахэр жэуапым иришэлIэну, нэхъ тэмэму къилъытэ тезырыр трилъхьэну, уеблэмэ и щхьэгъусэм щIыгъуу къэрал унафэ ищIыну. Ауэ гуащэр Шэтэнду мащIэу щышынэрт. И тIуанэр тажнанэ хъумэ, Гуащэлей жьышхуэ къыхукъуэунут.Аращи, къэралыгъуэр Хьэтусилэ къыхуэнэмэ нэхъ и фейдэт абы, ТIэшуб пщыгъуэр къылъыс нэхърэ.

– Псатхьэ, ди пщыр куэдрэ тхуэгъэпсэу! МывэтIалэ тщхьэщымытыжрэ, ТIэшуб и анэ Шэтэнду гуащэ хъумэ, дыIэщIэмыкIуэдэжыну узиIэ. И къуэр балигъыпIэ иуващи, а псэжьым и жьэри джатэ хъуащ. Абы къызэпхигъэIукIхэр зэхэпхакъэ, Сумирэ? – Гуащэлей и кIэзехьэр[1] езы гуащэм хуэдэу къашкъэ лъэпкъым щыщти, сытри дзыхь хуищIырт.

– Нышэдибэ пырхъуэм дыщызэрихьэлIам щыгъуэ, и зыщIыкIэм сыкъигъэуIэбжьащ. НэхъапэIуэм апхуэдэу щытакъым ар. ЗэпIэзэрыту, цIыхубз Iущу, щэхуу фэ есплъырти... – и макъым зримыгъэIэту, щабэу къэпсэлъащ хъыджэбз нэхутхьэху теплъафIэр, и напщIэр хишурэ.

– Зыми тцIыхуркъым ар. Къаплъи къэдаIуэ, абы иджыри зыкъигъэлъэгъуэнущ. ДяпэкIэщ псори, – и кIэзехьэр къызэпиудащ гуащэм. – Ар Амырейм япщ теплъаджэращ зи лъэпкъэгъур. Си щхьэкIэ, Вындэшынэ дзыхь хуэсщIыщэркъым. Зы мыхъумыщIэ гуэр и гум зэрилъыр IупщIщ. Абы хуэдэпсщ Шэтэндуи. Зэрылъэпкъыу апхуэдэщ ахэр.

– Зиусхьэныр щыгъуазэ абы?

[1] КIэзехьэ – пщы гуащэм и дэIэпыкъуэгъу къулыкъур зыгъэзащIэ цIыхубз, езыр лъэкIыныгъэ зиIэ унагъуэм къыхэкIауэ. /Придворная особа.

– Дауи, МывэтIалэ имыщIэу жыгым зы тхьэмпи къыпыхуркъым. И бейгуэлхэми мыхъумыщIэ гуэр зэрахэтыр къыгуроIуэ.Аращ Мысырым щезэуэнум щыгъуэ, цIыху лей емычэнджэщу, МывэтIалэрэ Хьэтусилэрэ я закъуэ унафэ щIащIар. Ар хэтми къахутакъым иджыри. ИщIэнур ищIэри, бийм зиущэхужащ. СыткIэ къыпхуэщIэн... Ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, Вындэшынэщ бзэгузехьэр. Си гум сыкърехуэкI... НэгъуэщI зыри тегушхуэнукъым, – Гуащэлей зэрыIэмалыншэм щхьэкIэ къытехьауэ, и лъапэ лъэныкъуэр тригъауэрт.

– Сыт и фейдэ абы ди пщым къепцIыжкIэ, гуащэ? КъызгурыIуэркъым.

– Мис аращ абы хэлъри – фейдэ! ТIэшуб тетыгъуэр къылъысмэ, хэт дзыхь нэхъ зыхуищIу игъэблэгъэнур, чэнджэщакIуэ нэхъыщхьэ ищIынур? Дауи, и анэш лъэпкъым щыщ гуэрщ, Шэтэнду къызыхэкIа амырейхэрщ. Амырейр Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэхэм ящыщщ. Хьэтхэм япэщIэувэн хуей хъурэ дэIэпыкъуэгъу къилъыхъуэу Iэбэмэ, Мысырыр сытым дежи игъуэтынущ. ЗэрытщIэщи, Амырейр зэгуэр Мысырым щыщу щытащ. Сыт Рамзес бзэгу щIыхуимыхьынури, къыщIимыгъэгугъэнури? – псори зэхуигъэхъуат гуащэм.

– Ахэр утыку къиплъхьэн щхьэкIэ щыхьэт ухуейщ, гуащэ!.. Щэхуу, блынхэри мэдаIуэ... ФIы кърикIуэнкъым, – щтэIэщтаблэу зиплъыхьащ Сумирэ.



Гуащэлей къыбгъэдэт Iэнэ лъахъшэ цIыкIум гъуаплъэ тепщэч пIащIэшхуэм илъу тет пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ щыIэбэм, Сумирэ псынщIэу тепщэчыр къиIэтри, гуащэм къыхуишияц. Гуащэм жызум Iэрамэр къищтэри, къыпишхыкIыурэ и гупсысэхэм пищэжащ:

– Блэр и гъуэмбым езыр-езыру къимыпщмэ, къипшын хуейщ, зищIысыр къэпщIэн щхьэкIэ, – и нэр ихузу, теплъызыкIыу жиIащ Гуащэлей.

– Тхьэхэм щхьэкIэ, си гуащэ, сакъ! Шэтэнду зэрыжыпIэм хуэдэу цIыху бзаджэмэ, игу къэкIыну псор пщIэнукъым, – нэхъ щэхужу Iущэщащ кIэзехьэр.

– Деплъынкъэ... – и щхьэ хужиIэж хуэдэ, еплъэкIащ гуащэр.

Гъэ къэс, гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ, пащтыхьым и унагъуэр щIыгъуу ежьэрти, мазэм и кIуэцIкIэ тхьэлъэIушхуэ ищIу, цIыхугъашхэхэр къызэригъэпэщу, и къэралыгъуэр къызэхикIухьырт. Хьэтхэр я пащтыхьым «Дыгъэ нэхукIэ» еджэрт, тхьэпэлъытэу щIылъэм къахуехауэ къащыхъурти, фIыуэ къалъагъурт. Абы и щыхьэту, унэIутми, бейгуэлми, мэкъумэшыщIэми, щхьэж игу къыбгъэдэкIыр пщым и лъапэм деж къигъэтIылъырт, езы пщышхуэми фэилъхьэгъуэхэр, Iэщэ-фащэхэр, ерыскъыпхъэхэр иту, тхьэхэм я цIэкIэ Iэщхэр иукIрэ цIыхухэр игъэгуфIэу, къэралыгъуэм и къуэкIыпIэм къыщыщIидзэрэ, къухьэпIэм щиухыжу, къызэхикIухьырт. Дыгъэр къызэрекIуэкIым хуэдэу. Апхуэдэ хабзэмкIэ пащтыхьым тхьэхэм пщIэ зэрахуищIыр, ахэр зэрилъытэр игъэлъагъуэрт, къищынэмыщIауэ, пщыр къэралым и дин лэжьакIуэхэм я пашэт, хеящIэ нэхъыщхьэти, и къалэнхэм хиубыдэрт ар. Абы и за-

къуэкъым – апхуэдэ щIыкIэкIэ пащтыхьым игъэлъагъуэ хуэдэт и къару зэрилъыр, и цIыхухэм гулъытэ зэрахуищIыр, къэралым и бжьыпэр иджыри зэриIыгъыр.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, МывэтIалэ къыщыхъурт мы зи чэзу тхьэлъэIур димыхыфыну, ежьэми, псэууэ къимыгъэзэжыну. Абы къыщыхъурт ажалымэ щIыIэр къыщIихьэу, и щхьэфэцым зригъэIэту, зы шынагъуэ гуэр гъунэгъу къыхуэхъуауэ къыкIэлъикIухьу. Апхуэдиз гупсысэр лъэужьыншэ хъун – пщIыхь мыфэмыц гуэрхэми псэхугъуэ къратыртэкъым. Ауэ, дауэ мыхъуми, къалэныр – къалэнти, бжьыхьэ цIыхугъашхэм зыхуагъэхьэзырырт МывэтIалэрэ Гуащэлейрэ. Апхуэдэ Iуэхугъуэр IэщIыб пщIы хъунутэкъым. Пщыр зауэ е зекIуэ щыIэу цIыхугъашхэр къэблэгъамэ, апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт абыи, дзэр къызэхинэрти, къалащхьэм игъэзэжырт, а Iуэхугъуэр дихын папщIэ. КъищынэмыщIауэ, МывэтIалэ щыгугъырт тхьэхэм ягу дыхьэмэ, хэкIыпIэ къигъуэтынымкIэ ахэр сэбэп къыхуэхъуну, къуаншагъэ ирамыгъэщIэну.

Я гум иралъхьати, МывэтIалэрэ Гуащэлейрэ я мылъку щысхьакъым цIыхугъашхэм папщIэ. Хьэт къэралыгъуэм зэи зы цIыхум щилъэгъуатэкъым икIи щаIуатэу зэхихатэкъым а бжьыхьэм щыIа тхьэлъэIум хуэдэ. Гъуаплъэм, домбеякъым, мывэм ирилажьэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщагъэлъагъуэрт а Iуэхугъуэ телъыджэр – пщышхуэм хьэлэлагъыу къылъыкъуэкIар, и цIыхухэм папщIэ и мылъку зэрыщымысхьар. Ахэр хуейт цIыхубэм фIыщэу ялъагъу пащтыхьымрэ абы и щхьэгъусэ мазэ нэкIумрэ щIэблэм ягу къинэжыну, абыхэм я хъыбар зэи мыкIуэдыжыну.

Пщы унагъуэр Хьэтуссэм къызэрекIуэлIэжу, МывэтIалэ хъыбарегъащIэхэр иутIыпщащ, пщызэхуэс зэрыщыIэр къэралыгъуэм и гъунапкъэхэм лъагъэIэсыну. Пщыр и узыншагъэм къигъэгузавэрти, и иужьрей Iуэхур псынщIэ-псынщIэу зэфIигъэкIмэ нэхъ къищтэрт. Ар гъуэгум здытетам и къуэм иджыри зэ быдэу кIэлъыплъыжати, къэгъази щIегъуэжи хэмылъу мурад ищIат пащтыхьыгъуэр Хьэтусилэ къыхуигъэнэну.

Пщыр и къуэм гущIыIэ зэрыхуэхъуам Шэтэнду гу лъимытапIэ иIэт! Бзылъхугъэр пащтыхьым епсэлъэну тегушхуэри, и лэгъунэм къэкIуащ пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу. Шэтэнду хьэтхэм нэхърэ нэхъ къамылыфэт. И набдзэ IувитIыр хуэпапцIэу дришейрэ, Iупэ пIащэ плъыжьыр мыарэзыуэ зэтрикъузамэ, нэхъри нэхъ бзаджафэ къытеуэрт. Нэхъапэм, бзылъхугъэр нэхъ щыщIалэм, зигъэщIэрэщIауэ, къекIу дыдэу хуэпарэ тхьэгъу хъуреишхуэхэр и тхьэкIумэм илъу, къыу фIыцIэм хуэдэу пщэ кIыхь хъужауэ, щабэрыкIуэу лэгъунэм къыщIэувамэ, МывэтIалэ, зыри хужымыIэжу, бзагуэ хъурт. ЦIыхубзым и нэ удзыфитIыр нэкIу къамылыфэм гъэщIэгъуэн гуэру, джэдуунэм хуэдэу, къытещырти, япэ дыдэу гу зылъыптэр арат. УзыIэпашэу, узыщIашэу, уагъэундэращхъуэу. Уардэунэм и цIыхубз лъэныкъуэм щагъэхъыбарт Шэтэнду уду, щхъухь зэрихьэу.

Шэтэнду и лъэгуажьэр мащIэу зэфIигъауэщ, и щхьэр игъэщхъри, пащтыхьым и пащхьэ къиуващ.

– Сытым укъихьа, Шэтэнду? – иужьрей зэманым нэхъри къаруuншэ хъуа пащтыхьым зыри фIэмыIэфIыж хуэдэ, къыфIэмыIуэхукъыфIэмыIуэхуу къызыIэпигъэхуащ.

– Зиусхьэн, ехьэкI-къехьэкI хэмылъу сынопсэлъэну сыхуейт, – пшапэр зэхэуат, пэшым и хъуреягъкIэ щыпыгъэна шэху уэздыгъэхэм я нэхур Шэтэнду и нэгум тепыIэншэу иджэгухьырт.

– ЖыIэ...

– Сэ сыщыгъуазэщ уи пщыгъуэр Хьэтусилэ зэрыхуэбгъэтIыгъуэм, – и макъым нэхъ пхъашэ зригъэщIу, жиIащ Шэтэнду.

МывэтIалэ къэуIэбжьащ.

– Аращ си унафэр, пэжщ. Абы тежыпIыхьыжын уиIэу ара? – и нэщхъыр зэхиукIащ пщышхуэм.

– Дауэ ар?! Уи быным уи щIыб хуэбгъазэу, и гур ибуду... Уи къуэ закъуэм!

– Си быни си щхьи сыщысхьынукъым сэ, къэрал Iуэхум нэсмэ. Ар къыбгурымыIуэу нобэм укъэсауэ ара, Шэтэнду? – и макъым зригъэIэтащ МывэтIалэ.

– Сыт хуэдэ адэ апхуэдэу зи быным игу изыудыр? СыткIэ къилэжьа? – зэрымыарэзыр имыбзыщIыжыххэу къеплъырт ар пщышхуэм.

– Шэтэнду! Ибогъэлей, – и напщIэр хишащ пщы нащхъуэм.

– Зиусхьэн, сэ сыхэтми сщIэжу, гуащэм уэрэ фхуэфащэ пщIэ фхуэсщIу, сыкъэгъуэгурыкIуащ. ИтIанэми...

– Щыгъэт, жысIакъэ?! Уэри уи къуаншагъэ хэлъщ ТIэшуб пщыкъуэ тэмэм къызэрыхэмыкIам. Сэ си къалэныр арати, къэралыгъуэм мыр нэхъ гъэсакIуэфIщ жыхуаIэу исыр къезгъэувэлIащ. Уэ гъэсэныгъэ хэплъхьэн хуейуэ арат къыплъысри, хэплъхьэфакъым.

– Зиусхьэн! Сэ сыщIыху Iейуэ зэрагъэхъыбарми, мыхъумыщIэ куэд къызэрысхужаIэми, илъэс куэд щIауэ уи лэгъунэ сыкъызэрумыгъэбакъуэми сесэжащ, сшэчащ псори, ауэ сыанэ хуэмыхуу жыпIэу здэнукъым! – Шэтэнду и пIэм къызэрикIым гу лъимытэжурэ къызэщIэнэпат.

– АтIэ, хэт псори зи ягъэр? Сэра? – щIэкIиящ абы пщыр.

– Уэ абы пщыуэщ укъызэрицIыхур, зиусхьэн. Адэ лъагъуныгъэрэ хуабагъэрэ игъэунэхуакъым. Ебгъэлъэгъуакъым... Уи зы щытхъу псалъи зэхихакъым.

– Сыт жыпIэр? Шэтэнду, зыкъэщIэж! – цIыхубзым бгъэдокIуэтапэ пщыр.

– ЦIыхубзыр зыщымысхьыжу, си щхьэ жимыIэу, и жей игъэныкъуэу, и ныбэр нэщIми, къыфIэмыIуэхуу, и сабийм фIэкIа нэхуи плъапIи имыIэу и гъащIэр ехь, анэ хъуа нэужь. Ар и щхьэ хуитыжкъым, зэ лъхуамэ. Мы дунеижьыр тхьэхэм къызэрагъэщIрэ анэфIу зыкъилъытэжу зы ани тетауэ къыщIэкIынкъым. Сыту жыпIэмэ, анэм и быным сыт хуимыщIэми фIэмащIэщи, сыт хуэдэу фIыуэ имылъэгъуами, нэхъ гуащIэжу илъагъуфыну, нэхъ щабэжу хущытыфыну и гугъэщи. Сэри аращ. Си къару къитIасэр сфIэмащIэу, пхуэспIащ уи къуэ закъуэр. ИкIи сэр нэхърэ нэхъыкIэ анэ щымыIэу жаIэу здэнукъым. Уэри жозгъэIэнукъым, зиусхьэн, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, – и макъыр ирешэхыж.

МывэтIалэ абы зыри пимыдзыжыфу, щымт. Иджыри къэс имыцIыхуам хуэдэу, зэпиплъыхьырт и щтэращтэр.

– Сэ си дежкIэ хьэлъэщ ар – сызэрыбгъэкъуаншэр. Уэ къыпфIэмыIуэхуу, си гум щыщIэм уемыгупсысу, апхуэдэ псалъэ гуауэхэр къызэбдз щхьэкIэ, сэ уэ зыкIи узгъэкъуэншэнукъым. КъызгуроIуэ, къэралыр япэ ибогъэщ. Пэжуи пщIэуэ къыщIэкIынущ ар. Ауэ, зэгъащIэ, зиусхьэн, сэ си къуэм и лъэныкъуэщ сIыгъыр, икIи сытми сыхуэхьэзырщ, сытри схуэщIэнущ абы щхьэкIэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уэ бгъэнэхъапэ уи пащтыхьыгъуэр уи къуэшым къыхуэбгъэнэнурэ, хьэдрыхэ уехыжынущ. Си къуэр утыку къибнэнущ. Сэ зыращ абы щIэгъэкъуэну иIэр, сэ зыращ абы хуейуэ мы дунеижьым тетри, бжызоIэ – фIырыфIкIэ сутIыпщынукъым ТIэшуб къылъыс тетыгъуэр! – и щхьэр лъагэу иIэтащ цIыхубзым.

МывэтIалэ къызэкIуэкIащ, ар щызэхихым. ЗэшэзэпIэу иукIынрэ щыдыхьэшхыу щIихужынрэ ищIэртэкъым. Алъандэрэ жыIэдаIуэу, Iэщабэ-Iущабэу, бзылъхугъэ гурыхьу зыIуплъэу щыта и жэщгъуэлъыр хьэщхьэвылъэ шынагъуэу къыщIидзыжауэ къыщыхъурт.

– Апхуэдизу укъызыкъуэгушхукIымрэ узыщыгугъымрэщ сэ къысхуэмыщIэр, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ МывэтIалэ, абы и щытыкIэр игъэщIагъуэу.

– Сэ сыанэщ. Си сабийм сыкъыщхьэщыжу аркъудейщ.

– Куэдщ жыпIар, цIыхубз. ЩIэкI! – и щхьэр иIэтри, шордакъым техьащ МывэтIалэ.



Шэтэнду щхьэщэ ищIри, щIэкIыжащ.

ЦIыхуфIу, захуэу, хьэлэлу, пащтыхь Iущу псэуа МывэтIалэ и гъащIэр и кIэм щынэсым и дунейр зэрызэхэзэрыхьам щыхьэт хуэхъуа мазэр пщым, къыдэнэщхъей хуэдэ, къыхуеплъыхырт. Ар щыгъуазэт МывэтIалэ и гум щыщIэми, хужымыIэми, зыхущIегъуэжми. Пэжщ, и къуэм пщыкъуэ нэс къызэрыхэмыкIамкIэ езым зигъэкъуэншэжырт. Куэдрэ, куэдрэ егупсысырт абы. Ауэ къыхудэшейртэкъым, игъэзэкIуэжынуIами, къыщыщIидзэнур къыхуэщIэртэкъым. И къуэ закъуэм и сабиигъуэм зэрытеплъэкъукIам ар хущIегъуэжырт, теукIытыхьыжырт, и гум зишхыхьыжырт. Нэхъыбэрэ къуэм игъусамэ, епсэлъамэ, зекIуэхэм здришажьэурэ зауэ Iуэхум хуигъэхьэзырамэ, нобэ зыхэт мафIэсым хэмыувэнкIи хъунт. Пэжщ, хэплъэгъуэт МывэтIалэ и Iуэхур. Ауэ абыкIэ зыри хуэгъэкъуэншэнутэкъым, езырат зи щыуагъэри. Апхуэдэурэщ цIыхум щапхъэу къахь, псори зыдэплъей цIыхухэр я быным зэрытеплъэкъукIыр. Аращ адэфI къуэфI щIыхуэмыщыр. А зэрыфIым нэхърэ нэхъыфIыжу щытыну яужь йохьэри, нэхъыщхьэ дыдэр, гу лъамытауэ, яIэщIокI.

Хэтыт-тIэ МывэтIалэ иджы игъэкъуэншэнур? Тезыр зытрилъхьэнур?

Мы дунеижьыр къызэрехьэжьауэ хуэмыгъэсабырыжым хуэдэу, МывэтIалэ и гупсысэхэм хэзэрыхьыжат. Пщым и тхьэкIумэр къэвууащ, и Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту ундэрэбжьащ, и Iи, и лъакъуи къемыдэIуэж хъури, къызэфIэщэтащ...

Пщызэхуэсым къраджахэр апхуэдэ хьэдагъэшхуэм кърихьэлIащ.

ЛIэщIыгъуэжьхэм къызэранэкIа хабзэм тету, пщэдджыжьым ягъэсыжащ МывэтIалэ и хьэдэр. ЕтIуанэ махуэм, нэху зэрыщу, бзылъхугъэхэр хьэдэгъэс щIыпIэм щызэхуэсащ, пщышхуэм и къупщхьэхэр зэхуахьэсыжыну. Зы жэщ-махуэкIэ мыужьыхыжу щыта мафIэм иджыри Iугъуэ мащIэ къыхихурт. МывэтIалэ зэрысымаджэр ищIэми, зэшэзэпIэу къытехуэу яхэкIыжыну игугъатэкъым Гуащэлей. ТIэкIу сымэджамэ, пIэрыхэнэу щытамэ, нэхъ есэжыну хъунт и щхьэгъусэр мыгувэу зэрыIэщIэкIыну гупсысэм. Гуащэм зиIыгъыну хэтт, ауэ кIуэцIкIэ гуIэрт, ныкъуакъуэрти, къызэфIэщэтэным зымащIэ иIэжу, ерагъыу зиIыгъыу арат. Игъэлъагъуэ хъунутэкъым и лъэр зэрыщIэхуар, къаруушнэ зэрыхъуар. Шэтэнду абы иригуфIэну мыхъумэ, зыкIи и жагъуэ хъунутэкъым. Армырми, и IутIыж махуэт абы.

Бзылъхугъэхэм мафIэр ягъэункIыфIащ, махъсымэ кхъуэщынипщI, санэплъ кхъуэщынипщI, псы кхъуэщынипщI тракIэри. Абы иужькIэ дыжьын пэрыIэбэкIэ дэпым къыхащыпыкIыжащ къупщхьэлъапщхьэ исар. ИужькIэ утыку кърахьащ дыжьын кхъуэщын куу, дагъэ къабзэ иту. Гуащэлей и нэпсыр хуэубыдакъым и щхьэгъусэм и хьэдэ къупщхьэхэр а дагъэм халъхьэу щилъагъум. Къупщхьэхэр дагъэм къыхахыжщ, хъыдан къабзэм кIуэцIалъхьэри, пщым и щыгъынафI къагъэхьэзырам и гущIыIум тралъхьэжащ. Утыкум кърагъэува телъхьэпIэм телът уейуей жезыгъэIэу щыта пщы лъэрызехьэм къыхэнэжа мащIэр.

Абы ирихьэлIэу унэIутхэм щIакхъуэ пщыкIутI къыIуахьэри, хьэдэгъэс щIыпIэм ихъуреягъкIэ кърагъэтIылъэкIащ, абыхэм я гущIыIуми дэлэн зырыз тралъхьэжащ. Гуащэлей гу лъитакъым пщафIэхэм Iэнэ кIыхьышхуэ къагъэуву, щIакхъуэрэ псырэ куэду къызэрытралъхьэжам, едзэкъэгъуэр къызэрысам. Абы и нэр тедият шэнтым телъ хъыдан зэкIуэцIылъым... И фIэщ хуэгъэхъуртэкъым и дыгъэ нэхум и нэ нащхъуитIым зэи зэрыщIэмыплъэжынур, и Iэ щабэр и нэкIум къызэрыдимылъэжынур, и цIэмкIэ гуапэу къызэремыджэжынур.

Гуащэлей къыщыхъурт и гур МывэтIалэ дэувыIауэ, мылIэ-мыпсэууэ дуней кIыфIым тегъуэщыхьауэ.

Бзылъхугъэхэр мащIэу едзакъэу, щэрыщэ псы тефыхьыжа нэужь, утыкум къихьащ тхьэгурымагъуэ фызыжьыр. Абы и ныбжьыр къыпхуэбжынутэкъым, уеблэмэ езы дыдэми ищIэжыртэкъым. Ауэ, зэрыжиIэмкIэ, пщы зыбжанэм тебжэжакIэт ар, зы тетыгъуэтэкъым, тетыгъуитIтэкъым и нэгу щIэкIар. ЦIыху куэд хьэдрыхэ гъуэгу тригъэувэжат абы, езыр ажалым щыгъупщэжауэ и Iуэху къызэримыхуэурэ. Фызыжьым и тхыр апхуэдизкIэ къыдэшати, иджыпсту джэлэнущ, жыпIэу уигъэгузавэрт, щIивэным хуэдэу, лъэпэрэпэрейт.

Тхьэгурымагъуэм и щхьэц къетхъуха зэщIэблаблэр и лъэгуажьэм къытеуэжу кIыхьти, абы къыхэплъу здэкIуэр зэрилъагъур къыбгурыIуэртэкъым. ЗдэкIуэм и закъуэ?! ЦIыхум игу лъащIэм щигъэпщкIуа нэгъунэ нэплъысырт абы и нэр. Уеблэмэ и нэр зэтепIауи, и щIакъуэ башыжьыр IэщIэмылъуи, псэуфынут фызыжьыр, мы дунеижьыр щIипщытыкIауэ ицIыхурти. «Иужэгъуауэ пIэрэ абы гъащIэр?! Сыт хуэдэ ныбжьым деж упсэун ущрикъур, «куэдщ ар», жыпIэу, хьэд-

рыхэм узэрыхуэхьэзырыр къыщыбгурыIуэр... Хуэхьэзыру пIэрэт абы си МывэтIалэ?» – егупсысырт гуащэр.

Хьэдэ къупщхьэр зытелъым и хъуреягъкIэ тэлайрэ къеуджэкIащ тхьэгурымагъуэр, и IитIыр уафэм дригъэзейрэ, зыгуэрхэр къибжурэ тхьэхэм захуигъазэу. Фызыжьым и къалэныр и кIэм щынэсым ирихьэлIэу, уардэунэм кърахури, цIыхухъухэм танитIрэ мэл пщыкIуийрэ яукIащ, Тхьэдыгъэм и цIэкIэ, лIам и псэм папщIэ. АпщIондэху, нэхъапэIуэкIэ яухуа кхъэлэгъунэм хьэдэ къупщхьэр иралъхьэри, зэбгрыкIыжахэщ.

Гуащэлей и пэшым нэсыжа нэужь и кIэзехьэхэмрэ унэIутхэмрэ щIигъэкIри, ешу Iурихыху гъащ. МахуитI хъуауэ зызымыгъэпсэхуа гуащэр жей куум зэщIиубыдащ...

Пшагъуэ Iув гуэрым хэт хуэдэт гуащэр, здэкIуэри щIэкIуэри къыхуэмыщIэу. Абы ихъуреягъкIэ макъ шынагъуэхэр къыщыIурт. Зэм жьынду къаджэу, зэм джэду пщIэууэ, зэми блэр щIэфиеу, зэми шыр щыщу... Хэтми къыхуэмыщIэу, пшагъуэм иримыгъэлъагъуу, псэущхьэми цIыхуми къыгурымыIуэу, зыгуэр блэцIэфтырт. Гуащэм, щтауэ, зигъэкIэрахъуэрт, къэхъур къыгурымыIуэу. Ауэрэ, пэмыжыжьэу зыгуэр къыпэуващ, шэху уэздыгъэ IэщIэлъу къежьэу къыщыхъуащ абы. Нэхъ гъунэгъу хуэхъумэ – Шэтэнду щыту арат, и нитIыр къилыдыкIыу. Асыхьэту цIыхубз фIыцIэр Гуащэлей къыжьэхэлъэу зыкъыщишэщIым, къуаргъ фIыцIиблу зэпкърыщэщри, бзэхыжащ...



Абы хэту, гуащэр къащтэри, къэушащ. ПщIыхьым къикIыр къыгурымыIуэщами, илъэгъуар зэхуигъэхъужу тэлайкIэ щысащ ар. ИтIанэ къыщылъэтри, щIэжащ. Гуащэр здэкIуэр къызыгурымыIуэ и кIэзехьэхэр абы лъэщIэмыхьэу кIэлъыжэрт. Гуащэлей зыгуэрхэр къиIущэщу, и щхьэ хуэпсэлъэжу, пырхъуэм ирижащ. ТIэшуб игъэщIеикIауэ щысу, Шэтэнду шэнтым тесу къыбгъурысу, зэIущащэу ирихьэлIащ, гуащэм бжэр Iуиуду щыщIэлъадэм.

– Сыт ди пщым епщIар?! – щхьэщылъэдащ ар, зимыгъэхъейуэ щыс и тIуанэм.

– Зи гугъу пщIыр къызгурыIуэркъым, – и нэ удзыфэ пIащитIыр игъэупIэрапIэу къеплъащ абы Шэтэнду.

ТIэшуби и нэщхъыр зэхэлъу къызэфIэтIысхьащ.

– «Пщым епщIар сыт?!» – жысIащ. – ЦIыхубзым зигъэхъеймэ, зридзыну и Iэпэлъапэр шхэрт гуащэм.

– Сыт езбгъэщIэнур?! Пщыр сымаджэти, лIащ, сэ си Iуэхуу сыт абы хэлъыр? – къыгурымыIуэ зещI.

– Сэ сощIэ... Сэ псори сощIэ. Уэращ ар зи ягъэр. МывэтIалэ яужь дыдэ уэращ хуэзар. Пщы лэгъунэм укъыщIэкIыжри, куэд дэмыкIыу лIауэ къагъуэтыжащ. Уэращ зыукIар. Егъэшха хъунщ щхъухь зэхэпщIэхэм ящыщ гуэр, – кIийрт Гуащэлей.

ТIэшуб и щхьэр игъэкIэрахъуэу щыст.

– Куэдщ! Щыгъэт! – хэкъузауэ жиIащ Шэтэнду.

– Сыт «куэдщ» жыхуэпIэр? Пщым е пщы унагъуэм щыщым лей епхауэ, илъ бгъэжауэ, ар зыми къызэрыхуэмыгъур пщыгъупщэжа си

6 Заказ №473

гугъэщ. Жэуапым уесшэлIэнущ, зэгъащIэ. Уи хьэдащхьэ ягъуэтыжынукъым, щIалъхьэжын къыпхэнэжынукъым уэ удым! – и нитIым хъуаскIэр къыщIихырт гуащэм.

– ЖыпIэри умыщIэжу узэкIуэкIа си гугъэщ, – къыщыдыхьэшхащ абы Шэтэнду.

– Къэгъанэ, Шэтэнду. Сэ узмыцIыхумэ, зыми укъицIыхуркъым уэ. СощIэ, пщым фIыуэ укъызэримылъагъум щхьэкIэ узэгуэуду щытащ. Си пIэм уитыну ущIэхъуэпсу нобэм укъэсащ. А псом ищIыIужкIэ, уи къуэм пащтыхьыгъуэр щыIэщIэкIым, зыкъызэкъуэпхри, бгъэлIауэ аращ. Тэдж, сэ сыщыпсалъэкIэ! – зэщIэкIэзызэрт гуащэр.

– Пэжщ, сынохъуапсэрт. Пащтыхьым фIыуэ укъилъагъурти, уэр нэмыщI нэгъуэщI зыми хуейтэкъыми. Угуащэти. Ауэ уэрэ сэрэ зэи зэщхь дыхъунукъым. ПщIэрэ сыт щхьэкIэми? Сэ тажнанэ сыхъуащи! Уэ зэи бгъэунэхунукъым ар зищIысыр, пщым къуэ къыхуэплъхуфакъыми, уи гуащэгъуэр иухащи, – ар къызэфIэувэри, Гуащэлей жьэхэкIуэтащ, игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъыр и нэгум кърихыу, гуфIэу.

– Напэншэ! – жиIэу, Гуащэлей зыкъыщишэщIым, ТIэшуб къыщылъэтащ:

– Гуащэлей! – джэрпэджэжу щIыбымкIэ къыщыIуу. – Мыбдеж сызэрыщIэсым гу лъыпта си гугъэкъым.

Гуащэм зыкъищIэжри, и Iэр ирихьэхыжащ.

– Зыщумыгъэгъупщэ, гуащэ, Iэ зыхуэпIэтыр си тажнанэщ, сэ сыпащтыхьщ нобэ щыщIэдзауэ. Жэуапым ирашэлIэн хуейIами, ар уэращ, – теплъэкIэ и анэм ещхь щIалэщIэр иджы теплъаджэу, гущыкIыгъуэу, бзаджэнаджэу къыщыхъурт Гуащэлей.

– Сыту псынщIэу пщыгъупща уи адэр. Еууей! – и щхьэр игъэсысырт гуащэм.

– Сыт си адэм схуилэжьар, сщымыгъупщэн хуэдэу? Си анэр зэрымыгуащэм щхьэкIэ Iумпэм сызэрищIара сщыгъупщэн хуеяр? Хьэмэрэ сэ илъ сщIэмыт хуэдэ, пащтыхьыгъуэр схуэмыфащэ нэхъей, зи Iуэху хэмылъыххэм иритыну зэрыхэтара? – и нитIыр къижу, зэм гъыным хуэдэу зыкъызэщIищIэрт, зэми пыдыхьэшхыкIыу къэувыжырт щIалэр.

– Уэ уи псалъэкъым ар... Уи анэм жиIауэ зэхэпхахэр жыпIэжу аращ, армыхъумэ пщыкъуэр апхуэдэу псалъэркъым! – пащтыхьыгъуэр къызыхуэнам еплъ, жыхуиIэу зэпиплъыхьащ и пащхьэ къилъэда щIыкIейр.

– Сэ сыпщыкъуэкъым, уэ угуащэкъым, цIыхубз. Сэ сыпщщ, уэ ухэт? – санэплъым чэфынэ ищIам хуэдэу и напIэр къригъэлIыхри, и напщIэр хишащ ТIэшуб.

Гуащэм зэригугъам нэхърэ нэхъ бзаджэу, нэхъ цIыху Iейуэ къыщIэкIат Шэтэнду. ГурыIуэгъуэт иджы ТIэшуб зэщхь хъуари, щIахуэмыгъэсари. И анэм и лъыр текIуауэ къыщIэкIынут. Гуащэлей и щхьэр игъэкIэрахъуэри, зэанэзэкъуэм япидзыжын имыIэу, къыщIэкIыжащ.

Зэанэзэкъуэр къызэхуэнащи:

– Иджы, си къуэ, Хьэтусилэ лъэныкъуэ егъэзын хуейщ. Абы зыри хищIыкIыркъым МывэтIалэ и унафэм. Иджыпсту абы игу хьэрэмагъ илъкъым. Ауэ и щхьэм къищхьэрыуэну псор къыпхуэщIэнукъым...

Чэнджэщэгъу ухуеймэ, къэралыгъуэм лIы Iущ куэд исщ, пэжу къыб-бгъэдэтыну хьэзырыххэу, – арэзыуэ пыгуфIыкIри, и къуэм хуеплъэкIащ Шэтэнду.

– Вындэшынэ дзыхь хуэпщI хъуну? – и Iэр и щIыбым щызэридзэщ, и щхьэр бгъукIэ ирихьэкIри, и нэр ихузу къеплъащ пщыр и анэм.

– Нобэр къыздэсым зэ къызэпцIыжакъым ар. ПщIэи щхьэи щыдимыIэм утыку дыкъринакъым, дяпэкIи къытхуэпэжу къытхуэлэ-жьэну сыщогугъ си щхьэкIэ.

– Си анэшым дзыхь яхуэзмыщIмэ, хэт хуэсщIын! Си адэшыр къыс-хуеиххэкъым. Ирехъу, Вындэшынэ си дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу щры-рет, – Iэнэм тет кхъуэщынымкIэ Iэбащ пщыр, санэплъ кърыгъэхъуэну.

Гуащэлей ищIэрт уардэунэр ибгынэн зэрыхуейр, и тетыгъуэми, и псалъэми, и къаруми бжьыпэикIыгъуэ къызэрыхуэкIуар. Ауэ ап-хуэдэ дыдэу гуащIэу, напэтехыу къыхущIидзын и гугъакъым кIэухыр. БлэкIар, къигъэщIар и нэгу къыщIигъэхьэжурэ, нетIэ напIэзыпIэу кънщыхъуа пырхъуэ кIыхьышхуэм кърикIуэжырт ар, и лъэр илъэфу, хуэм дыдэу.

– Сумирэ, тхьэгурымагъуэ фызыжьыр къысхуэшэ, – жиIэри, и лэгъунэм щIыхьэжащ гуащэр.

ИкIэщIыпIэкIэ къагъэса фызыжьым зимыгъэхъейуэ, и щхьэр ехьэ-хауэ пэшым и кум итт. Гуащэлей абы щышынэрт, и щIыфэр тхытхыу. Арами, и губампIэр зыхуиIуэтэн гуэр хуэныкъуэти, тхьэгурымагъуэм жриIэмэ нэхъ къищтащ.

– Ныжэбэ... Ныжэбэ пщIыхь шынагъуэ си нэгу щIэкIащ, – къыдри-шеящ ерагъыу гуащэм.

– Апхуэдэуи шынагъуэ хъункъым ар, гуащэ. Уигъэшынащи, аращ шынагъуэу къыщIыпщыхъур, – жиIащ тхьэгурымагъуэм, и щхьэр къызэримыIэтым хуэдэу.

– СщIэркъым. Си къарур зэи мыкIуэщIын си гугъэу сыкъэгъуэгурыкIуащ. Иджы си лъэр щIэхуащи, алъандэрэ гу лъыстэну сызыхуэмея гурыщхъуэхэр си ужь къиуваsucc, сыкърахуэкI.

– ЖыIэт плъэгъуар, си гуащэ лъапIэ...

Гуащэлей и пщIыхьыр фызыжьым хуиIуэта нэужьщ тхьэгурыма-гъуэр и нэр къиIэту къыщыщIэплъар.

– Сыт абы къикIыр? – ешауэ, гъащIэр зыфIэмыIэфIыжым хуэдэу хэщэтыкIащ гуащэр.

– ГъащIэм псори зэхуигъэхъужынущ, гуащэ, умыгузавэ. Щхьэж илэжьам пэкIуэжын хьэдрыхи игъуэтыжынущ.

– Ара къипхар си пщIыхьым? – и гур зэрызэщыуар и нэгум къи-щырт цIыхубзым.

– Хьэуэ. Ар щIыжысIэр умыгузавэу, псори зэрыщытым хуэдэу къэбгъанэу, уи пIэ уитIысхьэжын щхьэкIэщ. УмыбампIэ, уили умыш-хыж. Къыпхуагъэлъагъуэгъунапкъэм псалъэмакъыншэу кIуэи щыпсэу. Уэ пхъуищ уиIэщ, зыщумыгъэгъупщэ. Ахэр балигъыпIэ иувами, щхьэж унагъуэ игъуэтыжами, уэ къыпхуэныкъуэщ. Уи пщIыхьым теухуауэ...

Нэрылъагъу пщыхъуащ псори, гуащэ. Пащтыхьышхуэм и лIэкIам пшагъуэ телъщ.

– Сыт абы къикIыр? Сыт къикIыр? КхъыIэ, къызжеIэ! Си гур къэчэнущ абы фIэкIмэ! Къару сиIэжкъым... – зыкъызэщIещIэ гуащэм.

– Зэман дэкIмэ къыбгурыIуэнущ псори, гуащэ. Ауэ тетыгъуэр къызыхуэнахэм зумыпщытмэ уи дежкIэ нэхъыфIщ, фIы щIэпхынукъым абы, – фызыжьым и макъ гъумыр гъуэмб гуэрым къиIукIым хуэдэу шынагъуэт.

– Дауэ сигу тезгъэхуэну ар? Къэралыгъуэр цIыху мыхъумыщIэм къызэрыхуэнар сщIэуэ, дауэ сыпсэуну сызэгуэмыуду?! – и нэзэрыхъэр иIуэту жиIащ гуащэм.

– Пщыгъуэр зыхуагъэфэщам къизэужынущ, гуащэ. Илъэсибл пIалъэщ иIэри. Псори и пIэ изэгъэжынущ, зэхуэхъужынущ. Уэ зэкIэ лъэныкъуэ зегъэз, ухэмыхьэмэ – уитхьэлэнукъым! – жиIэри, гуащэм къыпидзыжынум емыжьэу, щIэкIыжащ тхьэгурымагъуэр.

Пэжщ, Гуащэлей егупсысат Хьэтусилэ зыхуигъазэу пащтыхьым и тетыгъуэр абы къыхуигъэнэну зэрыхуеяр жриIэмэ нэхъыфIу. Ауэ фызыжьым и псалъэхэм яужькIэ къыгурыIуэжащ и къарури, и пщIэри, и тетыгъуэри МывэтIалэ щIыгъуу зэрыбзэхыжар. Къыхуэнэжа гъащIэр, кIыхьми кIэщIми, гъэрыпIэм зэрыщихьынур. Къэралыгъуэ унафэм и Iуэху зэрыхэмылъыжыр хьэкъыу зыпхыкIа бзылъхугъэ пагэм зызэщIикъуэри, къыхуагъэлъэгъуа щIыналъэмкIэ иунэтIащ, хуаухуа уардэунэм, и унэIутхэр щIыгъуу, щыпсэуну. 

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# ГУР МЭУСЭ, ПСЭМ ЗЫХЕЩІЭ

*Илъэсищэрэ 50-рэ и пэкІэ адыгэ куэд Кавказым гъэпцІагъэкІэ ирашащ, ІэщэкІэ ирахуащ. Абыхэм я бынхэм я быныжхэр щопсэу Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Мысырым, Иракым, США-м, Германием, Албанием, Ливием, Суданым, Австралием, Франджым, Канадэм, Болгарием... Сэ мызэ-мытІэу сыщыІащ ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэрал зыбжанэм, зыхэсщІащ абыхэм Совет Союзым, Урысейм, адэжь щІыналъэм хуаІэ лъагъуныгъэм и кууагъыр.*

*1966 гъэм Налшык къыщызэІуахащ «Хэку» хасэр. Абы и гъуэгукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджащ икІи щоджэ Сирием, Иорданием, Тыркум, Югославием щыщ адыгэ ныбжьыщІэхэр. Илъэс къэс ди деж делегацэм хэту е туристу куэд къокІуэ, Долинск щыІэ сабий зыгъэпсэхупІэхэм гъэмахуэм ди лъэпкъэгъу еджакІуэ цІыкІухэр къашэ.*

*Зи усыгъэ фи пащхьэ нобэ нислъхьэхэм я адэжь щІыналъэр зэи ящыгъупщакъым. Ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ къэбэрдей, адыгей, шэрджэс тхакІуэхэм я тхыгъэхэм щыгъуазэщ, езыхэми куэдрэ къалэм къащтэ, я гурыгъу-гурыщІэхэр къаІуэтэн мурадкІэ.*



*Хэкум, адыгэм и тхыдэм хуэгъэзащ Хъунэгу Надия и усэхэр. Ар Амман дэт адыгэ еджапІэм и унафэщІу илъэс 13-кІэ щытащ. Австрием щыпсэуа Шурдым Къундет нэмыцэбзэкІэ тхэрт. Абы усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкІащ.*

*Къалмыкъ Беслъэн Сирием щыщ Хъэнэсир къуажэм къыщыхъуащ, илъэс 40-м щІигъуауэ США-м щопсэу. Беслъэн и усыгъэхэр Америкэм къыщыдэкІ «Адыгэ вагъуэ», «Адыгэ макъ» журналхэм традзащ.*

*АдыгэбзэкІэ матхэ Тыркум щыщ усакІуэ куэд — Тхьэгъэзит Рэфикъ, Абазэ Ибрэхьим, Бабыгу Эргун, Чурейхэ Алийрэ Мухьэрэмрэ, КІэрэф Ялчын, Шыгъэлыгъуэ Мэжид, Лу Джихьэн, ЦІэфІ Сэлвар, Гъунокъуэ ПыкІэ, Уэздэн Мурат, Къущхьэ Догъан, АфэщІыж Іэмин, Инэмыкъуэ Мулид, щамлыхэу Стащхэ Издинрэ Хьэсэнрэ, ТІэш Хьэмид, Къущхьэ Нэдим, Нью-Йорк щыщ Хьэвжокъуэ Маждэ, Берлин дэс Дэгумыкъуэ Орхьэн сымэ.*

*Тхылъ зыбжанэ тыркубзэкІэ къыдагъэкІащ ХьэщІэдэгу Нэрмин, Мерэтыкъуэ Метин, Хьэткъуэ Яшар сымэ. Сирием, Иорданием, Тыркум къикІыжри, Къэбэрдейм къагъэзэжащ ЖыркІагуэхэ Хьисэрэ Фэтихьрэ, ЕхъулІэ Хьэний, Ансыкъуэ Зулфикъар. Игъуэ*

*нэмысу дунейм ехыжахэщ Дыгъужь ФуIэд (Сирие), Шурдым Ахьмэдрэ ЯфIэунэ Абдулрэ (Иордание).*

*Зи гугъу тщIа усакIуэхэм, хамэ уафэ щIагъым щалъхуами, адэжь щIыналъэр я гум илъу псэуащ икIи мэпсэу. Хэкужьым къина адыгэхэм я зэфIэкIым абыхэм я щхьэр лъагэу иргъэлъагъуж, лъэпкъыр къызэрызэтенам дэрэжэгъуэ къарет.*

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

# УДЖЫХЪУ Исам

## ТХЫДЭ ГЪУЭГУАНЭХЭМ Я ДЖЭРПЭДЖЭЖХЭР

Жэщ зекIуэныр къохъу
Къыщыхэхъыжьэ
Си гупсысэ щхьэм къищхьэрыуам.
Сыхешэжри
Зэман блэкIа жыжьэм,
Къобэуэжыр тхыдэм и хьэуар.
Сытехьащ ныжэби
А гъуэгу жыжьэм,
Гъуэгум тхыдэр къытызоджыкIыж.
ЛIэщIыгъуищэ ныбжьхэм
Я лъэужьу,
Зы гъуэгу Iыхьэ пащхьэм щотэджыж:
Мыр си лъахэм
И лъэхъэнэ дыщэщ,
Нартыжь лъапсэм хабзэр щошууей.
Адыгэжь и хабзэр
Хуэхъуу фащэ,
Си лъэпкъышхуэм къыдоплъей дунейр...

Нэгум щIэтщ иджы
НэгъуэщI лъэхъэнэ:
Адэжь хэкум топкIэ къыхэуа
Бийм пэщIэтщ бгырысыр
ЛIэн-къэнэну,
Хуитыныгъэщ лъэпкъыр щIэзэуар.
Губжьым,
Зауэм

Ехьыр псори, ешхыр,
Лей зэрахьэм мывэр къигъэчащ.
Ауэ игъэлъахъшэу и щхьэр,
Лъахэм
Бийм мэскъалкIэ худимычыха...

Гъуэгу ещанэр —
Ар ИстамбылакIуэщ:
Гур зыкъутэ гъуэгум я гъуэгуж, —
Сабий къупщхьэ
Гъуэгум телъщ IэплIакIуэу,
ЛIыжь жьакIэхум и щхьэр егъеиж.
Гъатхэ пщIащэу,
ЩIалэ, пщащэ шырхэр,
Зи къабзагъ, дахагъэр зэнзэныпс
Пщащэхэр ящIащи гъэр
Хьэ щылъхухэм,
Гъыбзэ къэIум, къожэбзэхыр нэпс.
Хы ФIыцIэжьым и толъкъун
Къэджалэм
Къэгъэзэншэу жьэделъафэ КХЪУХЬ.
Зы лъэпкъ псо
Щысхьыншэу ягъэджалъэ,
Зы лъэпкъ псо щIыгушхуэм щракъухь.
Гъунэгъу пэжу
Дызыщыгугъахэм,
Лъым, нэмысым иращIыф сату.
НэжьгъущIыдзэу
Дзэр тхузэрагъэшхыр
Бгъэжь нэпсейхэм, дащIу хэутэн...

Гъуэгу еплIанэрщ.
Нэгум щIокI Апсынэ,
Лъэпкъ Iэщэншэ, гужьгъэжьыншэ лъэпкъ.
ХьэIуцыдзым
Къыщипхъуащи и нэр,
ИщIэркъым щыIэжу гущIэгъу лъэпкъ.
Ауэ пэлъэщакъым
Пэжым мысэр.
Черкесск, Мейкъуапэ, Налшыч —

ЗылI и быну
Лъэпкъыр щызэгъусэм
Гуауэм я нэхъ хьэлъэри пхуошэч...

ЗэщIимыхыу иджыри шы-уанэр,
Лъэпкъым ноби пещэр и гъуэгуанэм.

*Сирие, Хьэлэб*

## МЕРЭТЫКЪУЭ Метин

### СХУИКIКЪЫМ ЖЭЩЫР

Плъэгъуакъэ си псэр зэрыжэщIыр,
Си бзу дахащэ, сызэхэх.
НыпхуэсIуэта си хъыбар кIэщIыр
Тенджызми къуршми щхьэдэхьэх.
УздэкIуэ лъахэм щысхуэIуатэ:
ХамэщIым гуауэр щысхуоятэ.

Щхьэхуитыныгъэ зи Iэпэгъуу
Си бзу дахащэу фIыуэ слъагъур
УизгъэшхыкIакъэ куэдрэ Iэгум,
Ислъхьэну лIыгъэ нэсыр уи гум.
Иджы уэ зырщ иIэжыр гугъэу
Щхьэзакъуэу къанэ закъуэныгъэм.

ЙокIуэкIыр жэщыр, йокIыр махуэр,
Уэ къэбгъэзэжкъым, бзу Iумахуэ.
Ауэ сщыгъупщэркъым уэ псалъэ
Къызэптыгъари, сыныппоплъэ.

Ущежьэм, пщIэжрэ, къызжепIати:
«Къапхъэн гъэпцIакIуэм симыхутэм,
Мы си гум щызу, си нэм щIэзу
Уэ къыпхуисхынщ хъыбар Кавказым...»

СхуэкIуэщIкъым махуэр, схуикIкъым жэщыр, —
Уэ сыныппоплъэ, бзу дахащэ.

## СИ ХЭКУ

Адэжь щIыналъэм и кIэдахъуэм
СыкъыщыкIатэм удз гъэгъауэ,
IэфIыгъэм гъащIэр щыз ищIынт,
Псэхугъуэр си псэм щыхэпщынт.
Адэжь щIыналъэм и къурш щIагъым
Си гъащIэр псыуэ къыщежьатэм,
ГуфIэгъуэ защIэр есхьэхынт,
Къуршыбгъэ лъагэр псым къищынт.

*Голландие, Амстердам*

# КЪАНДУР Зейн

## АР ПЭЖ?

Ар пэж? —
Дунейм ехыжахэм я псэхэр
Къэпсэужрэ, зыми имыщIэу,
Сабий нэ кугъуэхэм я лъащIэр
ЗыгъэпщкIупIэ ящIыжрэ, псэухэу?

Мы ди гъащIэ гъэпцIагъэ дыджым
Си щхьэфэцыр къысфIегъэтэджыр,
Лъынтхуэ къэскIэ, сызэщIикъузэу,
КъысфIыхохьэ шынагъэ узыр...

А гупсысэм и нэщхъеягъуэр
Си Iэпкълъэпкъым хыхьащ техьэгъуэу...
Зэщхьэщимыхуу си акъылыр,
СогъэщIагъуэ сыкъызэрелыр...

КхъыIэ, сынишыж мы гъэрыпIэм,
Мы си гъащIэм и шыгъушыпсыпIэм
Сыхэшыж...
Иджыри кIасэкъым...
Уехыжыну дунейми — пасэкъым.

Щхьэхуимытмэ, гур пхуэмыушэ —
Сэ сожьэжыр, фыщыт узыншэу...

## ПСАЛЪЭ ЩЭХУХЭР

Псалъэ щэхухэм я рифмэ Iущащэхэм
Гум и щэхухэр яхуэхъумэнукъым.
ГугъапIэ гуэри зимыIэж пщащэхэм
Я макъ щэхухэр нэжэгужэнукъым.
Хэт ар зи лажьэр?
ГугъапIэм и нэхухэр
Дзыхь къытхуимыщIу зэщIикъуэжынущ,
Игъэкъуэншэжурэ сыткIи цIыхухэр,
Къырыщхьэ тхъуахэм щхьэдэхыжынущ.
Къуршыщхьэ тхъуахэм я мыл нэ щIыIэхэм
УахуемыплъэкIыт, — ахэр плъэгъуакIэщ.
Рифмэ щэхухэм гу щIыIэ-псэ щIыIэкIэ
СаукIынущ,
Якъутэу мыл дзакIэр...
Къыщхьэдэхынурэ къуршым зы благъуэ,
Къытегъуэлъхьэнущ шынагъуэу
Лъагъуэм...
Ауэ умышынэ,
Пшэ хужьыр — плъагъурэ? —
Ар хуэм-хуэмурэ уэ къыпхуоIэгъуэ...
ТеувапIэ хьэзырщ мо къуршыр —
Пшэ хужьым шэси,
Уихьынущ хьэршым.

## ГУРЫЩIЭ ЗЭIУМЫБЗХЭР

Хэгъэгу жыжьэ... уафэгум щIэуэ
Чэщанэжьхэр щIахъумэр пшагъуэм.
КIэлындор кIыфIхэми цIыху лъагъуэр
ХэкIуэдэжакIэщ Iэджэ щIауэ.

КIэлындор кIыфIым и бжэ хужьхэр
Пасэрей псэхэм зэзэмызэ
Хуэм дыдэу къащIри дамэдазэ,
Къыхукъуоплъыжыр дунеижьым.

ЕгъэпщкIур бжэм си пащтыхьыкъуэр,
Си щауэр — хьэлъэ дыдэу щатэу,

Нэщхъейуэ, гуи къыслъимытэу...
Ар къэзгъэнэнукъым и закъуэу.

Си нэкъыфІэщІи, си нахуапІи
Гухэлъым хузэхэмыхужу,
Къелъыхъуэри зы къуэгъэнапІэ,
Гурылъым зыщегъэпщкІур пэжым.

А пэжым сыІэщІэкІыфыну?..
Сэ сыкъэрабгъэщ... сыщІопхъуэжыр...
Гува-щІэхами, сощІэр, пэжыр
Зэгуэрым къыслъэщІыхьэжынущ...

Къоуэжыр сигу къызгурымыІуэр,
КъызгурыІуэжмэ — хуейщ хэдэни —
ХъуэпсапІэм къыжьэдэскъуэу шхуэІур
Си гухэлъ щэхум къысхуидэну...



СутІыпщыжыпэмэ хъуэпсапІэр,
Къысхуэмынэжу зы гугъапІэ...
Тэмакъым псалъэр схуемыгъэхыу...
Апхуэдэу Тхьэм нэлат зэрихыр?..

Сэ а нэлатым сыкъелыну
Си фІэщи хъужыркъым, итІани,
Зыгуэрым сыкъыгурыІуауэ
СылІэжмэ, сщІынукъым гукъанэ.

*Иордание, Амман*

## ЖАНБЭЧ Исмэхьил

### ІУАЩХЬЭМАХУЭ

*(Хэхэс адыгэхэм я тхьэусыхафэ)*

Уэ Іуащхьэмахуэу, зыхуэдэ щымыІэ, Іуащхьэмахуэ!
Удбгынэныр тхуэхъуакъым адыгэм дэ тхуэмахуэ.
Хэкур хэднауэ, лъэпкъыр щыднауэ дыщикІыжам
Зы къэрал тлъэгъуакъым щІэупщІэну хуейуэ мыр щІэдлэжьам.
Пэжщ жаІэр: насыпыншэм, махъшэм тесми, хьэр къодзакъэ,
Гур зэрыгъум лъэр зэримыхьэжыр насыпыншагъэкъэ!
Унэхъунт дэ дызыхуейри, Тхьэм, мис, къытхуищІащ.

Гум илъым хуэдэщ къыбдэхъунур — зыщIэм жиIащ.
Лей зезыхьэм, хуей-хуэмейми, къылъысынущ езыми лей.
ФIыр зэхэзымыщIыкIым хуэфащэщ сыт щыгъуи Iей.
Уи псым дефауэ, уи хьэлыгъу тшхауэ, зыдгъэнщIауэ,
ЕкIукъым дыхэтын гуэшауэ, бысым хъуэж тщIауэ.
Ноби хэт жиIэн Iуащхьэмахуэ хабзэншауэ?
Зы махуэ дытеплъа, зыдигъэлъэгъуа мыхуэпауэ?
Гъатхэр удзщи — хъупIэщ, щхъуантIэ дахэщ щIыгу быдэр.
ЩIымахуэр къыщыскIэ — уэсщи, хуартэ хужьым щIеубыдэр.
ЕзымкIэ щыхьэтщ Тхьэр къыдэтэнкIэ къимыгъэнауэ лъэкI.
КърикIуэрт гуэным имыхуэжу лIэужьыгъуэу щIыгум къыхэкI.
ЩыщIагъэншэу, щIэчыгъэншэу къыдэташ Iуащхьэмахуэ,
БынымкIэ зэрызэхуар нэрылъагъуу хъуащ нахуэ,
Пэжым дыхуеймэ, дэращ езымкIэ къуэншар,
Анэм и нэпс къежэхырщ дэ дызымыгъэкIуар.
Удгъуэтыжыну тщIэмэ, хэкуу ди Хэку лъапIэ,
Дыхумеижт дыщыпсэуну нэмыщI хапIэ.
Тлъагъункъым, Тхьэм жиIэмэ, адыгэ лъэпкъыу хэкуншэ,
Къэхъуауэ пIэрэ мы дунейм цIыху гугъэншэ?
МащIэным къыдищIар мащIэщ, жиIэу зыми жиIакъым.
Лъэпкъыншэным хэкуншэныр лъэмыж хуэхъуну цIыхум ищIакъым.
Мы тIуращ ди кIуэдыным пашэ хуэхъуауэ япэ итыр,
Гуэшауэ дыщыIэным хуэмейхэми япэщытыр.
Дыгугъэкъым дэ Iэпхъуэным фIыгъэшхуэ хэтхауэ.
Сыт хэтхынт Iум итлъхьэнум псэр уасэ хуэхъуауэ?
ЩыIэжу дэ тщIэркъым дызэрымыхьа хэку къэдгъэнауэ,
Дыхэтщ дунейм и къуапиплIым зырызу дипхъыхьауэ.
Мыхэр ди щIыгуу, ди быну дыхуейщ дэ дыпсэуну,
Адрей лъэпкъхэм хуэдэу, дэри щыIэкIэ диIэну.
Дыхуейщ тщIэ псори, тщIы псори дыдейуэ щытыну.
ЩыIэныгъэмкIи шынагъуэ адыгэм гъунэгъу хуэмыхъуну,
Нэдгъэзэжынщ, ди Iуащхьэмахуэ, нэдгъэзэжыпхъэщ.
Укъызэрытхуейр дощIэри, докIуэлIэжыпхъэщ.
ДынэкIуэжынущ, ди хэку лъапIэми гу щытхуэжынущ.
Адыгэу дыпсэуну, дыпсэлъэну зодгъэзыжынущ.
Деджэнущ, дытхэнущ, гъэсауи дылэжьэнущ.
ГуфIэгъуэкIэ икIэм нэсыху дыббгъэдэсынущ.
Адыгэращ цIыхугъэр хабзэу зытрахар.
Дэращ псоми япэ мыр тхьэрыIуэ зыщIу зыгъэлъэпIар.
Аращи, дощIэ мыщIагъэкIэ тщIар зэрыпцыгъупцэжынур,

НэкӀуэжхэми нэмыплъ къыумыту, ӀэплӀэ зэрепшэкӀынур.
БжетӀэжынущ ди щхьэм кърикӀуахэр, къытщыщӀахэр.
КӀыхьу тӀуэтэжынущ ди гум бэмпӀэгъуэу дэлъахэр.
УдиӀэнщ гукӀэ, щхьэкӀэ, псэкӀэ дынопхауэ,
ДыщыӀэнщ ди щхьэр Ӏэтарэ уафэм щӀэуауэ.
Зэхэпхащ Сирием, Иорданием бырсыру щыхъуар,
Адэ щӀэини лӀыгъэжьри хэдмыну зэрызетхьар,
Ди бжыгъэр мащӀэу, ди Ӏэщэр щыщӀэу дызэрызэуар,
Ди бысымхэм я напэри дэ зэрыттхьэщӀыжар,
Жылэр къутауэ, гугъэр кӀуэдауэ, журтыр къихьауэ.
Зыпхудогъазэ, дегъэзауэ, гъэзапӀэншэ дыхъуауэ.
ЩыӀэкъым, уэр нэмыщӀ, хэкуу дэр щхьэкӀэ зигу ныкъуэн.
Мыр щымыхъукӀэ, дыхуейщ дыхъуну адыгэм дыракъурмэн.
Сыти кърехъу, сыти дрехъу, псэ тхэту дыщыӀэхукӀэ,
Уилъынщ ди гум, дунейр къутэу, щымыӀэж хъухукӀэ,
Уафэр къехуэхыу, щӀыгум техуами зызэддзэкӀынкъым.
Адыгагъэр хэднауэ, нэмыщӀ лъэпкъ дыхъуауэ зодгъэлъагъункъым.

*Иордание, Амман*



## КЪУЩХЬЭ Нэдим

### БГЪЭЖЬ УӀЭГЪЭ

Гъуэгуанэ кӀыхьым щыгъуэмылэншэу,
И щхьэр кӀэрахъуэу зазэу къэнащ,
Зы щӀыпӀэ закъуэу гуауэ зэманым
Къыхухихами сыну къинащ.
Лейу къылъысахэм и псэр яӀуантӀэу,
И щхьэр и лажьэу гуӀэу къэнащ.
Быхъ къыжьдэкӀакъым, сыт хьэлъэ телъми,
Бэшэч хъужауи хьэлъэр идащ.
И щхьэр зэридзэу фэхум къыщинэм,
И бын Ӏэпхъуахэр къыхуеплъэкӀакъым,
Быдзышэ къабзэу зыщӀипӀыкӀахэм
ЩӀыхь хуащӀыжакъым. Зэдэунэхъуащ.
Бгъэжьыр уӀауэ уэхым дэдзащи,
И щхьэр зэридзэурэ бгыщхьэмкӀэ маплъэ.
Щэхуу зиӀуантӀэу ешэч и узхэр,
И гуӀэ макъыр уэгум ихьакъым.
Фэхум ущинэм, хьэӀуцыдз цӀыхухэм
Дау уащыгугърэт? ЗыбгъэпцӀэжащ,

Лъабжьэншэ жыгхэр щымыкI щыхэпсэ
Хъунущ зищI итхэм я хьэку игъасхьэ.
Мывэ хьэжахуэу щхьэлым иущэбхэр,
Дыгъэжьу къепщэм зэрехьэ хуабжьу.
Пшахъуалъэ пщтырхэм я лъэр щIихами,
БэшыIэ хъуахэу банэр яшхащ.
ГъащIэр сыт гъащIэт, махъшэм урещхьу,
Ухьэлъэзехьэу фэху укъинащ.
НэпсIупсу гъащIэр, уштэIэштаблэу
БогъакIуэр, гуауэм укъиухьащ.
Ауэ зы махуи си гур кIуэдакъым:
Мы гъащIэ хьэлъэр кIэ имыIэну
Сэ си лъэпкъ мащIэм къыхуиухакъым.

*Сирие, Хъышней*

## АФЭЩIЫЖ Iэмин

### ЯГЪЭКIУЭДЫР СИ АДЫГЭЩ

*(Уэрэд)*



Бынунагъуэм бзэ илъыжкъым,
Хабзэ хэлъкъым, гу иIэжкъым.
Хабзэ хэлъу гу зиIахэм
Я Iэпкълъэпкъым псэ хэлъыжкъым.

*Ежьу:*
ЯгъэкIуэдыр си адыгэщ,
ЯгъэткIужыр си адыгэщ,
Уэуи, уэуи, ей адыгэщ.

Шыжьым* си бгъэр пхиудащ,
Хьэжьым* си гур къыритхъащ,
Джэдум* си лъыр ирифащ,
ТIыжьым* бжьакъуэр фIигъэнащ.

*Ежьу:*
ЯгъэкIуэдыр си адыгэщ,
ЯгъэткIужыр си адыгэщ,
Уэуи, уэуи, си адыгэщ.

*Тырку, Чорум*

---

* *Шы, хьэ, джэду, тIы* — Тыркум щыIэ партхэм я дамыгъэхэщ.

# БАБЫГУ Эргун

## ЛЪЭIУ

Алыхь лъапIэ,
Сэ зыгуэркIэ сынолъэIу:
— Адэ хэкур зэ
Сымылъагъуу сумыгъалIэ!
Сыгъэлъагъу
Адыгэхэр зэрыпсэур,
Содэ,
ИтIанэ жыхьэнмэм
СешалIэ.
Сэ хамэщI сыкъыщыхъуау
Сыщопсэу,
Сыпхуей щхьэкIэ,
Адыгагъэр сфIолIэ.
ЗырикI си Iэ илъкъым,
Сэ уэ сынолъэIу:
Дунейр щытыху,
Адыгагъэр умыгъалIэ!
Сыдоплъейри — уафэр
Уфауэ къысщохъур,
Сыкъоплъыхыр — псыхэр
Утхъуауэ къысщохъур.
СыщIалэ щхьэкIэ —
Си щхьэцхэр тхъуауэ
Къысщохъур.
Схуэхьыжкъым:
Мы къыстеплъхьар
Сыту хьэлъэ!
Си лъэр щIумых,
Сынэмысыжауэ хэкум.
Си нэр сIыумых,
Сыхэмыплъэжауэ джэгум.
Сэ си къуажэр
ЗыкIэрыта нэкIум
Сытемыхьэжауэ
Си псэр хыумых,
СумыгъалIэ!

## АДЫГЭХЭР ХЭКУМ КЪОКIЫР

ЯунэщIауэIауэ я унэхэр,
Къатеуауэ я дунейхэр,
КъакIэлъоплъ къагъэнахэр —
Адыгэхэр хэкум къокIыр.

ЯмыщIэххэу дэнэ кIуэми,
Я щхьэ сыт къэрикIуэнуми,
ХэкущIэ яухуэну
Адыгэхэр хэкум къокIыр.

Ди хэкур жэнэт къуапэщ,
Ар дэркIэ куэду лъапIэщ,
Я псэхэр абы къранауэ —
Адыгэхэр хэкум къокIыр.

Я гъащIэхэр зауэкIэ кIуауэ,
Я щхьэхэр къыфIэхуауэ,
Я хэкур яIэщIэкIауэ —
Адыгэхэр хэкум къокIыр.



## УПЩIЭ

Мазэм зегъазэ,
Дыгъэм къегъазэ.
ЖыIэ: сыт щыгъуэ
Дэ дгъэзэжыну?

Уэсыр къехуэхмэ,
Псыуэ мэткIужыр.
ЖыIэ: сыт щыгъуэ
ДекIуэлIэжыну?

Хуиту дыпсэууэ
Ди гур имысу,
Кхъэм дынэмысу
Дынэсыжыну?

## ЗЭУАКІУЭ

*Урыс-адыгэ зауэм зи псэр щызытахэм яхузотх*

ПщІэгъуалэм тесу,
Уанэпэм пысу,
ХьэзрэІил бгъэдэсу —
Адыгэ зэуакІуэр
Зауэурэ йокІуэкІыр,
Еуэурэ къокІуэкІыр,
Зэуэр шым йохуэхыр
Адыгэ зэуакІуэр.
Шыр къигъэджэгуу,
Ажалым дэджэгуу,
Зэуэныр фІэджэгуу
Адыгэ зэуакІуэр
Зауэурэ йокІуэкІыр.
Еуэурэ къокІуэкІыр,
Зэуэр шым йохуэхыр
Адыгэ зэуакІуэр.
Шыр псы къыщыхъуу,
ЛІэныр пщІы щыхъуу,
ЛІипщІыр зы щыхъуу,
Адыгэ зэуакІуэр
Зауэурэ йокІуэкІыр,
Еуэурэ къокІуэкІыр,
Зэуэр шым йохуэхыр
Адыгэ зэуакІуэр.

* * *

Адэ Хэкум сынэмысу
Сэ хамэщІым сыщылІэм,
Сыкъэзышам сигу емыбгъэу,
Сызымышэжым сигу ебгъэнщ.

«Сыадыгэщ» жысІэ мыгъуэу
Хамэ жылэм сахэсым,
И бзэ ищІэу и хэку исыж
Адыгэм ягу къыдэбгъэнщ.

*Тырку, Къайсэр*



7 Заказ №473

# ТХЬЭГЪЭЗИТ Рэфикъ

## ДЫКІУЭЖЫНЩ, ДАПЩЭЩМИ, ЗЭ

Игъэбатэу лIыгъэм псэр,
Адэжь зекIуэр дублэжынщ —
ДыкIуэжынщ, дапщэщми, зэ,
Ди хэкужьым дыкIуэжынщ.

Нэхущ вагъуэ нуру блэм
Къытхуэхъуауэ щыблэIуш,
Мыкъэрабгъэу хуиту плъэм
И махуэщIэр къегъэуш.

А махуэщIэм фыдэтэдж,
Фи хьэпшыпхэр зэщIэфкъуэж.
ДиIэжыххэм зы тIэкIу лъэкI,
Ди хэкужьым дывгъэкIуэж.



## ШУ ПЛЪАХЭР НОКІУЭЖ

Бгъэ дамэу, тэдж-тIысу я сокухэр,
Адыгэш къабзэ, шы екIухэр
ХамэщIым щызокIуэ иджыри,
Къалъыхъуэу абы зэрикIынур.
КIыфIыгъэр кIэлъысрэ тепсыхэм
Шыхэм я нитIыр я вагъуэщ.
Адыгэ шу фIыкIэ мыдзыхэм
Емышу я гъуэгугъэлъагъуэщ.
Шууейхэр, зэщIэлъу я уанэр,
Тетщ ноби емышу гъуэгуанэ.
Нэ фыгъуэм щахъумэ я лъахэм
ХуэпIащIэу нокIуэжыр шу плъахэр.

## УЗЫНШЭУ УЩЫТ

Псэр пытыху,
Гупсысэ тIэкIу,
ГугъапIэ тIэкIу —
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху,
Гуапагъэ тIэкIу,
ГуфIэгъуэ тIэкIу –
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху,
ГурыщIэ IэфI,
ЩIыхуфI и нэфI –
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху,
Жьэгу пащхьэ Iугъуэ,
Зы псы Iубыгъуэ –
Гур зыгъэтIыс.

Псэр пытыху,
Адыгагъэ тIэкIу,
Къуэшыгъэ тIэкIу –
Гур зыгъэнэху.



Псэр щыхэкIым,
Зэ Iуплъэжыгъуэ,
Хэку жьы Iубыгъуэ –
Абы и ужькIэ
Узыншэу ущыт.

*Тырку, Мерсин*

## ХЬЭЩIЭДЭГУ Нэрмин

### IУАЩХЬЭМАХУЭ

Гухэлъ пхузиIэр сэ,
Iуащхьэмахуэ,
Уи щхьэщыгу тхъуахэм
Нэхъ йолъэгэкI.
ПщIыхь пхуэзмылъагъуу
ДэкIъым зы махуэ,
Си гур дапщэщи
Уэ ныпхуоплъэкI.

ХамэщI ипхъауэ
ЩыIэ уи бынхэм
Дэ гугъэ гъуазэу
ДиIэр уэращ.
Нэхъ лъапIэу дыбжыр
Дуней насыпхэм
Уи лъапэ дыщIэсыжынырац.
Узмылъагъужу сылIэмэ,
СощIэ, зэтехьэнукъым
Си напIэр, Хэку...
ХуэлIэу уи куэщIым
Сыухмэ си гъащIэр,
Хыумын си кхъащхьэр
Уи ятIэ тIэкIу.

*Тырку, Конья*

## ЧУРЕЙ Алий

### ТХЫДЭ



Си адыгэ нащхъуэ,
Уи нэ нащхъуитIыр
ГъэущхъуэнтIи,
Хы щхъуантIэм хэплъэ.
Хэплъэ-хэплъи,
Хэплъагъуэр къызжеIэ.
Псы щIыIэ дэхуабэу
Ноби хым хэтыр
КъызжеIэ зи нэпсыр.
Гупсысэ-гупсыси,
Си лъэпкъым и тхыдэр
Пэж дыдэу схуэIуатэ.
Темыхуэу и щIыгум,
ЩыкIауэ къикIа?
КIыфIыгъэм щигъауэу,
Гъуэгу мыгъуэ техьа?
Къихьахэм
И лъахэр
ФIаубыду къикIа?
КIэ дэдзэ уи лъэпкъыр?

Къуэладжэ-къуэладжэм
Ар щхьэ дэкъухьа?
Тхьэщыхьэ биижьхэм
Лъэужьыр яутэ.
Къэтэджи, си нащхъуэ,
Уи лъэхъур ихыж.
Ди Хэку дгъэгъэзэжи,
Ди тхыдэр дгъэджыж.
Инжыджи Тэрчыжьи
Я ткIуэпсхэр, быдзышэу,
Ди къуэпсыр гъэкIыж.

* * *

Хы ФIыцIэжьым
Нэпкъыжь фIыцIэ
Iуфэхэр ебзей.
Гугъэ IэфIым,
ПщIыхьэпIэфIу,
Сешэж Къэбэрдейм.
Си пщIыхьэпIэр
Мыхъу нахуапIэ —
Мэужьых дыгъэ бзийр,
ЗэзгъэпцIыжми
Гугъэ нэпцIыр,
Лъы пцIауэ мэдий.
Хы ФIыцIэжьыр
Губжьыпауэ,
Утыкум йолъадэ.
Адэ Хэкум
Сэрэ дякум
Фыгъуэу къыдолъадэ.

*Тырку, Мерзафон*

## ЧУРЕЙ Мухьэрэм

### КХЪУХЬ

ГъущIыр къыхэтчыжынщ хым,
Дызыпэплъэ лъэхъэнэр къэсмэ,
ЦIыхуу тетыр зэкъуэш хъуауэ щIым,
Зы дыгъэ хьэлэлу къыщепсмэ.

Ауэ иджыкIэ сэ сыкIэлъоплъыр,
Мы си гущIэр ену къэзыгъэплъым,
ЗдэкIуэр имыщIэу зы кхъухь,
Щощхьэрыуэ хэхэс псы Iуфэм.
Имыгъуэтыж хуэдэ и щIыхь,
Йосыр хуэмыбзэу, мычэфу.
КIэлъоплъыр зи гур тхьэмыщкIэр,
И нэпсхэр ныщIилъэщIыкIыу.
Лъэгум щымафIэщ уи мыщIыгур,
Дэ тщIэжкъым нэхуи дыкъекIыу...
Ей, ди кхъухь махуэ! Сыт щыгъуэ
Ди адэжь Хэку щубгынар?
Уэ бгъэзэжыни уи гугъэ,
ЖэнэтыщI дыкъыздикIам?

## ФЫЖЕЙ!

Фыжей, си шыр цIыкIухэ, фыжей,
Хьэпшырым хуэдэу фызэхэлъу.
Фэри хэхэс гъащIэм фырейщ,
Гупсысэрщ лIыгъэ зыхэлъыр.

Жей IэфIым фэ тхъу тефхынщ,
ПщащэфI е щIалэфI фыхъунщ.
Пщащэр унагъуэ ихьэнщ,
ЩIалэм щхьэгъусэ иIэнщ...

А псор вгъэхъэхукIи фожей,
Фи лъэпкъ щхьа зывмыгъэхъей:
Адыгагъэми зихъумэжынщ, —
Зы нэрыбги фыхэмыхьэн.

Фыкъэушмэ, фыщIегъуэжынщ.
Аращи, быдэу фыжей,
Фызыхэсхэм фыщIагъэхъае.
КIэрэхъуэнщ фэрыншэу дунейр,
Хамэпсми фимыгъэпскIынщ.

Фыжей, гупсысэныр зи жагъуэр, —
Зи щхьэ куцIым еуахэр пшагъуэ.

Фыжей, си шыр цIыкIухэ, фыжей,
Жагъуэгъухэм фIыщIагъэхъае.

*Тырку, Мерзафон*

## КЪУЩХЬЭ Догъан

### ХЭХЭСЫМ И УЭРЭД

Къурш лъагэшхуэр жыжьэу щытмэ,
Бжьэпэжь цIыкIум къыкъуэмыщ.
Псалъэ пэжыр гум ибгъэлъкIэ,
Мыфэмыцым къыхэмыщ.

Жыжьэу щытщи Iуащхьэмахуэ,
Пшэ фIыцIэжьхэм къакъуэмыщ.
Дигу идгъэлъщи дэ лэжьыгъэр,
Нахуэу, IупщIу къыхэмыщ.

ЖытIэнщ жытIэм дэ пэжыгъэр —
Псалъэр пцIыкIэ тIэпауд.
Тлъагъунщ жытIэм Iуащхьэмахуэ —
Ди гур бзаджэу тхурауд.

ФхуэгъэпщкIункъым хьэIуцыдзхэм
Дыгъэ нурыр пшэ фIыцIэжькIэ,
ВгъэпщкIупауикI къызолъытэ —
Тетхужынкъэ дэ борэнкIэ!

А борэныр зэ къыкъуэумэ,
Кхъуэн и кхъуэцу фызэIищIэнщ.
КъыщIигъэщынщ дыгъэ бзийрикI,
Дунейм хуиту дытеплъэнщ.

*Тырку, Къайсэр*

## КIЭРЭФ Ялчын

### ЛЪЭПКЪЫР ЩЫКIУЭДКIЭ

Си бзэр пывупщIри,
Си нэхэр щыфпхыкIащ.
Пщалъэ фысхуэхъун
НэмыщIхэу щыщыткIэ?!
Сэтэней, жансэтхэр нэмыщIхэм ядокIуэ,

Я адэм, я анэм, я лъэпкъым щыхэкIкIэ,
Шылэмэ* псэуэгъу щахуэхъукIэ,
Сэ сигуми шэч къихьащ.

«Уасэ» жаIэу ди щIалэхэм пэрыуэгъу щахуэхъукIэ,
НэгъэцIу** куэду яIэу нэмыщIым щраткIэ,
Зи дуней дахэгъуэ пщащэр хьэпшып щыхъукIэ,
НэмыщIым яхуэфащэмкIэ дэри жьы дагъашэ.

Ди нэгум щыщIэкIкIэ сэтэней, жансэтхэр,
КъыдэлъэIум хуэдэу жыжьэу къыщыплъэжкIэ,
Мыдрейхэри дыгухэурэ ахэм дадокIуэдхэр,
ГъащIэр дыджи мэхъур, жьыи тхуэмышэжу.

ЛIыхъужь адыгэхэм я пщащэхэр щащэжкIэ,
Лъэпкъ напэр щыIэжкъым, жыр телъщи, мэулъий.
Ябж дыщэ нэпсейхэм, я лъэпкъыр щыкIуэдкIэ,
Похуж и жыг тхьэмпэхэри, ехьыжыр жьы фийм.

*Тырку, Кахраман-Мараш*



## ЛУ Джихьэн

### IУАЩХЬЭМАХУЭ, СЫНОЛЪЭIУ!

Нобэ зэхызох,
Жьгъырууэ уи уэрэдыр,
Уи щхьэ тхъуари
Солъагъу гуапэу,
Си хэку лIакъуэ.
Еруубэ цIыхухэм
ЗэпэIэщIэ дыдэ
ДащIын ялъэкIынкъым —
Уи Iэр къызэт
Закъуэ!
IэплIэ къызэпшэкIыу,
Уи куэщI сигъэтIысхьэ, —
Си хэку IэплIэм
СыщIэбгъыу
ПщIыхьым сыхэтт.

* Шылэмэ – хамэ мыхьэнэ иIэщ.
** НэгъэцIу – ахъшэ.

Илъэсыбэ хъуауэ
ПхуэсIэтауэ си щхьэ,
Сомэх —
Уи псынэпс
Зэ къызэт!

## ЖЭНЭТ НЭПЦІ

Адэ хэкум уи куэщI дисти,
Гугъэ делэм дыхурашэжьащ.
Хамэ хэкур анэнэпIэс уэсти,
Ди гугъахэр тфIыхэкIуэдэжащ.

Жэнэт тфIэщIу, дыкъэкIуати Тыркум,
Хэхэс гъащIэщ къыдапэсыфар.
Iуащхьэмахуэ, дызщыхута хэкум
Iумпэмагъ
Iубыгъуэщ дэ щитфар.

Нобэ долъагъу хуиту гъащIэ гъуэгур, —
Къэбэрдей щIыналъэм  уи хэгъэгур.
Ди акъылкIи дэ балигъ дыхъуащ,
ДощIэ — адэ хэкур ухэхъуащ,
Ди лъэпкъэгъухэм жэнэт уахуэхъуащ.

## ХАМЭЩІЫМ И «ФІЫЩІЭ»

Ди лъэпкъыр, и цIыху
Къалэным хуэпэжу щымыту,
ГъащIэм зы махуи хыхьакъым,
Iэщэр тIэщIэлъу хамэщIыр тхъумэжу,
ДгъэщIати, зы фIыщIи, щIыхьи пытхакъым.

*Тырку, Бурсэ*

# УЭЗДЭН Мурат

## ЗЫ МАКЪ

Зы макъ къоIури жыжьэкIэ, жыжьэкIэ —
УщIэупщIэн ар зыхуэдэм —
Хэт ар, дэнэкIэ?
Ин хъуурэ къогуо зэпыт
ДжабэхэмкIэ,

ЛъэгухэмкӀэ,
КъущхьэхэмкӀэ, тӀуащӀэмкӀэ...
Зы макъ кърӀедзэ си тхьэкӀумэ —
Зэми псыгъуэу, зэми гъуму.
УщыӀэщ ухэтми, щыӀэщ уи гъуэгуи
ИщхъэрэмкӀэ, ищхъэрэмкӀэ...
Зы макъ кърӀедзэ си тхьэкӀумэ —
ГъыбзэкӀэ,
КӀуэдыжыным и пэ къихуэу,
ЛъэӀури хэлъу, мафӀэри хэлъу...
Зы макъ зэхех си гум
Къущхьэ хужьыбзэхэмкӀэ, —
КъыздызэжьэхэмкӀэ,
КъытхуэгуӀэхэмкӀэ.

*Тырку, Ниде*

## ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ Мэжид

### СЭ СЫЗЫХИЩӀЭУ, ХЫРИ МЭГЫЗ



ЩхъуантӀэщ тенджыз ФӀыцӀэм
И толъкъунхэр...
Уэрщ къысхуэтыр —
СыщӀэплъэнут уи нэм!
Тенджыз Ӏуфэм сыӀутщ —
Хым сыхоплъэ.
Уэрщ си гъащӀэр —
Гур, зихузу, ппоплъэ.
Уэрыншэу сыпсэуну
Сэ слъэкӀыжкъым —
Тенджыз ФӀыцӀэ Ӏуфэм
Лъэр схуӀукӀыжкъым.
ЗэтегуплӀэжхэу
Толъкъунхэр къоущ, —
Ухыгъэ фӀыцӀэм
Уэрыншэу сефыщӀ.
Хъуащ лъагъуныгъэр
Мы си гум из...
Сэ сызыхищӀэу,
Хыри мэгыз.

*Тырку, Бодрум*

# ХЪУНЭГУ Надия

## ХЭХЭС УЭРЭД

Сэ сыхэхэсщ —
ЩIэкIащ Хэкужьыр нэгум.
Ауэ сыт щыгъуи
Лъахэм псэр хуозэш.
ЛIэщIыгъуэ кIуам
Тхьэгъуш хуэхъуауэ си гур,
ГуфIэгъуи гуауи
Абы хузогуэш.
Жьыбгъэ унэншэ закъуэрщ
Си ныбжьэгъур,
Нэрымылъагъуми -
Сэщхьу, ар нэщхъейщ.
Зэщыджэу къыздехь а жьым
ГъащIэ гугъур,
Дызэподжэж —
ПIалъэншэу дыпIейтейщ.
Жьыр гъуэгу техьамэ —
Сэри зызоIэтыр;
ХьэпщIэууэ ари
Къызбгъэдоувэж, —
ДызэIэпэгъущ зеиншэ
ТхьэмыщкIитIыр, —
Дыщалъхуа унэр
Дэ къыдолъыхъуэж.



## СЫКЪЭВГЪЭУШ

Сыкъэвгъэушыт сэ пщэдджыжьым жьыуэ,
Мо хьэпцIий хьэсэм сыхыхьэнущ.
Ныбгъуэ пшыналъэ зэщIэжьыуэм,
Хьэрып псэлъэкIэм седэIуэнущ.
Къыщыслъыхъуэнщ бжэнтхьэху щэныфIэр,
ХьэпцIийр сэ IэгукIэ згъэхуэбэнущ.
Адыгэм и цей кхъуэщыныфэр
Абдеж си нэгум къыщIыхьэнущ.

## ГУГЪЭ

Сэ сызэредзэ гъащIэм, пхъэ къуэщIийуэ,
Ауэ къэхъуакъым зэи сыщыгужьей,
Гугъэм срихьэжьэм, къэукъубийуэ,
Хьэзырщ гугъэр — ар си кхъуафэжьейщ.
Арщ хэхэс гъащIэм и бэлыхь толъкъуным
СыщIимылъафэу сызыIыгъыр сэ.
Арщ къэзылъыхъуэр сэ сызыщIэкъуныр,
Арщ незыджэр, си хэку, уи деж псэр.

## УМЫЩIЫТ УИ ЖАГЪУЭ

УмыщIыт уи жагъуэ, пшахъуэщI гъунапкъэншэр
Гуузу, гуIэу нэщхъей зэрыхъуар —
Щхъуэмчыфэу хуэигъуэ си щхьэц зэрызешэм
Хьэрып щIыналъэр хэщхьэрыухьащ.

УмыщIыт уи жагъуэ, си псалъэ къуэпсыщIэр
ГухэщIу узу зэрыкIэзызар —
Кавказ къурш щхьэхухэм хуэхъуапсэу, хущыщIэу
Си нэ къабзитIыр абы хуэплъызащ.

УмыщIыт уи жагъуэ, ппэIэщIэ сащIауэ
Сэ ирезгъэхми хамэщIым сэлам,
ПIащIэу мэпабгъэ си Iэгу пхуэгъуэщIар
Адэжь щIыналъэ сызыхуэзэшам.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и гъэмахуэ уафэр
Дыгъэ бзий нэхукIэ сыт щыгъуи гъэнщIащ.
Ауэ мы си псэр махуэ имыгъафIэ —
КъемыхуэбылIэу си гур упщIыIуащ.

Бахъсэн уэрэдыр къыщриш аузым
Сыдэту хуиту махуэ сыбэуам,
Зэуэ хъужынут сэ спкъырытыр узу,
Къэхуэбэжынут дыгъэ упщIыIуар.

## ХЭХЭС ГЪАЩIЭ

Си лъэпкъ псалъэжьхэр, гъуэгу гъуэмылэу,
Гъуэгуанэ сытеувэжащ.

Iэр къишияуэ Хэкур къаплъэу,
Къысщыхъури, псэр къэушыжащ...

ПщIыхьэпIэр къигупсысами си гум,
Си хэхэс гъащIэм сохутэж.
АрщхьэкIэ къоблэ адэжь жьэгур,
Гур здэщыIэм псэр мэкIуэж.

*Иордание, Амман*

# ЯФIЭУНЭ Абдул

## «МАРЖЭ!» ЖАIАМЭ...

Дэнэ дытIысми, ди хэхэс гъащIэр
ХамэщIым сыткIи щытхуоIэфIыншэ.
Зэш-зэшыпхъуахэр дызэхуэныкъуэу,
Хамэ къэралым дещI зэпэIэщIэ.

ЗэхэщIыкI зиIэри щIэныгъэншагъэм
ЦIыху тепщэ пащхьэм щегъэбзэмыIу.
Iулъхьэ щыгугъхэм хуэубзэ цIыхухэм
Адыгэ напэр ягъэулъий.

Хъуну къытхэкIыр, цIыху зэхущIэуэм
Ираудыхмэ, хэт диIэтын?
IэнатIэ лъыхъуэу, былым щIэнэцIхэр
НапитIу псэумэ, хэт игу техуэн?

Чыху закъуэр зы Iэм тыншу пещIыкI,
Чищэм зы защIмэ, жьыми хуоблын.
Ди щIалэ лъэщхэм пэжкIэ зы зыфщI,
Фыщхьэхуитыным фыхузэкъуэт.

Лъэпкъ напэ щIыхьыр къабзэу щытыным
Нэмыс, насыпри пэжкIэ хуэфхъумэ,
«Маржэ!» щыжаIэм фымыIэнкуну,
Щхьэхуитыныгъэм зыкъыхуэфIэт!

## ГУЩIЭГЪУ

Хэхэс гъащIэ еруугъэм
Зэкъуэт ищIащ ди адыгэр,

Пагэу Іумпэм щымыІэным
ЕІэт цІыхухэм я цІыхугъэр.
Псынэм псынэ щыхэлъадэм,
Псышхуэ хъуауэ зеукъуэдий.
Ди гущІэгъум гущІэгъу хэхуэм,
Дэхуэхынкъым ди лъхудий.

*Иордание, Сыуелыхь*

## ДЫГЪУЖЬ ФуІэд

### УЗ

Уз Іеищэ къызоуз,
Къызоузри — сегъэгыз.

Пхъэхым хуэдэу, сызэпех,
КъысхыхьэхукІэ сегъатхъэ.

Къызэузми, си гуапэщ,
СрищІыкІми, сфІэлъапІэщ.

Уэ си узу, бетэмал,
ХыумыгъэщІыт зы мэскъал.

Адыгэ псоми еуалІэ,
Псори зы щІыпІэ ешалІэ.

Уеуз хъумэ — заІэтынщ,
Уи хущхъуэгъуэр къагъуэтынщ.

Гъуэгу нэхъыфІым дытепшэнщ,
МыхъумыщІагъэм дыхэпшынщ.

Сэ си узыр хэт къищІэн?
Си щэхуфІыр къыздищІэн?

Адыгагъэрщ къызэузыр,
ЦІыху пэжагъырщ сэ сызысыр.

ЗэрыцІалэми си узыр,
Сыхъужынут зэуэзэпсэу:

Си лъэпкъ мащIэр зы хъужамэ,
Iуащхьэмахуэ тлъагъужамэ!

*Сирие, Хъышней*

## ХЬЭВЖОКЪУЭ Маждэ

### ПЩIЫХЬЫФIЫР МЭЛЪЭТЭЖ

Уи удз Iущащи, псынэ уши,
Уи Iуащхьэмахуэ ныдэж жьыбгъи,
ПсынэщIэ къэзылъху уэ уи къурши,
Уэгум щыхуарзэ уи къуршыбгъи —
Я макъ зэщIэлъыр, Къэбэрдей,
Щызэхызохыр сэ мыбдей.

Согужьеижыр, зысплъыхьамэ, —
Сэ къысщхьэщытыр хамэ уафэщ,
Сызытет щIыгури сэ си хамэщ —
Си лъэгур къесыр абы мафIэу.
ГуфIэгъуэу сиIэр, Къэбэрдей,
Уи макъ къэIусырщ сэ си дей.

Си нэр зэтеспIэм, сэ къысфIощIыр:
Къыспебгъэжьауэ адэ-Хэкум,
Жьыбгъэм си натIэр къысхуилъэщIу,
Жыгхэм къыдалъэу Iэ си нэгум,
Псынэм схуиусу и уэрэд —
А псом сыгуфIэу сэ сахэт.

КъысфIощI Сосрыкъуэ къихьа мафIэм
Сэ сигу пIыщIар къигъэхуэбэжу,
Си адэжь лъэпкъым и бзэ IэфIыр
Бзэрабзэу сэ къысIуралъхьэжу...
Гугъэ-пщIыхьыфIыр мэлъэтэж,
Сэ хэхэс щIыгум сыкъонэж.

### КЪЭБЭРДЕЙР ЯПЭ ЩЫСЛЪЭГЪУАМ

Си псэр егъафIэ си Хэку дахащэм,
Фыкъысхуэупсэу тыгъэ схуэфщIам.

Зыхещlэр нобэ къару иныщэ
Гухэлъ гуапагъкlэ мы сигу вгъэнщlам.

Гъунэ зимыlэщ а гугъэ дахэр,
Ар къыдэхуэжу хэткlи куэдынт.
Гъащlэм и lэфlыр иджы си лъахэщ,
Мы дунеягъэр сэркlэ жэнэтщ.

Срихьэщlэ лъапlэщ адэжь щlыналъэм,
Гурыщlэ къабзэр сэ си андезщ;
Уэ бдэслъэгъуакъым зы фэрыщlыгъэ —
Сыбогъэгушхуэ, дзыхь узогъэз.

Дамэ схуэхъуакlэщ сэ насып иныр,
Къуалэбзу цlыкlуу, псэм къелъэтыхь.
Сыхъуащ нэхъ бжьыфlэ, уэращ си диныр,
Уи лъагъуныгъэм си псэр и тыхьщ.

*США, Нью-Йорк*



# ШУРДЫМ Къундет

## МЫ ЗЫ ЩIЫМАХУЭР ИГЪЭКIЫЖ

«Адэжь щlыналъэм дыгъэкlуэж, —
Къызжеlэ си щхьэгъусэм, —
Слъэмыкlыу сэри сегъэкlуэщl
Гугъуехьу телъым уи псэм».

Си щlалэ закъуэм согупсыс, —
Сигу щыщlэм сщlынт пэlэщlэ,
Гъуэгу сытехьэну сыхьэзырщ,
Арщхьэкlэ зызоlэжьэ.

Сэ нобэ зым къызиткъым гъуэгу.
Си гугъэр екъутэжыр:
Мы щlыпlэр сэ схуэмыхъуми Хэку, —
Ар лъапсэщ си къуэм дежкlэ...

«Мы зы щlымахуэр игъэкlыж», —
Жызоlэ си щхьэгъусэм.

Уи сабиигъуэ пIэщIэкIам
Хэт зылъэгъуар къигъазэу?

*Австрие, Инсбрук*

## ДЭГУМЫКЪУЭ Орхьэн

### АДЫГЭЩI

Сыжейми, сыкъэушми,
Къурш щыгум сихьэу сыкъежэхми,
Сыузыншэу сыщыуши,
Шэ схэлъыр щысхахыжми,
Адыгэ лъахэ, уэрщ си плъапIэр,
Уэращ сэ сиIэри гугъапIэу.

Гу бампIэр игъэтIысу,
Зэхэсхми зы пшыналъэ,
Лъэпкъ псор щызэбгъэдэсу
ЩыслъагъукIи зы жьэгу пащхьэ,
Адыгэ лъахэр, нартыжь хэкур
УщофIэрафIэ уэ си нэгум.

*Германие, Берлин*

## ИНЭМЫКЪУЭ Мулид

### СЫХЭТ СЭ?

Тырку щIыналъэм сыщыпсэумэ,
Си лъэпкъыщIэщ «тырку»,
ХьэрыпыщIыр лъахэ схуэхъумэ,
Сэ къысфIащ «хьэрып».

Iуэхуу щыIэм я нэхъыкIэр
Куэдрэ къызапэс.
Псалъэу щыIэм я нэхъ жагъуэр
Сэ къызадз: «Хэхэс».

Сыщыпсэуми къэрал Iэджэм,
Сэ сыхъуащ хэкуншэ.
Я дэ ди Тхьэ, Хэку зимыIэр
Сыту насыпыншэ!



8 Заказ №473

* * *

Гъуэгуанэ жыжьэ къыспреплъэ куэдрэ,
Гъуэгуанэр, хуеймэ, куэдрэ ирекIэщI.
Си лъахэ дыщэм сыхуэзышэм нэхърэ
Нэхъ лъапIэ сэркIэ щыIэкъым нэгъуэщI.

## СИ ТХЬЭ, СИ ГУГЪАПIЭ

Си лъэпкъ дахащэр уи гущIэгъу хуэныкъуэщ.
Ар тепыIэншэу лъахэм ныхуозэш.
Сэ си Тхьэу, Тхьэшхуэ, лъэкIыныгъэ уиIэщ,
Къыдэш си лъэпкъыр гъащIэм и дурэш.

Хэхэсым и псэм худэгъахуэр хьэлъэу,
Игъэву лъэпкъым гъэхэр ныщIелъхьэж.
Си фIэщ ар хъункъым — Тхьэр тхьэмыщкIэм хуэлъэу.
И лъэпкъ гуфIэгъуэр лъахэм уэ илъхьэж.

Сыпоплъэ, Тхьэшхуэ, нобэ уи Iуэху дахэм.
Къэхъуакъым зэкIэ Тхьэр зыпэмылъэщ,
Адыгэу щыIэр нэхьэсыж и лъахэм,
Ухъуащ уэ нобэ си гугъапIэ лъэщ.

*Тырку, Елэмэ*

## БЫРМАМЫТ Фоаз

## ЩЫIЭКЪЫМ ПЭСЩI

Мывэ фIыцIэшхуэр къыщIэплъэнщ уи нитIым.
Хьиса и лъахэм ар щожей и куэщI.
Къызэщыунщи удз гъэгъа дахащэр,
Iэр ныхуэпхьамэ, тещхьэлъэнщ уи IэщI.
Фщымыхъу а жысIэр псалъэ зэфэзэщу.
А жысIэм нобэ щыIэкъым сэ пэсщI.
Хэкужь и мыви, и дахагъи хуэлIэ
КъысфIощI ихьауэ нобэ щIапIэ нэщI.
Щхьэгъубжэ лъабжьэм
ЗыщеIэт жыгыщIэм,
Абдж зэщIэлыдэм доджэгу дыгъэ бзийр.
А псор илъэтмэ, хъунущ зэуэ гущIэр
Бзуншэ абгъуэ, бгынэжа псыкъуий.

## ДУНЕЙР КЪУТЭЖЫХУ

И тыгъэ лъапIэт ар си лъахэ дыщэм:
Жьэгу пащхьэ мафIэ, гукъыдэж, насып...
Иджы хамэщIым щикъухьа си лъэпкъым
И гуауэ хьэлъэр сакъыу къызощып.
Си Хэку щэджащэр нэхъ спэIэщIэ хъухукIэ,
Сэ зэпысчыхукIэ гъуэгужь сысымейр,
Си гущIэм лъахэр нэхъри йохуэбылIэ,
Псэунщ си лъахэр, къутэжыху дунейр.

*Иордание, Сыуелыхь*

# КЪАНДУР Мухьэдин

## ТЕНДЖЫЗ ФIЫЦIЭ

Тенджызыр мэушэ, мэщатэ, мэхъей,
ТолъкъункIэ тенджызыр къохъу куэдрэ къыщилъ...
Ар щхъуэуэ щытами, хъуащ фIыцIэ, нэщхъей,
ФIыцIабзэщ тенджызыр, хэткIуащи хеилъ.

Тенджызым и Iуфэм сэ куэдрэ сыIуст, —
Лъэпкъ тхыдэр зэ закъуи хъуащ нэгум щIэмыкI:
Ди адэжьхэм я хьэдэр бдзэжьейхэм я Iуст,
Ди анэхэр лъэпкъ гуауэм, гуIэгъуэм хэмыкIт.

Ди къуэшхэр, ди шыпхъухэр псы лъащIэм щожей,
Хъуащ ахэр тенджызым и тIасэ, и бын,
Тенджызым кIуэдахэр мычэму егъей,
ХуищIауэ пшахъуэщIыр куэд щIауэ джэбын.

Кхъухьыжьыр мыбзэншэ, кхъухьыжьхэм жаIэж:
«Щытепщэт тенджызым гуIэгъуэр, гужьейр,
ЦIыхубзхэм я гъыбзэм (ар фIыуэ дощIэж)
КъыпфIэщIырт иштауэ тенджызыр, дунейр...».

Тенджызыр мыушэ, мыщатэ, мыжей.
Мэщыгъуэ тенджызыр — ар лIахэм хуосакъ...
ГуфIэгъуэ щыщIауэ хъуащ си псэр нэщхъей —
Тенджызым и лъащIэм къыщоIур джэ макъ...

*Инджылыз, Уиндзор*

## КЪЭЗАН Яхья

### КЪЭХЪУУ ЩЫТМЭ

Быным папщIэ псэр етыфыр анэм,
Ауэ Хэкум щагъэпуд и щIыхь,
Къэхъуу щытмэ, къэмыланджэу анэм
Бынир хуещIыр Хэкум щхьэузыхь.

И был тIасэм къыщIэнами пIэкур,
ХуэдмыщIыф дэ анэм зы гукъанэ:
Анэм папщIэ жытIэркъым дэ «Хэку»,
Хэкум папщIэ жыдоIэф «Хэку-анэ».

*США, Нью-Джерси*

## ХЬЭТКЪУЭ Яшар

### УЭРЭД

Хы нэпкъ лъагэм дытесу, хуэму,
Къыхадзамэ уэрэдыр, щыму,
КъыщIэдэIуу кхъухьхэр блосыкIыр,
Хы тхьэрыкъуэр псым щхьэщосыкIыр.
СфIощIыр, Iуфэм къепщIауэ, цIыхухэм
А уэрэдым я гур дэпсэхуу.

Тенджыз Iуфэм Iус бдзэжьеящэм,
Iэзэ дыдэу хъыхэр зэIуещэ.
Зы лIы гуэри дыгъэм ижьауэ,
Къоплъэр, ищIу Iэдакъэжьауэ.
Сэ къысфIощIыр ахэм къафIэщIу
НасыпыфIэ уэрэдым дищIу...

Хы тхьэрыкъуэр пщIэншэрылъатэщ —
Зы бдзэжьеи къиубыдыфакъым.
ЛIыри щысщ, езэш Iуэхуу щатэу:
Ди уэрэдыр къагурыIуакъым.

Ди уэрэдым игъэIу макъамэр
Хэхэс лъахэм и дежкIэ хамэщ.

*Тырку, Истамбыл*

# ТХЬЭЗЭПЛЪ Фозий

## АДЫГЭМ ИЛЪ ІЭЛЫР ЩОЖЭХРИ СИ ЛЪЫНТХУЭМ...

И бзиийхэм сагъафІэу сесакъым Хэку дыщэм,
Хэку-анэм и жьыбгъи нэкІущхьэр къимыст...
Зигъэщхъыу Хэку-анэр къиплъакъым си гущэм,
Бзэрабзэу Хэку-анэр пІэ лъапи темыст.

Сэ нэкІэ згъэвакъым уи бгыжьхэм я уэси,
Сисакъым Бахъсэни Тэрчыжьи я куэщІ.
КъэзмыщІэу хъыджэбзхэм я плъэкІэм и уаси,
Псэр хуэлІэу си лъахэм, илъэсхэр мэкІуэщІ.

Сыт щхьэкІэ сигу хэщІрэ? ХамэщІ сыщыпсэуми,
Сэ куэдрэ, сэ куэдрэ уи къуршхэм сопщІыхь.
Уи гъавэр бэгъуэным, щІэжьейхэм хэхъуэным
Си гуащІэр хуэсщІыну сэ сфІэфІт щхьэузыхь...



Адыгэм илъ Іэлыр щожэхри си лъынтхуэм,
Си гущІэм и мафІэ къэхъункъым щыкІуэщІ.
Мы си псэ ешари, си гуауи, си гуапи
Изолъхьэ, си лъахэ, сэ нобэ уи куэщІ.

## ФІЭЩХЪУНЫГЪЭМ СЫКЪЕХЪУМЭ

Зыр фэрыщІыгъэм къохъу щитхьэлэ,
НэгъуэщІыр пэжым къохъу щитхьэкъу.
ПцІыр ищІмэ цІыхум гъуэгу гъуэмылэ,
Ар пэжым куэдрэ йоныкъуэкъу.

ПцІым къиукІынкъым си пэжыгъэр,
Ар нобэ хьэкъыу мэхъу си фІэщ:
Сэ Хэкум хуэсщІ си лъагъуныгъэр
Къэхъункъым сэкІэ щыпагъэщ...

## ПСЭ ХЬЭЛЭЛ

ЩІэдэІу, нэхъыщІэ, мы си жыІэм:
Нэщхъейр уэ гущІэм щумыгъэфІ,

Блэкlар нэпс жагъуэкlэ изыlэм
Къихутэфынкъым щlым и lэфl.

Щохъуэпскl иджыри лъыр уи лъынтхуэм,
Абы лъыр жьыгъэм кърегъэл,
Кавказым хуэпщl уи лъагъуныгъэр
Лlэжынкъым, пхэлъщи псэ хьэлэл.

*Тырку, Истамбыл*

## ТlЭШ Хьэмид

### lУАЩХЬЭМАХУЭ

lуащхьэмахуэ уэсу телъым
Жэщи махуи нэпсыр щlож.
Щlым и бынхэр щикъухьащи,
Магъыр ар, имыщlэу еш.

Адэжь Хэкум нобэ исыр
Ди нэ-ди псэу фыдолъагъу.
Димыягъэу, димылажьэу
Дыфпэlэщlэщ — къытхуэвгъэгъу.

lуащхьэмахуэ дымылъагъуми,
Я нэхъ дахэу щlэтщ ди нэгу.
Хамэ щlыпlэ дыщыпсэуми,
Дрогушхуэ — ар ди хэкущ.

Ди анэ дахэу ди Хэкужь,
Ди нэхъыжьхэр димыlэж.
Хамэ щlыпlэм дыкъыумынэу,
Дурибынкъэ — дынэшэж.

Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр
Дымылъагъуурэ долlэж.
Ди адэр лlами, ди анэр псэукъэ?!
Щlыкlуи ини дывгъэкlуэж.

Лlы зыукlым и бэлыхьыр
Илъэс бжыгъэкlэ еух.

Мыухыжу ттелъ бэлыхьым
Дигу хегъэщIыр, лъэр тфIыщIех.

Лыуэ ттелъыр дыдымейми,
Къупщхьэу диIэр Хэкум ейщ...
Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу,
Адэжь лъахэу Къэбэрдей!

*Сирие, Дамаск*

## ШЫФЭКЪУЖ Данэ

### КЪЭСХЬЫЖЫНТ ТОБЭ

Си кIэн къикIамэ — ар мычэму лIыгъэт.
Театр утыкуу сэ къысфIэщIт дунейр.
ЛIыхъужь нэхъыщхьэу сэ сыджэгу си гугъэт...
Ситащ утыкум сщIэуэ сызыхуейр.

Дакъикъэ закъуэу псэр зыщыгуфIыкIым
Сэ еш сымыщIэу сыщIэтащ и дыгъэм.
Сэ сахэтакъым шынэ уз зэфыкIым —
Сэ куэдрэ мафIэм сыхэтащ и лыгъэм.

Къуаншагъэ псори сэ къызощтэ нобэ,
Сэ чэфыжьыпкъэм сыкъыхэкI нэхъей.
Си гугъэ лъапIэщ къэсхьыжыну тобэ,
БжьыхьэкIэ махуэу, псэри хъуащ нэщхъей.

ЛIыхъужь нэхъыщхьи сыхэмыт и джэгум,
Си махуэр хъуакIэщ пшагъуэ зэфэзэщ.
БлэкIар, шэ фIыцIэу, къытохуэжыр си гум,
Си гъащIэм гуIэр хъуащ мычэму хуэщ.

*Амман, Иордание*



## ЦУРМЫТ Елдар

### ХЭХЭС ЛЪЭХЪУР ИСХЫЖАЩ

Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Си щIыгужь къэзгъэзэжащи.
Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Хэхэс лъэхъур зисхыжащи.

Си Iум щызу жьэдызошэ уи жьыр,
Си пкъыр ныхоткIухьыр уи дунейм.
Уэрыншам зэшыгъуэт сэ къызэжьэр,
Си гур пхъэрт уэр папщIэ, Адыгей!

Илъэс дыджхэм яIуэнтIа шэрджэсым
И къэкIуэнур, сощIэ, фIы къудейщ.
Уэ къыппэплъэр гъащIэщ, хуэдэу псысэм,
Лъэпкъ зэкъуэтым дахэщ и пщэдейр.

Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Си хэкужь сисыжщи.
Тхъэгъуэщ сэркIэ,
Щызотх абы уси.

*Тырку, Адапазар*

# ЕКIУЭШ Дженк

## КАВКАЗУ СИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭ



Кавказу си лъагъуныгъэ,
Дауэ ныпхуэсIуэтэн,
Уи деж къыщыщIэкI дыгъэр
Къызэрысщыхъур жэнэт?

НэпситI сэ къысфIыщIокIыр,
Си дахэ, согупсысыху.
Зыр жыыбгъэм ныпхуехьыр,
Адрейр си бампIэдэхщ.

НэпситIыр хэкуитI щIагъэкIыу,
АпщIондэхункIэ къысщохъу.
Удзри шыугъэу къыщокIыр,
АпщIондэхункIэ Къущхьэхъу.

*Тырку, Истамбыл*

# Нэхъыбэжым зрапщыт

Сентябрым и 19-м Налшык къалэ щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессыр.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий,** КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI **Уэз Аслъэн,** АР-м Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, хэхэсхэм запыщIэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Щхьэлахъуэ Аскэр,** АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт **МэшбащIэ Исхьэкъ,** ДАХ-р къызэгъэпэщыныр къыхэзылъхьахэм ящыщ нэхъыжьыфI Хьэткъуэ Фатхьи сымэ, Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ – Алание хэгъэгухэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Голландием, Израилым, Европэм, США-м, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа лIыкIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ.



**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым кърихьэлIахэр.**

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къызэIуихыу ар зэрекIуэкIыну щIыкIэр IэIэткIэ яубзыхуа нэужь, Конгрессыр иригъэкIуэкIыну хуит хуащIащ илъэсихкIэ ДАХ-м и тхьэмадэу щыта, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий.**

Хамэ къэрал къикIа ди къуэшхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ **КIуэкIуэ Юрий** икIи жиIащ Урысей Федерацэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэми нэгъуэщI къэралхэми къикIахэр зыхэт зэIущIэм жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

– Къапщтэмэ, пщIэшхуэ зыхуэщIыпхъэ Iуэхущ адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ фIыгъуэхэмрэ бзэмрэ хъумэным, егъэджэныгъэм,

информацэм и IэнатIэм, дунейпсо утыкум щызэдэлэжьэнри хэту, къызэщIэзыубыдэ проектхэр дэгъэкIыным хуэгъэзауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэфIигъэкIхэр. Дэри ди деж зыри къыщыдгъэнэнукъым ди лъэпкъэгъухэм тэмэму ядэлэжьэнымкIэ. Апхуэдэ мурадхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэр Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, нэгъуэщI къэралхэм щыкIуэкIэ, лэжьыгъэмкIэ программэхэм сыт щыгъуи хэтщ адыгэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм яхуэзэныр. Апхуэдэ Iуэхур пщIэшхуэ хуищIу дэ къыддеIыгъ Урысей Федерацэм НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм, – жиIащ КIуэкIуэм.




**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къэпсалъэ.**

Iэтащхьэм игъэбелджылащ нобэрей адыгэхэр нэгъуэщI къэралхэм ис лъэпкъ мащIэхэм зэращыщыр, зыхэсхэм зыхагъэзэгъэну хущIэкъуурэ, дыхуейми дыхуэмейми, ахэр лъэпкъ нэхъ инхэм зэрахэшыпсыхьыр.

Адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ интеллигенцэм и лIыкIуэхэмрэ апхуэдэ щытыкIэм тогузэвыхь икIи абыхэм зэпымыууэ къаIэт адыгэбзэр зэрыкIуэдыжым, ар кIуэтэху нэхъ мащIэм къызэрагъэсэбэпым къыдэкIуэу «адыгагъэ», «адыгэ хабзэ» жыхуэтIэхэу ди лъэпкъым и дамыгъэ нэхъыщхьэу къекIуэкIхэри кIащхъэ зэрыхъур.

– Абы ехьэлIауэ жыIэпхъэщ ди къэралыгъуэр, ди лъэпкъ къыхэщхьэхукIыныгъэр хъумэнымкIэ Iэмалхэр къызэзыгъэпэщ къэрал закъуэр Урысей Федерацэр арауэ зэрыщытыр икIи анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ, абыхэм зегъэужьынымкIэ мыбы хэкIыпIэ псори зэрыщыIэр, – къыпищащ адэкIэ КIуэкIуэ Юрий. – Шэч хэмылъу, занщIэу жысIэнщи, абыхэм я лъэныкъуэкIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыкъуэкIи къохъу. Къапщтэмэ, иджыблагъэ дэ дызытегузэвыхьахэм ящыщщ «Урысей Федерацэм зэрыщрагъаджэм

и IуэхукIэ» Федеральнэ законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр, нэхъ убзыхуауэ жыпIэмэ, анэдэлъхубзэхэр зэрырагъэджым теухуахэр. Абы и лъэныкъуэкIэ жысIэну сыхуейщ: япэрауэ, законопроектым тепсэлъыхьын зэрыщIадзэу, ар зыгъэхьэзырахэм дэ пыухыкIауэ яжетIащ къыхалъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм дызэреплъыр; етIуанэу, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу дэ къыхэтлъхьа псори законопроектым щелэжьыжым къалъытащ. А щIыкIэм тету, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ а лъэпкъхэм ящыщ сабийхэм Iэмал имыIэу яджын зэрыхуейм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщащта законхэр зэрыщыту къагъэнэжащ.

Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, республикэм анэдэлъхубзэр джынымкIэ Iэмал псори щыIэщ. Абы къыщымынэу, Урысей Федерацэм зэман гъунэгъу дыдэм къриубыдэу къыщызэрагъэпэщынущ Лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным телэжьэну фонд икIи абы IэмалыщIэхэр къызэIуихынущ. Абы къищынэмыщIауэ, республикэм иджыпсту къыщызэрагъэпэщ ди лъэпкъхэм я бзэхэр нэхъ кууэ зэрырагъэджыну комплекснэ программэ хэха зыгъэхьэзырыну лэжьакIуэ гуп.

КIуэкIуэр щхьэхуэу къытеувыIащ республикэм и экономикэм зэпIэзэрыту зэрызиужьым, ар инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэнымкIэ хэкIыпIэ нэхъыфIхэр здэщыIэ щIыналъэхэм зэрыхабжэм. «Дэ дуней псом едгъэлъагъуфынщ адрей лъэпкъхэм драгъусэу дызэрыпсэуфыр, зэрызыдужьыфыр, ди сабийхэм я къэкIуэну гъащIэр зэрыдубзыхуфыр.

Дэ дыхьэзырщ Урысей Федерацэм и субъектхэм, нэгъуэщI къэрал гъунэгъухэмрэ жыжьэхэмрэ, псом хуэмыдэу ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу щыпсэу къэралхэм, дадэлэжьэну. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Конгрессым гъащIэм и IэнатIэ псоми дызэрыщызэдэлажьэм зригъэубгъуну сыщогугъ.

Зэрыщыту дуней псом хуэдэу, адыгэхэр иджыпсту глобализацэм и лъэхъэнэм хэтщ икIи абы лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыкIэм езым и нэпкъыжьэ тредзэ. Дэ зэманым и гугъуехьхэр къызэднэкIыфу, бзэм, щэнхабзэм, адыгэ лъэпкъым и хабзэхэм зегъэужьынымкIэ, ахэр хъумэнымкIэ сэбэп хъу жэрдэм, проект нэхъыфIхэр дэтIыгъыфу зедгъэсэн хуейщ. Ар дэ псоми ди зэхуэдэ къалэнщ, къэкIуэну щIэблэхэм я пащхьэ щытхь ди зэхуэдэ жэуаплыныгъэщ», – жиIащ Iэтащхьэм.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ Матовников Александр зэхуэсышхуэм хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ полномочнэ лIыкIуэм и Аппаратым и департаментым и унафэщI **Глущенкэ Владимир.** КъШР-м, АР-м я Iэтащхьэхэм къагъэхьа апхуэдэ зэрызыхуагъазэхэр къызэхуэсахэм я пащхьэм къралъхьащ **Уэз Аслъэнрэ Щхьэлахъуэ Аскэррэ.**

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къежьэкIар, абы лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм, дэнэ щыпсэу адыгэми и бзэмрэ щэнхабзэмрэ ихъумэжынымкIэ мы жылагъуэ зэгухьэныгъэр сэбэп зэрыхъум, нэгъуэщIхэми тепсэлъыхьащ нэхъыжьыфIхэу **Хьэткъуэ Фатхьирэ МэшбащIэ Исхьэкърэ.**

2015 – 2018 гъэхэм къриубыдэу ДАХ-м иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** икIи а пIалъэм Iуэху нэхъыщхьэу зэфIагъэкIахэр къыхигъэщащ.

– ДАХ-р зэрызэхашэрэ лIэщIыгъуэ плIанэм щIигъуащ, апхуэдэу щытми, Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу адыгэхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхызыгъэкI дунейпсо зэгухьэныгъэу ноби щыIэр а зыращ, – жиIащ Сэхъурокъуэм. – Абы сыт щыгъуи зи Iуэху зэрихуар лъэпкъыр зыIууэ гугъуехьхэм къыхэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъунырщ, ди хэкуэгъухэм, ахэр сыт хуэдэ къэрал щымыпсэуми, яку дэлъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнырщ.

Нобэ дэ, XII Конгрессым хэтхэм, дригушхуэу тхужыIэнущ ди Хасэм и Iулыджыр зэрылъагэр, ар пщIэшхуэ зиIэ дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэу зэрыщытыр. Ар уващ дуней псом щылажьэ адыгэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэр зэшэлIа щыхъу щIыпIэу, ахэр зэкъуэзыгъэувэ къарууэ. Дэ, адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым, зэрыщыту жылагъуэм, къулыкъу яхудощIэ, ди хэкуэгъухэм я сэбэп зыхэлъхэр ахэр щыпсэу къэралхэм щыпхыгъэкIынми дыхущIэкъуу. Ар кърикIуащ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым, Хасащхьэм нэхъапэм хэтахэмрэ иджыпсту а Iуэхухэр зэфIэзыгъэкIхэмрэ зэкIэлъыкIуэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм.




**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.**



Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэр:

– ДАХ-м хэт шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, псэкупсэ къулеигъэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ, зихуэдэ щымыIэ и лъэпкъ щIыкIэр хъумэным, адыгэхэм я тхыдэм и пэжыпIэр зэфIэгъэувэжыным зи Iуэхухэр хуэгъэпсахэм я лэжьыгъэр зэгъэуIунымрэ абыхэм я къалэнхэр ягъэзэщIэнымкIэ защIэгъэкъуэнымрэ;

– хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм хэкужьым къыхуаIэ пыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным щIэгъэкъуэн хуэхъуныр;

– ди лъэпкъэгъухэр адэжь хэкум къэIэпхъуэжыным пыщIа Iуэхухэр, урысей законодательствэм и мардэхэм изагъэу, зэтеухуауэ зэфIэгъэкIыныр;

– мамырыгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным хуэлэжьэныр, апхуэдэуи социальнэ, лъэпкъ, нэгъуэщI зэныкъуэкъухэр къэмыгъэхъуныр.

Иужьрей илъэсхэм зэфIэгъэкIа хъуахэм я гугъу щищIым, тхьэмадэм игъэбелджылащ ДАХ-м къэрал IуэхущIапIэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм япыщIауэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр къазэрыпэкIуар. А лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ Хасэм «Россотрудничество», Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм, цIыхубэ дипломатием зыщIэгъэкъуэнымкIэ фонду Горчаков А. М. и цIэр зезыхьэм, КъБР-м

и Жылагъуэ палатэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Европэм, США-м (Нью-Джерси, Калифорние штатхэм), Израилым щыIэ зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ щытыныр зэтриухуащ, апхуэдэ IэнатIэхэм Iуэху зэрыщыдагъэкI щIыкIэми нэхъ кууэ щыгъуазэ зыхуищIащ. Мы зэманым ДАХ-м и тхьэмадэр хэтщ Урысей Федерацэм и Президентым деж Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ Советым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм зэныкъуэкъухэр къыщымыгъэхъуным, апхуэдэхэр зэфIэхыным хуэгъэпса и комиссэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и Жылагъуэ Советым.

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым, Правительствэм и зыхуэфащэ IэнатIэхэр щIыгъуу, къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и унафэщIхэмрэ Иорданием, Сирием, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэмрэ я зэIущIэхэр. Абыхэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуэхэр экономикэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щызэдэлэжьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Хьэутий зэрыжиIамкIэ, ДАХ-м и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ щытащ икIи къонэж адыгэхэр я адэжь хэкум къэшэжыным пыщIа Iуэхухэр. Абы и лъэныкъуэкIэ япэ ирагъэщахэм ящыщщ зауэ щекIуэкI Сирие Хьэрып Республикэм къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъухэм защIэгъэкъуэныр. Хэкум къэзыгъэзэжахэр нэхъ тыншу къытхэпщIэжыным хуэунэтIащ адыгэбзэр, урысыбзэр зрагъэщIэным хуэгъэпса курсхэр, Урысейм, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуа семинархэр, нэгъуэщIхэри. Гулъытэ хэха егъуэт ди хэкуэгъухэм я щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ яхуэгъэза программэхэр зэхэлъхьэнми. КъБР-м и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм илъэс епщIанэ хъуауэ кърагъэблагъэ Иорданием, Тыркум, Израилым, Осетие Ищхъэрэ – Алание Республикэм, Ставрополь крайм щыщ ди хэкуэгъухэм я сабийхэр, Сирием щыщ адыгэ сабийхэр – псори зэхэту цIыхуищэм нэблагъэ. ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупыр, Тыркум, Сирием, Иорданием щыпсэу адыгэхэм ящIыгъуу, яужь итщ ди лъэпкъэгъу щIалэгъуалэм КъБКъУ-мрэ КъБР-м и нэгъуэщI еджапIэхэмрэ щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыным. Егъэджэным пыщIа визэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я щIэныгъэм щыхагъахъуэ студенти 150-м нэблагъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым студенти 10 щоджэ. Республикэм и колледжхэм щIэсщ ныбжьыщIэ 20-м щIигъу.



Хасэм и Уставым зэрыщыубзыхуам тету, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупымрэ Хасащхьэмрэ я зэIущIэхэр йокIуэкI. Хасэм и зэхыхьэхэр шэрджэсхэр нэхъыбэу щыпсэу къэралхэми щызэхашащ. Абыхэм кърикIуахэм къызэрагъэлъэгъуащи, апхуэдэ зекIуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ икIи икъукIэ сэбэпынагъышхуэ къашэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ шэрджэс лъэпкъым и щэнхабзэ, псэкупсэ къулеигъэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ зегъэужьынымкIи щIэгъэкъуэн хъуныр. Илъэс къэс сентябрым и 20-м йокIуэкI Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм теухуа дауэдапщэхэр. Иужьрей илъэсихым шэрджэс щэнхабзэм и фестивалхэр щокIуэкI Тыркумрэ Израи-



**АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ.**

лымрэ, Мэздэгу, Ставрополь къалэхэм. Абыхэм хэтащ КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м щыщ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гуп цIэрыIуэхэр. А зэхыхьэ дахэхэм я мурад нэхъыщхьэр – ди щIалэгъуалэр адыгэхэм я хабзэ щыпкъэхэм щIэпIыкIынырщ. Мамырыгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным, социальнэ, лъэпкъ, нэгъуэщI зэныкъуэкъуэхэр къэмыгъэхъуным хуэунэтIауэ ДАХ-м зэфIигъэкI лэжьыгъэхэр инщ.

– Дэ дыщыпсэу щIыпIэхэм емылъытауэ дызыхуейр зэтохуэ: ДАХ-р адэкIи яужь итын хуейщ дуней псом шэрджэсу щыпсэур зэкъуэгъэувэжыным, ди щэнхабзэ щIэинхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ хъумэнымрэ, ди хабзэхэр, бзэр хъумэжыным, дунейпсо зэгухьэныгъэм хэтхэм я сэбэп зыхэлъхэм ди нэIэ тедгъэтынымрэ абыхэм къащхьэщыжынымрэ, адыгэхэр адэжь щIыналъэм къэIэпхъуэжыным хэлIыфIыхьыным. Шэч къытесхьэркъым: ДАХ-м зыщиужьыну Iэмал щиIэр УФ-м и закъуэщ икIи Урысейм и ныкъуэкъуэгъухэм ди къэралым къыхуаIэ я гужьгъэжьхэр пхагъэкIын мурадкIэ зыкърагъэгъэсэбэпынукъым Кавказым щыпсэухэм. А Iуэхухэм тележьэн хуейщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хыхьэ Адыгэ Хасэ псори, – дыщIигъуащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. – Си къэпсэлъэныгъэм и кIэухыу мыр къыхэзгъэщыну сыхуейт. Дэ дрогушхуэ ди лъэпкъым къыхэкIауэ нэгъуэщI щIыналъэхэм исхэм я къэралхэм, я правительствэхэм, IэщэкIэ зэщIэузэда я къарухэм, полицэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми къулыкъу лъагэхэр зэрыщаIыгъым. Абыхэм яхэтщ дуней псом щыцIэрыIуэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр, олимп чемпионхэр. Абыхэм щIэныгъэфI ябгъэдэлъщ я адэжьхэм я щIыналъэм теухуауэ икIи дуней псом щагъэлъагъуэ адыгэхэм я лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр – хабзэр, щыпкъагъэр, лъэпкъыр дыкъызэрацIыху пщалъэхэр. А псом къикIыращи, хамэ къэрал щыпсэу шэрджэсхэр щытщ лъэпкъыр зэзыгъэуIужыфынкIэ узыщыгугъ хъуну, дызэзыпхыж лъэмыжу, Урысей Федерацэм дунейм щиIэ Iулыджыр нэхъри зыгъэбыдэфыну къарууэ. Дэ дяпэкIи дытелэжьэнущ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ пыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэным. Ахэр ди къэралми, Адыгейми, КъБР-ми, КъШР-ми щыпсэу лъэпкъхэм я сэбэп зыхэлъхэм хуэлэжьэным, мамырыгъэм и лIыкIуэ тхуэхъуным дыщыгугъынущ.



ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Бырс Реджаи (Тырку Республикэ).

Тхьэмадэм и псалъэхэм къыпищэу **Бырс Реджаи** (Тырку Респуб-ликэ) къыщыпсалъэм къыхигъэщащ ДАХ-р зэманым къыхуигъэув Iуэхугъуэхэм елэжьурэ сыт щыгъуи къызэрыгъуэгурыкIуэр.

– БлэкIа пIалъэм лэжьахэм я иужьрей гуныкъуэгъуэу щытар адыгэбзэм и Iуэхуращ, – жиIащ Бырсым. – Абы и егъэджыныр хэкум зэрыщагъэмащIэм, дэ, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэри, хуабжьу дигъэпIейтеящ. ИкIи ГъэзэщIакIуэ гупыр дыщызэхыхьам, Зэрызыхуагъазэ дгъэхьэзырри, зыIэрыдгъэхьапхъэхэм яхуедгъэхьащ. Iуэхур и кIэм зэрынэмысар къэслъытэу, дяпэкIэ хахыну лэжьакIуэ гупыр абы иужь итыну сыхуейт. Псом япэрауэ, курыт школхэм адыгэбзэр щегъэджыныр Iэмал

зимыIэщ, къищынэмыщIауэ, псори зы бзэкIэ дыпсалъэрэ зы пэжырытхэ диIэтэмэ, нэхъ тыншу дызэгурыIуэнут. Мы Iуэхухэр къыддэхъумэ, хамэщI щызэбгрыпхъа адыгэхэр нэхъ зэпхыжа дыхъунут.

Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм и тхьэмадэ **ДыщэкI Эртан** къыхигъэщащ ДАХ-м и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэмрэ езыхэми зэрыдаIыгъыр, абы теухуауэ кърахьэжьэ псалъэмакъ мышыухэм емыдаIуэу, лъэпкъым ифIрэ и зыужьыныгъэрэ къызыпэкIуэн Iуэхугъуэхэр адэкIи ягъэкIуэтэну зэрыхьэзырыр.




**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**



Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд:**

– ДАХ-м блэкIа пIалъэм къриубыдэу IуэхуфI куэд зэфIихащ. Абыхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейщ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ гуфIэгъуэр – Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр – гъэувыныр къызэрыхилъхьар, ар КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыддиIыгъыу махуэшхуэу ди лъахэм зэрыщагъэувар. Сэ сыхуейт Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм къикIа къулыкъущIэхэм я унафэщIхэм я деж нагъэсыжыну – мы махуэр адыгэ зэрыс адрей хэгъэгухэми къыддащтэмэ, и мыхьэнэри, и пщIэри куэдкIэ нэхъыбэ хъунущ. Абы къыдэкIуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Адыгэшым и махуэри республикищми щагъэлъэпIэну зэрысфIэигъуэр. «Нарт» эпосым къызэрыхэщыжми фыщыгъуазэщ, адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI псэущхьэу зэрыщытыр фощIэ, ублэмэ, «адыгэшрэ адыгэлIрэ» жаIэу, адыгэлIыр лIы зыщIыжар адыгэшращ, – къыхигъэщащ Мухьэмэд.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэхуэсышхуэм къыщыхилъхьахэм ящыщщ Абхъаз Республикэм и ТекIуэныгъэр илъэс 25-рэ зэрырикъур сентябрым и 30-м зэрагъэлъапIэр икIи абы ипкъ иткIэ абхъаз лъэпкъым ДАХ-м и зэрызыхуагъазэ тхыгъэ хуегъэхьын хуейуэ къызэрилъытэр. Балъкъэрхэм «Эльбрусоид» зыфIаща фонд зэраIэр щапхъэу къихьри, адыгэхэми апхуэдэ фонд къызэрагъэпэщын зэрыхуейр жиIащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм илъэс

20 хъуауэ «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэр, илъэсиплI хъуауэ «Адыгэ пщащэ» зэхьэзэхуэр зэрыригъэкIуэкIыр къызэхуэсахэм яжриIащ ХьэфIыцIэм икIи гъунэгъу республикэхэр къыхуриджащ а Iуэху дахэхэр къыдащтэну, къыдэкIуэтей щIэблэр бзэм, хабзэм, щэнхабзэм, адыгагъэм щIапIыкIынымкIэ ахэр сэбэпышхуэ зэрыхъур игъэбелджылащ.



**КъШР-м къикIа лIыкIуэхэр.**

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КъэпщытакIуэ комиссэм хэт **Iэдэмокъуэ Альберт.** Абы цIыхухэр щигъэгъуэзащ ДАХ-м къыIэрыхьа мылъкур къызыхэкIамрэ ар зытрагъэкIуэдамрэ.

Конгрессым и етIуанэ Iыхьэм хэхыныгъэхэр екIуэкIын хуейуэ арати, ари зэныкъуэкъу щымыIэу зэфIахащ. Делегат 68-м щыщу 55-р арэзыуэ, 13-р гуитIщхьитIу Iэ яIэтри, 2018-2021 гъэхэм ДАХ-м и тхьэмадэу щытыну хахыжащ **Сэхъурокъуэ Хьэутий.** Абы иужькIэ лIыкIуэхэм хахащ ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэхэр, ДАХ-м и Хасащхьэм хэтынухэр, ГъэзэщIакIуэ гупым щылэжьэнухэр. Апхуэдэуи ДАХ-м и Хасащхьэм IэIэткIэ хагъэхьащ «Мэздэгу адыгэхэм я зэгухьэныгъэ» лъэпкъ-щэнхабзэ обществэр, Ставрополь щыIэ «Адыгэ щэнхабзэ центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, КъШР-м щылажьэ Адыгэ ЩIалэгъуалэ Хасэр, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм щыIэ Адыгэ Хасэр.

Ещанэу ДАХ-м и тхьэмадэ къулыкъур зыхуагъэфэща Сэхъурокъуэ Хьэутий фIыщIэ яхуищIащ къыдэлэжьа псоми, икIи ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хагъэхьахэм я гъусэу я пащхьэ къит къалэн псоми гурэ псэкIэ зэрелэжьынур жиIащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

# Лъэпкъым и махуэшхуэ

*Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр мы гъэм етхуанэу дгъэлъэпIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ, гъунэгъу республикэхэм, уеблэмэ хамэ къэралхэм щаIэт гуфIэгъуэр. ЦIыхум и гур къыдэзышеин, зыIэтын гуфIэгъуэ махуэ лъэпкъым иIэн зэрыхуейм егупсысу, ар гъэувын жэрдэмыр къыхэзылъхьар Къэбэрдей Адыгэ Хасэращ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зи тхьэмадэ а IуэхущIапIэми, ар дэзыIыгъа дэтхэнэ зыми фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ зэхыхьэр адыгэхэм зэрызэдэдгъэлъэпIэфым папщIэ. ЯпэщIыкIэ зыгуэрхэм къагурымыIуами, абы къалэнышхуэ егъэзащIэ хэкурысхэми хэхэсхэми я гур мыкIуэдынымкIэ, нэхъыбэрэ зэхыхьэнымкIэ, зэрыщIэнымкIэ, зэкъуэтмэ зэрылъэщыр, я къарур куэдым зэрыхурикъунур къагурыIуэнымкIэ.*

*Сентябрым и 20-м трагъэхуа махуэшхуэм ирихьэлIэу ди телевиденэм, радиом, газетхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я цIэ ягъэIу лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, илъэсым къриубыдэу яхузэфIэкIамрэ я къарур зыхуримыкъуамрэ къапщытэж, къалэну зыхуагъэувыжхэр ягъэнаIуэ. Махуэр зэрагъэлъэпIэну щIыкIэр зыубзыху къызэгъэпэщакIуэ гуп КъБР-м и Iэтащхьэм деж щылэжьащ мыгъэрей зэхыхьэшхуэр зыхуей хуэзэу утыку къихьа хъун папщIэ. Я къалэным зэрыпэлъэщам и щыхьэт наIуэщ Iуэхур щIыналъэм екIуу зэрыщызэфIахар.*



* * *

«Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр республикэм и жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу щытщ, – щыжиIащ а зэманым КъБР-м и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Юрий Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм Зэрызахуигъэзам. – Абы къегъэлъагъуэ адыгэхэм лIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь гъуэгуанэ къызэрызэпачар, ар быдэу пыщIащ лъэпкъым зыми емыщхь и зэхэтыкIэр хъумэным, ди культурэм зиужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зи адэжь щIыналъэу щыт дэтхэнэ зыми хуаIэ пыщIэныгъэм зегъэубгъунымрэ ахэр нэхъ куу щIынымрэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхухэр щытащ икIи къонэж дэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIхэм ящыщу. ДяпэкIи сыт и лъэныкъуэкIи ядэтIыгъынущ адыгэ лъэпкъым и бзэр, и культурэр, къыдекIуэкI зэхэтыкIэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ хуэунэтIа жэрдэм нэхъыфIхэр. Ахэр зэдгъэхъулIэным лъабжьэ быдэ къыхузэрегъэпэщ Урысей къэралыгъуэм, абы и щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ псоми заужьынымкIэ шэсыпIэ иувэм».

ИщхьэкIи зэрыщыжытIащи, гуапагъэр фIыщ, уи гур къыдэзышей, уи псэ къулеигъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI дэтхэ-

9 Заказ №473

нэри лъапIэщ. Махуэ къэс ямылъагъу къафэмрэ джэгумрэ цIыхубэр хуэныкъуэщ, псом хуэмыдэу упсэуну гугъу щыхъуа нобэрей зэманым. Дытхьэусыхэу дызэхэскIэ ди хабзэри тхуэIыгъыжынукъым, ди сабийри гъэса хъунукъым, ди культурэ хъугъуэфIыгъуэхэми тхухэгъэхъуэнIакъым. Нэхъыщхьэжращи, щIэблэм яжетIэ къудейкIэ зэфIэкIынукъым – тхыдэм и пэжыр я пащхьэ къитхьэн, цIыху зэхэтыкIэ екIум щIэтпIыкIын, зыхалъхьэну дызыхущIэкъур ядгъэлъагъун хуейщ. Щэ яжепIэ нэхърэ зэ ебгъэлъагъумэ зэрынэхъыфIыр иджыри зэ наIуэ сщищIащ телевизорымкIэ иджыблагъэ слъэгъуа зы щапхъэм. ЩIэныгъэлIым иригъэкIуэкI къэхутэныгъэм хэтщ пэшым щIэс цIыхухэр. «ИIэт, иджы, зэрагъэлъагъуэ Iэпхъуамбэр псоми къэдвгъэIэтыт, нэхъ лъагэу, нэхъ лъагэу», – жиIэу цIыхухэм я пащхьэм итым езым къиIэтыр Iэпхъуамбэшхуэрщ. Псоми къаIэтыр а ялъагъурщ – цIыхухъум жиIэр зэхахыркъым. Аращи, щапхъэ дгъэлъэгъуэн, демызэшыжу дгъэлъэгъуэн хуейщ, псалъалэу ущытыным мыхьэнэшхуэ иIэкъым...

«Илъэс къэс мы Iуэхум иращIэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм, пшыхьхэм ди щхьэр лъагэу дагъэлъагъуж, – жеIэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. – Зы райони, балъкъэрхэр, урысхэр нэхъыбэу щыпсэухэри яхэту, къанэркъым Адыгэм и махуэр щамыгъэлъапIэу, ар къыщыддамыIэту. Лъэпкъым и гуфIэгъуэр уи закъуэ бгъэлъагъуэкIэ ещхь хъуркъым, уи къуэшхэм, шыпхъухэм, зы республикэм къыбдис лъэпкъхэм къыщыбдагъэлъапIэкIэ уогушхуэ, уи гуапэ мэхъу. Иджыпсту ди хъуэпсапIэр зыщ: Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм я Iэтащхьэхэм захуэдгъэзащ апхуэдэ махуэ я щIыналъэхэм щагъэувынуи, ар зэдгъэхъулIэфамэ, ди махуэшхуэм дунейпсо мыхьэнэ игъуэтынут».

* * *

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессыр щызэхэтамрэ зи гугъу тщIы гуфIэгъуэмрэ я зэхуаку дэт щIыкIэу хъуащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зэрагъэлъэпIэну пшыхьхэм я нэхъыщхьэр – Налшык къалэм дэт Музыкэ театрым щекIуэкIар. Абы кърихьэлIат Конгрессым хэтахэр, Европэм, Тыркум, Израилым, Иорданием, Сирием, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм, нэгъуэщI щIыналъэхэми щыщ ди лъэпкъэгъухэр. Къызэхуэсахэр концертым и пэ къихуэу еплъащ театрым утыку къыщрахьа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм: адыгэхэм къыддекIуэкI Iэмэпсымэхэм, цIыхухъу, цIыхубз фащэхэм, Iэщэхэм - ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэу ди гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхахэм. Лъэпкъ музейм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Накуэ Феликс хьэщIэхэри хэгъэрейхэри хигъэгъуэзащ а хьэпшыпхэм я тхыдэм, яхъумэ щэхухэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ КъБР-м и телевиденэм и лэжьакIуэхэу Сердюков Станиславрэ Аттаев Азноррэ ирагъэкIуэкI пшыхьым и Iупхъуэр зэрызэIуахыу, утыкум къихутащ адыгэ фащэ екIур къызыщыпс щIалэ пщыкIутI, адыгэ лIакъуэхэм я дамыгъэу. Абыхэм ящыщ зы, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэд къеджащ Бемырзэ Мухьэдин и «Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI» усэм. Маргъущ Тамерлан пэшым щIэсхэм къахуеджащ «Сэ сыадыгэщ» усэм. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хэтхэм теплъэгъуэ зыбжанэ удихьэхыу ягъэзэщIащ.

Адыгэ лъэпкъым гъуэгуанэ гугъу къикIуами, и хабзэмрэ бзыпхъэмрэ, и бзэмрэ и нэмысымрэ ихъумэжащ. БлэкIам димыгъэнэщхъейуэ, къэкIуэнум дыхуэлажьэу, ди бзэмрэ хабзэмрэ тхъумэжу, ди лъэпкъ жыгым тхьэмпэщIэ къыпыкIэ фIэкIа, и къуэпсыр мыгъуу, къикIуа илъэс мин бжыгъэм къыпищэу адыгэ лъэпкъыр псэун зэрыхуей гупсысэр пшыхьым и кIыхьагъкIэ пхышат. Гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэ псалъэ дахэхэм къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къиIэтам пцIы хэлътэкъым, ялъагъумрэ зэхахымрэ яфIэбэмащIэу адыгэбзэми лъэпкъым ехьэлIа Iуэху дахэми хуэнэхъуеиншэт.





**ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къопсалъэ.**

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий хъуэхъукIэ захуигъэзащ псоми. Къэрахьэжьэу хъуар лъэпкъым хуэфIыну, дызыгъэнэщхъеин къытлъыкъуэмыкIыу, лъэпкъыр

мылъэпэрапэу, ныкъусаныгъэхэр дгъэзэкIуэжыфу, ди щIэблэр тхуэхъумэу, дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэр зэрыщIэу, зэкъуэту дыпсэун зэрыхуейр, ар зэригуапэр къыхигъэщащ абы.

Сыт хуэдэ гуфIэгъуэ пшыхь, ди артист пашэхэр хэмыту?! Адыгагъэм, анэдэлъхубзэм, лъэпкъгъэдахэ нэгъуэщI Iуэхухэм ятеухуа уэрэдхэр абы щыжаIащ Нэхущ Чэрим, Сокъур Ольгэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Бэрэгъун Марианнэ, ДыщэкI Артур, Хьэкъул Оксанэ, Жабоевэ Замирэ, ЦокIыл Азэмэт сымэ. Утыкугъэдахэт «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, «Тэрч къэзакъхэр», «Шагъдий» гупхэм я къэфакIуэхэр. Хьэмырзэ Ахьмэд лъэпкъым хуэгъэза и хъуэхъу дахэм къыкIэлъыкIуа уджымкIэ пшыхьыр зэхуащIыжащ, адыгэхэр щыпсэу жэнэт щIыналъэм уэрэдымрэ къафэмрэ щытепщэну къыхураджэу.



**«Кабардинка»-р къуэфэ.**

* * *

Махуэшхуэм иращIэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм ящыщ зыт Нартан къуажэм кIуэ гъуэгум дытезыгъэувар. Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм ямыпIыжхэмрэ здэщыIэ школ-интернатым, Хэку зауэшхуэм и ветеран, 115-нэ шуудзэм хахуэу хэта Наурыз Мамышэ и цIэр зезыхьэм, и лэжьакIуэхэм драгъэблэгъат лъэпкъым и махуэр езыхэмрэ я гъэсэнхэмрэ зэрагъэлъапIэм дыхагъэплъэну.

Зи зэфIэкIым, зи къабзагъэм, зи Iуэху зехьэкIэ дахэм сыщыгъуазэ IуэхущIапIэм сищыпэкIуэкъыми, зяужь ихьар зыхуей хуэзэу къызэрызэрагъэпэщыфынур сощIэ. Зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщIэдзауэ пщыкIуийм нэс ныбжьыщIэу мы IуэхущIапIэм щыIэ 81-м гулъытэ хуащIу, сыткIи зыхуей хуагъазэу, унагъуэм щагъуэтын гъэсэныгъэм хуэдэ зэрыбгъэдалъхьэным яужь иту яхэтщ IуэхущIапIэм и егъэджакIуэхэр. Мы зэIущIэр зи жэрдэмри къызэзыгъэпэщари гудзакъэ зиIэ егъэджакIуэхэу ХьэщIэмахуэ Иринэ (тхыдэмкIэ), Шэшэн Оксанэрэ Бекъул Эльзэрэ (адыгэбзэмрэ литературэмкIэ), Хъуран Жаннэ (физкультурэмкIэ) сымэщ.

Зэхыхьэр фIэхъус псалъэ гуапэкIэ къызэIуихащ, кърихьэлIахэм ехъуэхъури, къарахьэжьа Iуэхум и мыхьэнэм кIэщIу и гугъу ищIащ школ-интернатым и унафэщI, ди республикэм культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Алишанов АлисулътIан.

– Илъэс къэс майм и 21-м, Адыгэ лъэпкъым и щыгъуэ махуэм, дэ дигу къыдогъэкIыж Кавказ зауэм хэкIуэдахэр. Иджы, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэ дызэриIэр, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къызэрызэдгъэпэщыр си гуапэ мэхъу. Австралием къыщыщIэдзауэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм нэсыху щикъухьа адыгэхэм я зэкъуэтыныгъэм, зы лъэпкъыу зэрыщытым и дамыгъэ лъапIэу къызолъытэ сентябрым и 20-м дгъэлъапIэ махуэр, – жиIащ Алишановым. – ИлъэсищэкIэ екIуэкIа зауэм и зэранкIэ зи нэхъыбапIэр хамэ щIыпIэ къыщыхута лъэпкъым уигу щIэмыузынкIэ, и махуэр думыIэтынкIэ, и фIыр умыгъэлъэпIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Къапщтэмэ, си сытхыдэджщ, сытым дежи сыхущIокъу, сыпсэухуи яужь ситынущ тхыдэм и пэжыр щIэблэм зарезгъэщIэным. Аращ нобэрей зэIущIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэри.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа егъэджакIуэхэу Шэшэн Оксанэрэ Жэмбэч Беслъэнрэ я псалъэхэр IупщIт, цIыхугум, псом хуэмыдэу сабиипсэм, зыхищIэн хуэдэу. Ахэр къытеувыIащ адыгэм и тхыдэм, и гугъу ящIащ лъэпкъым и лIакъуэхэм, абы и лIыгъэмрэ и нэмысымрэ щIэныгъэлI куэд зэрытетхыхьам. Адыгэ ныпыр лъагэу Iэтауэ утыкум кърахьащ икIи псори щыту едэIуащ ди бэракъым теухуа уэрэдым. АдэкIэ утыкур хуит хуащIащ интернатым и сабий нэхъ цIыкIухэм. Ахэр тхыдэ напэкIуэцIхэм щыщ Iыхьэ кIэщIхэм, усэхэм къеджащ.

Интернатым и гъэсэнхэмрэ и хьэщIэхэмрэ я гукъыдэжыр къаIэтащ уэрэджыIакIуэхэу Мэремыкъуэ Резуан, Тхьэгъэлэдж Светланэ, НакIэ Залым, Теркъул Астемыр, ДыщэкI Артур, «Бзабзэ», «Шагъдий» гупхэм, пшынауэ цIэрыIуэ Иуан БетIал, ДыщэкI Артур (усэ къеджащ) сымэ.

* * *

«Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм иращІэкІыну гуфІэгъуэ зэхыхьэхэм я пэщІэдзэ къудейт зи гугъу тщІахэр. Нэху дыкъекІмэ дызыхэплъэну тхуагъэхьэзырар нэхъыбэжт, псори зэбгъэлъагъуну ухунэсыныр фІэщщІыгъуейуэ. Абыхэм ящыщ зыт республикэм ис лъэпкъхэм я культурэ фестивалыр, Правительствэм и Унэм и гупэм деж иІэ ЗэгурыІуэныгъэм и утыкум щекІуэкІар. Абы хыхьэрт концертрэ лъэпкъ хьэпшыпхэм, шхыныгъуэхэм, я гъэлъэгъуэныгъэрэ. ГуфІэгъуэ зэхыхьэр къыддагъэлъэпІащ щІыналъэм щыпсэу балъкъэрхэм, урысхэм, къэзакъхэм, куржыхэм, абхъазхэм, тыркухэм, эстонхэм, журтхэм, азербайджанхэм, ермэлыхэм, нэгъуейхэм, украинхэм, белорусхэм я лъэпкъ культурэ центрхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъыищэм щІигъу щопсэу икІи абыхэм я зэкъуэтыныгъэр зэныбжьэгъугъэм и щапхъэ дахэщ. Апхуэдэ Іуэхухэр уасэншэщ, гъунэгъухэм пщІэрэ нэмысрэ зэхуащІынымкІэ, я зэхуаку шыІэныгъэрэ лъытэныгъэрэ дэлъхьэнымкІэ, лъэпкъ культурэмрэ къадекІуэкІ хабзэ дахэхэмрэ адрейхэр хэгъэгъуэзэнымкІэ. Культурэ зэхыхьэм гугъэ уегъэщІ зым Іэпыхур адрейм къиштэжу дыщызэдэпсэу щІыналъэм и къэкІуэнур дахэ хъунымкІэ, щІэблэ гъэса, зэхуэгъэкІуатэр зищІысыр, псалъэ къудейкІэ мыхъуу, нэсу къызыгурыІуэ, къытщІэхъуэнымкІэ.





**Махуэшхуэм кърихьэлІахэр концерт йоплъ.**

Правительствэм и Унэм къыщІэкІа къулыкъущІэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакІуэхэм зрагъэлъэгъуащ ЗэгурыІуэныгъэм и утыкум щрагъэувэкІа, лъэпкъ-

хэм къадекIуэкI щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыщIэплъагъуэ пщыIэхэм щIэлъ хьэпшыпхэр, я Iэнэр къэзыкъутэ шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ахэр хэIэбащ я IэфIагъыр зрагъащIэу. Европэм, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIыу Налшык къыхуеблэгъа хьэщIэхэм сэлам щарихым, а зэманым КъБР-м и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Юрий и псалъэм къыхигъэщащ адыгэхэм ди зэхэщIыкIыр, нэгъуэщI лъэпкъхэм дакъыхэзыгъэщхьэхукI щыIэкIэр, дуней тетыкIэр, культурэр, бзэр, цIыхугъэр тхъумэжыным хуэунэтIауэ ди къарур зэдгъэуIун, ди щIэблэм нэхъыжьхэм, лъэпкъ хабзэхэм пщIэ хуащIу къэдгъэхъун, абыхэм я мыхьэнэр зыхащIэу къэгъэтэджын зэрыхуейр.

Абдежым щекIуэкIа концертыр ягъэдэхащ ди республикэм и уэрэджыIакIуэхэм, къэфакIуэхэм. Абы ирихьэлIэу Абхъазым и утыкум концерт гукъинэж щатащ щIыналъэр зэрыгушхуэ артист Iэзэхэм.

* * *

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр нэхъ Iэта дыдэу зыгъэлъэпIахэм ящыщщ Бахъсэн къалэр. Ягуми я псэми къабгъэдэкIыу Iуэхум зэрыбгъэдыхьар къапщIэрт, махуэшхуэр зэрызэхаублам хэплъэн зэрыщIэбдзэу. Адыгэ фащэ екIухэмкIэ зэщыхуэпыкIа шухэр гъуэгубгъумкIэ ирикIуэрт, щызэхуэсыну хаха щIыпIэм, Дыгулыбгъуей къуажэбгъум, хуэкIуэу. Бахъсэн къалэ округым хыхьэ жылагъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт цIыхубэ парад Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэм кърикIуэри, Дыгулыбгъуей къуажэм къыдыхьащ, КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ уэрамым къыщысым, псори къэувыIащ, гуфIэгъуэм къыхыхьэну шухэм япэплъэн хьисэпкIэ.

Махуэм иращIэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм ящыщ Iыхьэу щытащ Махуэгъэпс Iуащхьэм и лъабжьэм хуей зэхуэщимэшхуэу зыщызыукъуэдия губгъуэ бгъуфIэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэр. Бахъсэн къалэм хыхьэ жылагъуэхэм дэс лIакъуэхэм я унагъуэ пщIантIэхэр къызэрымыкIуэу дахэу, я зэхэлъыкIэкIи зэмылIэужьыгъуэу гъэщIэрэщIат. Езыр-езыру зэхурикъуж мыхъуу, зыр адрейм зэрыкIэлъыкIуэм, я ерыскъы зэрызыIуагъэахуэм уи гур хигъахъуэрт, жумартагъым и нэщэнэу ядэплъагъум уигъэгушхуэрт.

«Бахъсэн – си къалэу си лъахэ!» псалъэхэр зыхэгъэбыдыхьа эстрадэ гъэлъэгъуапIэм щыщIидзащ махуэшхуэм ехьэлIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм. Хъуэхъу псалъэхэр къызэхуэсахэм жраIащ республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Iэтащхьэм и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлим, АфэщIагъуэ Михаил, КъБР-м и вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Говоров Сергей, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Улимбашев Арслан сымэ, нэгъуэщIхэми.

Зэхуэсым зыкъурезыгъэхьэлӀа дэтхэнэ зыми хуэгъэза хъуэхъу псалъэхэр жиӀащ Бахъсэн къалэ округым и Ӏэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим. «Мы махуэр, гупсысэу пкъралъхьамкӀэ, мамырыгъэм, дахагъэм хуэщӀащи, ди лъэпкъым ижькӀэрэ зэрихьэ и хабзэ дахэхэу шыӀэныгъэм, зэпӀэзэрытыгъэм, зым адрейм пщӀэ хуэщӀыным къыхуезыджэхэр, нэгъуэщӀу жытӀэмэ, адыгагъэм щыщхэр къыщыдгъэлъэгъуащ», – къыхигъэщащ абы.

* * *

Джылахъстэнейми закъыкӀэригъэхуакъым лъэпкъ гуфӀэгъуэр зыӀэтахэм. Тэрч щызэхуэсат адыгэ фащэ екӀухэмрэ фащэ жыпхъэм иту да фэилъхьэгъуэхэмрэ зыщыгъ къалэдэсхэмрэ къуажэдэсхэмрэ. Ныпыр я щыгум щыхуарзэу ахэр ирикӀуащ къалэ уэрамхэм. ИтӀанэ гуфӀэгъуэ махуэм хуагъэхьэзыра «Адэжь щӀыналъэу си псэм и плъапӀэ» концерт гъэщӀэгъуэныр гур къызэщӀиӀэтэу ирагъэжьащ. Ар щекӀуэкӀ утыкум щагъэува лъэпкъ пщӀантӀэхэм адыгэ ӀэщӀагъэжьхэм я мастер-классхэр щрагъэкӀуэкӀырт. Пасэрей хьэпшыпхэмрэ адыгэ шхыныгъуэхэмрэ нэӀуасэ зыхуищӀыну хуей дэтхэнэми апхуэдэ ӀэмалыфӀ иӀащ.

Лъэпкъ джэгукӀэхэмрэ зэпеуэхэмкӀэ я зэфӀэкӀ къагъэлъэгъуащ Джылахъстэнейм и щӀалэгъуалэм.

Махуэшхуэр даӀыгъыну Тэрч щӀыналъэм яхуеблэгъат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, КъШР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий, ДАХ-м и XII Конгрессым кърихьэлӀахэр, нэгъуэщӀ хьэщӀэ лъапӀэхэр. Дауэдапщэхэм хэта иужькӀэ ахэр яхуеблэгъащ сабий творчествэмкӀэ «ДыгъафӀэ къалэ» академием и къудамэу къалэм дэтымрэ «Терек-Олимп» спорт уардэунэмрэ.

* * *

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм гулъытэ хэха щыхуащӀащ Лэскэн куейми. Ар щагъэлъэпӀэну къыхахат Аргудан къуажэр, щӀыналъэм и жылэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытыр, абы цӀыху цӀэрыӀуэ куэд къызэрыдэкӀар, нэгъуэщӀхэри къалъытэри. Район администрацэм и Ӏэтащхьэм и къуэдзэ АфӀэунэ Мухьэдинрэ а ӀуэхущӀапӀэм культурэмрэ щӀалэгъуалэ ӀуэхухэмкӀэ и къудамэм и унафэщӀ Насып Люсенэрэ къызэрагъэпэща, цӀыху куэд зэхуэзышэса Ӏуэху дахэр къуажэ администрацэм и пщӀантӀэм щрагъэжьащ.

Зэман дэкӀри, махуэшхуэм хэтынухэр ар щаӀэтыну «Бедик» стадионым кӀуащ. Куэдым лъэпкъ фащэр къащыпсырт, щӀалэгъуалэм «Лэскэн район» жиӀэу зытедза плӀэ удзыфэхэр зэщхьу ящыгът, лъэпкъ ныпри абы и фэгъуу хуарзэу зэӀэпахырт.

Гуапэт адыгэм ди махуэ лъапӀэр щӀыналъэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми зэрыдаӀыгъыр. Псалъэм папщӀэ, зэӀущӀэм зыкърагъэхьэлӀащ Уэзрэдж осетин къуажэм культурэмрэ

егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм, Ташлы-Тала, Лэскэн Ипщэ жылэхэм дэт школхэм я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ, нэгъуэщIхэми.

Къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ.

АдэкIэ утыкур хуит зыхуащIа, Лэскэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбий къытеувыIащ адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, ар дуней псом текъухьа зэрыхъуам, ди адэжьхэм нобэм къытхуагъэса хабзэр, бзэр, культурэр тхъумэну, дгъэбэгъуэну дызэрикъалэным. «Ди къуэпсхэр – ар ди блэкIащ, ди тхыдэщ, ди хъугъуэфIыгъуэщ. Лъабжьэншэ жыгым хуэдэщ зи тхыдэ, зи бзэ, зи культурэ зимыIэж лъэпкъри, ахэр игъащIэкIэ зыфIэмыкIуэду псэун адыгэр хъуну си гуапэщ», – жиIащ абы.

Къуажэм и нэхъыжьыфI Жылэтэж Хьэбалэ къэпсэлъапIэр хуит щыхуащIым жиIащ мы махуэшхуэм и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъыр зэригъэубыдыныр зэрыарар. Псэкупсэ къулеигъэ зиIэ лъэпкъыжьым зиузэщIын хуейщ къытщIэхъуэ щIэблэм и къэкIуэнум, и зыужьыныгъэм папщIэ.

Стадионым щегъэувэкIа лъэпкъ пщIантIэхэм ерыскъыр, лъэпкъ хьэпшыпхэр щыкуэдт. ЩIалэгъуалэр зыхуэIэзэу утыку кърамыхьарэ ахэр зэрызэмыхьэзэхуарэ укIуэдыж. ЖыпIэнурамэ, псори нэфIэгуфIэт, гукъыдэжыр я куэдти, пщыхьэщхьэ хъууэ зэбгрыкIыжыгъуэр къэблэгъами зыри пIащIэртэкъым. Ауэ пэщIэдзэ зиIэм кIэухи иIэщ, дызэрыгушхуэ ди лъэпкъ мащIэр кIэухыншэу щыIэну Тхьэм жиIэ!

* * *

Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Къэщкъэтау жылэм КультурэмкIэ и унэм «Адыгэхэм я махуэ» фIэщыгъэм щIэту щекIуэкIащ культурэмрэ спортымрэ къызэщIэзыубыдэ нэгузыужь программэ.

ЩIыналъэм и артистхэр хэту Аушыджэр щагъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр теухуат адыгэхэм я тхыдэмрэ абыхэм ижь лъандэрэ къадекIуэкI хабзэ дахэхэмрэ. Адыгэ шхыныгъуэхэр тету утыкум щагъэува Iэнэ иным ирагъэблэгъащ гуфIэгъуэ пэкIум екIуэлIа псори. Махуэшхуэ зэхыхьэм и щIыхькIэ хьэрэкIытIэхэр дахащэу яутIыпщащ.

Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм я библиотекэхэм щекIуэкIащ «Яжьэм къыхэтэджыкIыжри, адыгэхэм я дамэр яшэщIыжащ» зыфIаща литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр. Адыгэхэм я блэкIамрэ я нобэмрэ тегъэщIа дунеяплъэ сыхьэтхэр гъэщIэгъуэнышщэу Балъкъэр Ипщэ, Джэрпэджэж, Бабугент жылагъуэхэм дэт курыт школхэм къыщызэрагъэпэщат. «Адыгэхэм я хабзэхэр» гъэлъэгъуэныгъэм еджакIуэ цIыкIухэр къыщеджащ адыгэ лъэпкъым, ди Хэкум, мамырыгъэм ятеухуа усэхэмрэ хъыбар кIэщIхэмрэ.

* * *

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр къыддэзыгъэлъэпIахэм ящыщщ Прохладнэ, Май районхэри. Абыхэм къыщаIэта Iуэхухэм куэд къызэщIаубыдэрт, псалъэм и хьэтыркIэ, Прохладнэ районым и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэр хэту гуфIэгъуэ концертышхуэ щатащ Алътуд къуажэм КультурэмкIэ и унэм. Ардыдэм къыщызэIуахащ IэпщIэлъапщIэхэм я «Арджэн» гъэлъэгъуэныгъэр.

Малакановскэ къуажэм и курыт школым «Лъэпкъым и къарур» литературэ-макъамэ композицэр къыщызэIуахащ, КультурэмкIэ центрым дискотекэ хьэлэмэт щызэхэтащ.

ГуфIэгъуэ концертхэр апхуэдэу щатащ Псыншокъуэ, Учебнэ, Советскэ къуажэхэм, нэгъуэщIхэми.

Районым и къуажэ библиотекэ псоми адыгэхэм я блэкIам, я иджырей гъащIэм теухуа тхылъ гъэщIэрэщIахэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэIуахащ.

Май районым щыпсэухэм гуфIэгъуэмкIэ ехъуэхъуащ а щIыналъэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и Советым и Iэтащхьэ Кармаликэ Михаилрэ Май муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Саенкэ Татьянэрэ. Абыхэм я хъуэхъум къыщыгъэлъэгъуащ адыгэхэр сыт щыгъуи цIыху гуапэу икIи дахэу, лIыгъэшхуэ зыхэлъу къызэрыгъуэгурыкIуар икIи а хьэл-щэн гъуэзэджэхэмкIэ зэрыцIэрыIуэр.

Махуэшхуэм ехьэлIа Iуэхухэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар къытщIэхъуэ щIэблэрт. «Адыгэхэр: тхыдэм и лъагъуэхэр» сыхьэт щрагъэкIуэкIащ Ново-Ивановскэ къуажэм Козуб Шурэ и цIэр зэрихьэу дэт лицей №7-м. Апхуэдэ дыдэ Iуэху къыщызэрагъэпэщащ Октябрьскэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Май къалэм и библиотекэ нэхъыщхьэм къыщыфIадзащ «Уи унэр мамыру щрет» тхылъ стенд. Абы сабийхэр щыгъуазэ ещI адыгэхэм, нарт эпосым я тхыдэм. Сентябрым и 20-м Александровскэ станицэм къыщызэIуахащ гуфIэгъуэм егъэщIылIа выставкэ. Дэнэ щIыпIи щыIурт «Адыгэхэр езыхэм я щIыналъэм щопсэу» уэрэд дахэр.

* * *

Дзэлыкъуэдэсхэм гуфIэгъуэ махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуну зэIущIэм зыкърагъэхьэлIат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым хэта, Израилым, Голландием, Адыгейм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан, нэхъыжьыфIхэм, нэгъуэщIхэми.

Къызэхуэсахэр «Малкинскэ» шы заводым щыхьэщIащ. Шыхэм зэрыкIэлъыплъ щIыкIэхэм, щызэрахуэ щIыпIэхэм ирагъэплъащ, гукъыдэж зиIэхэр абыхэм тесу къажыхьынуи Iэмал яIащ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, махуэшхуэм кърихьэлIахэр КультурэмкIэ унэм ирагъэблэгъащ. Абы и пэIущIэ пэшым къыщызэрагъэпэщат «Адыгэ лъэпкъым дрогушхуэ!» фIэщыгъэр зиIэ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ. Абдеж щыплъагъурт еджакIуэхэм ящIауэ ди лъэпкъым и тхыдэр къызыхэщыж сурэтхэр, я Iэдакъэ къыщIэкIа, адыгэхэм пасэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри. ИужькIэ псори ирагъэблэгъащ махуэщIым хуагъэхьэзыра концертым еплъыну.

– Я цIыхугъэ лъагэмкIэ, хьэлэлагъымкIэ, цIыхуфIагъымкIэ, лIыгъэмкIэ, я теплъэмкIэ сыт щыгъуи цIэрыIуэу щытащ адыгэ лъэпкъыр. Ноби ди цIыхухэм ядэтлъагъу а хьэл дахэхэм гур хамыгъахъуэу къанэркъым. Адыгэхэр куэду дыщIэгушхуэн, ди щхьэр лъагэу щIэтIэтын, дыщIэпсэун диIэщи, дыузыншэу, дызэгурыIуэу, ди япэ итахэм къытхуагъэнар хэутэн дымыщIрэ къыдэкIуэтей щIэблэр абы щIэтпIыкIыу Тхьэм куэдрэ дигъэпсэу! – жиIащ Джатэ Руслан, цIыхухэм махуэ лъапIэмкIэ щехъуэхъуам:

Апхуэдэу Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и нэIэ щIэту махуэшхуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ щIыналъэм щызэхэтащ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэхьэзэхуэхэр, щIалэгъуалэ джэгухэр, нэгъуэщI нэгузыужь Iуэхугъуэхэр.



* * *

Республикэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм хэтащ цIыху мин 50-м щIигъу. Абы иджыри зэ хьэкъ пщащI дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэр зэрыгъуэтмэ, зэкIэлъыкIуэмэ, я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ зэрыхъунур. Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъыбэм ягъэлъэпIэну Тхьэм жиIэ!

**БЛИЙ Залинэ**

*Сурэтхэр тезыхар* **Къарей Элинэщ.**

# ЛIЫЖЬЫМРЭ ИНЫЖЬХЭМРЭ

*Шапсыгъ таурыхъ*

Зы къуажэ гуэрым зы лIыжьрэ зы фызыжьрэ дэст. ЛIыжьыр апхуэдизкIэ шынэкъэрабгъэти, мы дунейм теттэкъым жэщу унэм къызэрыпхущIэкIын, и щхьэгъусэ фызыжьыр имыгъусэу.

Зы жэщ гуэрым ахэр, жейм емызэгъыу, зэгъусэу унэм къыщIэкIри, пщIантIэм дэт тетIысхьэпIэм деж щетIысэхащ. Жэщ мазэгъуэ дахэт, хуабэт.

– Сыту жэщ дахэ, – жи лIыжьым. – Уасэ иIэтэкъым, зекIуэ уежьэу, гуу къэпхуну!

– Уежьэркъэ-тIэ, – жи фызыжьым.

Жэщым джэдум игъащтэ лIыжьым сыти и зекIуэт, ауэ, итIани, мыпхуэдэу жеIэ:

– Зы къэлътмакъ из гъуэмылэфI сиIатэмэ, тIэу семыплъу, сежьэнт.

ЛIыжьыр хэгупсысыхьауэ щысыху, фызыжьыр унэм щIыхьэжщ, бжэнышэм къыхэщIыкIа кхъуеишхуэрэ хьэжыгъэрэ фэ къэлътмакъым ирилъхьэри къыщIихащ. Ар кхъужьейм и зы къудамэ фIидзэри, унэм щIыхьэжащ.

ЛIыжьым зызэман зэ зыкъищIэжрэ зиплъыхьмэ – фызыжьыр къыбгъэдэсыжкъым. И закъуэу пщIантIэм зэрыдэсыр щилъагъум, гужьеяуэ къыщылъэтри унэмкIэ игъэзащ, псынщIэу щIыхьэжын мурад иIэу. Бжэр Iуихыну хуежьэмэ, ар и кIуэцIымкIэ къыщыгъэбыдат.

– Iух бжэр! Iухи, сыныщIэгъэхьэж! – и макъ къызэрихькIэ мэкIий лIыжьыр.

Фызыжьым, зиущэхуауэ, зыкъомрэ зыри жиIакъым, иужькIэ къэпсэлъащ:

– Хьэуэ, бжэр Iусхынукъым. ЗекIуэ ежьи, гуу къэху. Уи лIыгъэр здынэсыр къэгъэлъагъуэ.

– ЗекIуэ дауэ сежьэн, сыгъуэмылэншэщ, – жи лIыжьым, шынарэ зэщIэкIэзызэу.

– ПщIантIэм дэт кхъужьейм уи гъуэмылэр фIэлъщи, ар къащти, ежьэ.

ЛIыжьыр куэдрэ Iутащ бжэм деж, ауэ фызыжьым хуIуихын идакъым. Щымыхъум, сыт ищIэнт, гъуэмылэр къиштэри, гъуэгу теуващ. КIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ, псыежэх ирихьэлIащ.

Псым икIа зэрыхъунум егупсысу, псы Iуфэм Iуту здыдэкIуейм, адрыщIымкIэ къыщилъэгъуащ псы икIыпIэ къэзылъыхъуэ иныжь гуэр. ЛIыжьыр, къэшынэри, зэщIэкIэзызащ. КъыIужыну щыхуежьэм, иныжьыр къыкIэлъыкIиящ:

– Ей, лIыжь, къакIуи мы псым сызэпрых. УщIэпхъуэжыну ухэмыт, сыпкIэлъэщIыхьэнурэ усшхынущ.

ЛIыжьыр шынэкъэрабгъэ щхьэкIэ, абы нэхърэ нэхъ хьилэшы я жылэ дэстэкъым. Арати, и Iуэхур зэрымыщIагъуэр щилъагъум, бзаджафэ зытрегъауэри, зэрифIэщкIэ ину жеIэ:

– Сэ куэд щIауэ сыножьэ, иныжь. Жыгым укIэрыспхэу, къуалэбзухэм уашхын хуэдэу укъыкIэрызнэну ухуэмеймэ, псынщIэу къакIуи мы псым сызэпрых!

Лlыжьым и псалъэхэр ауи къыфIэIуэхуакъым иныжьым. Зыри жимыIэу, путищ зи хьэлъагъын мывэ къиштэщ, и Iэмыщlэм ирикъузэри, псы къыщIихуащ.

– Псым сызэпрумыхмэ, мис мыращ, лIыжь цIыкIу, уэсщIэнур! – жиIащ абы.

– А мывэм епщIар сэ уэ къызэпщIэфынукъым, бзаджей. Уи къарур хурикъунукъым. Уэ упсэуну куэд къыпхуэнэжакъым. Къеплъыт сэ уэ уэсщIэнум, – ину жиIащ лIыжьым.

И къэлътмакъым кхъуейр кърихри, и къару къызэрихькIэ икъузащ. Кхъуейм псы къыщIэжащ.

Иныжьым ар щилъагъум, путих зи хьэлъагъын мывэ къиштэри, щабабзэу зэхигъэщэщащ.

– Псым сызэпрумыхмэ, лIыжь цIыкIу, мис мыращ уэсщIэнур! – къекIиящ ар лIыжьым.

ЛIыжьыр и къэлътмакъым иIэбэщ, хьэжыгъэр кърихри дрипхъеящ.

– Сэ уэ зыгуэр къызэпщIэфыну си фIэщ хъуркъым. Ауэ, зы дакъикъэ дэкIрэ, мы псым сызэпрумыхмэ, мис а плъэгъуаращ уэсщIэнур! – екIиижащ лIыжьыр, икIи зитIэщIу щIидзащ, псым зэпрыкIыну зигъэхьэзыр хуэдэу Иныжьым къыщигъэхъуну.

Иныжьыр, къэшынауэ, щIэпхъуэжыну зыщигъэхьэзырым, лIыжьыр къэкIиящ аргуэру:

– Ей, Иныжь, сэ сыгушыIэркъым! Сэ сыгумахэщ, ауэ ущIэпхъуэжыну уи гугъэмэ, а жысIар згъэпэжынущ.

ЛIыжьыр фIырыфIкIэ и ужь зэримыкIынур къыщыгурыIуэм, Иныжьыр псым зэпрыкIщ, ар и пщэдыкъым къыдигъэтIысхьэри, къежьэжащ, апхуэдиз къару зыхэлъ лIыжьым и псынщIагъыр игъэщIагъуэу.

– Мыпхуэдизу щхьэ упсынщIэ? – йоупщI ар лIыжьым.

– Алыхьыр къыздоIэпыкъу. КIапсэ кIыхькIэ абы сыпыщIащи, уэ сыптреIэтыкI, узэхэзмыпIытIэн щхьэкIэ. Ар мыхъуамэ, уи пщэдыкъым сызэрыдэтIысхьэу узэхэспIытIакIэт.

ЛIыжьым и псалъэхэм ягъэгужьея иныжьыр къэлъэIуащ:

– КхъыIэ, лIыжь, алыхьым узэрыпыщIа а кIапсэр умыутIыпщу быдэу Iыгъ.

Псым къызэрызэпрыкIыу, тIуми ягъэзащ иныжьым и унэр здэщыт лъэныкъуэмкIэ. КIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ, ауз гуэрым деж къыщыхутащ.

– Уэ мыбдеж щыт, лIыжь цIыкIу, сэ мэзым сыхыхьэнщи, дыгъужьрэ бжэнрэ куэду къыпхущIэсхунщ. Ахэр къэубыди, сэ къэзгъэзэжыху Iыгъ, – жиIэри иныжьыр ежьащ.

Иныжьыр мэзым щIыхьащи, мэкIий, мэгъуахъуэ, мывэхэр дредзей, жыгхэр къреч. Псэущхьэхэр гужьеяуэ мэзым къыщIэжри, лIыжьыр здэщыт лъэныкъуэмкIэ ягъэзащ. ЛIыжьыр къэшынэри жыгым дэпщеящи тесщ.

«Сыт иджы иныжьым жесIэнур? Мыбыхэм сазэрыщышынамрэ зыри къызэрызмыубыдамрэ къищIэмэ, абы сэ сыкъелынукъым, сишхынущ», – йогупсыс лIыжьыр.

Абдеж занщIэу къэIуащ макъ цIу гуэр. ЛIыжьыр жыгыку гъуанэм иIэбэри, зы бзу цIыкIунитIэ кърихащ.

– Ари фIыти, – жиIащ лIыжьым.

ХьэкIэкхъуэкIэхэр псори зэрыблэжар къыщилъагъум, лIыжьыр, жыгым къепщыхыжри щIым къытеувэжащи, иныжьым йожьэри щытщ.

Иныжьыр къызэрысыжу, лIыжьым къеупщIащ:

– Сыт, лIыжь, зы хьэкIэкхъуэкIи блэмыжауэ ара мыбыкIэ? Е уэ набгъэ ухъуауэ ара?

ЛIыжьыр мэшхыдэ:

– Зы хьэкIэкхъуэкIи блэжакъым. Ауэ зы бзу цIыкIу блэлъэтти, мис ар къэзубыдащ. Мэзым кIуар сэрауэ щытамэ, плъагъунт сэ абы хьэкIэкхъуэкIэрэ къуалэбзууэ къыщIэсхур.

– КIуэ-тIэ, – жери иныжьыр етIысэхащ, лIыжьым мэзым къыщIихунухэм пэплъэу.

ЛIыжьыр мэзым щIыхьащи, и макъ къызэрихькIэ мэкIий, мывэхэр адэкIэ-мыдэкIэ зэбгредз. Абы хэту, мэзым къыщIож мыщэ зыбжанэрэ щыхь зыхыблрэ. Иныжьым ахэр псори къиубыдри, зэхипIытIащ.

ЛIыжьыр мэзым къыщIэкIыжащи, иныжьым къоупщI:

– Дауэ хъуа? Зыгуэр къыщIэжа мэзым?

– КъыщIэжащ, – жери, иныжьым абы кърегъэлъагъу зэхэпIытIауэ лъэныкъуэкIэ щылъ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ къуалэбзухэмрэ. Ахэр иныжьым и дамащхьэм трегъэзагъэри, тIури къожьэж.

КIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ, иныжьым и унэм къэсахэщ. Абы иджыри иныжьибл щIэст. Я къуэш нэхъыжьым къыздиша лIыжьыр щалъагъум, ахэр къэгуфIащ, икIи я дзэхэр ялъу хуежьащ.

– Сэ и щхьэр си Iыхьэщ, – жи япэ иныжьым.

– Пщэм телъ лыр IэфIкъым, ауэ, хъунщ, ар сысейуэ вбжы, – жи етIуанэм.

– Блэгъур си Iыхьэщ. Пэжщ, абы лы щIагъуэ кIэрылъкъым, ауэ ягъэ кIынкъым. Блэгъум сиплъэнщи, дунейм и щытыкIэнур къэсщIэнщ, – жи ещанэм.

Апхуэдэурэ, лIыжьым щыщу хэт сыт хуэдэ Iыхьэр лъысынуми яубзыхуащ иныжьхэм. Я нэхъыжьым лъакъуэхэр лъагъэсыну унафэ ящIащ.

– Ар хъунукъым, – къахуидакъым лIыжьыр къэзыша иныжь нэхъыжьым. – Мыбы тэмэму фыхущыт, армыхъумэ зы мыгъуагъэ гуэр къыткIэщIищIыхьынкIэ хъунущ.

Абдеж иныжь нэхъыжьым и къуэшхэм яжриIэжащ лIыжьым зэрыхуэза щIыкIэри, абы зэфIэкIыу дилъэгъуахэри.

– НтIэ, ди унэ щхьэ къэпша мыр? Мыбы дэ дыIэщIэкIуэдэнущ, – къэгузэващ зэкъуэшхэр.

Арати, унафэ ящIащ лIыжьым и гугъу ямыщIыну. Езыми, зыхуеиххэр арати, зыри имыщIэу, япщэфIIамэ ишхыу, тхъэжу махуэхэр игъакIуэрт. Иныжь зэкъуэшхэм ар яхуэмышэчыж щыхъум, къыжраIэ:

– Ей, лIыжь, куэдкъэ зэрызыбгъэпсэхуар? Ягъэ кIынтэкъым мэзым укIуэу пхъэ тIэкIу къытхуэпхьами.

Иныжьхэр пхъэ хуэныкъуэтэкъым, апхуэдэу щIыжаIар лIыжьым и къарур здынэсыр ягъэунэхуну арат.

– Хъунщ, сыкIуэнщ, – жи лIыжьым.

КIапсэ кIыхьышхуэ къыздищтэри ежьащ ар. ПщыхьэщхьэхуэкIуи хъуащ, ауэ лIыжьыр зи къэкIуэжыркъым.

– КIуэи плъэт, сыту пIэрэ абы иджыри къэс мэзым щищIэр? – жраIэ иныжь зэкъуэшхэм я нэхъыщIэм.

Ар мэзым щIыхьэрэ плъэмэ: лIыжьым жыг зыкъом кIапсэшхуэмкIэ зэщIепхэ. Абы ищIэр гъэщIэгъуэн зыщыхъуа иныжьыр щIоупщIэ:

– Сыт, лIыжь, пщIэну узыхэтыр? Мы жыг къомыр кIапсэкIэ щхьэ зэщIупхэрэ?

ЛIыжьым жэуап къет:

– Сэ мыбы махуэ къэс пхъэхьэ сыкъэкIуэфынукъым. Абы нэхърэ нэхъыфIщ мэзым жыгыу щIэтыр зэщIэспхэрэ зэ хьыгъуэу нэсхьмэ. Зи мыхъуми, абы и ужькIэ тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ зызгъэпсэхунщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, лIыжь! Ар мыхъун Iуэхущ. Ди гъунэгъу къуажэми иныжь фIэкIа дэскъыми, ахэри хуеинущ пхъэ. Уэ псори зэщIэпкъуэрэ, абыхэм зыри къалъымысыжмэ, бэлыхь дыхадзэнщ.

Ар щызэхихым, лIыжьыр къэгубжьащ:

– Махуэ къэс жыг зырыз нэсхьу, сэ мыбдеж сыIутынукъым!

Ар жиIэщ, жыгхэр зэрызэщIипха кIапсэр къиштэжри, лIыжьыр къежьэжащ къэкIуэжыну. Иныжьым сыт ищIэжынт – и дамащхьэм жыгышхуитI тригъэзагъэщ, лIыжьым и ужь иувэри, унэм къэкIуэжащ.

ЕтIуанэ махуэм иныжь нэхъыжьым лIыжьым зыкъыхуегъазэ:

– Ей лIыжь, къомыхьэлъэкIмэ, кIуэи шыуан из псы къысхуэхьыт. Модэ мес мо шыуан нэхъ иныращ къэпщтэнур, – жери, и Iэр еший псы пэгунищэ зэрыхуэн шыуанымкIэ.

– Хъунщ, къыпхуэсхьынщ, Ауэ псы шыуаныр уэ сыт пхуэхъун? Сэ нэхъыби слъэкIынущ, – жиIэщ, бел къиштэри псынэмкIэ игъэзащ.

Зэрынэсу, псынэм и хъуреягъыр къитIу хуежьащ. Дыгъэ къухьэгъуэм щынэсым, иныжь нэхъыжьым захуигъэзащ и къуэшхэм:

– СфIэхьэлэмэтщ, сыту пIэрэ мы лIыжьым иджыри къэс ищIэр?

– КIуэи, лIыжьым ищIэм еплъ, – унафэ хуащIащ я нэхъыщIэм.

Арати, иныжьхэм я нэхъыщIэр ежьащ, лIыжьым ищIэм еплъыну. Нэсмэ, елъагъу: лIыжьым псынэм и хъуреягъыр къетIри щытщ.



– Сыт пщIэр, лIыжь? – жери щIоупщIэ иныжьыр.

– Псынэр зэрыщыту къасщтэу нэсхьыну сыхэтщ, шыуан из псы щхьэкIэ мыбы нэс сыкъэмыкIуэу. Зи мыхъуми, абы и ужькIэ тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ зызгъэпсэхунщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, лIыжь! Дэ апхуэдизыпс дыхуейкъым.

Ар щызэхихым, лIыжьыр къэгубжьащи, мэкIий:

– Фэри фэ, щхьэхынэ гуп! Лэжьыгъэ хьэлъэм апхуэдизкIэ фыщощтэри, махуэ къэс фыкъакIуэурэ шыуанкIэ псы фхьынущ!

Ар жиIэщ, и белыр лъэныкъуэкIэ хыфIидзэри, зы псы ткIуэпси къахуимыхьу, лIыжьыр къэкIуэжащ иныжьхэм я деж.

ЛIыжьым кIэлъагъэкIуа Иныжь нэхъыщIэр къызэрысыжу, псори яжриIэжащ и къуэшхэм.

– Мы лIыжьыр дымыукIмэ, дыIэщIэкIуэдэнущ… Абы дызэрытекIуэн Iэмал къэзгупсысащ сэ, – къопсалъэ иныжь нэхъыжьыр.

Ар зэхэзыха лIыжьым и псэр IумыкIыу къэнэнт?! Къэнакъым. И фэр шэхум хуэдэу пыкIащи, ищIэнур къыхуэщIэркъым.

Жэщ щыхъум, иныжьхэм лIыжьыр ягъэгъуэлъыжри, езыхэм зыхуагъэхьэзыру щIадзащ ар зэраукIынум. ЛIыжьым ар ищIэрти, гъуэлъыжауэ здыхэлъым йогупсыс: «Си пIэр схъуэжынщи, нэхъыфIщ». Арати, къэтэджри пэшым и адрей плIанэпэм дэт, IэкIэ ягъэлажьэ щхьэлым тегъуэлъхьащ.

Зытэлай дэкIа-дэмыкIауэ, абы зэхихащ иныжьхэр и пэшым къызэрекIуалIэр, хьэлъэ гуэри къызэрыздалъэфыр. Иныжьхэр къыщIыхьэри, лIыжьым и пIэм мывэшхуэ ирадзащ.

– ЗэфIэкIащ. Ар абы къелмэ, си Iуэхущ, – жиIащ иныжь нэхъыжьым. – Нэху дыкъекIмэ, пщэдджыжьышхэ диIэщ иджы.

Ар зэрыжиІэу, иныжьхэр псори щІэкІыжащ. Пщэдджыжьым жьыуэ ахэр лІыжьым и пэшым щІыхьэмэ, ялъагъу абы лулэкІэ тутын ирифу зигъэзыжу пІэм зэрилъыр.

– Фыбысым щІагъуэкъым фэ, дзыгъуэшхуэ фи куэдщ. ЗэщІэфкъуэж иджы абыхэм къауцІэпІар, – жиІэри, лІыжьым и Іэр мывэшхуэмкІэ ишиящ.

Иныжьхэм ар ямыгъэщІагъуэу къэнэнт?! ЯгъэщІэгъуащ, ауэ икІи къэшынахэщ: «Мы лІыжьым дауэ дыдэпсэуну? Сыт и кІуэдыкІэ тщІыну?» – жари.

– Хъунщ, – жиІащ иныжь нэхъыжьым, ауэ лІыжьым и пэшым къызэрыщІэкІыжу мыр унафэу яхуищІащ и шынэхъыщІэхэм: – Фи сэшхуэхэр къэвгъэхьэзыр, ныжэбэ кІэ еттынщ а лІыжьым.

Иныжьхэм я сэшхуэхэр зэщІалъыкІащи, жэщ щыхъунум йожьэхэри зэхэсщ. МыдэкІэ лІыжьым псори зэхихащи, мэгузавэ: «Ныжэбэ мыбыхэм саІэщІэкІуэдэнущ. Сыт сщІэнур?.. Иджыри зэ къысхуэгъапцІэм сеплъыни».

Жэщ хъуащ. ЛІыжьым езым хуэдиз хъун мывэшхуэ и пІэм ирилъхьэщ, пІэипхъуэр трипхъуэжри, кІуэри аргуэру щхьэлым тегъуэлъхьащ. Куэд дэмыкІыу пэшым къыщІэлъэдащ иныжьхэр. Ахэр пІэм бгъэдэлъэдащи, я сэшхуэхэр кърапхъуэтауэ, я къару къызэрихькІэ «зэхаупщІатэ» лІыжьыр.

Иныжьхэр мывэм щеуэкІэ, пэш псом хъуаскІэхэр щызэбгрылъеикІырт. ЛІыжьым гу лъитащ иныжьхэр, я нэр къыщихуауэ, яфІэщу къызэрыгубжьам.

Апхуэдэурэ пІэипхъуэр зэхаупщІэтащ, я сэшхуэр дзагуэ хъухукІэ. ИужькІэ я нэхъыжьым жиІащ:

– КъызэрыщІэкІымкІэ, мы лІыжьыр цІыху къызэрыгуэкІтэкъым. Флъэгъуакъэ абы хъуаскІэу къыдихар?.. И лыр тІэкІу ирехуадэ, пщэдджыжь ІэфІу тшхын хуэдэу.

Иныжьхэр зэрыщІэкІыжу, лІыжьыр и пІэм игъуэлъхьэжри, и лулэри зыІурилъхьэжащ.

ЛІыжьым и лыр пщэдджыжьышхэ зыхуэхъуну зи гугъа иныжьхэр жьыуэ абы и пэшым щІэлъадэмэ, лІыжьыр и пІэм илъщ, лулэкІэ тутын ирефри. ЗэрыгъэпІащІэу и деж къыщІыхьа иныжьхэр щилъагъум, лІыжьым губжьауэ ину жеІэ:

– Фыбысым щІагъуэкъым фэ, дзыгъуэшхуэ фи куэдщ. Абыхэм я Іэуэлъауэмнэхущыхусигъэжеякъым!

Иныжьхэм лІыжьым занщІэу зрадзыну загъэхьэзырат, ауэ я нэхъыжьым къызэтригъэувыІахэщ:

– Иджыпсту мыбы и гугъу фымыщІ, ди Іуэхур зэІыхьэну фыхуэмеймэ.

Апхуэдэу щыхъум, иныжьхэм мурад ящІащ жэщ къакІуэ, лІыжьыр жейуэ здыхэлъым, абы шыуан из псывэ тракІэну.

Иныжьхэм мурад мыгъуэ зэращІар лІыжьым зыхимыщІэу къэнакъым. Арати, абы аргуэру и пІэр ибгынэри, кІуэри ІэкІэ ягъэлажьэ щхьэлым тегъуэлъхьащ.

Жэщ някъуэ щыхъум, зэхихащ иныжьхэр и пэшым гъунэгъу къызэрыхуэхъур. Ахэр къыщІыхьэри, шыуанышхуэкІэ къыздахьа псывэр лІыжьым и пІэм иракІащ.

– Сэ си Іуэхущ иджы ар абы къелмэ. И лыр фІыуэ упщІыІумэ, шэч хэлъкъым ар пщэдджыжьышхэ хъарзынэ зэрытхуэхъунум, – жиІащ иныжь нэхъыжьым.

Иныжьхэр зэрыщIэкIыжу, лIыжьыр и пIэм игъуэлъхьэжри, и лулэри зыIурилъхьэжащ.

Пщэдджыжь нэмэзым иныжьхэр къыщIыхьащ, лIыжьым и лыр яхьыну. Плъэмэ, лIыжьыр и пIэм илъщ, лулэкIэ тутын ирефри.

Иныжьхэр къызэрилъагъуу, и къару къызэрихькIэ къэкIиящ лIыжьыр:

– Сыту мыгъуэ фыбысым мыхьэнэншэ фэ! Жэщищ хъуауэ сыжейкъым. Ныжэби си нэбдзыпэ зэтеслъхьакъым. Фи дзыгъуэшхуэхэм псы къыстракIэурэ, сагъэжеякъым нэху щыху. Фэ зэкъуэшхэр сэ сызэрыхуейм хуэдэу физмыгъасэу хъуну къыщIэкIынкъым.

Иныжьхэр щытщ, я щхьэр щIэгуарэ зэщIэкIэзызэу.

– Уэ, дауи, ухуэзэшауэ къыщIэкIынщ уи фызыжьым. Мылъкуу диIэм хэплъи, уи нэм къыфIэнэмрэ уи псэм нэхъ фIэфIымрэ къыхэх, хуит удощI. Абы къищынэмыщIауэ, къэп из дыщи удотри, ахэр пIыгъыу, сэ фи деж узохьыж. АбыкIэ уарэзы? – жи иныжьхэм я нэхъыжьым.

– Сыарэзыщ. Куэд щIат сэ сыкIуэжын зэрыхуейрэ…

Иныжьхэр къэгуфIэри, дэлъеящ-къелъыхащ. Абыхэм я мылъкум лIыжьыр хэплъэри, и нэм къыфIэнэмрэ и псэм нэхъ къищтэмрэ къыхихащ. Ахэри дыщэ къэпри иныжь нэхъыжьым и плIэм дагъэзагъэщ, лIыжьри къэпыщхьэм трагъэтIысхьэжри, иныжьымрэ лIыжьымрэ гъуэгу трагъэуващ зэкъуэшхэм.

Иныжьым лIыжьыр псым зэприхыжри, япэу щыIущIам щыгъуэ здэщыта дыдэм деж щригъэувэхыжащ. Арати, лIыжьым жеIэ:

– Уэ, иныжь, зэкIэ мыбдеж щыс, зыгъэпсэху. Сэ сыкIуэнщи, си фызыжьыр лIарэ псэурэ къэсщIэнщ, унэм щысщIэн щымыIэжми сщIэркъым. Дыщэ къэпыр бгъэкIуасэу ущIэпхъуэжыну ухэмыт, укъэзубыдыжмэ, фIы щIэпхынукъым.

ЛIыжьыр къэсыжащи, и фызыжьым жреIэ:

– Шыуан из мырамысэ гъэхьэзыри, Iэнэм къытегъэувэ. Абы фIэкIаи зы ерыскъы къыумыщтэ.

ЛIыжьым псы Iуфэм деж къыIуина иныжьым деж игъэзэжри, и унэ иригъэблэгъащ. ЩIыхьэбжэм ерагъмыгъуейуэ зыдигъэхуащ иныжьым.

– ЕтIысэхи, тIэкIу зыгъэпсэху, иныжь. Иджыпсту шэджагъуашхэ тщIынущ, – жиIащ лIыжьым.

Фызыжьым, лIыжьым къыхуищIа унафэм тету, Iэнэм къытригъэуващ шыуан из мырамысэ.

Зытэлай дигъэкIри, лIыжьыр щIэупщIащ:

– Мыбы лы щхьэ щIымыгъурэ?

– Лы диIэкъым, диIа тIэкIур куэд щIащ зэрысшхыжрэ, – къитыжащ жэуап фызыжьым.

– Сэ уэ иныжьылу къыпхуэзгъэна къомыр дэнэ здэпхьар? – мэкIий лIыжьыр.

– Апхуэдизу умыгубжь, лIыжь. Уэ узэрежьэрэ сыт щIа?! Унэм сшхын щыщIэмылъыжым, иныжьылым сыкъыхуэнэри, зыри къэзмыгъанэу сшхащ, уеблэмэ, абыкIи сримыкъуу, ди гъунэгъу Хьэрун щIыхуэу къеIысхын хуей хъуащ зы иныжь. Абы илри куэд щIакIэщ зэрызухрэ. (Пэжым ухуеймэ, фызыжьым иджы фIэкIа игъащIэм иныжь илъэгъуатэкъым).

Иныжьыр къэгузэващи, гужьеяуэ щIоупщIэ:

– Фэ иныжьыл фшхырэ-тIэ?



10 Заказ №473

– Ауэ сытми тшхырэ, ауэ уэ удиныбжьэгъуфIщ, удихьэщIэщи, уи гугъу тщIынукъым, умыгузавэ.

Иныжьым и фIэщ хъуакъым къыжраIар. Ар зэуэ къыщылъэтщ, бжэблыпкъри здихьу бжэр хиудри, щIэпхъуэжащ. ЛIыжьыр унащхьэм дэкIуеящи, йоплъ иныжьым къигъэзэжрэ къимыгъэзэжрэ. Ар егъэлеяуэ шынэрт, абы къигъэзэжу, езыри и фызыжьри ишхынкIэ.

Иныжьыр и лъэ къызэрихькIэ щIэпхъуауэ здэжэм, зы бажэжь цIыкIу гъуэгум къыщыхуозэ.

– Мыпхуэдизу упIащIэу уздэжэр дэнэ? Хэт узыгъэщтар?

– Дауэ сымыжэнрэ?! ЛIыжьым сишх пэтащ. Ерагъыу сыкъыIэщIэкIауэ аращ, – жи иныжьым.

Бажэр мэхауэ мэдыхьэшх.

– Еууей мыгъуэ, уэ узиинагъ сыту уделэ. Иныжь дэнэ къэна, ауэ зы джэдыжь цIыкIуи лъызгъэскъым сэ а лIыжьым. Псори къытызох. НакIуэ, лIыжьымрэ фызыжьымрэ уэ пшхынщ, сэ къахуэнэжа джэд тIэкIур зэщIэскъуэнщ.

Бажэжь цIыкIум жиIахэр и фIэщ мэхъури, иныжьым къегъэзэж. Ахэр и унэм къызэрыхуэкIуэр къилъэгъуащи, лIыжьыр мэгузавэ, сыт иджы сщIэнур, жери. Иныжьымрэ бажэжь цIыкIумрэ гъунэгъу къыщыхъум, и макъ къызэрихькIэ къэкIиящ лIыжьыр:

– Ей, бажэжь цIыкIу, сэ сыделэ уи мыгугъэ! Апхуэдэ иныжь сэ сыхуейкъым! ЩIыхуэу уэста иныжьыр мыбы нэхърэ куэдкIэ нэхъ пшэрт икIи тIукIэ нэхъ инт. Сэ а уи гъусэр щIэзмышхар и къупщхьэхэр си тэмакъым тенэнкIэ сышынэрти ращ!

Бажэм сыкъигъэпцIащ, жери, иныжьым ар къиубыдщ, и къару къызэрихькIэ щIым тридзэри иукIащ. Езыри щIэпхъуэри, мэзым щIэлъэдэжащ.

Абы и ужькIэ лIыжьымрэ фызыжьымрэ, ямыIэ щымыIэу, тхъэжу псэу хъуащ. Дыщэ я куэдти, сэри тIэкIу къызатащ. ЛIыжьым бажафэм пыIэ дэгъуэ къыхищIыкIауэ нобэми щыгъщ.

*ЗэзыдзэкIар* **МЫКЪУЭЖЬ Людмилэщ**

*Тэхъу Юланэ Бахъсэн районым щыщ Дыгулыбгъуей къуажэм 1986 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хыхьэ педагогическэ колледжыр къиухащ, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу, апхуэдэуи урысыбзэмрэ литературэмрэ класс нэхъыжьхэм щригъэджэну хуиту. Илъэсиблк Iэ ар щылэжьащ Бахъсэн дэт еплIанэ курыт школым. 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ а къалэ дыдэм и ещанэ прогимназием и гъэсакIуэщ.*

*Юланэ литературэр зыпищI щыIэкъым. Дахагъэр зи псэм хэлъ пщащэр езыри куэд щIауэ тхэн Iуэхум дехьэх – адыгэбзэкIи урысыбзэкIи усэхэр, рассказ кIэщIхэр етх.*

*Ди гуапэу тыдодзэ Тэхъу Юланэ и IэдакъэщIэкIхэм щыщ тхыгъитI.*



*Рассказхэр* ТЭХЪУ Юланэ

# НАНЭ



Гъатхэщ. Еджэгъуэ махуэр и кIэм щынэсым, мурад сщIащ, унэм сыкIуэжын и пэ къихуэу, нанэ и деж сыкIуэну. Сэ си нанэ апхуэдизкIэ сигу къокIри, ар сымылъэгъуауэ зыри схуэмыщIэж, зыри си тхьэкIумэ имыхьэж сохъу. Апхуэдэхэм деж, зыщIыпIэкIи семыплъэкIыу, нанэ и деж сокIуэ. Сэ ар фIы дыдэу солъагъу. СфIэфIщ сыбгъэдэсыну, сыдэуэршэрыну. СфIэхьэлэмэтщ и гупсысэкIэр, и псэлъэкIэр. Ар сыт щыгъуи гуапэу къыпIуощIэ, и нэ къуэлэнхэм къащIих гуапагъэмкIэ, и нэгум кърих нурымкIэ уегъэхуабэ. УзэрыкIуар и гуапэ дыдэ зэрыхъуар къыуигъащIэу, жьыгъэр мащIэу зылъэIэса и IэхэмкIэ Iэ къыбделъэ. Сэ симызакъуэу, адрей и къуэрылъху-пхъурылъхухэми апхуэдэущ ар зэрахущытыр. Анэшхуэм и хуабагъыр псоми зэхуэдэу яхуегуэшыф. И быным и быныж, абыхэм къалъхужа, жыпIэми цIыху тIощI дохъури, псори зэхуэдэу фIыуэ дыкъелъагъу.

ГъащIэр сытым дежи гугъущ, псэун Iуэху зепхуэмэ. Ар къызытемыхьэлъэр зи гъащIэр загъэпсэху зэпыту езыхьэкIхэращ. Нани гъащIэ гугъу къигъэщIащ. Илъэс блыщIым нэблэгъэхукIэ лэжьащ, и щхьэр къимыIэту, быниплI ипIащ, игъэсащ, иригъэджащ, унагъуэ зырызу игъэтIысыжащ. Мы гъащIэм нэхъ гуауэшхуэ дыдэу къыщыхъури игъэващ: бын гузэвэгъуэ илъэгъуащ. Ар шэчыгъуафIэкъым. «Зи бын щIэзымылъхьэжын алыхьым дищI», – щIыжаIэр аращ. Ауэ гугъуехьми гуауэми зэрагъэкIуэкIакъым нанэ, къызэтенащ и гур ямыгъэуфIыцIу. Дэ абы чэнджэщыфI куэд къыдет: «НэмысыфIэу фыщыт, нэмысым насыпыр и Iэпэгъущ», «ЦIыху гуапэу дунейм фытет», «ФIы пщIэращ гъащIэм щыбгъуэтыжынур», «Уэ нобэ умыщIа пщIэр пщэдей къыпхуащIыжыну ущымыгугъ», «Нэхъыжьым пщIэ хуэфщIу, нэхъыщIэм щапхъэ фахуэхъуу фыпсэу». Нанэ а и псалъэ Iущхэр дэ сытым хуэдэу сэбэп къыщытхуэхъурэ мы гъащIэм.

ПщIантIэм удыхьауэ укъызэрилъагъуу, гуфIэгъуэм зэщIещтэ, напIэзыпIэм Iэнэр къызэтрегъэувэри, «нанэ, сымэжалIэркъым», жыпIэ

щхьэкIи «сышхэнукъым», жыпIэ щхьэкIи къимыгъанэу ухегъэзыхь. «Фэ фи хэхъуэгъуэщ, фIыуэ фышхэн хуейщ», – жиIэурэ, Iэнэм къытригъэувар фIэмащIэу, къежыхь. ИужькIэ ар щIоупщIэ:

– Уи еджэныр дауэ хъурэ? Дауэрэ уехъулIэрэ?

– Хъарзынэщ, нанэ, умыгузавэ.

– Феджэ, тIасэ, феджэ. ЩIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зиIэм къытекIуэн щыIэкъым.

Си нанэ! Си нанэ дыщэ! Сыту уцIыху Iущ, сытуи угумащIэ!.. Сыт щыгъуи апхуэдэщ нанэ. И гур псоми яхупех, дэтхэнэ зыми сэбэп зэрыхуэхъунум и ужь итщ. ДигъэIущу, диущийуэ, ди гъэсэныгъэр нэхъри зэрыригъэфIэкIуэнум хущIэкъуу апхуэдэщ.

«Жьыгъэр ахъшэ ирату къащэхуркъым», – жызыIар щыуатэкъым. ЦIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху нэхъри тэмакъкIэщI мэхъу. Ар куэдым къыхокI: бампIэм, узым, е нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, жьыгъэр псоми къытпэщылъщ. Нобэ цIыхур жьы хъуауэ, зыри хузэфIэмыкIыжми, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым абы фIыуэ къытхуищIар. Нэхъ щIэх-щIэхыурэ я гур зэрыхэдгъэхъуэным, зэрыдгъэгушхуэным дыхущIэкъуу дыпсэун хуейщ. Нанэ-дадэ сымэ тхуэпсэухущ ди дунейр... Абыхэм я жьауэм дыщIэтыху, я Iэ пхъашэр щабэу ди щхьэм къыдалъэху, дэ дынасыпыфIэщ.

– УкIуэжыну, си псэ тIэкIу, хьэмэрэ ныжэбэ ущыIэну? – сыкъыхеш си гупсысэхэм нанэ.

– Уи жагъуэ умыщI, нанэ, ауэ сымыкIуэжу хъунукъым. Пщэдджыжь жьыуэ еджапIэм секIуэлIэн хуейщ. Сызыхуеину тхылъхэри унэм щыIэщи, сыкIуэжрэ тэмэму зызгъэхьэзырмэ нэхъыфIщ.

– Хъунщ, тIасэ. УщыIамэ, сфIэфIт, ауэ еджэныр псом ящхьэщ.

Нанэ хуэмурэ куэбжэм сыкъыдешыжри, быдэу IэплIэ къысхуещIыж.

– Гъуэгум хуэсакъ, си хъыджэбз цIыкIу. ГъащIэ щыхъукIэ, Iэджи къохъу. «Уэри сакъ, сэри сыпхуэсакъынщ», – жиIащ алыхьым. – Фысакъ, тIасэ!

– Хъунщ, нанэ, умыгузавэ, – жызоIэри сожьэж. Метр тхущI хуэдиз къэскIуауэ сызэплъэкIыжмэ, нанэ иджыри щытщ куэбжэпэм деж, къоплъэри.

Зэхэсх хуэдэщ дыкъыщригъэжьэжкIэ нанэ алыхьым зэрелъэIу и хабзэ псалъэхэр: «Узыншэу нэпхьэсыжыну, ди тхьэ!» Унэм сынэсыжыху, пщIантIэм сыдыхьэжыху а псалъэхэр си тхьэкIумэм итащ, имыкIыу.

Нанэ щыслъэгъуакIэ, иджы тыншу есхьэкIынщ къэкIуэну махуэр...

# АСЛЪЭНБЭЧ

Июным и япэ махуэт. Аслъэнбэч сабий хьэпшып, щыгъын щащэ тыкуэнышхуэм къыщIэкIыжри, и машинэмкIэ иунэтIащ. Къищэхуаахэр псори абы ирилъхьэри, илъэс къэси хуэдэу, ар ежьащ зи адэ-анэр зыщхьэщымытыж цIыкIухэр щапI сабий унэмкIэ. Куэд дэмыкIыуи Iулъэдащ абы и куэбжэпэм. Сабийхэм яхуихьа тыгъэхэр машинэм къриху здэщытым, Аслъэнбэч къыбгъэдыхьащ а унэм и унафэщIыр.

– Къеблагъэ, Аслъэн! Иджы илъэс епщIанэ йокIуэкIри, зы илъэси дыпщымыгъупщэу укъокIуэ. Зеиншэ бгъэгуфIэн нэхърэ нэхъ псапэ

сыт щыІэ! Уэ а цІыкІухэм яхуэпщІэр езыхэми дэри тщыгъупщэнукъым. Алыхьым псапэу къыуитыж! – жиІэурэ сэлам гуапэ кърихащ.

– ФІым дыхуиблагъэ, Мухьэмэд! – жиІащ щІалэм гуфІэу, и гур зэрыхэхъуэр плъагъуу. – ЗыгуэркІэ сэбэп дыхъумэ, си гуапэщ.

– НакІуэ-тІэ, сабийхэм дахыхьэнщ. Уэлэхьи, Уае Дадэм емыжьэ ахэр уэ къызэрожьэм хуэдэу, – жиІащ Мухьэмэд, къыпыгуфІыкІыурэ.

Аслъэнбэч, унафэщІым и ужь иту унэм щыщІыхьэм, бжэм деж щыІууащ илъэс куэд хъуауэ мыбы щылажьэ гъэсакІуэ ФатІимэт.

– Къеблагъэ, си щІалэ дахэ, – гуапэу зыкъыхуигъэзащ абы Аслъэн, и къуэ дыдэм епсалъэ фІэкІа умыщІэну. – Дауэ ущыт, тІасэ? Дауэрэ упсэурэ? Уи щхьэгъусэри уи сабийхэри дауэ щыт?

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, ди анэ. Алыхьым и фІыщІэкІэ, дыІейкъым. Уэ дауэ ущыт? Уи узыншагъэр сыт хуэдэ?

– Упсэу, докІуэкІ хуэмурэ. Уи дунейр дахэ, уи гъащІэр кІыхь алыхьым ищІ, Аслъэн! Псапэрэ фІыуэ пщІэр щэрэ-мину гъэбэгъуауэ Алыхьым къыуитыж! – къохъуэхъу ар щІалэм.

«Сытуи щІалэ зэкІуж, сытуи щІалэфІ! И насыпщ ар зи быным, и насыпщ ар апхуэдэу гумащІэу зыгъэсам», – егупсысырт ФатІимэт, мо щІалэ екІум кІэлъыплъурэ.

Аслъэнбэч сабийхэр щыджэгу пэшым и бжэр зэрыІуихыу, цІыкІуу щІэсыр гуфІэжу, зэрыгъэкІийуэ къыбгъэдэлъэдащи, хэт сэлам ІэкІэ кърех, хэти ІэплІэ къыхуещІ. Ахэр щилъагъукІэ щІалэм зэми и гур хэхъуэрт, зэми нэщхъей къэхъурт...



Аслъэнбэч сабийхэм яхуигуэшащ къахуихьахэр. Я тыгъэхэр епІэщІэкІыу зэтрачри, зым ейр адрейм иригъэлъагъуу щІадзащ. А псом здыхэтым, щІалэм гу лъитащ, къыбгъэдэмыхьэу къэнауэ, шэнтым зимыгъэхъейуэ тес хъыджэбз цІыкІу илъэсищ-плІы зи ныбжьыным. А цІыкІур дзыхьмыщІ-дзыхьмыщІу Аслъэнбэч къеплъырт. Езы щІалэми, абы и нэщхъеикІэр игъэщІагъуэу, набдзэгубдзаплъэу ар зэпиплъыхьырт. А цІыкІур ин хъумэ, пщащэ тхьэІухуд зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. Иджыпстуи узригъэплъыртэкъым: шэм хуэдэу и напэр хужьрэ и щхьэц баринэр вындым хуэдэу фІыцІэу, и нэ цІыкІухэр, топым хуэдэу, хъурейрэ и фІыцІагъэкІэ и щхьэцым зы мэскъалкІэ къакІэрымыхуу, и Іупэ цІыкІухэр, мамкъутым и фэгъуу, плъыжьу. КІэщІу жыпІэмэ, сурэту ящІа фІэкІа умыщІэну, сабий тхьэІухуд цІыкІут. ЩІалэм и гум еІащ абы и нитІым гуауэу щІилъэгъуар. А цІыкІум еплъу здэщытым, Аслъэнбэч игу къэкІыжащ езым и сабиигъуэр...

Ар илъэсиплІ хъуа къудейт, и адэ-анэр зэбгъэдэкІыжу, и анэм и гъусэу и дыщ пщІантІэм къыщыдэхутам. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкІауэ, зы пщэдджыжь гуэрым абы зэхихащ и анэмрэ и анэшхуэмрэ зэпсалъэу.

– Пщэдджыжь нэмэзым дэнэ зыбгъэхьэзыра? УздэкІуэІарэ? – еупщІащ анэшхуэр и пхъум.

– Къалэм сокІуэ, – жиІащ абы, и анэм дежкІэ ауи еплъэкІын мурад имыІэу.

– Сыт, на-а-а, къалэм щыпщІэнур? Бэзэр шхын щхьэкІэ укІуэну арамэ, дызыхуеину хъуар сэ дыгъуасэ къэсщэхуащ.

– Хэт мыгъуэ и бэзэр?.. Бэзэр Іуэху зесхуэрэ сэ?.. – жи пхъум, Іуву ила и нэбжьыцхэр зэтригъэауэурэ. – СыкъикІыжащ, жысІэу, лІа пэлъытэу, сэ дунейм сытетынукъым. Сэ иджыри сыщІалэщ, си насыпыр зэтезгъэувэжын хуейщ!

– Іейуэ ущоуэ, сипхъу! Мо пІэм жейуэ хэлъ сабий нурым нэхъ насыпу къэплъыхъуэр сыт?! Уи насыпыр щызэтеувэжынур уи щхьэ ехьэ-

хауэ, уи бын упIыжу унэм ущIэсмэщ. Сыт, насып щыпхуагъэтIылъа уфIэщIрэ а къалэм?.. Ущымыуэ!..

И анэм и псалъэхэр зыуи къыфIэмыIуэхуу, зигъэкIэрахъуэри ар унэм щIэкIащ...

Абы и ужькIэ Аслъэнбэч и анэр мащIэ дыдэрэщ зэрилъэгъуар. IэфIыкIэ килограмм иIыгъыу илъэсым зэ къыдыхьэжырти, анэ бгъафэм хуэзэша и сабийм зы сыхьэт закъуи бгъэдэмысу, «Мамэ, кхъыIэ, зыщIыпIи умыкIуэ!», жиIэу, джэшым хуэдэу зи нэпсыр къелъэлъэх сабийр зыкIэричыжырти, пIащIэу дэжыжырт. Фадэр зи нэрыгъ хъуа анэ дэлъхум щIалэ цIыкIур унэIут ищIати, хуеймэ, пщIантIэм къыдихурт, хуеймэ, дигъэхьэжырт. Аслъэнбэч игу къэкIыжащ зы щIымахуэ жэщ гуэрым, анэ дэлъху ефар къыщIэгубжьэу, къыдихуауэ зэрыщытар. Майкэ фIэкIа зыщымыгъ, лъапцIэу кIэлошым ит щIалэ цIыкIур жэщыр хэкIуэтэху тетIысхьэпIэм тесат...

Аслъэнбэч игу къэкIыжащ, и щIыбагъ къызэригъазэу, къыкIэлъадзу щыта псалъэ жагъуэхэри: «Ар игъащIэкIи цIыху хъунукъым, къэзылъхуам ещхьыжщ!».

Лажьэу и щхьэр ипIыжыф хъуху гугъу ехьащ ар. Куэдрэ къыхуихуащ щыгъын дыжакIэ школым кIуэну, нартыху гъэпIэнкIа фIэкIа имышхыу махуэ бжыгъэкIэ псэуну. «Анэ зимыIэм гуIэр и махуэщ», – щIыжаIар аращ. И адэ-анэр псэууэ, ар зеиншэ хъурейуэ къытенат дунейм.

Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуат, армэри къиухат, лэжьэн щIидзэри, илъэс тIощIрэ тхум иту унагъуэу тIысыжат...

А гукъэкIыжхэм Аслъэнбэч и гур къызэфIагъанэри, и нэхэм нэпс къыщIэлъэдащ... Ауэ зэуэ зыкъиищIэжри, ар хуэмурэ бгъэдыхьащ зи закъуэу щыс сабийм. Бгъэдыхьэри, къищэхуа гуащэшхуэр хуишиящ. Хъыджэбз цIыкIум щтэIэщтаблэу Iихащ щIалэм и тыгъэр.

И щхьэусыгъуэр къыгурымыIуэжу, Аслъэнбэч и гур зэуэ кIэрыпщIат абы. «Мы цIыкIур мыбы дауэ къыщыхута? И адэ-анэр дэнэ здэщыIэр?» – егупсысырт Аслъэнбэч.

Сабий унэм и унафэщIым щIалэр къыщригъэжьэжым, ар хэзыгъащIэ упщIэхэр зэхиха фIэкIа умыщIэну, жиIащ:

– А Ларианэ цIыкIу и адэ-анэр аварием хэкIуэдащ. Зеиншэу къыщынэм, ди деж къашащ. Абы лъандэрэ мазищ мэхъури, мис мыпхуэдэу нэщхъейуэ щысщ, сабийхэм яхэмыхьэу. Iэмал Iэджи дыхуекIуащ, тедгъэун ди гугъэу, арщхьэкIэ, зикI, къытхуишыркъым а щытыкIэм... Аслъэнбэч, фIыщIэ пхузощI ди сабийхэр зэрыбгъэгуфIэм, зэрыбгъэгушхуэм папщIэ, уемызэшыжу уакъызэрыкIэлъыкIуэм щхьэкIэ.

– Упсэу! Сэ ар къызэхьэлъэкIыркъым, уеблэмэ сыгуфIэу сыкъокIуэ.

Ар жиIэри, Аслъэнбэч хуэмурэ дэкIыжащ. ДэкIыжами, и машинэм бгъэдыхьэжащи щытщ, имытIысхьэжыфу, щытщ, и гум щыщ гуэр мы сабий унэм къыщIина фIэкIа умыщIэну... «Дэ щIалитIщ диIэр, а цIыкIур ди унагъуэм щытпIамэ, абыхэм шыпхъу яхуэхъунт, езыми иIуэтэжынт», – зэуэ игу къэкIащ Аслъэнбэч, икIи, и гукъэкIым иригуфIэу, машинэр зэщIигъанэри ежьэжащ. Абы фIыуэ ищIэрт и щхьэгъусэ Мадини абыкIэ акъылэгъу къызэрыхуэхъунур...

## ТАУ Нинэ

# ЗЭНЫБЖЬЭГЪУХЭР

*Таурыхъ*



Еуэри, бажэ плъыжьыфэ цIыкIу, КIэдахэкIэ еджэу, мэзым щыпсэурт. Щыпсэурт, и нанэрэ дадэрэ я гъусэу, гъуэ дахэ дыди яIэу.

Махуэ дыгъэпс гуэрым КIэдахэ, къыхуащэхуа лъакъуэрыгъажэмкIэ къыздижыхьым, къыхуозэ ныбжьэгъу пэжу иIэ мэз джэду КIущэнагъуэрэ тхьэкIумэкIыхь ХьэкIуэкIунэрэ. «КхъыIэ, дэри къэдгъэжыхь», жаIэу ахэр къелъэIуу и ужь къыщиувэм, мыдрейм и пэр яхудрегъэзейри, зигъэлIу япедзыж: «Фэ фытезгъэтIысхьэу, сыту сымыкъутэрэт си лъакъуэрыгъажэ щIэрыпсыр!»

КIэдахэ зэрызищIыр я жагъуэ мыхъуу къэнакъым и ныбжьэгъуитIым. Ахэр нэщхъейуэ IукIыжащ, мо тхъэжу къэзыжыхь бажэ цIыкIум зыри жрамыIэфу. Апхуэдэу КIущэнагъуэрэ ХьэкIуэкIунэрэ КIэдахэ деж зыкъомрэ кIуащ, ауэ я Iуэхум зыри къыщимыкIым, ахэр дауэ мыхъуапсэми, кIуэн щагъэтащ.



Ауэрэ махуэ зыщыплIи дэкIащ. Бажэ цIыкIур и ныбжьэгъухэм яхуэзэш щыхъум, и лъакъуэрыгъажэм тесу мэз джэдум деж макIуэри йоупщI:

– КIущэнагъуэ, сигу укъэкIащ. Сыт си деж унымыщIэмыкIуэжыр?

– Уи лъакъуэрыгъажэм ущосхьри, къризбгъэжыхькъым, – жи КIущэнагъуэ.

– Ар Iуэху сытми. АфIэкIа сыщысхьынкъым, ухуеиху утезгъэсынщ, – жери, КIэдахэ лъакъуэрыгъажэм къопсыхри и ныбжьэгъум хуегъэкIуатэ.

– Пэжуи?.. ХьэкIуэкIуни тебгъэтIысхьэн?

– Дауи, тезгъэтIысхьэнщ...

Хуиту къыщажыхьыну губгъуэм кIуауэ здэщыIэм, КIущэнагъуэ куэдри къимыжыхьауэ, КIэдахэ мыарэзыуэ зыгуэрхэр къибжу щIедзэ:

– Апхуэдэукъым зэрагъэкIэрахъуэр... Апхуэдизу зытумыгъащIэ... АфIэкIа тесыкIэ щумыщIэм, сыт ущIытетIысхьар?.. Къызэрыбжыхьар куэдщ, иджы ХьэкIуэкIунэ къет.

Мэз джэдур къопсыхри, лъакъуэрыгъажэр тхьэкIумэкIыхьым ирет. ХьэкIуэкIунэ зэрытетIысхьэу, КIэдахэ и нэщхъыр зэхеукIэри, нэхъ Iеижу гъумэтIымэу щIедзэ:

– Елърэ абы и тесыкIэр!.. Елърэ абы и гъэкIэрэхъуэкIэр!..

КIэдахэ шхыдэу щыхуежьэм, ХьэкIуэкIунэ лъакъуэрыгъажэм къопсыхыж:

– Мэ, узэрыхуейуэ уэ тесыж.

– Лъакъуэрыгъажэм ущымысхьыну жыпIэу дыкъыщIыдэпшар сыт? Уи псалъэр щумыIыгъыжыфынум, дыкъэбгъэбырсеин хуеякъым, – мэшхыдэ КIущэнагъуи.

Зи жагъуэ ищIа, къигъэпцIа цIыкIуитIым я щIыбыр къагъазэу ежьэжа къудейуэ, ДыкъуэжькIэ зэджэ дыгъужьыр къыкъуокIри, КIэдахэ и лъакъуэрыгъажэр къытрех, мэшэсри дыхьэшхыжу щIопхъуэ. КIэдахи гужьеяуэ абы кIэлъожэ.

– Ар уэ ууейкъым, къызэтыж! Нани дади уажесIэжынщ, – кIэлъокIий бажэр.

И ныбжьэгъуитIым ар къалъагъури, Дыкъуэжь кIэлъыщIопхъуэ. Дэуей-къеухыу, щIыпIэ быркъуэшыркъуэхэм къыщижыхьурэ, дыгъужьым лъакъуэрыгъажэр пкъырыпкъыу зэпкъреудри къыхыфIедзэж.

КIэдахэ, и нэпситIыр щIилъэщIыкIыурэ, зэхуехьэсыж апхуэдизу зыщысхьу щыта и лъакъуэрыгъажэм и пкъыгъуэхэр. КIущэнагъуэрэ ХьэкIуэкIунэрэ, я ныбжьэгъур яфIэгуэныхьщи, къэкIуауэ абы доIэпыкъу, игури фIы хуащIыну хэтщ:

– Умыгъ, щыри дызэхыхьэнщи, уи лъакъуэрыгъажэр тщIыжынщ!

КIэдахэ и ныбжьэгъуитIым, езым хищIыхьышхуэ щымыIэу, ящIыжащ лъакъуэрыгъажэр.

Абы лъандэрэ абыхэм я ныбжьэгъугъэр нэхъ быдэ хъуащ. Иджы ахэр болъагъу лъакъуэрыгъажэм чэзууэ тесу.

КIэдахэ къыгурыIуэжащ и щыуагъэр. КъыгурыIуащ ныбжьэгъум и жагъуэ пщIы зэрымыхъунур, ныбжьэгъу нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр. 

# КЪЭБЭРДЕЙХЭР МЭГУШЫIЭ

## Факъырэ гумащIэ

– Дадэ! Дадэ! Факъырэ гуэр къыIухьауэ къоджэ! – жиIэу, пщIантIэм дэт Мэлил и къуэрылъху цIыкIур къыщцыбгъэдэлъадэм, абы, мыпIэщIащэу, куэбжэмкIэ иунэтIащ.

– Еблагъэ! ХьэщIэ утщIынщ! – зыхуигъэзащ Мэлил къэлътмакъ ин зи плIэм еупцIэкIа, зи ныбжь хэкIуэта факъырэм.

– Уи еблагъэ куэд ухъу! Себлэгъэну игъуэкъым. ФакъыракIуэ къызокIухь, – зэрыбзэныкъуэм зэрымыадыгэр IупщIу къыбгуригъаIуэу, жиIащ факъырэм.

– Сыт Iыпхрэ?

– Хьэжыгъэ...

– Уэлэхьэ, ар ди мащIэм.

– ДжэдыкIэ...

– Уэлэхьэ, ди джэдхэр мыкIэцIыж.

– Шэ, шху...

– Уэлэхьэ, ди жэмыр гъужам.

– Щыгъын фызыхуэмеиж...

– Уэлэхьэ, апхуэдэ димыIэ.

– Ахъшэ...

– Уэлэхьэ, илъэс мэхъури улахуэ къыдамыта.

Факъырэр зытэлайкIэ щыму щыта нэужь, и жыпым ахъшэ зэгуэт кърихри, Мэлил къыхуишиящ:

– Мэ, мыр зыгуэр фхуэхъунщ... Зы къэп къащти, си ужь ниувэ, Iуэхуншэу пщIантIэм удэмысу.



## А нэхъ Iейр щхьэ уигу къэкIа?

Телефоным и зу макъым Жэлдусхъан нэхущым къигъэушащ.

– Алло. СынодаIуэ? Хэт ар?

– Сэращ ар, мамэ. Уипхъу закъуэращ, – гъынанэ щIыкIэу жиIащ пхъум.

– Сытхэр къэухъу, си лапатIулячкэ?! Щхьэ угърэ?

– Дауэ сызэрымыгъынур, уи малъхъэжьыр ныжэбэ къекIуэлIэжа уи гугъэ? Мис апхуэдэу къеджэдыхь! Алыхьым ещIэ ар зыкIэлъыджэда къэхьпэр.

– Ассымыгъуэ, сипхъу дыщэ! ЗанщIэу а нэхъ Iей дыдэр щхьэ уигу къэкIа? Маршынэм пэщIэхуами, сэкIэ зыгуэр къепыджауэ сымаджэщым щIэльми пщIэркъыми...

# Мэкъу драгъауэ

Махуэ псом ефэ-ешхэм хэта Iэбыдэ унэм къыщыдыхьэжам, пшапэр зэхэуат. Iэщым яхэт фызым зыкъримыгъэлъагъун и гугъэу, занщIэу пIэм зыхидзэжа щхьэкIэ, и мурадыр къехъулIакъым. Фызыр къызэрыщIыхьэжу, пIэм хэлъ и лIыр къилъагъури, уэху алыхь, кIиинтэкъэ? Фадэр – зы, Iэщ мэжалIэм я шхын зэрыщымыIэр – тIу! КIэщIу жыпIэмэ, физ губжьам зэщIиха жьэм Iэбыдэ къыщихужри, шэмэджыжьыр иIыгъыу ябгъукIэ къыщыт къуажэкхъэм ихьащ, шыудз тIэкIу мыбдеж щыпиупщIын и гугъэу.

Дахэ-дахэу зихуэпэжынуи хущIигъэхьатэкъым ар фызым и жьэм. ЩIагъщIэлъ хужь щыгъыу шырыкъум иува къудейт. Жэщыр мазэгъуэ дахэти, щIагъщIэлъ хужькIэ мэкъу еуэу кхъэм ит Iэбыдэ IупщIу кIыфIыгъэм къыхэщырт. ЗэрыгъэкIийрэ къызэрехуэкIыу кином къикIыж щIалэгъуалэ гупыр кхъэм къыщысым, джэбын хужь къепхъуэкIа фIэкIа умыщIэну, зыгуэр мэкъу еуэу абы иту щалъагъум, я псалъэмакъыр пачри зэщIэувыIыкIащ.

– Уа-а, феплъыт мобы! – жиIащ зым.

– Тобэ, сыт мы слъагъур? – дыщIигъуащ етIуанэм.

– Бисмыллахьи рэхьмани рэхьим... – къыжьэдэкIащ ещанэм.

Псори щым хъуарэ я пIэм ижыхьауэ зэхэтт. Абыхэм гу лъызыта Iэбыдэ и макъым зригъэхъуэжри къахэкIиящ:

– Сыт фи нэр къитIэтIу фыкъыщIэплъэр? СлIожь, мыбы дыщагъатхъэ фи гугъэ? Мис, мэкъу драгъауэ!

Ар щызэхахым, щIалэгъуалэр щтэри, зэрыгъэкIийуэ щIэпхъуэжащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, абы и ужькIэ, пшапэр зэхэуауэ, а уэрамымкIэ куэдрэ цIыху щызекIуэжакъым.



# Мыхъунур хэдзи...

Бердрэ Бибердрэ зэныбжьэгъут. Зы хьэблэ щалъхуат, зы класси щIэсат, дзэм щашами, зы ротэ зэдыхэтат. Зэгъусэу лажьэрти, плъагъунутэкъым а тIур зэмыдауэу, зэрымыгъэкIийуэ. Берд, вы гъэшхауэ, пIащэт, Биберд абы и бгырыпхыпIэм нэс къудейт. Берд ауан щIыпIэу иIэр Бибердт. Мыдрейми и ныбжьэгъум кIэщIэпIэскIуэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, зэрылъагъуми, зэрымылъагъуми хъуртэкъым. Махуэ гуэрым а тIум Iуэху яIэу зэхуэзэнути, зэраухылIа сыхьэт бжыгъэм Биберд къыкIэрыхуащ.

Берд апхуэдизкIэ къэгубжьати, и ныбжьэгъур къызэрысу, ехъурджауэ щIыкIэу, жьэхэлъащ:

– Мырелъ мыр, си кIагуэжь хыфIэздзэжам къыхадыкIа лъэпэд кIэщI нэхъей! Щхьэ укъыкIэрыхуа?

– Сыхуитти сыкъыкIэрыхуащ! Уи Iуэху хэлъ сыкъыщIыкIэрыхуам?!

– Тхьэм щхьэкIэ фыкъысхуеплъыт мы хугу хьэдзэм парашюткIэ къелъэ щхьэ цIыкIу макъышхуэм! Мыр зи цIыкIуагъ укъигъэпэжын?

– Уэ мыхъуну пхэлъыр пхадзмэ, сэ схуэдизи къыпхэнэжынукъым! – икIуэтакъым Биберди!

## Щэбэт махуэр си къурIэнаджэщи, ди деж нех

Хэт Сыбыр щымыIар? Апхуэдэ упщIэкIэ ди къуажэдэсхэм захуэбгъазэмэ, ауан укъащIынущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, куэд щIауэ ди къуажэмрэ Сыбыррэ зэпыщIэныгъэшхуэ зэхуаIэщи. Ди къуажэгъухэмрэ Сыбырыжьымрэ зэзыпхыр а зи щIыхь ин мыIэрысэрщ. Ди деж къыщагъэкI – сыбырдэсхэм яшх. И щхьэ щхьэкIэ адыгэм мыIэрысэ игъэкIыу хэт зылъэгъуар?! НтIэ, ди къуажэгъухэм Сыбырым мыIэрысэ яшауэ, уасэ хъарзыни къыщIахауэ, кхъухьлъатэкIэ къэлъэтэжын хуей щыхъум, Сэрэбий и паспортыр игъэкIуэдауэ къыщIэкIащ. Кхъухьлъатэм паспортыншэу урагъэтIысхьэнт – ирагъэтIысхьакъым. Иужьым агентствэм и лэжьакIуэ гуэрым къажриIащ, унэм къикIыу зыгуэр лIа хуэдэу телеграммэ яIатэмэ, кхъухьлъатэм ирагъэтIысхьэфыну щытауэ.

Билет къэзыщэхуауэ къэлъэтэж и гъусэхэм Сэрэбий елъэIуащ, зэрынэсыжхэу, и ныбжьэгъу Ибрэхьим щымыIэж хуэдэу телеграммэ къыхуаутIыпщыну. Мыдрейхэми апхуэдэу ящIащ. Уэ жыпIа, сэ жысIа – ар Ибрэхьим и деж нэсыжащ. Ар зэрыIуэрыIуэдзри, псалъэ щхьэкIэ и жып зэримыIэбэри ящIэрти, Сэрэбий къэкIуэжмэ къэхъунум пэплъэу хьэблэр зэхэст. Сытми, зы зэман зэ Сэрэбий къосыж. Ар зэхэзыха Ибрэхьим занщIэу тредзэри макIуэ и ныбжьэгъум деж. Сэрэбий унэм къыщIокI, ар иригъэблэгъэну, ауэ дэнэ щыхуеблэгъэнт мыдрейр.

– Себлагъэу сыщыс хъунукъым. Щэбэт махуэр си къурIэнаджэщи, къомыхьэлъэкIыу, ди дежкIэ нех! – нэгъуэщI жимыIэу къыIуигъэзыкIыжащ Ибрэхьим.

## Къызэромызэгъыр плъагъуркъэ?

ШейтIаныр къэкIухьакIуэ щыIауэ, кхъэмкIэ къыздыблэкIыжым, маплъэри зы адыгэ щIалэжь, сын гуэрым ешэкIарэ и нэпсыр къелъэлъэхыу къелъагъу. Ар игъэшынэн мурад иIэу бгъэдохьэри, зы тутын къригъэфэну йолъэIу. АрщхьэкIэ адыгэ щIалэжьым, къыбгъэдыхьа шейтIаныр къримыдзэххэу, и жы-

пым тутын кърехри къыхуеший. ШейтIаныр абы иризэгуоп, и Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ гуэр гуегъэхури, аргуэру бгъэдохьэ, тутын къызэт, жеIэри. Кърет – икIи къридзэркъым. Апхуэдэу зыбжанэрэ тригъэзащ, ауэ щIалэр хуэгъэшынакъым. И Iэпкълъэпкъым щыщ кIэригъэхуурэ, и щхьэм фIэкIа къэмынэжауэ щыбгъэдыхьэм, щIалэжьыр шейтIаным къыщIэгубжьащ:

– Уа, сэ мы тутыным сыщысхьыркъым, ауэ къызэромызэгъыр плъагъуркъэ?..

## Радж Капур

Совет зэманым хиубыдахэм ящыщу хэт зымыщIэжыр ди къуажэхэм дэту щыта клубхэр. Махуэ псом лэжьапIэм Iута цIыхубэр пщыхьэщхьэкIэрэ абы екIуалIэрт – кино щеплъырт, зыщагъэпсэхурт. Ауэ зыми пащIыртэкъым Индием и кинохэр. Шэнт цIыкIур шэнт цIыкIуу, шэнтышхуэр шэнтышхуэу, ар къызылъымысахэр хьэмбыIуу щысу, еплъхэрт. Еплъ къудей мыхъуу, къуажэ бзылъхугъэхэм куэд щIауэ зэхуахьэса нэпсыр мыбдеж щыщIагъэжырт, ар зылъагъу хъулъхугъэхэри къэгумащIэрт. Щхьэусыгъуэри зыт – лъагъуныгъэрт. Индием къыщежьа лъагъуныгъэм ди къуажэгъухэм ягухэм щыункIыфIыжа гухэлъхэр зэщIигъэстыжырти, уэху алыхь! Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, Мэсхьуд и хьэгъуэлIыгъуэр зэрыдэкIрэ тхьэмахуэ нэхъыбэ мыхъуауэ, къуажэ клубым актёрышхуэ Радж Капур зыхэт «Бродяга» кинор къашати, жылэр зэрызехьэрт. Сыт ищIэнт Мэсхьуд, и щхьэгъусэр здишэри кином кIуащ. Еплъащ. Гъахэщ. Клубым къыщIэкIыжхэри, лъэбакъуэ зыбгъупщI нэхъ къамычауэ, Мэсхьуд и нысащIэу плъагъум и пIэм зригъэнащ. Зи нэпситIыр къыщIэж щхьэгъусэм еплъу нэхъри зигу къызэфIэна Мэсхьуд и нысащIэм еупщIащ:

– Сыт къэхъуар, си псэ? Щхьэ угърэ?

ТэлаифIкIэ пыхьэу щыта нысащIэм, и лIым къеплъри, къыдришеящ:

– Радж Капур мы дунейм тету, уэ дауэ сыбдэпсэурэ?..

## ЗыкIэ нэхъ мащIэщ

Хьудрэ Мэхьмудрэ сыхьэтым фIихуауэ зэдауэрт. Иужьым «быхъ» жимыIэу сыхьэт хъуауэ щыс Хьэчим ягъэкъуэншэжащ:

– Сыт, Хьэчим, зыри щIыжумыIэр? Сыхьэт хъуауэ дызодауэри, зы псалъэ къыхэплъхьакъым.

– Сыт жызвгъэIэну фызыхуейр? Сэ си мыIуэху зесхуэну сфIэфIкъым. Зи мыIуэху зезыхуэм и щхьэм баш тохуэ, жи. Зэдэуэн зыублар фэ тIур щыаракIэ, фэ зэхэфхыжынщ, – жэуап къитащ Хьэчим.

– Уэри уцIыхухъущ. ЦIыхухъу Iуэху дыщытепсэлъыхькIэ, зыгуэр къыхэлъхьэ, – зыжьэу жаIащ Хьудрэ Мэхьмудрэ.

– Хъунщ! ЖыфIэ! Сыт фыщIызэдауэр?

– ДыщIызэдауэр мыращ: фыз зиIэмрэ зимыIэмрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ? Уэ дауэ уеплърэ?

Хьэчим кIэщIу жэуап яритащ:

– Фызкъэмышэм псори игу ирохь, къэзышам игу ирихьыр зыкIэ нэхъ мащIэщ.

## Мы гъэм дыкIуэфынукъым

Гъэмахуэ мазэти, цIыху цIыкIур тенджыз Iуфэм зэрыхьырт. Хэти Тыркум, хэти нэхъ жыжьэж зрагъэхьырт. ЗыгъэпсэхуакIуэ щыIауэ къэкIуэжахэри, я Iэпкълъэпкъыр гъуаплъэ гъэцIууам къыхэщIыкIа нэхъей, мыдрей цIыху цIыкIум къахэлыдыкIырт, псори зрагъэхъуапсэу. Унэгуащэ Лини и лIыр отпуск кIуэным махуитI къыхуэнэжати, ар къыхуэмыгъэсу пэплъэрт.

Пщыхьэщхьэм Линэ и лIыр лэжьапIэм къыкIыжу шхэну Iэнэм щыпэрытIысхьэм, абы зыбгъэдигъахуэри жиIащ:



– Мы махуитI къэнэжар схунэгъэсыжыркъым. Си псэр хы Iуфэм щыIэщ. ЖэщкIэрэ пщIыхьэпIэу солъагъу псым сесу, зыщIэзгъэмбрыуэу.

– Мы гъэм, фыз, тенджызым дыкIуэфынукъым. ЩIыхуэу ттелъыр зэрыттыжынум дегупсысмэ нэхъыфIщ.

– Сыт, тенджыз Iуфэм дыIулъу дегупсыс хъунукъэ а щIыхуэр зэрыттыжынум? – жиIащ Линэ.

**ДУМЭН Мурадин**

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* **2.** ЩIымахуэм пхъэ ешх, гъэмахуэм мэжей *(къуажэхь)*. **3.** ИлъэсыщIэм Японием япэу къыщацтэ ерыскъыр къызыхащIыкIыр. **4.** «Гупсыси — псалъэ... /Iэгъу! Хэт зыщIэр /Зэгуэр ухъунум ... !» — Къэжэр Пётр и усэ сатырхэм щыщщ. **7.** Уэсыншэу тещтыкIа щIы щхьэфэ щтырыгъу. **8.** ЩабэрыкIуэ, мэз кIуэрей *(къуажэхь)*. **10.** КIуэ пэтми, бжьиз зымыкIу *(къуажэхь)*. **12.** Хьэ-

уам хэт бахъэр щIыIэм игъэщту, уэсым ещхьу щIылъэм къытехэр. **13.** Купсэ кIыхь кунэщI зиIэ удз лъэпкъ, яшх. **15.** ЩIымахуэм цIыкIухэм щIопщкIэ мылым къыщагъафэу зэрыджэгу Iэмэпсымэ, пхъэм е былым бжьакъуэм къыхэщIыкIауэ. **16.** Жьапщэ ин, уэс, уэшх щIэту. **17.** Инджылызхэм я Санта-Клаус илъэсыщIэ жэщым къызэрикIухь Iэжьэм щIэщIа псэущхьэр. **18.** БжыгъэцIэ. **19.** «КIыщехауэ жаIэ ди деж ... , /И инагъкIэ хуэдизу джэдыкIэ» — Гъубжокъуэ Лиуан и усэ сатырхэм щыщщ. **20.** Сабий журнал. **22.** ... зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ (*псалъэжь*). **23.** Бгъэдэтыр наIуэу къызэрыщ абдж джафэ цIу. **25.** Губзыгъэ, акъылыфIэ. **26.** Нартыху къыдачыжахэм я хъумапIэ. **28.** Нарт эпосым и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщ зым и адэм и цIэр. **29.** Февраль мазэм адыгэбзэкIэ зэреджэр. **32.** Щыгъэ лъапIэ сыт хуэдэхэр къызыхащIыкI мывэ лIэужьыгъуэ. **33.** Апрелым и бгъум гуахъуэр ... драдзеиж (*нэщэнэ*). **34.** ... зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ (*псалъэжь*). **35.** ИлъэсыщIэр къыщихьэкIэ унагъуэ къэс щагъэщIэращIэ уэздыгъей жыг лъэпкъ. **37.** КIыщокъуэ Алим и усэ.

*Къехыу:* **1.** Бгыщхьэм къыщыхъейуэ кIуэ пэтми нэхъыбэ хъууэрэ къаруушхуэ иIэу къеукIуриех уэс. **5.** Пасэм щыгъуэ грекхэм зэреджэу щытар. **6.** Джэду лъэпкъыгъуэм хыхьэ хьэкIэкхъуэкIэ ябгэ. **9.** Гъатхэпэм деж къэхъуж щIыIэ кIапэ. **11.** Дахэр зыгъэдахэр и ... . **14.** ЩIымахуэм куэдрэ жей мэз псэущхьэ пIащэ. **21.** Бжьыхьэ тхьэкIумэкIыхьыр ..., уэс щIагъуэ щыIэнукъым жаIэрт (*нэщэнэ*). **24.** Щхьэл мывэхэр зэкIэрэхъуэкIыр. **25.** Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэ» новеллэм хэт лIыхъужь. **27.** Хамэ ... нэхърэ ди унэжь (*псалъэжь*). **30.** Пасэ зэманым зауэлIхэм зыщатIагъэу щыта, жыр тхьэгъу цIыкIуурэ зэрылъу щIа джанэ. **31.** «Нэпс щIагъэжу ... гъурхэр / Сабий цIыкIухэм къахэнащ». — ЩоджэнцIыкIу Алий и «ЩIымахуэ жэщ» поэмэм щыщщ. **36.** Ди бжэгъу щхьэкIэм джэдыкIэ хужь цIыкIу пылъщ (*къуажэхь*).



---

## Етхуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **6.** Зауэ. **7.** Дыщэ. **9.** Напэншэ. **13.** Закъуэу. **14.** Iуданэ. **15.** Щхьэгъусэр. **16.** Хуэдэу. **19.** Уишрэ. **21.** Нобэ. **23.** Пашэ. **26.** Бжьэ. **27.** Дахагъэм. **28.** Пхъур. **31.** Псэу. **33.** Уэмэ. **34.** ЩхьэкIэ. **37.** Удэмэ. **40.** Пхуэфащэ. **41.** Псалъэ. **42.** Унагъуэ. **43.** Удэхуэха. **46.** ЕкIури. **47.** Бийм.

*Къехыу:* **1.** Хамэхьэ. **2.** Щэн. **3.** Блэ. **4.** Адэ. **5.** Пщэдеи. **8.** ЩIапIэ. **10.** Псэрэ. **11.** Насып. **12.** Анэр. **17.** Дыгъужьыдзэ. **18.** Унэ. **19.** Уэр. **20.** Шыпхъуншэ. **22.** Бзаджэ. **24.** Анэрэ. **25.** ЩIагъ. **29.** Япэ. **30.** ТIэу. **32.** УIэгъэ. **33.** Унафэ. **35.** Хьэсэ. **36.** КIэлъокIуэ. **38.** Дунейр. **39.** Мыгъуэ. **43.** Уигу. **44.** ХущIэ. **45.** Абдж.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№6**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Истепанова Залина (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 10.12.18. Выход в свет 28.12.18
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.044 экз. Заказ №473
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».

УЭРЭЗЕЙ Афлик

*23.11.1947 – 6.08.2016*

## ИЛЪЭСЫЩІЭ ХЪУЭХЪУ

Аргуэру зы илъэс ноблагъэ и кІэм,
Аргуэру къытхуоблагъэ зы илъэс.
Илъэсхэр зэхуэгуапэу щызэблэкІым
И деж гуфІэгъуэ тІуащІэр хэти лъос.

ГуфІэгъуэр ялъоІэсыр цІыкІуи ини,
ГуфІэгъуэр щІы хъурейм щызэдаІэт.
ГуфІэжу кІэрэхъуэну илъэс минрэ
Мин куэдкІэ, щІым хъуэхъубжьэр хуэдвгъэІэт.

Дыхьэшхыу къыхреплъ сабийр и гущэм,
КъыпыгуфІыкІыу нанэ дрырес
Жьэгу мафІэм нуру къигъэнэху жьэгу пащхьэм,
Къырырепщэ жьыбгъэр, уэсри къырырес.

ПсэкІэ щыбауэу тетыр дунеишхуэм,
Фэладжэ хъуауэ, щІыІэм иремыс.
Дыгъэ пІыщІар, пыкІами и фэр шэхуу,
И гъуэгу темыкІыу махуэ къэс кърепс.

Зэнзэныпс къабзэу къыщІреж псынэпсыр, –
Мыл джанэр псынэм хэт щитІэгъэфын?!
Уэс джэдыгу хуабэм щІэжеикІ жыг къуэпсыр
Ирехъу псэ быдэу гъатхэм техьэфын.

И ІитІ къилэжьым цІыхур щыгугъыжу,
И гугъэр дахэу, дахэу ирепсэу.
Іей зи гум илъым и гурыгъ ижыныр
Хабзэ гъэжа щрехъу мы дуней псом!